



- 1 I. Taksih sami wontên ing Mataram, mirêngakên dongèngipun Ki Cêndhanilaras bab Ki Harda ingkang pados sarat sagêdipun angsal kasugihan ing wana Roban ngantos kabul. ... kaca 1-6.

Jilid 3 - Kaca : 1

SÊRAT CÊNTHINI III

175. Pocung

1. Pan apanggih sianak kaliyan tamu |
Ki Mase Cêbolang |
lan rencang sakawan santri |
ah wangune boya lidok pêthèkingwang ||
2. Kyai Amat gumuyu mangsuli èstu |
Ki Cêndhaniraras |
sasalaman ganti-ganti |
sadangune lumampah kojah-kojahan ||
3. Nulya uning wisma gung bagus kalangkung |
amangku radinan |
bango pisang-slirang thirik |
Mas Cêbolang tanya mring Amat Têngara ||
4. Baya niki adhi wismaning tumênggung |
o lha sanès kakang |
mung wismane tiyang sugih |
anak randha anama Bagus Hartawan ||
5. Sak-Mantarum datan wontên saminipun |
kilap darunanya |
cobi tanya Ki Cêndhani |
tamu mirsa ingkang dadya ing jalaran ||
6. Ki Cêndhaniraras anambungi wuwus |
mangke kula crita |
jalarane langkung sugih |
kalih mlampah dados botên kraos sayah ||
7. Kyai Hardasangsara kala rumuhun |
mêskine kalintang |
lajêng mêtês tekatnèki |

angupados sarat sugih dhatêng Roban ||

8. Kesahipun numpal-kèli nunut-nunut |
kalangkung kasrakat |
tan sangu arta sadhuwit |
lami-lami praptèng têpi wana Roban ||
9. wontên dhukuh anggarêmbêl tinon samun |
nulya linêbêtan |
panggih jalma kaki-kaki |
nama Sarasêdya kinanthi mring wisma ||
10. Munggèng salu ki wisma atanya arum |
kang nêmbè kapanggya |
sintên sinambat ingkang sih |
lawan pundi pinangka paran sinêdya ||
11. Kang tinanya aprasaja aturipun |
nami wismanira |
miwah kang sinêdyèng kapti |
pados sarat sagêtipun andêrbala ||
12. Angling malih kyai wisma basanipun |
kapasang sayogya |
kula jurukuncinèki |
napa têtêmên kang dadi karêp andika ||
13. Lan maninge sapa kuwat godhanipun |
Ki Harda saurnya |
sampun kang dhumatêng sakit |
nadyan pêjah lêbur-luluh kula têtêmah ||
14. Rêh wus mantêp kula criyos lampahipun |
mangke lamun panggya |
lan kiyai kang sung sugih |
sasampuning kula ngaturakên (n)dika ||
15. Putranipun èstri kathah ayu-ayu |
kinèn amangarsa |
(n)dika lajêng kinèn milih |
yèn wus milih nuntên anampèni dhawah ||
16. Wus tartamtu andika pinundhut mantu |
nanging dhinawuhan |
rêrêsik sajroning panti |
jogan (n)jêmbrung kêndhi tanpa isi toya ||
17. Lamun sampun kalampahan jogan (n)jêmbrung |
wangsul mring wismèngwang |
lajêng kula irit malih |
sowan kyai ingadhêp putra satunggal ||
18. Warni awon badan bangkrah ambêt arus |
nanah wuk dlèwèran |

Jilid 3 - Kaca : 2

- nyrêmmuh (m)blêdhag kang kulit |
sampun ical sipating jalma manungsa ||
19. (ng)Gih punika kang (n)dika pilih rumuhun |
nulya kinèn (m)bêkta |
umantuk dhumatêng panti |
praptèng wisma kamanggèna kang prayoga ||
20. Lah punika makatên ing badhenipun |
wawi sami mangkat |
Ki Sara lumakyêng ngarsi |
(m)bêkta dupan Ki Hardasara tutwuntat ||
21. Sampun prapta satêngahing kang wana gung |
ngandhaping wit kamal |
kumêlun padupanèki |
sawatara byar katon sajroning wisma ||
22. Dhapur tajug ginêlaran kalasa lus |
wontên kang pinarak |
Kaki Wrêdha mêrakati |
sampun ciklu kadi pandhita utama ||
23. Kêthu pêthak sarung kusta jubah pingul |
pinarak ing têngah |
lajêng ngawe jurukunci |
wus mangarsa manêmbah alon turira ||
24. Sowanulun angaturkên anak bagus |
sêdya ngèstupada |
nyuwun bêrkah ing (n)Jêng Kyai |
kadugèna punapa sakajatira ||
25. Kyai pikun mèsêm sarwi manthuk-manthuk |
iya daktarima |
aku uga tresna asih |
aja tanggung malah dakpèk mantu pisan ||
26. Jurukunci nolèh pungkur wacana rum |
anak wus miyarsa |
pangandikane (n)Jêng Kyai |
kang tinolèh matur wus (n)dhèrèk sakarsa ||
27. Tan antara atmajane pindha wiku |
para dyah warnèndah |
karêngga busana adi |
samy marêg jèjèr awiraga raras ||
28. Pindha wiku angling iki atmajaku |
êndi kang dadya tyas |
pilihên salah sawiji |
Kyai Hardasangsara matur manêmbah ||

Jilid 3 - Kaca : 3

29. Ingkang cakêt paduka punika rujuk |
 (n)jêng kyai ngandika |
 apa uwis ora pangling |
 inggih sampun donya akir tan kalepyan ||
30. Yèn mangkono kulup wis muliha gupuh |
 sapraptamu wisma |
 isihhing ngomah dènbersih |
 jogan (n)jêmbrung kêndhi datan isi toya ||
31. Lamun uwus barêsih wismanirèki |
 banjur abalia |
 lan (ng)gawaa saput pranti |
 ing dhaupmu kalawan arinta rara ||
32. Kang sinung ngling nêmbah sandika turripun |
 byar katingal wana |
 dyan mantuk lan jurukunci |
 praptèng wisma ki juru alon lingira ||
33. Benjing wangsul (m)bêktaa arta salangkung |
 dene yèn tan gadhah |
 kula ngêjogi rumiyin |
 amung têmbe tamtu nyaur sampun cidra ||
34. Wus sinanggup Ki Harda gancangan mantuk |
 sapraptaning wisma |
 anyingkirkên anak rabi |
 wus barêsih nulya wangsul dhatêng Roban ||
35. Wus pinanggih jurukunci tanya bagus |
 napa (m)bêkta arta |
 saèstunipun kiyai |
 botên (m)bêkta nyuwun pitulungan para ||
36. Inggih anak sampun sumêlang ing kalbu |
 jrukunci marentah |
 mring rabi myang warganèki |
 dènsamêkta besuk ing malêm Jumuwah ||
37. Dhaupipun anakku kang nêmba rawuh |
 Mas Hardasangsara |
 kalawan putrane kyai |
 pasang tarub sajèn-sajèn kaya adat ||
38. Nulya tapuk kadya carane yun mantu |
 samêkta sadaya |
 malêming Jumuwah ari |
 ing pandhapa myang wisma pating palêncar ||
39. Têngah dalu kêndhuri sêkul majêmur |
 wusing byar raina |
 ki jurukunci lumaris |

Jilid 3 - Kaca : 4

sarwi ngirit kang ayun nampi ganjaran ||

40. Amamêling anak mangke mantukipun |
sampun botên susah |
akampir ing wismamami |
wontên margi tan mawi mampir-mampira ||
41. Myang ing tême bilih wus kalakyan dhaup |
dados rayat (n)dika |
punika kang ngati-ati |
sampun purun lamun pinintan asmara ||
42. Kasanggiya krama kewala (ng)gih sampun |
dene yèn wus cêlak |
sakintên antara lalis |
lah punika sawêg (n)dika turutana ||
43. Bilih botên makatên apan tartamtu |
(n)dika nandhang bangkrah |
(m)botên jamak-jamak jalmi |
yèn tan bangkrah saèstune lajêng pêjah ||
44. Sampun sanggêm sapraptaning ing wana gung |
nèng ngandhaping kamal |
kumêlun padupanèki |
wus katingal nèng wisma ngadhêp pandhita ||
45. Datan dangu atmaja dyah juga mêtù |
ganda balarongan |
badhêg arus kêcing bacin |
badan bangkrah daging (m)blêdhag mili nanah ||
46. Gruyuh-gruyuh lalêr kadi tawon kambu |
(n)jêng kyai ngandika |
kulup apa ora pangling |
apa iya iku kang kok pilih mana ||
47. Kang tinanya èstu (m)botên pangling ulun |
lêrês (ng)gih punika |
kang kula pilih rumiyin |
lah ta rara mèlua bojomu ika ||
48. Hèh ta kulup wis tampanana bojomu |
rahap tinampanan |
kanthèn mêdal saking panti |
byar nèng wana rayatipun wus waluya ||
49. Ganda arum warna yu busana luhung |
lajêng lampahira |
tan dangu prapta ing panti |
(n)jujug sênthong tanggane tan na uninga ||
50. Sang rêtna ngling manis gapyak lukita rum |
guru lakiningwang |

Jilid 3 - Kaca : 5

- punapi inggih puniki |
wisma tuwan iya iki wismaningwang ||
51. Dhuh ki raka sarèhning wus uning ulun |
mugi akantuna |
kula wangsul mring asrami |
amung sabên malêming ari Jumuwah ||
52. Lan malême Anggarakasih puniku |
ing sênthong punika |
rinakita kang barêsih |
gêlarana klasa lus sêkar sêtaman ||
53. Dilah murub padupane aywa kantong |
dhuh woding tyasingwang |
parentahmu daklakoni |
risang pindha apsari wus tan katingal ||
54. Malêmipun Jumuwah prapta sang ayu |
(n)jujug pasênêdan |
Ki Sangsara amanggihi |
sang rêtna ngling ki raka ijêngandika ||
55. Punapi tan darbe rayat miwah sunu |
saèstune gadhah |
nanging uwis dak buwangi |
awit ajrih manawa kataman duka ||
56. Sang rêtna yu ngujiwat anyiwêl pupu |
kula botên watak |
prayogi dipuntimbali |
mêsakake wong wis mèlu lara-lapa ||
57. Iya yayi lamun wis ana dhawuhmu |
Ki Harda gya mentar |
anak rayat dènboyongi |
praptèng wisma makidhupuh dènnya marak ||
58. Mung suwara datan katingal kang wujud |
(m)bakyu apa iya |
sira rayate ki panti |
lêstarèkna (ng)gonmu ngladèni ki raka ||
59. Mung wêkasku poma èstokna satuhu |
aywa nganggo sira |
bangun-tulak gadhung-mlathi |
kang sinung ngling umatur inggih sandika ||
60. Sang rêtna-yu anulya pamitan mantuk |
pêndhaking Jumuwah |
prapta kadi kang rumiyin |
wacana rum ki raka wisma paduka ||
61. Têka (n)jêmbrung datan wontên isinipun |
yayi kaya paran |

ênggonku ngisèni panti |
kang dak pangan sadinane dêngap-dêngap ||

62. Angujiwat sang ayu wacana arum |
lah benjing kewala |
malêmipun (ng)Garakasih |
pojok griya sakawan pinasangana ||
63. Bumbung wulung watês êros panjangipun |
têmbe isinira |
tinukokna prabot pranti |
wusnya mêling sang dyah wangsul mring asrama ||
64. Pojok catur wus tinrapan bumbung wulung |
(ng)Gara kasih enjang |
gupuh dènnira mëndhêti |
bumbung catur kêbak uwang mas salaka ||
65. Kyai wisma suka amarwata sunu |
ing samarganira |
rêjêki lajêng (n)dalidik |
karya wisma kadi dalêming bupatia ||
66. Rajabrana uwang tan kêna ingetung |
sabên malêm Jumungah |
atanapi (ng)Garakasih |
sang dyah ayu kang sung brana dènnya prapta ||
67. Datan kêndhat miluta minta pulang hyun |
nanging Ki Sangsara |
bakuh mung anyanggi-krami |
amituhu jurukunci wêlingira ||
68. Lami-lami bokmanawi sampun nyathuk |
lawan takdirira |
ki wisma têka nuruti |
asalulut enjinge lajêng palastra ||
69. Waris amung satunggal anake jalu |
lawan biyangira |
kasugiyannya lêstari |
nanging datan pinundhut kinathik garwa ||
70. Lawan botên sasaji kadi rumuhun |
namung sabên warsa |
alêstantun kintun picis |
dhatêng jurukunci salawe rupiyah ||
71. Sampun cuthêl ênggèr ing cariyosipun |
(n)dawêg asewangan |
myang sami andum basuki |
(ng)girisakên kasugiyon saking setan ||

Jilid 3 - Kaca : 6

176. Girisa

1. Apan praptanira wisma |
wanci waktu Mahrib ika |
ing sabakdanira Ngisa |
nahan bok Amat Têngara |
ngacarani tamunira |
lah anak suwawi nêdha |
pun biyang kangên kalintang |
de ngantos lami rêrencang ||
2. Mangke sabibaring nadhah |
bilih sami botên sayah |
kalêrês êkoling yayah |
ulun sampun olah-olah |
padatan pra tamu kathah |
Mat Têngara latah-latah |
ngucap Astagpirolah |
ingsun kasupèn sa-Allah ||

2 II. Ing Pondhokan kawontênakên pêngêtan Kolipun bapakipun Amat Têngara. Mas Cêbolang kalihan para santrinipun sami têrbangan, cakêpanipun mêmuji agami Islam. Para tamu sakalangkung kapranan. ... kaca 7-11.

Jilid 3 - Kaca : 7

3. Mèsêm ling Ki Mas Cêbolang |
adhi inggih kasinggihan |
prayogi sami lênggahan |
asasambèn tarêbangan |
wawi sami ingicipan |
sawarnining sasêgahan |
wusing nadhah dhadhaharan |
dyan mirantos palinggihan ||
4. Tamunya wus samya prapta |
para kêtip myang ngulama |
modin marbot sarta tangga |
kang samya sarju ing nala |
linggih urut pangkatira |
Mat Têngara gita-gita |
mêrnahakên ingkang prapta |
lumintu sasêgahira ||
5. Ki Mas Cêbolang tumuntur |
amanggih saha matur |
wilujêng kalangkung sukur |
tan pantara santri catur |
samyajêng saha matur |
tarêbang ngêncengi pluntur |
wusnya kêncêng nulya katur |
tamu ngulama Dul Gapur ||
6. Nanging Dul Gapur tan arsa |
wis ta padha narêbanga |
aja ana taha-taha |
Bismilah payo kawita |

- Nurwitri ingkang abawa |
 pasèh swara tan kuciwa |
 rame kadi sabênira |
 pra tamu kêtip ngulama ||
7. Eca sami saraseyan |
 sinambi anyanyamikan |
 Cêbolang ingkang tinêmbang |
 anak wontên ngêl-ungêlan |
 sabar aris ati antêng |
 andhap narima wirangan |
 angangge panggawe bêcik |
 kusut nganggo panganggenya ||
8. Asih padhaning manungsa |
 ngapura kaluputannya |
 duk rikala prajangjean |
 angulihakên titipan |
 arampekan atabêri |
 tutur bènêr ora cidra |
 panggawe kang apaedah |
 iku ngèlmu lawan sarak ||
9. Kadiparan surasanya |
 Mas Cêbolang aturira |
 saking ing pamanggihkula |
 punika yèn condhong karsa |
 nahan pra tamu sadaya |
 samya anilingkên karna |
 dènnira ayun miyarsa |
 suwara ingkang winahywa ||
10. Sabar aris ati antêng |
 punika bêtah myang tahan |
 paramarta angaksama |
 madhêp ing Allah Tangala |
 datan èngêt ing lyanira |
 de andhap nrima wirangan |
 lair narima kasoran |
 nanging boya nguthuh nistha ||
11. Batin (m)bêg luhur sanyata |
 de nganggo panggawe bêcik |
 nglampahi panggawe ingkang |
 kaanggêp sae mupakat |
 mênggahing pranatan sarak |
 kusut nganggo panganggenya |
 punika ingkang manungsa |
 ajrih asih ing Hyang Suksma ||
12. Ing lair trus batinira |
 amangangge (ng)gèn-anggènya |
 kang winênangkên tyang Islam |
 sandhang tédha kalakuwan |

- de asih padha manungsa |
 anyuwunkên pangapura |
 ing sakèhing dosanira |
 ing tiyang Islam sadaya ||
13. Kang gêsang tuwin kang pêjah |
 ing lair amurih tobat |
 de ngapura kluputannya |
 puniku ugi bêtahan |
 paramarta angaksama |
 madhêp ing Allah kang sarta |
 tan èngêt mring liyanira |
 kang miawon ingaksama ||
14. De duk kala prajangjian |
 punika janjian lawan |
 ing Gusti Allah Tangala |
 kala jaman ajal ika |
 ing alam arwah sanyata |
 utawi jaman Duriyat |
 de angulihkên titipan |
 titipane Allah ika ||
15. Roh rabani roh nurani |
 roh rahmani roh nabadi |
 tuwin roh badan ilapi |
 roh yyawani roh tamiyis |
 roh rewani roh kulupi |
 ingkang roh sasanga iki |
 punika ingkang mêngkoni |
 sadaya pan roh ilapi ||
16. Tartamtu mantuk mring Allah |
 sampun samantên kewala |
 mangkya rampèkan têhêrnya |
 angrakêtakên ing mêngsah |
 tuwin tiyang sudra papa |
 kaswasih tan na bineda |
 inganggêp kadang sadaya |
 nir sangga-runggining driya ||
17. De tutur bènêr tan cidra |
 pitutur anggêring sarak |
 mirit saking Dalil Kur'an |
 Kadis Ijêmak myang Kiyas |
 dene panggawe kang ana |
 paedahe (ng)gih punika |
 tuhu anglampahi ingkang |
 kawajibakên ing sarak ||
18. Myang kang sinunatkên ing sarak |
 nyêgah awisan sadaya |
 kang badhe damêl niaya |
 ing badanipun priyangga |
 tuwin mring tyang sasanèsnya |

pungkasan ngèlmu myang sarak |
kawruh sasêrêpan marang |
khukum-khukum miwah sarak ||

19. Pranatan myang paprentahan |
kang trang saking Gusti Allah |
lumantar ing pra ambiya |
Kangjêng Nabi kang minulya |
lah sampun namung punika |
gayuhing pamanggih kula |
lêrês lêpate sumangga |
suka kang samya miyarsa ||
20. Dhaup ki anak Cêbolang |
kalawan pamanggihingwang |
gosok godhi botên nyimpang |
dhuh anak wawi winêdhar |
Dalil Kadis lan Ijêmak |
Kiyas kibir ujubriya |
sumêngah sami rinasa |
Cêbolang manis wacana ||
21. Kanang Dalil têngsira |
Dalil Kur'an (ng)gih punika |
pangandikaning Hyang Suksma |
kang asal saking ing Sabda |
ananging datanpa swara |
miwah datan mawa sastra |
tanpa tinêmbungkên kathah |
tan purwa datan wasana ||
22. Langgêng botên ewah-ewah |
ingkang katêdhakan marang |
panggalihe Nabi duta |
lalantaran lesanira |
Malaekat Jabrailla |
akanthi suwara sastra |
têmbung wiwitan wêkasan |
kang asung tédah sanyata ||
23. Kêdah khukum wajib mokal |
sunat wênang mêkruh karam |
artine Dalil punika |
anggêr-anggêr kang atêdah |
ing salêrêsing khukhumah |
utawi sabarang tingkah |
ingkang badhe linampahan |
mêndhêt saking dhawuh Allah ||
24. wontên lapalipun uga |
nahnu akrabuilèkum |
wakinna latup sirana |
makna ngandikaning Allah |
marang Kangjêng Rasullolah |

Jilid 3 - Kaca : 9

Sun iki parêk lan sira |
katimbang lan sadayanya |
nanging sira tan uninga ||

25. Ponang Kadis têngsira |
ngandikaning Nabi duta |
ananging ingkang na liya |
saking gagêbêngan ingkang |
kakaranganipun Kur'an |
kang dèn-dhawuhkên sadhengah |
sakabating Rasullolah |
ingkang nocoki kalawan ||
26. Suraosing dhawuh Kur'an |
pramila Kadis minulya |
sumêrêpipun yèn nyata |
saking Nabi gustikita |
kêdah saking pra sakabat |
kang sinung sabda (n)Jêng kita |
miturut dugi samangkya |
yèn tan têtang èstu dosa ||
27. Artose pamanggihkula |
Kadis wau dhawuhira |
(n)Jêng Nabi Muhamad duta |
Dalil Kadis arannira |
lapalipun lae saka |
miskihi sae-aun wa |
-huwas-samingul basira |
dene maknane winarna ||
28. Satuhune Allah boya |
ana ing upamanira |
iya Allah kang miyarsa |
ningali tan kasamaran |
nahan kang samya miyarsa |
Mas Cêbolang ngandikanya |
manthuk-manthuk sukarêna |
anak para lajêngêna ||
29. Mangkya Ijêmak têngsnya |
mupakatna pra ngulama |
langkungipun saking tiga |
sami nocogi sadaya |
suraosing Dalil Kur'an |
tuwin Kadis Rasullolah |
tumraping dhatêng Khukumah |
utawi sadhengah tingkah ||
30. Bilih wontên tiyang ingkang |
anyuraos Dalil Kur'an |
myang Kadis mangka sulaya |
lan panimbanging ngulama |
punika apan winastan |

Jilid 3 - Kaca : 10

- tiyang Kirijyah nama |
jinabakkên saking para |
pakêmpalaning ngulama ||
31. Kêploking kanang Ijêmak |
wus mupakat pra ngulama |
lah lapalipun punika |
la mawujuda Ilollah |
maknanipun ora ana |
ingkang wujud amung Allah |
tan ana Pangeran uga |
ingkang sinêmbah mung Allah ||
32. Kiyas têngêsnya piridan |
nulat saking lalampahan |
lêpiyan kang wus kalakyan |
saking para nabi ingkang |
dèrèng rinumbak khukhumnya |
myang saking para ngulama |
kang muklis ing kina-kina |
punika wajib dèn-anggya ||
33. Dados ingkang nama Kiyas |
tuladan khukhum ing kina |
wontên rapale punika |
la ina laha tangala |
la esa ngahèni data |
maknanipun satuhunya |
Allah iku ora ana |
tinêmu paningalira ||
34. Warnining wujud punika |
têkaburing tyas kang lagya |
gumêrtês dèrèng kawahywa |
gaib samar tan na samar |
inggih punika sujanma |
ingkang manahipun gadhah |
pamrih supados gadhaha |
pangucap myang solah tingkah ||
35. Ginumunana ing kathah |
tyang sanès eram ing kathah |
sanadyan malah cinamah |
inggih wus nama ujubbah |
yèku klakuaning manah |
ingkang murungakên lampah |
rahayu sakawan cacah |
ujubriya kibir sumngah ||
36. Riya têngabur wus gatra |
ing cipta têngbiring nala |
dèrèng dumunung ing swara |
namung wus katon ing driya |
yèku tiyang ingkang gadhah |

- manah pamrih ing sadhengah |
pandamêl sasaminira |
katingalkên ing lyan janma ||
37. Kibir têkabur wus mêdal |
kalair wontên ing lesan |
yèku tyang kang gadhah manah |
tan kungkulan ing sasama |
angraos luhur priyangga |
kabisane tan na madha |
sanadyan ora sanyata |
nanging mêksa harda (n)dadra ||
38. Sumêngah têkabur ingkang |
amanggèn tan owah-owah |
ambêg kumêmbêng sarira |
yèku tiyang ingkang gadhah |
manah pamrih ing sasolah |
-bawa kamirêng ing kathah |
nir sakèhing parah-parah |
[...] ||
39. Nuwun anamung punika |
condhong botêne sumangga |
(ng)gih anak wus tan prabeda |
lawan kawruhe pun bapa |
amêwahi sasêrêpan |
nêngna kang samya rêrasan |
kandhuri lumadyèng ngarsa |
-nira pra tamu sadaya ||
40. Nahan sawusing samakta |
lajêng Ki Amat Têngara |
ngancarani tamunira |
punika Kolle pun bapa |
kadi padatan sumangga |
pra tamu Bismilah sigra |
maos Patekah sadaya |
bakdaning donga gya nêdha ||
41. Pakantuk rahabing nala |
para tamu wus paliman |
sarwi nyangking bêbrêkatan |
pandhapa wus binêrsihan |
dening pra santri sakawan |
Ki Amat masih gunêman |
lah ki raka kadiparan |
sanèsing Kikam lan Kitam ||
42. Tinampèn kawicaksanan |
lêpasing pambudi-tama |
Kitam bundhêlan atinya |
e makatên sanèsira |
ah kakang wawi sumangga |
sami nêntremakên raga |

rèh benjing-enjing yun sowan |
dhatêng ing Sujanapuran ||

43. Sadalu sakeca nendra |
enjinge ingkang winarna |
Mas Cêbolang wus busana |
tuwin Ki Amat Têngara |
Nurwitri wae mèlua |
katêlu pisan kariya |
wus mangkat saking ing wisma |
sêkar salin Dhandhanggula ||

3 III. Mas Cêbolang sowan Tumênggung Sujanapura, abdidalêm pujangga
kraton Mantaram, angsal sêsêrêpan mawarni-warni. ...
kaca 12.

Jilid 3 - Kaca : 12

177. Dhandhanggula

1. Ing Sujanapuran sampun prapti |
dyan tumênggung lênggahan nèng dhapa |
Mas Cêbolang dyan ingawe |
marêg mangraup suku |
padha bêcik têkamu kaki |
ana ing wismaningwang |
saka ngêndi kulup |
Cêbolang matur manêmbah |
nuwun saking pangèstudalêm basuki |
muhung saking pondhokan ||
2. Nglêksanani atur duking uni |
ulun sagah sowan (n)Jêng paduka |
dyan tumênggung lon dêlinge |
lah iku luwih patut |
manungsa kang nuhoni janji |
basa kapasangyogya |
dina iki ingsun |
pinuju libur ing karya |
tan sumiwi dadi jênak anêmoni |
marang ing jênêngpara ||
3. Kang sinung ling (n)dêku mangênjali |
dyan tumênggung nulya adhêdhawah |
anrarukti sasêgahe |
lan gêlarana gupuh |
dhimpil wetan pringgitan iki |
candhela wêngakêna |
lawang kidul tutup |
hèh sira Amat Têngara |
wus tinggalên sianak dimène kèri |
ana ing wismaningwang ||
4. Kyai Amat manêmbah wus pamit |
dyan tumênggung nganthi Mas Cêbolang |
nyuswitri tansèng wurine |
prapta ing dhimpil sampun |

cacawisan sêgah miranti |
wedang myang nyanyamikan |
dyan mênggung lingnya rum |
kulup aja taha-taha |
saananing pasunggata dirahabi |
(n)dhêku kang sinung sabda ||

5. Mas Cêbolang kalawan Nurwitri |
rêsêping tyas de binojakrama |
tan mantra-mantra yèn nêmbè |
supêkêt imbal-wuwus |
dyan tumênggung maringkên aglis |
srat Lokapala Kawya |
dumuginya kundur |
risang Rama mring Ngayodya |
lah anakmas kinarya sasambèn linggih |
jujugên kaca sanga ||
6. Caritane sang Prabu Sumali |
ing Ngalêngka kala puruita |
mring Bagawan Wisrawa-ne |
sêrat tinampan sampun |
wus binuka turira aris |
nuhun kauningana |
èstu jugul punggung |
têmbung tuwin sêkarira |
sajêg-ulun sawêg sapisan puniki |
sumêrêp sêrat kawya ||

4 Mas Cêbolang katuntun maos Sêrat Lokapala Kawi, dipun wêrdèni dening Ki Tumênggung, njujug wêjanganipun Rêsi Wisrawa dhatêng Prabu Sumali bab "Sastra Jendra Yuningrat" (Sastra Cêtha) ingkang dados kêkêraning dewa. Pêrmusawarataning para dewa nyariyosakên:. ... kaca 13.

Jilid 3 - Kaca : 13

7. Sagêd maos nanging dlêmik-dlêmik |
dyan tumênggung alon angandika |
lah têka wacanên wae |
ywa nganggo têmbang lagu |
wus winaca kalangkung rindhik |
angèl kêdaling lesan |
dyan tumênggung nuntun |
miwah anjarwani pisan |
ragi lanyah (ng)gigit suraosing tulis |
têmah kataman rimang ||
8. Wêdharing kang Sastra Harjendra di |
wus tinangkêp sêrat kang winaca |
makidhupuh trapsilane |
ing nayana mawêlu |
dyan tumênggung mèsêm ing galih |
ing tyas tan kasamaran |
kalèjêming sêmu |
winawas wawas jroning tyas |

anaratas pantês lamun dèntêtêsi |
luwês lon angandika ||

9. Babo jêbèng ngagêsang puniki |
mrih waspada pandoming kadadyan |
kang pasthi ring pangèsthine |
panjutaning tyas tuhu |
tarlèn kawruh jiwa sajati |
mangsa suryaning alam |
wikan kang manglimput |
myang pandak panduking driya |
kasantaning udaya kang anartani |
ing surasa kêrtarta ||
10. Kang kapusthi pangèsthining kapti |
tan lyan mamang katamaning tingkah |
ing tumitah mamrih lantèh |
tinêtah siang dalu |
tinalisik osiking ati |
tiniti mrih têtika |
kasidaning dunung |
dumunung rèh sangkan-paran |
aywa samar pamoring kawula Gusti |
mangkana duk miyarsa ||
11. Mas Cêbolang matur mangênjali |
dhuh pukulun sêmbahan kawula |
mugi mêlasa ta mangke |
maring pun mudha punggung |
kang tuhu tan satmatèng gati |
ring silastutining tyas |
trapsilaning tuwuh |
tumuwuh tanpa pituwas |
têmah tiwas ing pangèsthi tanpa dadi |
saking kirang wêjangan ||
12. Ingkang wijang jèrènganirèki |
pakartine ing rèh jagad raya |
tan mantra uning jatine |
marmanta kédah matur |
minta tanya kawruh kang jati |
jatine kang winastan |
kawruh kang linuhung |
sastra jendra hayuning-rat |
ing uni kang piningit Jawata luwih |
myang kang ran Sastra Cêtha ||
13. Mênggah têngêsipun kadospundi |
miwah dununging pikajêngira |
kang wijang wiji-wijine |
dyan mênggung maluya rum |
dhuh anakmas kalangkung rungsit |
mungguhing patanyanta |
Sastra Jendra iku |
liring sipat kayuwanan |

-nira Sang Hyang Endra kang mêngku ling-aling |
badaling Hyang Wisesa ||

- 5 a. Hyang Basuki nêranakên wêjanganipun Pêksi Rukmawati bab cahyaning gêsang, anasir latu, bumi, angin, toya. ... kaca 14-21.
b. Bathara Basuki (Sriyana) bab pralambanging aksara Jawi, pasangan, sandhangan tuwin rekan.
Hyang Endra bab "ênêng-êning. ... kaca 21.

Jilid 3 - Kaca : 14

14. Yèn wus wikan ing kajatènèki |
sayêkti yèn têtêp hayuningrat |
lire raharjèng jagade |
dene ta inggahipun |
Sastra Cêtha dipun-wastani |
liring kang Sastra Cêtha |
kalêpasanipun |
kawaskithaning panunggal |
nora samar sangkan-paraning dumadi |
dumadya mardikèng-rat ||
15. Lire pamijèning jagad yêkti |
marma tan kenging kengis ing kathah |
sinêngkêr ing Bathara-ne |
kajaba pra Dewa ku |
kang linilan ing Jawata di |
Sang Hyang Suksma Kawêkas |
myang jalma linuhung |
kang katrimèng pamêsunya |
pujabrata sinung wahyu dyatmikani |
nanging mawa prabawa ||
16. Guntur wisesa myang guntur agni |
guntur bumi miwah guntur braja |
guntur ranu myang gunture |
awang-awang puniku |
lamun datan tumama yêkti |
pratandha katarima |
dene cihnanipun |
ingkang datan katarima |
yêkti sirna tanpa sesa ing dumadi |
marma ta wis kaduga ||
17. Mèdhar ngèlmi gaibing Hyang Widdhi |
saking makatên ing purwanira |
jrih sikuning Hyang Murbèng rèh |
nanging ta puntonipun |
rèh ta sami ngudi wawadi |
mrih siddhine kasidan |
titising pangawruh |
kasampurnaning ngagêsang |
kadipundi mungkêring rèh tekat yêkti |

mrih babaring kamulyan ||

18. Yêkti wontên upamane anti |
ing pangrêman sarta kang tan lana |
kumalêkêrên dadine |
tan nêtês dadinipun |
tanpa kardi dènnya dumadi |
tiwas tanpa pituwas |
kangelan saumur |
luhung aywa dumadia |
manungsa yèn tan sampurna gêsangnèki |
lir sato tanpa tekat ||
19. Babukaning carita ing nguni |
karsanira Sang Hyag Girinata |
angumpulkên ing kawruhe |
wit saking mêtas kawus |
kawruh jati kalindhih dening |
Rêsi Kanekaputra |
mila tinartamtu |
ngumpulkên pra kadang dewa |
Rêsi Nrada kalih Bathara Basuki |
tiga Sang Hyang Sriyana ||
20. Iya iku kang sinêbut nami |
Sang Hyang Panyarikan paparabnya |
kalawan putra kaliye |
BatharEndra dwi Wisnu |
samyã tedhak pucaking wukir |
ing ardi Jamusdipa |
dènnya mêtihar kawruh |
sawusing pêpak sadaya |
Sang Hyang Guru ambukani kawruh jati |
ing ngarêp wus binabar ||
21. Purwaningkang dumadi rumiyin |
ingkang wrêdha pribadi pan cahya |
anulya dahana rêke |
bantala katrinipun |
catur bayu panca jaladri |
puniku pinabênan |
ing Kanekasunu |
ing pangancas taksih lêpat |
de mangeran marang kahananirèki |
sisip-têmbire dadya ||
22. Sumurupe têtêja sayêkti |
sarta maring kêkuwung wangkawa |
amarga ing sadurunge |
isining rat kadulu |
maksih awang-uwung awingit |
wus ana swara kadya |
gêntha kèlèng ngungkung |
iku Sang Hyang Girinata |

Jilid 3 - Kaca : 15

sru anggilot jablasing surasanèki |
Bathara Nrada sigra ||

23. Mèjangakên ing atur dumêling |
manis tutuk tatasing kang sabda |
Hong Hyang Hyang ulun yêktine |
mênggah ta sagungipun |
kawontênan kèsthi kajatin |
kajatosan punika |
wontên kahanèku |
saksine wontên manungsa |
jagad ingkang manungsa èstu tan pangling |
lawan jagading donya ||
24. Mila binasakkên sadèrènging |
wontên cahya wus ana suwara |
apindha gênthakakêlèng |
punika wardinipun |
liring swara ingkang kapyarsi |
yèku bawa jatinya |
gêntha jatnipun |
kantha-kanthining kang warna |
kêkêlèng pan dudunungan jatinèki |
anjinging kang bicara ||
25. Dununging bawa nèng kantha singgih |
kantha punika sayêkti samar |
samar elok satuhune |
elok gaib lripun |
dene gaib punika mawi |
sasandha kadadosan |
babasaning catur |
nora warna datan rupa |
amimbuhi sipat wawarnèn sakalir |
tan ênggon ora arah ||
26. Nanging tansah dènnira nglimputi |
sagung ingkang gumêlar nèng donya |
ngandika tanpa lesanne |
muhung nyawa puniku |
(ng)ganda tanpa garananèki |
muhung purba kewala |
myat tanpa netrèku |
muhung saking ing waskitha |
amiyarsa tanpa karnanira kalih |
muhung saking wisesa ||
27. Myang angraos tanpa raos nênggih |
muhung pangraos sajatinira |
dene ta kosok wangsule |
purwaning ana èstu |
saking ora witipun lair |
saking ing kabatosan |
witing rame èstu |
saking ing ênêng sanyata |

wit gumêlar saking ing sonya sayêkti |
nanging aywa kadriya ||

Jilid 3 - Kaca : 16

28. Tawang-tuwang tanpa wasananing |
bêbasane mangeran kumandhang |
wusing atur-ulun mangke |
sirik saèstunipun |
anênampik tanapi milih |
kalamun anampika |
ing sadayanipun |
kang gumêlar ngalam-donya |
punapinggih tan ginulung malih-malih |
kalamun amiliha ||
29. Punapa tan uninga manawi |
sakèhing kang kawontênan apan |
saking gaib sèjatine |
babu ywa nganti kerut |
utamine mandar ngurubi |
myang sampun kawimbunan |
malah asung wimbuh |
punika kewala cêkap |
dhumatêng ing dunungnya pangèsthi jati |
jatining kauwusan ||
30. Sigêg ture sang Kanekasiwi |
Sang Hyang Guru sawusing miyarsa |
saklangkung lêga ing tyase |
rumaos yèn panuju |
dènnya darbe pangèsthi bangkit |
kadya Sang Hyang Athama |
ngratoni sawêgung |
de kang nama Hyang Athama |
ing srat Jitabsara panjênêngan Nabi |
ya Adam Abul Awan ||
31. Sang Hyang Guru nulya dhawuh maring |
para kadang dewa miwah putra |
bisaa ngudhuni ing rèh |
ambawa-rasa iku |
Hyang Basuki wacana aris |
mênggah atur punika |
wus lèrês sadarum |
namung ing pamanggihingwang |
sawêg têtêng dununging pangèsthi jati |
mring Kang Murbèng Gaiba ||
32. Analisis pantoging kang gaib |
namung dunungipun kang pinurwa |
ing suraos wau dèrèng |
Hyang Guru ngandika rum |
palibaya pantarèng mami |
mara katêrangêna |
babar-pisanipun |

sabda dadining kasidan |
Hyang Basuki mangênjali turira ris |
mêdhar wangsit angandhar ||

33. Dhuh pukulun saking wasitaning |
guru-ulun Pêksi Rukmawatya |
wukir Mahendra dhepoke |
Hyang Kang Murbèng Baigul |
lajêng murwèng ênur rukyati |
punika cahya gêsang |
sigra risang Ênur |
amurwèng anasir rannya |
gêni bumi angin we punika dadi |
kaananing manungsa ||
34. Latu dadya napsune kang jalmi |
martandhani cahya catur warna |
abrit cêmêng jêne putih |
bumi badan jasmanu |
martandhani sakawan warni |
kulit daging myang tosan |
sungsum jangkêpipun |
angin kaananing napas |
pan ing lesan ing grana ing netra kalih |
myang pamyarsaning karna ||
35. Dene toya dados kaananing |
Êroh catur isining wiryawan |
ing Jitabsara têmbunge |
inggih asrar puniku |
roh jasmani êroh kewani |
êroh nabadi lawan |
roh nurani catur |
punika bilih kawula |
sigêg ture Bathara Basuki sukci |
mangkya Sang Hyang Sriyana ||
36. Matur alon ring Hyang Odipati |
dhuh pukulun sang Padawinêngang |
manawi ing wasitane |
ing gurunadi-ulun |
parab Rêsi Pramana tunggil |
saking pangraos-amba |
langkung tlêsihipun |
ingkang wus kasêbut ngarsa |
pasêmone Sang Hyang kang Amurbèng gaib |
mênggah pralambangira ||
37. Catur sastra-suwara winarni |
A, I, O, Rê myang antanwyanjana |
sastra tridasa-saptane |
makatên wijangipun |
aksara A[...] mila puniki |
angka sakawan[...] lawan |

Jilid 3 - Kaca : 17

aksara SA[...] wau |
mênggah ing pikajêngira |
pan wijining panunggal kawan prakawis |
Bahni bantala bajra ||

38. Myang baruna wijangipun nênggih |
agni bumi angin miwah toya |
[...] |
dene aksara BA[...] sinung |
cêrêg ngandhap[...] pikajêngnèki |
bayi dene tan sondha |
dados wujudipun |
manungsa ingkang sampurna |
sarwa sangkêp tan wontên kang kirang luwih |
aksara O[...] wijangnya ||

39. Mila aksara WA[...] dènpasangi |
aksara DA[...] mênggah pikajêngnya |
mungêl wêdal ing têngêse |
pan katingal puniku |
aksara RÊ[...] wijangirèki |
mila PA cêrêg ngandhap |
paja kajêngipun |
antara ing têngêsira |
sampun jangkêp catur swara têngêsni |
gantya wijiling dênta ||

Jilid 3 - Kaca : 18

178. Mijil

1. Myang wyanjana ing jarwanirèki |
pêpêking ponang wong |
nanging dèrèng mawa repa lire |
mabusana jangkêping pakarti |
lir jabang duk lair |
sing garbaning biyung ||
2. Muhung Swara pracihnaning urip |
de wujuding karo |
sastra dwidasa lan pasangane |
yèka kang ran dênta-wyanjanèki |
ha na ca ra ka-ki[...] |
sapiturutipun ||
3. Ha na ca ra ka têngêsirèki |
won duta kinaot |
dunungipun winangsul swarane |
ka ra ca na ha lire puniki |
lesan ngucap ing |
da ta sa wa lè-ku[...] ||
4. Têngêse Dat kacihna swarèki |
dununging suraos |
wangsul swara la wa sa ta da-ne |
(ng)gih punika pratandha salami |
pa dha ja nya-ki[...] |

lire sami unggul ||

5. Pan punika pancadriya yêkti |
dununging suraos |
wangsul swara nya ya ja dha pa-ne |
lirnya tan pègat pangidhêpnèki |
ma ga ba tha ngè-ki[...] |
nênggih têngsipun ||
6. Babatangan sarira puniki |
wit dadosing kawroh |
dunungipun winangsul swarane |
nga tha ba ga ma têngsirèki |
ngentha satataning |
ngantarèng Hyang Agung ||
7. Sajatine wontên manungsèki |
srêngkaraning raos |
liring srêngkara abên-manise |
rasa-rumangsa saliring osik |
kawula lan Gusti |
pamor ing sawujud ||
8. Dene pasangan pêcahirèki |
ricikan rajah wong |
munggèng angka makatên wijange |
ha[...] lidhah mila dipuntêngési |
ngèstokkên sakapti |
awit lidhah wau ||
9. Anut pakèning karsa sayêkti |
clupakan netra ro |
pasangan-na[...] mila ing têngèse |
katêrangan wit luwakan aksi |
pan karya wênganing |
Hyang Pramana tuhu ||
10. Pasangan ca[...] tangan têngsênèki |
kancuhaning batos |
awit tangan dados kancuhane |
osiking tyas nartani pakarti |
ra[...] manik winardi |
sosotya punika ||
11. Wit têtsandhanira wontên manik |
rahsa sarasèng don |
kang manrangi ing lair batine |
ka[...] cangklakan pundhak dènwêrdèni |
kukuh dene kardi |
pikuwating bau ||
12. Pasangan da[...] kalamênjing warni |
apanjang kinaot |
wit manjangkên ing jangga wujud |

Jilid 3 - Kaca : 19

- pasangan ta[...] cangklakaning sikil |
winastan cacêthik |
prênah têngêsipun ||
13. Dene dadya lalantaran yêkti |
kuwating ngalunggoh |
anartani tata-trapsilane |
pan minangka lambaraning takrim |
antuk suku kalih |
dadya ugêripun ||
14. Pasangan sa[...] jaja antaraning |
têngêsipun golong |
dene dadya golongan yêktine |
awit jaja dununging piranti |
pirantining urip |
parabot kang parlu ||
15. Pasangan wa[...] bau ingkang kering |
tinêngesan karo |
dene dadya kanthi sayêktine |
bau kanan lalawananèki |
jangkêping pakarti |
bau ro puniku ||
16. Pasangan la[...] gêngêr kanan kering |
têrusan (n)jaba jro |
dene nêrusi jaja ngajênge |
pasangan pa[...] lambe ngandhap nênggih |
mila dèntêngêsi |
patitis puniku ||
17. Dene bangkit mijilkên sayêkti |
pangucap cumêplos |
tan kalèru tampining osike |
pasangan dh[...] nênggih dèntêngêsi |
dadalan sêjati |
wit dhadha puniku ||
18. Dados margi pratandhaning urip |
kakêtêg ing jêro |
mangka paliwaraning Atmane |
pasangan ja[...] sandhing thêthêngiling |
jaja dèntêngêsi |
patitis puniku ||
19. Dene dados pangajênging ciri |
ayu kajêngipun peranganing kono |
aksara ya[...]babau kananne |
tinêngesan cuthat wit nampèni |
karêntênging ati |
tumindak sakayun ||

20. Pasangan nya[...] luwakaning ngaksi |
 kang kering kinaot |
 mila tinêgêsan mulung lire |
 dene bangkit amêngani kapti |
 sasmitaning liring |
 ngênani panuju ||
21. Pasangan ma[...] janggut dèntêgêsi |
 bundêran wang karo |
 aksara ga[...] jangga wingking lire |
 agêng dene panggènaning nginggil |
 sanginggil angkèki |
 kêrêtan pok gulu ||
22. Pasangan ba[...] pasu wujudnèki |
 têngêsira karo |
 lire kêmban nrambahi mukane |
 pasangan tha[...] wujuding thi-athi |
 tinêgêsan nênggih |
 tulising mukèku ||
23. De mambuhi asrining suwarni |
 antarèng karna ro |
 pasangan nga[...] nênggih bolongane |
 ing garana mila dèntêgêsi |
 pangingsêp wit saking |
 panggandasmarèku ||

179. Asmaradana

1. De cêcêg[...] grana lirnèki |
 sami lawan aksara nga |
 wulu[...] sirah ing têngêse |
 pêpêt[...] têngês (m)bun-êmbunan |
 layar[...] lirira jaja |
 sami lawan ra puniku |
 dene cakra[...] têngêsira ||
2. Midêr lawan amêngkoni |
 yèku dhadha têngêsira |
 ingaran sawarga lire |
 pangiraning tyas punika |
 kawêngku jroning dhadha |
 marma pasangan dha jumbuh |
 pikajênge lawan cakra ||
3. Taling[...] têngêsira kuping |
 tarung[...] thêthêngêling karna |
 suku[...] sikil ing têngêse |
 kêrêt[...] lire pajalêran |
 ingaranan srêngkara |
 abên-manis têngêsipun |
 marma ingaran mangkana ||
4. Krana dadi lantaraning |
 pacampuring rahsa mulya |

dene wa[...] gêmbung têtêse |
pan punika bau kiwa |
pengkal[...] pan bau kanan |
wignyan[...] cangkêm têtêsipun |
ing dununging pamicara ||

5. Winastan wisarja nênggih |
lire bêcik klawan ala |
saking tutuk ing margane |
rinan malih awiyarja |
luwih bêcik têtêsnya |
saknya malih têtêsipun |
nut sapakon têtêsira ||

Jilid 3 - Kaca : 21

6. Pakoning manah sayêkti |
mulya sae nulya ala |
tutuk darma mêtêharake |
pangkon[...] pandhaku lirira |
ingaran pêjahan |
sing aksara kang pinangku |
sayêkti wujud manungsa ||
7. De cahya kawan prakara |
cêmêng abrit jêne pêthak |
nênggih ing panjang-surupe |
cahya cêmêng anjingira |
sumurup cahya rêta |
rêta manjing surupipun |
nênggih maring cahya jênar ||
8. Jênar manjing surupnèki |
maring cahya ingkang pêthak |
cahya pêthak ing surupe |
maring cahya mancawarna |
cahya kang mancawarna |
mring cahya mancorong iku |
nênggih panjang-surupira ||
9. Cahya kang mancorong manjing |
mring cahya mancur surupnya |
cahya umancur surupe |
mring cahya wêning punika |
cahya wêning surupnya |
mring cahya gumilang iku |
cahya gumilang surupnya ||
10. Marang cahya ingkang gaib |
têtêse gaib pan samar |
kèndêl Sriyana ature |
Hyang Guru kêlangkung suka |
karênan ing wardaya |
dene ta punika kawruh |
kapralambang saking sastra ||

11. Sang Hyang Sriyana sinung sih |
 pinaraban Panyarikan |
 jawata jumurung kabèh |
 mangayubagya ing karsa |
 sigêg Sriyana turnya |
 tandya Sang Endra sumambung |
 matur sarwi ngaraspada ||
12. Saking raosipun maksih |
 kadho-kadho ing pangancas |
 nênggih dhatêng ing kajatèn |
 awit maksih karoneyan |
 bokbilih tidha-tidha |
 pamanthênging tyas kalèntu |
 korup dhatêng panguripan ||
13. Manawi pamanthêng kami |
 namung riningkês kewala |
 dhatêng ênêng lan êninge |
 dene dadose dumadya |
 rupa warna busana |
 pangracutipun pan namung |
 rasa ambu warna rupa ||
14. Mênggahing pangancas-kami |
 saèstu datan nalimpang |
 muhung mring nuat-gaibe |
 pukulun pangraos-amba |
 wus tan ana tisnaa |
 nêtês naratas wus putus |
 wasana ulun sumangga ||
15. Sigêg Sang Hyang Endrapati |
 dènnya mêdhar pangawikan |
 mangkya Hyang Wisnu ature |
 nuwun mênggah aturira |
 risang Hyang Panyarikan |
 kawruh kapralambang dhaup |
 lawan sastra samoanya ||

6 d. Bathara Wisnu bab lênggahipun aksara Arab ing awakipun manungsa, sarta minangka pralambanging ngèlmu agami. Dumadakan gègèr, jagad horêg, para jawata sami dhawah kantu, wungu sami kêsupèn ing sadaya ingkang winêdhar, kajawi Bathara Wisnu ingkang têtêp èngêt. ... kaca 22-24.

Jilid 3 - Kaca : 22

16. Inkang punika mêwahi |
 têranging kang sasêrêpan |
 mênggah saking wasitane |
 Sang Ngusmanajid gurwamba |
 kaananing manungsa |
 punika anunggil dhapur |
 lan kang nglimputi sarira ||

17. Purwanya namung satunggil |
 kadamêl kalih ilapat |
 dene ta binasakake |
 kakalih ingkang ilapat |
 langkung kang amicara |
 winastan kalih saèstu |
 winastanana satunggal ||
18. Sayêktosipun satunggil |
 mênggah sastra tanah Ajam |
 kang tumrap angga kathahe |
 jangkêp tigangdasa sastra |
 saking èngêt-kawula |
 Hyang Pramèsthi ngandika rum |
 mara kulup wêdharêna ||
19. Sang Hyang Wisnu mangênjali |
 sarèh wêdaling wacana |
 alip[...] maripat kalihe |
 be[...] bolongane kang grana |
 te[...] ing utêg dunungnya |
 se[...] daging jim[...] sirah lungguh |
 ke alit[...] karna kang kanan ||
20. Ke agêng[...] karna kang kering |
 dal alit[...] bau kang kanan |
 dal agêng[...] bau keringe |
 ra[...] iga têngên kiwa |
 je[...] iga ingkang kiwa |
 sin alit[...] têngên kang susu |
 sin agêng[...] susu kang kiwa ||
21. Sad[...] lambung kang têngên nênggih |
 êdhot[...] lambung ingkang kiwa |
 te[...] kukulung ati (ng)gonne |
 dha[...] ing jantung dunungira |
 ngain[...] pupu kang kanan |
 ghin[...] pupu kiwa dumunung |
 fe[...] suku têngên ênggonnya ||
22. Khaf[...] ing dhêngkul têngên nênggih |
 kaf[...] suku kiwa dunungnya |
 lam[...] ing wêtêng min[...] otote |
 nun[...] balung wawu[...] gigirnya |
 ehe[...] tlapanan kanan |
 lam-alip[...] dumunungipun |
 anèng lathining manungsa ||
23. Ambyah[...] dhêngkul kiwa nênggih |
 ya[...] tlapanan ingkang kiwa |
 jangkêp sastra tridasane |
 mangkya rêringkêsanira |
 badane kang manungsa |
 ing saèstunipun sampun |

24. Makatên panabdanèki |
Ashadu Allah illaha |
Illa Allah de wijange |
As kulit ha dagingira |
du gêtih Allah urat |
ilaha iku babalung |
illa sungsum Allah utak ||
25. Manungsa kalamun guling |
mangka matrapkên sukunya |
kakalih dhinèmpètake |
dumadi wujud sajuga |
dlamakan kalih pisan |
tinapakkên |
sikot kakalih tumumpang ||
26. Anèng ing pranajanèki |
asta kakalih kinèmpal |
dados sajuga wujud |
ingadêgakên sadaya |
punika sampun tansah |
anêbut ing namanipun |
tuwin namaning Pangeran ||
27. Gumaluntung ingkang jalmi |
punika mungêl Muhamad |
dene pratingkahe sare |
mungêl Asmaning Pangeran |
Allah Pangeraningrat |
kang murbèng pasthi satuhu |
wijange kawikanana ||
28. Awit ing sirah dumugi |
pungkasane ingkang jangga |
aksara min awalane | pinêcah dumadya tiga |
kêlênging kalih netra |
manjing mring Dating Allahu |
kang kalair sadayanya ||
29. Mênggah kajêngipun nênggih |
dhatêng makripat mukadas |
mungêl la ing grêbanane |
mangkya awit ing pranaja |
dumugi cêthikira |
aksara ahe puniku |
lajêng kawijang triwarna ||
30. Wujuding khe manjing maring |
Sipat Allah kang lair pan |
dene punika kajênge |
maring Kakekat mukadas |
grêbanipun winawas |

- anênggih tan liyan namung |
ing ungêlipun Illaha ||
31. lajêng wit jênthik dumugi |
ing dhêdhêngkul kering kanan |
punika min akirane |
ugi winijang titiga |
wujuding kang aksara |
manjing mring Asma Allahu |
ingkang kalair sanyata ||
32. Kajêngipun tan liyan maring |
dhatêng Tarekat mukadas |
ginêrba èstu ungêle |
muhung maring lapal Illa |
pungkasan winursita |
awit kakalih kang dhêngkul |
dumugi driji dlamakan ||
33. Yèku aksara dal yêkti |
lajêng kawijang titiga |
wujuding kang aksarane |
manjing mring Apêngal Allah |
kang klair de kajêngnya |
mring Sarengat mukadasu |
grêbanipun mungêl Allah ||
34. Aturulun sampun titi |
kawontênaning wasita |
muhung amrih ywa tumpang so |
winujudakên ing gambar |
tinrapkên ing ron êtal |
cinirèn katranganipun |
gambar kalih dyan binabar ||
35. Mawa cahya anêlahi |
pindha ulading dahana |
surêm Hyang Rawi sorote |
binarung swara gurnita |
kilat thathit liwêran |
horêg sapta bantalaku |
mêsês kanang bayu bajra ||
36. Lir kinêbur kang jaladri |
pêthite Hyang Antaboga |
kumitir horêg anggane |
satêmah ingkang bantala |
goncang gonjing ruhara |
ardi Jamusdipa (n)jêpluk |
kadi papêdhut rinaras ||
37. Sang Bathara Odipati |
Sang rêsi Kanekaputra |
miwah Sang Hyang Basukine |

Jilid 3 - Kaca : 24

Hyang Endra Hyang Panyarikan |
wus sadaya tan kuwawa |
anyêlaki gambar wau |
lir sinambêr gêlap lêpat ||

38. Sadaya wus dhawah saking |
palênggahan sowang-sowang |
sumaput lir nir jiwane |
muhung Sang Bathara Suman |
tan owah dènnya lênggah |
gambar kalih dyan rinacut |
wus sirna kang gara-gara ||
39. Nahên kang gumuling siti |
pungun-pungun wus waluya |
wangsul mring palênggahane |
karsane Hyang Mahanasa |
sadaya kang kawêdhar |
dening Hyang Bathara Wisnu |
dilalah samya kalepyan ||
40. Kadya anggane angimpi |
wungu nendra tan kêngêtan |
dhumatêng ing supênane |
muhung Sang Hyang Girinata |
jroning tyas gung ginagas |
ginilut jumbuhing kawruh |
tambah ingkang pangawikan ||
41. Mangkono Hyang Wisnumurti |
graitêng tyas datan samar |
dhumatêng ing kaanane |
pinunggêl kang pangandika |
amangsuli pangiwa |
mangkana ing aturipun |
dhuh Hyang Hyang Padawinêrang ||
42. Aturnya Kanekasiwi |
myang Basuki Panyarikan |
tanapi Endra ature |
ingkang makatên punika |
inggih lèrês sadaya |
nanging ing pamanggihulun |
panggêlar panggulungira ||
43. Taksih tumpang so tan mathis |
manawi ing wasitanya |
guruulun Sang kinaot |
Ngusmanajid ingkang usman |
asalipun manungsa |
inggih saking hèb satuhu |
tumurun pan dados cahya ||

7 e. Miturut Ngusmanajid, gurunipun Wisnu, dununging bumi, dahana, maruta, tirta ing badaning manungsa awujud jasat, napsu, napas, rokyat ...

Kaca 23-24.

f. Hyang Guru ngêmpalakên sakathahing kawruhipun para dewa, kaimpun dados "Sastra Jendra Yuningrat" ingkang kajlèntrèhakên, ananging têtêp dados kêkêraning dewa. ...

kaca 25-31.

Jilid 3 - Kaca : 25

44. Kasumupan ponang bumi |
dahana maruta tirta |
makatên mênggah dununge |
jasat napsu napas rokyat |
ingkang rumiyin dadya |
ponang rohkyat napas napsu |
kapat jasat kanthinira ||

180. Kinanthi

1. Sawêg samantên turipun |
dènnya mêdhar sabda rungsit |
Hyang Guru aris ngandika |
èh kulup bènêr sirèki |
apa tan unggul dahana |
de sira unggulkên bumi ||
2. Luwih asor bumi iku |
yêkti unggul ingkang agni |
Hyang Wisnu matur manêmbah |
sami lèrêsipun ugi |
manawi bangsaning Êjan |
linuhurkên ingkang agni ||
3. Awit asal saking latu |
luluhuripun saking jin |
Banujan jin Idajila |
ing srat Jitabsara sami |
Sang Hyang Handyan Hyang Banujan |
di Anjiyasmal jibai ||
4. Hyang Guru malih tanya rum |
balik sira iku kaki |
asalmu saka ing apa |
Wisnu matur mangênjali |
ulun manungsa kajiman |
nanging luhur ingkang saking ||
5. Manungsa sayêktinipun |
kaliyan kajiman mami |
èh kulup apa ta nora |
rumahun bangsaning Ngêjin |
lèrês pukulun punika |
nanging tumraping ring mami ||
6. Miwuh sarira pukulun |
punika rumiyin janmi |
kang awit Sang Hyang Ad-Hama |
Sang Hyang Siwa ingkang ugi |

nama Nabi Sis minulya |
punika manungsa jati ||

7. sarêng ing dumuginipun |
Sang Hyang Nurcahya ing ngarsi |
nênggih nama Sayid Anwar |
lajêng Sang Hyang Nur-rasèki |
Sang Hyang Wênang Sang Hyang Tunggal |
sirna kamanungsanèki ||
8. Jisim rohkani sadarum |
tan katon dipuntingali |
sarêng dumugi paduka |
amêngku ing Allamkalih |
sagêd botên katingalan |
sagêd katingal ing jalmi ||
9. Amargi kangjêng pukulun |
mangèsthi sagêd ngratoni |
manungsa lir Hyang Ad-Hama |
Hyang Guru ngandika malih |
bênêr kaya tekatira |
amung kanggo mênang êndi ||
10. Tekatira kang saèstu |
apa manungsa apa jin |
Sang Hyang Wisnu aturira |
ulun angge lair batin |
ing batin manungsa-tama |
ing lairipun pan êjin ||
11. Wit ulun urutkên èstu |
asale jiwa ragèki |
kamanungsan ulun asal |
saking luluhur pribadi |
mila kangge kabatinan |
amargi jalu pinasthi ||
12. Dados lalantaranipun |
kang wontênkên jiwa mawi |
mênggah kajiman kawula |
saking ing luluhur èstri |
kang awit Sang Hyang Nurcahya |
kamantu dening Raja Jin ||
13. Mila punika pukulun |
kawula anggêp ing lair |
èh kulup têtênging tekat |
apa ora anêtêpi |
babasan kabali sura |
myang sungsang buwana balik ||
14. Bathara Wisnu turipun |
botên ing saèstunèki |

Jilid 3 - Kaca : 26

ing ngandhap ing nginggil keblat |
kawêngku ing têngah awit |
wontênipun winastanan |
ing ngandhap tuwin ing nginggil ||

15. Yèku ancêr-ancêripun |
wontên ing manungsa jati |
Sang Hyang Guru duk miyarsa |
asru karênaning galih |
babo atmajèngsun Suman |
sira anunggal pangèsthi ||
16. Kalawan ing jênêng-ingsun |
mangkya sira sun wêwahi |
paparaba Narayana |
mratandhani kahananing |
sira manungsa sanyata |
Sang Hyang Wisnu mangastuti ||
17. Para jawata sadarum |
abipraya nêmbadani |
sasampunira mangkana |
Sang Hyang Wisnu nulya kardi |
ekal cakra dadya tandha |
bundêring santosèng ati ||
18. Nahan ta Bathara Guru |
sawusira amiyarsi |
ature pra kadang dewa |
lan putra Bathara kalih |
tyas langkung marwata suta |
sinung ilhaming Hyang Widdhi ||
19. Sadaya sampun kacakup |
datan ana ingkang cicir |
dhawuh wijiling kang sabda |
kadang dewa sadayèki |
myang putranipun bathara |
ing samangkya karsamami ||
20. Kumpuling kawruh sadarum |
ingsun dadèkkên sawiji |
minangka wawatoning kang |
kawruh kadewatan adi |
dadiya gèbênganira |
sutèng-ulun Endrapati ||
21. Nanging ingsun kêkêr kukuh |
sarta ingsun waranani |
lawan hya kongsi kajambar |
sadhengahing manungsèki |
supayane iku haywa |
madhèhkên ing Jawata di ||

Jilid 3 - Kaca : 27

22. Marmane manira asung |
 pralambang iku yèn bangkit |
 iya dadya manrimanya |
 ingkang sarta banjur dadi |
 ing Sastra Cêtha priyangga |
 ing sadurungira dadi ||
23. Ing sastra Cêtha puniku |
 apan ta ingsun-aranni |
 sastra jendra ayuningrat |
 pangruwat diyu rasêksi |
 wanara salaminira |
 dêlahan nunggal jalma-di ||
24. Iku ta ing lairipun |
 dadiya ambêk utami |
 mungguh ta ing kabatinan |
 dumadiya pancadaning |
 sangkan paraning dumadya |
 nunggal kawula lan Gusti ||
25. Mratandhanana saèstu |
 kanugrahan ingkang dhingin |
 limang ukara kèhira |
 dumadi ambêgirèki |
 mungguh ta ingkang ingaran |
 PANCA PURWANDA pangrawit ||

181. Sinom

1. Kang dhingin ambêging surya |
 kapindho ambêging bumi |
 katri ambêging maruta |
 catur ambêging jaladri |
 panca ambêging langit |
 ing sapangkat manèh iku |
 aran PANCA DUMADYA |
 iku kadadyanirèki |
 apan uga tumangkar limang prakara ||
2. Kang dhingin babaring tigan |
 dwi lêpasing sastra-lungit |
 tumamaning punglu tri-nya |
 catur pêdhang lumaraping |
 lima rêmbêsing warih |
 ing sapangkat manèh iku |
 aran PANCA PRANATA |
 dadi pratandhanirèki |
 apan uga tumangkar limang prakara ||
3. Mandhêg iku kang kapisan |
 angkêr ingkang kaping kalih |
 sumunu kang kaping tiga |
 sumulap kaping patnèki |
 mamarap ping limèki |
 dadi tri golonganipun |

lah para kadang dewa |
lan putra bathara kalih |
kono padha surasanên tranging nala ||

Jilid 3 - Kaca : 28

4. Kadiparan karêpira |
lawan kadadeyanèki |
nahên para kadang dewa |
locitanirèng panggali |
bangkit (m)babarkên nanging |
tan sagêd panangkaripun |
tuwin kakalih putra |
asagêd mêcah ananging |
tan kuwawa maradhahi kang surasa ||
5. Sadaya matur sumangga |
Hyang Guru ngandika malih |
èh kadangingsun pra dewa |
lan putraningsun kalih |
marmanira sirèki |
ywa ngaku pintêr kalangkung |
mundhak kablingêr padha |
kang awit babasaning ling |
jalma pintêr pasthi kasor dening jalma ||
6. Kang sugih artikêl tatas |
de jalma artikêl awig |
kasor dening jalma ingkang |
inggil luhur misesani |
margi kang Marbèng pasthi |
anamtokkên jênêngingsun |
ginadhuan wisesa |
lwih kuwasa jênêngmami |
sumurupa dununging andikaningwang ||
7. Mungguh ambêging kang surya |
amongat têmbungirèki |
jarwane among samoa |
awit ta ananing rawi |
tansah angon sakalir |
ngulatkên sakèh tumuwuh |
tumrape mring pambêgan |
eling dene dunungnèki |
ing pramana dadi nora kasamaran ||
8. Ambêging bumi winarna |
sun-têmbungkên amot yêkti |
karêpe amot sadhengah |
dene kaananing bumi |
bobot sakèh dumadi |
tumrapping pambêkan bakuh |
dununge ing jatmika |
sarira antêng tyas mintir |
ing wasana dadi nora berabeyan ||

9. Ambêking kanang maruta |
 suntêmbungkên kamrat yêkti |
 karêpe kamot sabarang |
 dene kaananing angin |
 tansah katadhah dening |
 samoaning kang tumuwuh |
 tumrape mring pambêkan |
 têtên dene dunungnèki |
 aring ingkang napas dadi tan (n)daleya ||
10. Nahan ambêking sagara |
 sun-têmbungkên mamrat yêkti |
 karêpe momot tan wêgah |
 kaananing kang jaladri |
 tan nampik datan milih |
 sasarah tumamèng laut |
 tumrap pambêkan sabar |
 nèng rêrêming rasa jati |
 dadi nora pradulèn sugih waonan ||
11. Kanang ambêking akasa |
 sun têtmbungkên mangkyat nênggih |
 karêpe pamêngku ika |
 dene kaananing langit |
 datan sah angaubi |
 saisining ngrat kawêngku |
 tumrap ambêg santosa |
 dumunung sarèhing kapti |
 dadi nora gimirên karêp sadhengah ||
12. Lah ta padha kawruhana |
 kumpule pambêkan gati |
 among amot kamot miwah |
 momot mêngku jangkêpnèki |
 dene tumrapirèki |
 pambêkan lilima iku |
 eling têtên mantêp lan |
 sabar santosaning ati |
 de dununge pambêkan limang prakara ||
13. Pramana jatmika ing tyas |
 aringing napasirèki |
 kalawan rêrêming rahsa |
 sarèh ing karsa mumpuni |
 mungguh dadinirèki |
 pambêkan lilima mau |
 tan samar tan dahwènan |
 tan sêmbrana lawan malih |
 tan panas tan gimirên pungkasannya ||
14. Mêdhar kang Panca dumadya |
 limang ukara ginupit |
 angin babaring antiga |
 talika ingsun-aranni |

Jilid 3 - Kaca : 29

têtêp karêpirèki |
têtela ing ananipun |
têtêp dadining gêsang |
kawahana tandhanèki |
de tandhane iku ana ing pangrasa ||

15. Pindho lêpasing kang manah |
ramatas ingsun-aranni |
karêpe tatas naratas |
yèku tédhas anêdhasi |
satuhu anêtêpi |
sangkan paraning tuuwuh |
dene ta pratandhanya |
sonya ruri anartani |
nyatanira ing pamyarsaning kang karna ||
16. Kaping tri tumamanira |
punglu-mimis sun-aranni |
tumêlêng karêpe apan |
patitis iku ngencoki |
datansah anêtêpi |
marang dudununganipun |
tumanêm pratandhanya |
nyatane lungguhîrèki |
anèng lathi iya iku pamicara ||
17. Kaping pat laraping pêdhang |
maratas ingsun-aranni |
karêpe mring kaputusan |
pêgat tanpa kiwir-kiwir |
babarpisan nêtêpi |
tandha kasampurnanipun |
nyatane ing pangganda |
arum bangêr amis bacin |
arum sêdhêp kanyataan saka grana ||
18. Ping lima rêmbêsing toya |
tumuhas ingsun-aranni |
karêpe tumus arabas |
iku têrus anêrusi |
dene pratandhanèki |
lingga-bathara satuhu |
jumênêng batharanya |
mungguh kanyataanèki |
ing paningal jangkêp kang Panca dumadya ||
19. Kumpule kadadyan lima |
têtêp tatas sarta titis |
putus tumus sah lilima |
gênahe lilima maring |
têtela tédhas tuwin |
angincoki pêgatipun |
kanyataaning lima |
kawahana sunya-ruri |

20. Nyatane ing kadadeyan |
lilima tan liyan maring |
pangrasa ingkang sapisan |
ing karna kang kaping kalih |
ing lesan kaping katri |
ing grana kang kaping catur |
ing paningal ping gangsal |
kadang dewa putra sami |
sru katrêsan umatur kalajêngêna ||
21. Odipati mêdhar sabda |
prabawa limang prakawis |
nahan landhêp kang kapisan |
iku sun-aranni lêngit |
marang singit karêmpit |
karêpira iya iku |
mamêdèni wong kathah |
dene uwus anjumbuhi |
kalawan Hyang Maha Suksma Kang Kawêkas ||
22. Wus anunggal sakaanan |
sarira suksma pribadi |
kapindhone kawaskithan |
wikan purwaning dumadi |
ing agal miwah rêmit |
sawujud Bathara Luhung |
akaprabawan saka |
waskithanirèng panggalih |
kaya-kaya uning sadurung winahya ||
23. Sumunu kang kaping tiga |
iku lênyêp sun-aranni |
karêpe wingit sanyata |
antêng ruruh anyênênni |
de wus nugraha jati |
Bathara ingkang linubung |
kaprabawanan saka |
sarwa dyatmika ing budi |
nanging nala nêrusi marang sarira ||
24. Sumulap ingkang kaping pat |
lêmarap ingsun-aranni |
angulapi karêpira |
iya iku (m)balêrêngi |
kang mandêng tan kuwawi |
dene ta uwus saèstu |
rikang sotya-bathara |
awit kaprabawan saking |
anarawang sadaya sarwa pramana ||
25. Mamarap kang kaping lima |
lêmahab ingsun-aranni |

maladi karêpe ika |
iya iku angurubi |
dene ta wus linêwih |
sajiwa-bathara iku |
wus kaprabawan saka |
sarwa wibawa wiryadi |
uwus ganêp prabawa limang prakara ||

26. Kumpule prabawa lima |
juga lungit kadwi wingit |
tri wingit ngulabi warna |
kaping limane maladi |
gênahe prabawèki |
kang sapisan iku alus |
mêdèni kapindhonya |
kaping trine anyênènni |
pat (m)blêrêngi amaladi limanira ||
27. Prabawa ingkang prabawa |
waskitha ingkang rumiyin |
pangrasa ping kalihira |
dyatmika kang kaping katri |
pramana caturnèki |
wibawa ping limanipun |
atusing pangandika |
-nira Sang Hyang Odipati |
myang pra dewa dyan muksa mring pakayagan ||
28. Mangkene kang Sastra Cêtha |
mungguh Panca purwandèki |
bumi gêni angin toya |
dadi jasate kang jalmi |
langit ngibaratnèki |
ing alam suwung satuhu |
dene wus kanyataan |
amêngkoni ing dumadi |
de karêpe batin mêngku kalairan ||
29. Dene ta Panca dumadya |
Pancadriya dunungnèki |
pangraos ingkang sapisan |
pamyarsa kang kaping kalih |
pangucap kang kaping tri |
pangganda kang kaping catur |
paningal kang kaping lima |
sadayèku padha dadi |
trêsandhaning uripe ingkang manungsa ||
30. Mungguh kang Panca prabawa |
puniku amratandbani |
katarimaning manungsa |
katingaling sarira di |
waskitha tégèsnèki |
lêrêsing pramana èstu |

Jilid 3 - Kaca : 31

pangrasa têngêsira |
lêpasing karya sayêkti |
pramana pan lêpasing pandulunira ||

31. Dyatmika ing têngêsira |
sênênning cahya mranani |
wibawa têngêse apan |
mêngku sakèh raos jati |
pinêtak lima malih |
sarira-bathara iku |
uwus abadan budya |
sawujud bathara nênggih |
satuhune uwus nunggal warna rupa ||
32. Nugraha-bathara ika |
uwus ênêng sarta êning |
netra-bathara iku pan |
uwus linêpas ing budi |
sajiwa-bathara di |
wus langgêng kaananipun |
kawula Gusti nunggal |
lah anakmas wus barêsih |
Sastra Jendra unggahé mring Sastra Cêtha ||
33. Mas Cêbolang matur nêmbah |
nuwun kalangkung kapundhi |
suraosing Sastra Jendra |
Sastra Cêtha amungkasi |
tumuplêg ing maknawi |
saking ing pangraos-ulun |
kinarya lalantaran |
ing agêsang wus nyêkapi |
kantun nyadhang ing kanugrahan kewala ||
34. Ulun mirêng cacriyosan |
sang Aprabu Majapahit |
Brawijaya kang wêkasan |
wontên santri angaturi |
salin sarengat Nabi |
ananging sang nata puguh |
santri pundi punika |
kang munjuk sri narpati |
miwah kadospundi pangandikèng nata ||

8 IV. Mas Cêbolang nyuwun priksa bab Prabu Brawijaya ing Majapait ingkang kasuwun dening para putra pulunanipun supados gantos agami Budha dados Islam, nanging botên kêrsa. Inggang makatên wau punapa kenging kawastanan nêtêpi wêwaton Sastra Jendra? Wangsulaniipun Tumênggung Sujanapura: "Walahu 'alam, jêr sang prabu tinakdir Kalipahing Suksma". ... kaca 31-33.

Jilid 3 - Kaca : 32

35. Kang matur (n)jêng sri narendra |
namane dyan santri Ngali |
arine nama dyan Rahmad |

- putrane Molana Brahim |
kang ibu saking nagri |
Cêmpa putrine sang prabu |
Kiyana narendra Cêmpa |
anggawa kadang sawiji |
naking sanak nama dyan Ngalim Hurerah ||
36. Tri santri wayah sri Kiyana |
sanya marang Majapait |
tuwi uwa putri Cêmpa |
Ratumas Andarawati |
garwane sri bupati |
cêkake basa wus cundhuk |
kalangkung suka rêna |
sang prabu lan pramèswari |
sinunggata lalangên srimpi badhaya ||
37. Ananging santri titiga |
tan dadya rênaning galih |
ing lalangên kawiwahan |
sang aprabu wus udani |
sêmuning sambang-liring |
wasana ngandika arum |
èh sutèngsun titiga |
paran ingkang dadya kapti |
payo anggèr sira tutura prasaja ||
38. Aturing putra titiga |
dhuh (n)jêng uwa sri bupati |
bilih kêparênging karsa |
mangkya (n)jêng uwa sarimbit |
anunggil kang agami |
kalawan amba pukulun |
mumuri Islam mulya |
nabêt tabèk para nabi |
sukci anrus karênan karana Allah ||
39. Ironing Kitab pira-pira |
pan sampun mundhut ing Tapsir |
agung ing dalajatira |
kamulyaning para nabi |
labêt saking ngluluri |
agêming agama luhung |
marma paduka uwa |
karsaa animbang budi |
botên langkung sampun kirang pangaksama ||
40. Wau ta duk amiyarsa |
narendra ing Majapait |
aturing pulunanira |
mitêg kapêtêg ing galih |
mêpêt pêt manaputi |
ewuhaya rêhing kayun |
lamun ajêng anuta |
lingsêm jênênging narpati |

kurang mantêp kang wus têtêp tinêtêpan ||

41. Dadya katangkis wacana |
maring pra pulunan katri |
kulup bènêr aturira |
nanging rasane tyasmami |
mêngko ingsun tan apti |
ngingkêdi agamaningsun |
ingkang wus kalampahan |
linuru linuri-luri |
pra lêluhur linuhur kaananira ||
42. Dene kaya agamanta |
ingsun pan ora mancèni |
papancène sowang-sowang |
sawang sawunganing luwih |
êmbuh ingkang patitis |
têtêse dènnya mring putus |
buntasing kanyataan |
tata panitining pati |
jêr mangkono kang kinênan kuna-kuna ||
43. Tandha wahananing ana |
padha kocap jroning tulis |
sida sidining Kabudan |
dènnira (n)doning kadadin |
upama sun anampik |
agamane pra luluhur |
ing mula mulanira |
kang wus padha dènranggoni |
dadi mokal babakal kaliru akal ||
44. Jujul wuwul katariwal |
anungsang buwana balik |
anambuhi ingkang ana |
ingkang tan ana dèncih |
eman wus dèn-têmêni |
laku kang kalakon iki |
alanga tan kawilang |
susulang kang wus dèn-liling |
alimana hya dadya cugêting nala ||
45. Para pulunan titiga |
lêgêg sakala miyarsi |
panggah pungguh ingkang uwa |
narendra ing Majapait |
dadya ciptaning galih |
pan wus karsaning Hyang Agung |
beda kabudayanta |
bêgja bêgjane kang lali |
luwih bêgja kang eling lawan waspada ||
46. Kèndêl ature mring uwa |
angandhar-andhara ajrih |

Jilid 3 - Kaca : 33

kapi dahwèn andédawa |
kadaut datanpa kardi |
rubeda ngriribêti |
sumendhe rèhing Hyang Agung |
nanging wau kang uwa |
pramèswari Dwarawati |
sinung Islam anut agaming putra ||

47. Pan wus manjing Islam mulya |
kawênganan iman suci |
kang raka Sri Brawijaya |
jumurung ingkang sudyapti |
malik melik agami |
yata wong agung katêlu |
sae di ingkang uwa |
Pramèswari Dwarawati |
dènnya kêsdu anuting agama Islam ||
48. Cêbolang suka miyarsa |
matur kados sri bupati |
wus angagêm Sastra Jendra |
wangsulanipun patitis |
mantêp têtêp nêtêpi |
agama luluhuripun |
dyan mênggung angandika |
walahu alam ta kaki |
jêr sri nata tinakdir kalipah Suksma ||
49. Cêbolang malih aturnya |
rahadyan Ngali punapi |
kang nama Ngali Murtala |
jumênêng iman Garêsik |
radèn Rahmat punapi |
Susunan Ngampèl puniku |
dyan Ngalim Abu Hurerah |
Sunan Majagung kêkasih |
iya iya kulup wus bènêr sadaya ||

9 V. Tmg. Sujanapura nêrangakên bab petangan warni-warni: 1. Nyumêrêpi dhawahing tanggal sapisan wulan ngajêng; 2. Ngupadosi angkaning taun, windu, kurup, dalah watakipun; 3. Ngupados nama dhêdhasar aksara Jawi; 4. Petang jêjodhoan dhasar dintên sarta pêkênan lairipun têtântèn jalêr èstri sarta dhêdhasar namaning têtântèn kêkalih miturut aksara Jawi. ... kaca 34-40.

Jilid 3 - Kaca : 34

50. Ing wanci surya gumlewang |
dyan mênggung ngandikèng dasih |
èh ta bocah panakawan |
dhaharku yèn wus miranti |
gawanên mreng uwis |
dak kêmbul lan anak bagus |
sêkul ulam lumadya |
tinata anèng ing dhimpil |

dyan tumênggung nadhah lawan Mas Cêbolang ||

51. Nutug kalih dènya nadhah |
linorotkên mring Nurwitri |
Cêbolang nêmbah pamitan |
dyan tumênggung anglilani |
ngandika arum manis |
mêngko sore bae kulup |
muluha mring pondhokan |
upamane wong ambukti |
durung tuwuk salin têngbang Pangkur barang ||

182. Pangkur

1. Cêbolang kalangkung suka |
duk winêngan dènya marsudèng budi |
kaindhakaning kang kawruh |
umatur kadi paran |
bilih badhè sumêrêp ing dhawahipun |
dintên tanapi pêkênan |
tanggalipun wulan ngarsi ||
2. Utawi angkaning warsa |
nanging taunipun datan tinulis |
punapadene kang windu |
paran ing pangupaya |
dyan tumênggung alon pangandikanipun |
lamun arsa milang tanggal |
mangkene pangupayèki ||
3. Nêptuning taun ingetang |
Alip siji Ehe lilima nênggih |
Jimawal nêptu katêlu |
Je pitu Êdal papat |
Ehe loro Wawu nênm nêptunipun |
Jimakir nêptu titiga |
kinumpulan nêptu sasi ||
4. Sura pitu nêptunira |
Sapar loro Mulut katiga yêkti |
Rabingulakir limèku |
Jumadilawal nêmnya |
Madilakir siji Rêjêp kalih nêptu |
Ruwah papat Pasa lima |
Sawal pitu nêptunèki ||
5. Dulkangidahe satunggal |
de Bêsare titiga nêptunèki |
nêptuning wulan myang taun |
ginunggung dyan ingetang |
manut Kurup kang dadi kawiting etung |
pama Kurup Ngarbangiyah |
Rêbo kawit etang siji ||
6. Iki Êje taunnira |
arêp ngetang tanggale Bêsar ngarsi |

Êje nêptune pipitu |
Bêsare nêptu tiga |
nêptu taun lan sasi gunggung sapuluh |
tanggale mêsthi Jumuah |
dene yèn arsa ngulati ||

Jilid 3 - Kaca : 35

7. Pasaranne ingkang tanggal |
kawruhana nêptune tahun sasi |
Alip lima He nawèku |
Jimawale sakawan |
Êje têlu Êdal loro Be pipitu |
Wawu siji nêptunira |
Jimakir lima winilis ||
8. Sura Sapar samya lima |
Mulut Rabingulakir nyanga sami |
Jumadilawal tatêlu |
Jumadilakir tiga |
Rêjêb Ruwah samya kalih nêptunipun |
Pasa Sawal anyatunggal |
Sêla Bêsar gangsal sami ||
9. Iki Je nêptu têtiga |
sasi Bêsar lilima nêptunèki |
tri lan lima dadi wolu |
yèn Kurup Arbangiyah |
awit etung siji Kaliwon puniku |
pasthi tanggal Bêsar ngarsa |
ing dina Jumuah Paing ||
10. Kalamun Kurup Kamsiyah |
pasaranne ingetung awit Lêgi |
mangkono saurutipun |
dene angkaning warsa |
lamun ayun angawruhi taunipun |
iku dhingin ngawruhana |
wiwitane ingkang warsi ||
11. Duk Ajisaka ngajawa |
etung siji Wawu taunnirèki |
lorone Jimakir iku |
Alipe taun tiga |
Ehe papat Jimawal kalimanipun |
Je nênem Dalle kasapta |
Be wolu dyan Wawu maning ||
12. Wowolu cacahing warsa |
pira kèhe angkaning punang warsi |
dyan binuwang wolu-wolu |
kalamun nganti têlas |
pan tartamtu iku Êbe taunipun |
kalamun kariya tunggal |
apan Wawu taunnèki ||

13. Kari dwi Jimakir warsa |
 kari têlu Alip taunnèki |
 kari papat Ehe taun |
 kari lima jimawal |
 kari nènêm Êje punika kang taun |
 kari pitu Dal kang warsa |
 saiki angkaning warsi ||
14. Sèwu limang-atus lawan |
 sawidak-nêm kasuda wolu kaping |
 satus nawa-luh limèku |
 pasthi nènêm karinya |
 angka nènêm apan Êje taunnipun |
 apa iya nora salah |
 nuwun sampun botên sisip ||
15. Mênggah windu kadiparan |
 lah mangkene patrape ngupayèki |
 sapira angkaning taun |
 kang ayun kinawruhan |
 ingkang dhingin kasuda loro puniku |
 Wawu Jimakir windunya |
 Sangara ingkang (n)darbèni ||
16. Anulya malih ingetang |
 sakirane angkane ingkang warsi |
 wusing kalong loro mau |
 banjure kaparaa |
 tênggungpuluh-loro yèn cèplês puniku |
 tartamtu windu Sangara |
 dene ta kalamun kari ||
17. Ji ro lu pat têkèng astha |
 windunira Sancaya pan wus pasthi |
 yèn kari sanga sapuluh |
 tumêkane nêmbêlas |
 windu Adi puniku pan wus tartamtu |
 kari pitulas tumêka |
 patlikur windunirèki ||
18. Tartamtu Windu Kunthara |
 lamun kari salawe têkanèki |
 tênggungpuluh-siji iku |
 bali Windu Sangara |
 lah cocogna taun sèwu-limangatus |
 sawidak-nêm kasuda |
 pan roro bae rumiyin ||
19. Sakarine kaparaa |
 tênggungpuluh-loro pira kang kari |
 Cêbolang sawusnya ngetung |
 umatur kantunnira |
 wolulur dhawah punapa kang windu |
 kulup Windune Sangara |

Jilid 3 - Kaca : 36

iya ing taun puniki ||

20. Babo kulup cocogêna |
apa bènêr mungguh pangetungmami |
Mas Cêbolang nêmbah matur |
lêrês dhawah Sangara |
dhuh pukulun mugè paringa pituduh |
kridhaning aksara Jawa |
dyan mênggung ngandika aris ||
21. Ana kaol kawruhana |
nêptuning kang aksara kang winilis |
ha ya nêptune sapuluh |
na ba loro nêptunya |
da ma ta pan papat iku nêptunipun |
pa ra ka wolu nêptunya |
ca ja têlu nêptunèki ||
22. De ga wa la tha nya dha nga |
apan sami nênm nêptunirèki |
sa rolas nêptunirèku |
yèn arsa asung nama |
marang lare miwah marang wong ngasêpuh |
apa ta aksaranira |
kang kalêbu jroning nami ||
23. nêptu kang urip ingetang |
kinumpulkên sapira akèhnèki |
pambuwange pitu-pitu |
pama kari sajuga |
Sagara-lit punika langkung linuhung |
watêke sagara apan |
amot ing sakalir-kalir ||
24. Yèn kari loro ingaran |
Kidang ancik-ancik arungga yêkti |
watak angkuh lawan lêngus |
panastèn tur melikan |
lamun kari têlu iku luwih bagus |
aran Satriya-wibawa |
pênêt sandhang pangan luwih ||
25. Lawan ana singgihira |
rada darbe panggayuh kang utami |
yèn kari papat puniku |
aran Bumi-kapêtak |
wawatake kangèlan sakaliripun |
lamun karine lilima |
Satriya-wirang namèki ||
26. Punika ala priyangga |
lamun kari nênm namanirèki |
Sumur sapucaking-gunung |
tiba sêdhêng watêknya |

lamun têlas Purnama-sidhi rannipun |
pan pênêt padha trang nala |
upama namaning janmi ||

27. Harjana nêptu limalas |
gya binuwang pitu-pitu ping kalih |
kari siji etungipun |
Sagara-lit tibanya |
lamun jênêng Suwarjan etung salikur |
pinèt pitu kaping tiga |
cèplês lan Purnama sidhi ||
28. Apa wus mangêrti sira |
Mas Cêbolang umatur mangênjali |
kula nuwun inggih sampun |
radyan malih ngandika |
ana maning kridhaning sastra rongpuluh |
kanggo ngetang jatukrama |
nanging nêptune ginanti ||
29. Ha siji Na loro ika |
ca têtêlu ra papat ka limèki |
da nênm ta pan pipitu |
sa wolu wa sasanga |
la sapuluh pa sawêlas nêptunipun |
dha rolas ja-ne têtulas |
ya patbêlas nêptunèki ||
30. Nya limalas ma nêmbêlas |
ga pitulas ba wolulas nêptunèki |
tha sangalas nga rongpuluh |
wus jangkêp dyan ingetang |
dhewe-dhewe nama lit wadon rumuhun |
gungunge katêmu pira |
sanga-sanga (ng)gonne nglongi ||
31. Banjur aranne kang lanang |
pan katêmu pira kumpulirèki |
uga jinupuka gupuh |
lah iya sanga-sanga |
sakarine aranne wadon lan jalu |
iku kulup kang dènetang |
patrap Wirangrong gumanti ||

183. Wirangrong

1. Lamun kari padha siji |
awèt (ng)gonnira jojudhon |
yèn kari siji lan ro kang jalu |
sih siniyan bêcik |
tan pègat salaminya |
tulus dènnya palakrama ||
2. Yèn kari siji lan katri |
nora awèt kang jêjudhon |
kêrêp tutukaran pègat laju |

yèn kari sawiji |
kalawan kari papat |
tan awèt gêlis pégatan ||

3. Kari siji lan limèki |
awèt (ng)gènnira jêjodhon |
kari siji lawan nènêm iku |
ora awèt mèsthi |
tan lami nuli pégatan |
harda adrêng tan widada ||
4. Kari juga lan saptèki |
gêlis pégat banjur satron |
yèn kari sawiji karo wolu |
santosa utami |
yèn duwe anak brêgas |
ambêg marta budi-darma ||
5. Yèn kari siji kang èstri |
jalu kari sanga pantog |
iku kang panuju jarakipun |
(ng)gawa bêgja jati |
sartane kang dêrajat |
mangkya gantya karinipun ||
6. Kalih èstri jalu kalih |
kasênêngan asih yêktos |
sarta olèh rahmating Allahu |
lamun kari kalih |
lan tiga tan prayoga |
salah siji glis palastra ||
7. Kari ro lan papat bêcik |
salawase nora pèdhot |
kari ro lan lima nora arus |
dadi pégat pasthi |
kari ro lan kari sat |
atute puniku lawas ||
8. Kari ro lan pitu pasthi |
awèt (ng)gonnira jêjodhon |
yèn kari ro lawan kari wolu |
santosa ing krami |
kari ro lawan sanga |
awèt tur olèh dêrajat ||
9. Mangkya kari tiga lan tri |
kêrêp anêmu pakewoh |
lawan kêrêp lungan watêkipun |
lamun kari katri |
lan papat tan prayoga |
ora condhong dadi ala ||

Jilid 3 - Kaca : 38

10. Kari tĕlu lan limĕki |
ora awĕt dadi pĕdhot |
yĕn kari tri lan pat iku atut |
katrimĕng Hyang Widdhi |
purwa wasananira |
ora ana kara-kara ||
11. Kari tri lan pitu nĕnggih |
akĕh bilai pinanggoh |
jalu kalah lawan wadonipun |
kari tri lan asthi |
tan bĕcik dadi pĕgat |
lamun bisa singkirana ||
12. Kari tri lan sanga bĕcik |
olĕh rahmating Hyang Manon |
tutug salaminya atut runtut |
tĕntrĕm tan kuwatir |
ĕntĕk kang kari tiga |
tumĕkane kari sanga ||
13. Padha kari papat bĕcik |
lanang kawisesĕng wadon |
tansah sih siniyan sru kayungyun |
kari papat ĕstri |
kang lanang kari lima |
ora bĕcik dadi pĕgat ||
14. Kari papat lan nĕm ugi |
ora bĕcik dadi pĕdhot |
yĕn kari sakawan lawan pitu |
sih siniyan nanging |
ana satrone juga |
sarate kudu prayitna ||
15. Kari papat lan asthĕki |
sih-siniyan tanpa pĕdhot |
lamun kari papat lan sangĕku |
yĕkti nora bĕcik |
akĕh angkaranira |
mangkya ta ingkang ginantya ||
16. Padha kari limanĕki |
akĕh bilai pinanggoh |
kari lima lawan nĕnĕm iku |
uga nora bĕcik |
amĕsthi dadi pĕgat |
prayogane singkirana ||
17. Yĕn kari lima lan kari |
pitu dadi ajĕjodhon |
ingkang wadon manut maring kakung |
kari lima nĕnggih |
lan wolu tan prayogi |

Jilid 3 - Kaca : 39

dadi pégatan sanyata ||

18. Yèn kari lima lan kari |
sanga iku ati tabon |
tansah sih siniyan lawan antuk |
nikmat lair batin |
iku kang dènupaya |
têlas kang wit kari lima ||
19. Padha kari nêmb winarni |
bêcik slawase tumuwuh |
kari nêmb lawan kari pitu |
punika lêstari |
sanak sadulur padha |
asih mring kang palakrama ||
20. Kari nêmb lan wolu bêcik |
bungah sênêng kang pinanggoh |
kari nêmb lan sanga bêcik namung |
kang wadon pinasthi |
kêrêp di (ng)go rêrasan |
tamat kari nêmb ginantya ||
21. Wadon kari pitu sami |
jalu kari pitu awon |
ora awèt lawan gung kawêngku |
pinurih manuting |
marang ing awakira |
karsaning wadon masesa ||
22. Kari pitu lan asthèki |
awèt (ng)gonnira jêjodhon |
nging lanang kaprentah kinèn nurut |
maring ingkang èstri |
kari sapta lan sanga |
lawas-lawas dadi pégat ||
23. Gantya kari wolu èstri |
jalu kari wolu jumboh |
puniku prayoga dènnya dhaup |
ing salaminèki |
tan ana sangsayanya |
yèn bisa dènulatana ||
24. Yèn kari wolu kang èstri |
jalu kari sanga manggon |
bêcik awèt dènnya dhaup runtut |
nanging mênèknèki |
akèh bilainira |
ingkang iku kang prayitna ||
25. Pungkasane etung bincil |
kari sanga lanang wadon |
èstri kèdhêp marang kakungipun |

- ananging sring-asring |
tukaran lawas-lawas |
wus tartamtu dadi pêgat ||
26. Tamat jarak laki-rabi |
upamane ingkang wadon |
aranne Kaminêm pan katêmu |
sangalas winilis |
binuwang sanga-sanga |
dadine kari sajuga ||
27. Kang lanang aran Surahmin |
pan wolulikul pinanggoh |
anulya dènêlong sanga ping tlu |
uga kari siji |
padha siji karinya |
tiba awèt palakrama ||
28. Kaki apa wus mangêrti |
sapiturute mangkono |
Mas Cêbolang matur nuwun sampun |
saèstu kapundhi |
sadaya pangandika |
kang wus dhumawuh mring amba ||
29. Tarlèn sungkême kang dasih |
ing lair tumêkèng batos |
ing donya dêlahan tan kalimput |
rumasuk tyas siri |
dyan mênggung angandika |
he kulup alkamdulillah ||
30. Basane ingsun mijèni |
muji tuwuh tumêkèng woh |
nir sakèhing ama dadi subur |
woh dadi tan malih |
malah kapara mundhak |
rupa èdi amirasa ||
31. Ywa kaduk abela tampi |
kulup sun pojar sayêktos |
lamun sira jênak nèng Matarum |
rèhning mudha pêkik |
kèh kang dadi rubeda |
sambekalane tyas mudha ||
32. Mas Cêbolang duk miyarsi |
katuju tyasnya sumêdhot |
nêmbah ngraup suku saha matur |
dhuh sang pramèngkawi |
saèstu kasinggihan |
pangandika kang winahya ||
33. Datan langkung ingkang dasih |
nyuwun pangèstu kemawon |

piningan èngêt tyas rahayu |
undur-ulun saking |
ing ngarsa (n)jêng paduka |
lajêng (n)dumugèkkên lampah ||

34. Sun paring pangèstu kaki |
ywa pègat prayitnèng batos |
èh Nurwitri sira wêkasingsun |
sapanan hya kari |
lawan bêndaranèki |
Nurwitri nêmbah sandika ||
35. Mas Cêbolang lan Nurwitri |
wus mundur lampahira lon |
nèng marga datansah imbalwuwus |
lah kakang Nurwitri |
risang paramabasa |
kalamun ta ginunggungga ||

10 VI. Mas Cêbolang kaprayogèkakên nilar praja Mantaram jalaran kathah rubedanipun, mila ugi lajêng pamit. Taksih wontên ing griyanipun Amat Têngara, Mas Cêbolang kapanggih Ki Ajar Sutiksna ing Kêpurun, kaparingan katrangan bab petang: Pati-dina, Rakam, tuwin bab Main Kartu. ... kaca 41-50.

Jilid 3 - Kaca : 41

36. Baya sawêngi tan uwis |
Nurwitri mèsêm turnya lon |
inggih kasinggihan basanipun |
angalêm manising |
madu gèndhis myang kilang |
mênggah dhawuh kang pungkasan ||
37. Kadipundi ing panggalih |
kang iku kang dakraos |
paran rêmbugira ingsun turut |
janji nora mulih |
marang ing Sokayasa |
Nurwitri mucung turira ||

184. Pocung

1. Punapinggih ing panggalih dèrèng tutug |
prayogi prasaja |
kula botên nêdya kari |
ngèstokakên dhawuhipun sang kawindra ||
2. Kêncênging tyas kakang aku arêp (m)banjur |
marang tanah wetan |
manut tumindaking sikil |
mêngko yèn wus têka ing pondhok pamitan ||
3. Marang simbok marang adhi yèn wus dhaup |
banjur bae mangkat |
prayogane laku santri |

- langkung atut jangji nuntên kalaksanaan ||
4. Nêngna wau kang eca imbalan wuwus |
naban Mat Têngara |
yun mêtuk tamunirèki |
lagya dandan kasar ana dhatêngan ||
 5. Abdidalêm ajar asramèng Kapurun |
anama Sutiksna |
(n)darojog lumêbèng panti |
Ki Têngara gurawalan dènnya mapag ||
 6. Lon umatur bêgja kêmayangan èstu |
paduka tumêdhak |
Ki Ajar wacana aris |
iya jêbèng (ng)gonningsun sowan mring praja ||
 7. Tampi dhawuh sesuk ing sadurungipun |
purnamaning surya |
karsane sri narapati |
ingsun kinèn umarêg manjing jro pura ||
 8. Karsaning Hyang kinèn mampir ing wismamu |
ywa kurang aksama |
pêksa ulun angrêgêdi |
ing wismanta muhung saratri kewala ||
 9. Banjurêna (ng)gonnira amapag tamu |
kotamaning gêsang |
urmat maring ing têtami |
(ng)gonku mampir basane kapasang yogya ||
 10. Mat Têngara (ng)guguk lajêng mapag tamu |
praptèng (n)jawi dhadhah |
Mas Cêbolang wus kaèksi |
kapang-kapang tundhuk lawan Mas Cêbolang ||
 11. Adhuh kakang de kantos sadintên muput |
baya kacondhongan |
Mas Cêbolang lingira ris |
kula pamit ngantos rambah kaping tiga ||
 12. Dhawhipun kinèn angêntosi surup |
kilap ta rahadyan |
têka kaparêng panggalih |
tanpa wangsul punapa saatur kula ||
 13. Kakang sokur kaparêng radyan tumênggung |
kula katamuan |
Ki Ajar Sutiksna sidik |
wus tinutur sadaya mring Mas Cêbolang ||
 14. Kula laju Ki Ajar ngantos nèng pintu |
tandya wus lumampah |

Jilid 3 - Kaca : 42

- Ki Ajar mapag nèng kori |
tundhuk nulya pinarak anèng pandhapa ||
15. Mat Têngara lan santri catur abikut |
nata pasunggata |
samêkta lumadyèng ngarsi |
Mas Cêbolang ngancarani Kyai Ajar ||
16. Lah sumangga rinahaban sêgahulun |
Kyai Ajar tanggap |
wusing nadhah dyan cinarik |
kinantunkên wedang kalawan nyamikan ||
17. Sarwi êmpuk-êmpuk raos manis arum |
Kyai Ajar tanya |
kenthol ulun nilakrami |
sinambating wawangi miwah pinangka ||
18. Mas Cêbolang matur purwa wusanèku |
Kyai Ajar latah |
kalingane wong ngasigit |
atmajane risang wus slira-bathara ||
19. Yèn kandhêga anèng ing praja Matarum |
babo kambing wana |
narendra Cintakapuri |
pangudange sudarma nir pangrèhpraja ||
20. Damar mancung samantên kewala cukup |
nahan Mas Cêbolang |
nglocitèng tyas duk miyarsi |
cocog tèmên lan dhawuhe sang kawindra ||
21. Têka jumbuh baya iki wus sakuwu |
alon aturira |
yèn sang wiku nayogyani |
benjing-enjing ingsun nilar Ngèksiganda ||
22. Manthuk-manthuk Sutiksna wacana arum |
tabiyating praja |
sabarang nganggo winilis |
mrih pakantuk ing lampah mrih tan sangsaya ||
23. Etung pati-dina puniku pakantuk |
kalamun lélungan |
ngupaya kasil sakalir |
patine kang dina yèku ywa katrajang ||
24. Watonnipun nêptuning dina ingetung |
kalawan pasaran |
kinumpulkên dadi siji |
awit wetan winilis etung sajuga ||

25. Loro ngidul katêlu mangulon laju |
mangalor kaping pat |
balik awit wetan malih |
ngêndi dhoke iku kang ran pati-dina ||
26. Akad lima Isnène papat kang nêptu |
Salasa titiga |
Rêbo pitu wolu Kêmis |
Jumwah nênm Saptune nêptu sasanga ||
27. Pasaranne Kaliwon nêptune wolu |
Lêgi nêptu lima |
Paing sanga nêptunèki |
Pon pipitu Wagene nêptu sakawan ||
28. Pati-dina nuju nèng wetan cinatur |
yèn kapanggih nawa |
myang têtulus lawan malih |
pan kapanggih pitulas ingetangira ||
29. Akad Wage Sênèn Lêgi nawa jumbuh |
Akad Kaliwon lan |
Sênèn Paing Kêmis Lêgi |
Jumngah Pon Saptu Wage ênêmbêlas ||
30. Kêmis Paing kapanggih pitulas iku |
Sêtu Kliwon uga |
pitulas etangannèki |
pati-dina nèng wetan apan sasanga ||
31. Pati dina ana kidul kang tinutur |
kalamun kapanggya |
sadasa kalawan malih |
yèn petange ingkang panggih kawanwêlas ||
32. Akat Lêgi kalawan Slasa Ponnipun |
Junungah Wage pan |
nêptunipun apan sami |
anyadasa punika ing petangira ||
33. Akat Paing lawan Rêbo Êponnipun |
Jumngah Kliwonnya |
Sêtu Lêgi iku sami |
ngawanwêlas pati-dina kidul sapta ||
34. Pati-dina nuju nèng kulon ginalur |
yèn kapanggih sapta |
sawêlas kalawan malih |
pan pinanggih limalas ing petangira ||
35. Slasa Wage kapanggih sapta ingetung |
Sênèn Pon kalawan |
Slasa Kliwon Rêbo Wage |
Jumwah Lêgi sami kêpanggih nyawêlas ||

36. Rêbo Kliwon Kêmis Êpon malhipun |
Jumungah Paingnya |
nglimalas petangirèki |
pati-dina nèng kulon etange astha ||
37. Pati-dina ana êlor kang winuwus |
yèn katêmu astha |
kalawan rolas lan malih |
yèn pinanggih nêmbêlas ing petangira ||
38. Sênèn Wage Slasa Lêgi padha wolu |
Akad Pon kalawan |
Sênèn Kliwon Slasa Paing |
Rêbo Lêgi Kêmis Wage padha ngrolas ||
39. Rêbo Paing lan Kêmis Kaliwonnipun |
miwah Saptu Ponnya |
samy nêmbêlas winilis |
pati-dina nèng lor sapuluh kathahnya ||
40. Pati-dina nèng têngah sawiji amung |
katêmu wolulas |
nuju dina Saptu Paing |
tamat ingkang etangan patining dina ||
41. Lamun maksih umbèr singkirana kulup |
etang kang tan arja |
mung yèn kaslêpêg ywa gigrig |
tyas kang kandêl kumandêl Suksma Kawêkas ||
42. Mas Cêbolang matur kapundhi kaêmbun |
dadosa jijimat |
timbangane sang ayogi |
bilih wontên malih kang kêdah winekan ||
43. Kêparênga mêdharkên sawontênipun |
kinarya darsana |
kalawan ing têmebe wingking |
bilih wontên anak putu kang tatanya ||
44. Ana maning petungane kanca gunung |
ingaranan Rakam |
kaanggo salaki-rabi |
myang ngadêgkên omah sapapadhanira ||
45. Sawusipun pakantuk dinane Wuku |
tinumpangan Rakam |
tumbuk kang wis ran prayogi |
lan manggonning wulan tumrap ing pakaryan ||
46. Panjukuke uga saka nêptunipun |
ingaran pasaran |
kinumpulkên dadi siji |

Jilid 3 - Kaca : 44

185. Jurudêmung

1. Nêptuning ari pasaran |
beda lan kang kasbut ngayun |
Jumuwah siji ingetung |
Saptu loro Akad tiga |
Sênènne sakawan nêptu |
Slasa lima Rêbone sad |
Kêmise nêptu pipitu ||

2. Dene nêptune pasaran |
Kaliwon siji puniku |
Lêgi loro Paing têlu |
Êpon nêptune sakawan |
Wage lima ingkang nêptu |
wusing kumpul kajupukan |
aranne mangkya winuwus ||

3. Kalamun kari anjuga |
ingaranan nuju padu |
awon dene watakipun |
sabarang kudu sulaya |
apadudon tansah ngêdur |
yèn kanggo (n)dhaupkên apan |
pangantèn sulayèng kayun ||

4. Kari kalih ingaranan |
Dêmang-kandhuruwan iku |
mungguh watêke lripun |
kakurangan sandhang pangan |
kêrêp nandhang lara tuhu |
lamun kanggo palakrama |
pangantèn nandhang kadyèku ||

5. Kari têlu ingaranan |
Sanggar-waringin pakantuk |
bêcik asrêp watakipun |
anêmu suka raharja |
rêjêkinira sêmpulur |
kaanggowa palakrama |
uga mangkono pinangguh ||

6. Kari papat ingaranan |
Mantri-sinaroja bagus |
kadugèn sakarsanipun |
winantu suka raharja |
sênêng tan kuciwèng sêmu |
kanggo (n)dhaupkên pangantyan |
puniku luwih pakantuk ||

7. Kari lima apan aran |
Macan-kêtawang lripun |
tinêbihan kinèringan mung |

Jilid 3 - Kaca : 45

sring ana kang sêdya ala |
lan asring kelangan iku |
kaanggowa palakrama |
uga mangkono tinêmu ||

8. Pungkasan kari nêman |
Nuju-pati watakipun |
mati pêt rêjêkinipun |
sandhang panganne rêkasa |
lamun ana mantèn dhaup |
nora lawas dadi pêngat |
tur nandhang susah mawantu ||
9. Dina kang petungannira |
Anuju-padu winuwus |
ana lima iku kulup |
Akad Pon Sênèn Paingnya |
Slasa Lêgi puniku |
Rêbo Kaliwon kalawan |
Saptu Wage mung puniku ||
10. Nuju Dêmang-kandhuwuran |
ri Akad Wage puniku |
Sênèn Êpon kalhipun |
Salasa Paing titiga |
Rêbo Lêgi kang kacatur |
Kêmis Kaliwon kalima |
Jumuwah Kliwon nêmmipun ||
11. Sanggar-waringin manggonnya |
ri Sênèn Wage puniku |
Slasa Êpon kalhipun |
Rêbo Paing katiganya |
Kêmis Lêgi kaping catur |
Jumuwah Lêgi kalima |
Saptu Kliwon kanêmmipun ||
12. Nuju Mantri-sinaroja |
Akad Kaliwon puniku |
Slasa Wage kalhipun |
Rêbo Êpon katiganya |
Kêmis Paing kaping catur |
Jumuwah Paing kalima |
Sêptu Lêgi nêmmipun ||
13. Anuju Macan-kêtawang |
ri Akad Lêgi puniku |
Sênèn Kliwon kalhipun |
Rêbo Wage katiganya |
Kêmis Êpon kaping catur |
Jumungah Êpon limanya |
Saptu Paing nêmmipun ||
14. Nuju-pati pungkasanya |
ri Akad Paing puniku |

Sênèn Lêgi kalhipun |
Slasa Kaliwon katiga |
Kêmis Wage caturipun |
Jumuwah Wage kalimanya |
Saptu Pon pungkasanipun ||

15. Tamat petunge kang Rakam |
sirik yèn maido kulup |
yèn ngandêlkên dadi luput |
anggon-anggon ana sira |
wus samene bae cukup |
nahan kang samya miyarsa |
sukèng tyas tan ana ngantuk ||

Jilid 3 - Kaca : 46

16. Ki Ajar malih ngandika |
nalika nom-nommaningsun |
kang dadya sêngsêming kalbu |
tan lyan namung ngabotohan |
kêplèk kècèk posing-dhadhu |
saya lama mundhak (n)dadra |
nganti wêgah sudarmèngsun ||
17. Barang darbèking wong tuwa |
êntèk dak (ng)go main dhadhu |
basa wis blindhis katèngsun |
isin marang ing sasama |
kalawan bangêt wêdiku |
marang yayah miwah rena |
kalakon lunga ngalangut ||
18. Ana sawiji juragan |
saka Ngatasangin iku |
wêlas trisna mring awakku |
tinari kinèn miluwa |
mulih marang prajanipun |
bangêt bungahing tyas-ingwang |
banjur ginawa mring prau ||
19. Sajrone nêng prau layar |
Ki Juragan sabên dalu |
kasukan lan rowangipun |
para juragan hartawan |
sarananing rupa kêrtu |
rèhingsun karêm kasukan |
sabên nonton muput-muput ||
20. Ana gêlane tyasingwang |
bayarane têka kantong |
sajrone nyêkêl mung etung |
Ki Juragan anggraita |
wasana alon lingipun |
luwih sênêng sira baya |
marang ing kasukan kêrtu ||

21. Aturku dahat karênan |
 tuwan gya angsung pitutur |
 sadurunge sira pêcus |
 ingkang dhingin ngawruhana |
 rèhning iki langênipun |
 pra luhur Ngatasmarta |
 tabiyat kudu tiniru ||
22. Ing nalikane kasukan |
 tan kêna murang-rèh iku |
 ing kaluhuran saèstu |
 wit wus kabudi dening kang |
 para marsudi budyanung |
 tinêmuning ing pambudya |
 nitik saka prantipun ||
23. Èdi panggonan pinarnah |
 tan ana kuciwèng sêmu |
 sarta kèh gumêlaripun |
 tan katon wujuding arta |
 ingkang minangka tohipun |
 muhung sêtyane wacana |
 ingkang inganggêp ginugu ||
24. Dadine iki kasukan |
 tetela têtên yèn dudu |
 bobotohan golèk untung |
 dudunung ran kalangênan |
 para satriya pra luhur |
 ingkang nganggo papantêsan |
 sanadyan lêlangên iku ||
25. Sasuwene kalangênan |
 ngati-ati tan kalimput |
 kaprabonira ngaluhur |
 jatmikane solahbawa |
 awit kang mangkono mau |
 makuthaning kaluhuran |
 lamun dianggo wis tamtu ||
26. Sumorot prabaning wirya |
 sarta mawa prabawa gung |
 kawuryan lajêring punjul |
 sasamanirèng tumitah |
 kulup aku basa krungu |
 dak rasa nadyan botohan |
 nanging nora tinggal ngèlmu ||
27. Tatakrama wiryèng praja |
 tuwan (m)banjurke pitutur |
 mulane sasuwènipun |
 kasukan lamun pinuju |
 ngêdum tan anyêkêl kêrtu |
 datan kêna tumingala |

Jilid 3 - Kaca : 47

mring kêrtu cêkêlanipun ||

28. Mêngsah sakiwa têngênnya |
myang babarpisan tan antuk |
muruki pamainnipun |
ênggonne tumingal ngantya |
ngawonakên jêjêging lungguh |
rongèh rècèh pamicara |
ingkang mangkono puniku ||
29. Winawas kurang jatmika |
nyudakkên ujwalanipun |
wingiting ngawirya suwung |
de muruki iku apan |
amung ala kang pinanggih |
sabab lamum kabênêran |
ênggonne muruki mau ||
30. Nora wurung iku dadya |
muring-muring mungsuhipun |
yèn tan kabênêran èstu |
jalma ingkang winurukan |
panutuhe wantu-wantu |
malah asring ingaranan |
angloropakên mring mungsuh ||
31. Yèn (ng)gonne muruki apan |
awit paron êtohipun |
têmbung barandonan rukun |
iku saya ora kêna |
saru luput nistha muput |
sabab dudu panggaotan |
kang muhung ngupaya untung ||
32. Iki lalangên kawiryan |
pêpantêsaning ngaluhur |
uwong kang mangkono mau |
èstu kêna ingaranan |
ngrêgêdi lêlangênipun |
wong agung ngawiryèng praja |
lan manèh kajaba iku ||
33. Mangka sajroning kasukan |
solahbawa kurang patut |
murang tatakramanipun |
myang ngêcakkên tyas dursila |
iku aprasasat uwus |
rucat kasatriyanira |
tan pantês kumpul ngaluhur ||
34. Gumêlaring solahbawa |
ingkang uwus kasêbut ngayun |
para amarsudi kawruh |
banjur anggubah wasita |
patraping lêlangên kartu |

kinarya kakalih warna |
nunggil-misah rasanipun ||

Jilid 3 - Kaca : 48

35. Kang sapisan winasitan |
nênêm ukara puniku |
tarampil ingkang rumuhun |
tarêtip tata tumulya |
tajêm tumeja nêmmipun |
sawijine kapralambang |
sastra pandhawa wandèku ||

36. Kalima sastra suwara |
aksara O[...] kang rumuhun |
aksara I[...] kalhipun |
aksara U[...] kaping tiga |
aksara A[...] kaping catur |
aksara E[...] kalimanya |
wasita jinarwan Gambuh ||

186. Gambuh

1. Tarampil têngêsipun |
aparigêl pangasuting kêrtu |
tumindake nora cêpêt ngati-ati |
ingkang katon alus turut |
datan gumluwèh garoboh ||
2. Tarêtip têngêsipun |
aparimpên myang rêmit satuhu |
kayata yèn angasut myang ngêdumnèki |
miwah panyêkêling kêrtu |
tulising jro gyan tan anon ||
3. Yèn cêkêlanirèku |
nganti katon kiwa têngênipun |
kêna yêkti panggrayang kirang prayogi |
dinakwa lamun sakuthu |
kalêbu ati dur awon ||
4. Yèn nganti katon mungsuh |
nir pikantuk tumrap badannipun |
ing panyêkêl haywa-pêgat ngati-ati |
lawan tan miturut wuruk |
nora arus têngah awon ||
5. Tata mangke winuwus |
apan bêcik lir dêksura anduk |
ngêlungake anjupuk miwah nampani |
mêsthi tangan têngên iku |
kang katon taklim tinonton ||
6. Tumuli têngêsipun |
rikat cêkat kayata yèn ngasut |
ngêdum (m)buwang atanapi anampèni |
ywa nganti dênatag mungsuh |

wit katon tanpa rimaos ||

7. Tajêm mangke cinatur |
jarwanira tajêm jêjêg bakuh |
solahbawa pratingkah myang ulat liring |
tatag têtêg nora eguh |
sajrone kasukan kono ||
8. Tumeja têngêsipun |
padhang ganthêng ing jro (n)jaba têrus |
lamun lagi kalah ywa katingal ngucir |
tuwin singkêl ingkang kalbu |
runtiking tyas kaparojol ||
9. Iku awon dinulu |
warnanira mêsthi bêsêm bêsêm |
dene lamun mênang ywa nganti kaèksi |
gambira girang gumuyu |
gawe pangrasa kang awon ||
10. Gantya ingkang winuwus |
pralambange Sastra-lima iku |
ingkang dingin aksara O karêpnèki |
muni Olah têngêsipun |
sajroning kasukan katon ||
11. Apan wus tinartamtu |
ing bêcike solah tingkahipun |
obah-osik trapsilane badannèki |
ywa ngandika katon tanpa tut |
gêdhene sinaru ing wong ||
12. I yèku karêpipun |
muni Ilat têngêse kang catur |
ing sajroning kasukan apan pinasthi |
bawa pangucape turut |
tan akarya rênguning wong ||
13. U yèku karêpipun |
muni Ulat karêpe puniku |
ing sajroning kasukan kawuryan wêning |
dumilah pasêmonipun |
ing netra mancur mancorong ||
14. A yèku karêpipun |
muni Ati apan têngêsipun |
ing sajroning kasukan iku pinasthi |
budi (m)bêg raharjèng kalbu |
sumingkir kang aran awon ||
15. E mangkya karêpipun |
Èngêt-etung dene têngêsipun |
jro kasukan èngêta sakalir kalir |
kabèh kang winahya wau |

Jilid 3 - Kaca : 49

sarta etung nora keron ||

16. Wasita sadayèku |
kang wus kasébut ing ngarêp wau |
ing pambudi bisane kalakon kaki |
guna satata satuhu |
gambuh janjine kalakon ||
17. Karêpe iku kulup |
ing sabisa-bisa kudu-kudu |
kulinakna solahbawa kang prayogi |
lamun wus kulina patuh |
manawa wus bisa matoh ||
18. Mupangati satuhu |
mring sarira sapiturutipun |
yèn kacakup tandha tabiyat miwiti |
kluhuran sakadaripun |
wiwinih kawiyak kaot ||
19. Sanadyan têdhakipun |
wiryèng praja lamun tan kadyèku |
agung rakêt pakarti dur dhusthêng budi |
yêkti nut tabiyatipun |
wong kompra bajingan kopyok ||
20. Upama ron kêtrilung |
nora jênak nèng sasananipun |
dilalahe kudu rontog aparithil |
singsal saking kawiryan nung |
ngalarah saênggon-ênggon ||
21. Tan tuwuh wijilipun |
ing utama rêmbêsing kang madu |
yèn tan ngene bêcik aja anglakoni |
kasukan sukaning kalbu |
tuwas cinirènan awon ||
22. Titi têtêsing tutur |
dyan winulang lakuning kang kêrtu |
wusing bangkit pra hartawan Ngatasangin |
angarsakkên raganingsun |
(ng)ganêpi kasukan kêrtos ||
23. Padha sih trêсна tuhu |
ana ingkang kabrojol calathu |
tamtu dudu sabarangan wong puniki |
katara ing tindak tanduk |
trah daniswara karaton ||
24. Piwulang saya lulut |
palaling Hyang bangêt (ng)gonku (ng)gilut |
wong saprau kabèh padha ngaji-aji |
wusananing ingsun sinung |

Jilid 3 - Kaca : 50

èngêt dening Sang Hyang Manon ||

25. Anèng Cirêbon labuh |
aku matur marang ing tuwanku |
nyuwun kari ana ing Cirêbon nagri |
nangkoda tan walangkalbu |
malah asung marang ingwang ||
26. Arta myang barang agung |
rèhning ulun dagang nora maju |
arta barang nora lawas banjur ênting |
graitaning tyas tan lyan mung |
mahas ngasêpi lunga (n)don ||
27. Cêkake nèng Kapurun |
sinaruwe Kangjêng Sultan Agung |
têkan mangke tulus sihirèng narpati |
wong apatrap luwih atut |
kanggo ing sak ênggon-ênggon ||
28. Iki wus lingsir dalu |
ulun arsa cumawis malêbu |
anak putu padha kariya basuki |
kang liningan samya ngujung |
Ajar Sutiksna wus miyos ||
29. Sigêg Sutiksna wiku |
Mas Cêbolang alon wuwusipun |
adhi Amat kula kalangkung kepengin |
sowan maring ing Kaparun |
bêkti mring sang ajar kaot ||
30. Kakang kula tumuntur |
inggih yayi kalangkung pakantuk |
benjing enjing kewala pinikir malih |
rehning sampun wanci dalu |
lothung wawi sami aso ||

11 VII. Mas Cêbolang dalah para santrinipun tuwin Amat Têngara lumampah mangetan dumugi ing dhusun Kêpurun, sipêng ing dalêmipun Ajar Sutiksna, kaparingan katrangan warni-warni: ... kaca 50-54.

Jilid 3 - Kaca : 51

31. Mas Cêbolang puniku |
acarita ing salaminipun |
nèng Mataram dadya ojating pawèstri |
sudagar pan bakul-bakul |
randha wulanjar ngaroyok ||
32. Tanapi prawan sêpuh |
kurang thithik karya bubrahipun |
wong jêjodhon kawit ala ingkang elik |
nèng pondhok salong dha matur |

- dhuh anggèr bandaraningong ||
33. Paran wasanèng dunung |
yèn awèta anèng ing Matarum |
rèhning mudha datan wurung korup maring |
langên-langêning raras rum |
samangke sangsaya (n)dados ||
34. Pra bakul ingkang munjung |
bilih ngantos kalajêng saèstu |
datan wande halating praja (n)dhatengi |
Mas Cêbolang duk angrungu |
tyasira kadya rinontog ||
35. Kakang bènêr tuturmu |
ora enak iki nèk kabanjur |
insya Allah sesuk aku banjur pamit |
sêngadi mung myang Kêpurun |
sabanjure angêloyong ||
36. Wus matêng rêmbagipun |
kunêng enjingira kang winuwus |
Mas Cêbolang kalawan sakawan santri |
Amat Têngara tan kantun |
sama marêg ingkang êmbok ||
37. Pamit sêdayanipun |
dènya ayun marang ing Kêpurun |
nyai randha Amat jumurung ing kapti |
aja lawas-lawas kulup |
besuk apa (ng)gonmu bodhol ||
38. Pun kakang rêmbagipun |
benjing enjing inggih wanci bangun |
karuhane thole (ng)goningsun mrantèni |
sarapan kalawan sangu |
rèhning mlaku rada adoh ||
39. Wanci ngajêngkên Subuh |
pajar gidib samêkta sadarum |
wusing nadhah manjing Subuh gya ngabêkti |
bakdaning sêmbahyang Subuh |
nulya sami mangkat alon ||
40. Ing marga tan minuwus |
sampun lêpas wau lampahipun |
wanci corah sukuning ardi Mêrapi |
prapta asramèng Kêpurun |
tandya (n)duduk marang dhepok ||

Jilid 3 - Kaca : 52

187. Mègatrüh

1. Ascaryambêg Mas Cêbolang duk andulu |
ing dhepoke sang maharsi |
kamantyan langêning punthuk |

- sampat kawuryan sarwa sri |
wimbuh wingite katongton ||
2. Taru-taru ngrêmbaka ijo ngrêmbuyung |
maratah wohe andadi |
puyuh-dênta mubêng kêmput |
panjang mèh kalantrah siti |
sinêling lan jambe rambon ||
3. Mayang mudhar ganda ngambar mamrik arum |
candhi gupita rinakit |
kinubêng sêkaran kêmput |
argulo mawarni-warnai |
sêkar mêkar pating prêlok ||
4. Sêlaning kang candhi gupita binatur |
balumbang toyanya wêning |
rimirim ganggêng pinatut |
ingingonan tambra abrit |
mawèh sêngsêming kang anon ||
5. Saking dhepok udyana sêkar sumawur |
sampêt sawarnining sari |
kanan dhepok têngal talun |
pagagane anêng kering |
mangku pêkên apan ayom ||
6. Lèpèn wêning saking puncaking kang gunung |
anjog wingking sinung têlih |
pinarênca parannipun |
têpung ngubêngi capuri |
nahan Ki Ajar kacriyos ||
7. Amarentah marang endhang sontrangipun |
kinèn sadhiya sasaji |
sunggatanira kang ayun |
pinarak marang ing wukir |
Cêbolang Ki Amat katon ||
8. Kyai Ajar mapag nêng jawining pintu |
jaya-jaya asasanti |
kerit pinarak ing salu |
sinambroma têmbung manis |
dhuh babo atmajaningong ||
9. Sakabèhe padha rahayu ing laku |
bêgja kêmayangan yêkti |
samêndhang nora ngrêmpêlu |
lamun sira wong asigit |
sotah marang dhepokingong ||
10. Sêpi samun tan ana lalangênipun |
tangèh nêmu sukèng ngati |
mung cuwa lapa pinangguh |
lèn janma kaburu asih |

katrêsnan trus lair batos ||

11. Kang mangkono yêkti nora klêbu catur |
sêpên marang suprih mamrih |
malulu sarjuning kalbu |
nora ana kêdhah-kêdhih |
kang sinung ling matur alon ||
12. Mundhi saking pangèstunipun pukulun |
wit pangkat praptaning wukir |
sadaya samya rahayu |
saglugut tan walangati |
têrus anrus ing wiraos ||
13. Kyai Ajar sukèng tyas amanthuk-manthuk |
bangêt panrimaku kaki |
tujune ulun wus mantuk |
basane kapasangyogi |
ana wisma olèh dhayoh ||
14. Sapa kuwe lah ladèkna sunggatamu |
endhang sontrang angladèni |
sabobote rara gunung |
têka parigêl tarampil |
maksih kênya ayu anom ||
15. Wus warata wedang kaleyang kêmadhuh |
gula arèn bêrsih kuning |
pala kasampar gumantung |
pala kapêndhêm mêmêki |
Ki Ajar wacana alon ||
16. Wis mung iki mangunahe kaki gunung |
wawi anak dirahabi |
sadaya (n)dhêku wus nginum |
èh rara larihna aglis |
apa saanane kono ||
17. Sadaya kang linarihkên nora wangsul |
katarik rêseping ngati |
nanging sêmu rada rikuh |
Ki Ajar mèsêm ningali |
wasana lingira alon ||
18. Wêktu iki saanane bocah jalu |
padha mulasara tégil |
adhêdhangir amêmatun |
siji thil tan ana panti |
amung kari bocah wadon ||
19. Anom-anom tur isih parawan kêncur |
anake umbul pratinggi |
kang padha pracayèng kalbu |
tinitipkên marang mami |

Jilid 3 - Kaca : 53

kinèn samya ngalap kawroh ||

20. Pratikêle têmebe yèn winêngku kakung |
rèh ulun nora sasiwi |
panganggêpku kadi sunu |
(ng)goningsun yoga pribadi |
sagaduke (ng)gayuh kawroh ||
21. Bokmanawa padha nitèni puniku |
lalajone ingkang uwis |
têkane winêngku kakung |
kabarêng lan wêktunèki |
têntrem lastari jêjodhon ||
22. Para rara kang ngladèni wus amundur |
Ki Ajar ngandika malih |
dak-kandhani sira kulup |
nalika nom-noman mami |
sadurunge dadi botoh ||
23. Bangêt (ng)gonku (m)balunthah talèdhèk thuyul |
anjajah nir nampik milih |
lawas-lawas têka atul |
bisa anitèn-nitèni |
wantu wataking wong wadon ||
24. Lan nitèni kaananing raganingsun |
tumrape marang pawèstri |
suka rêna cuwa (n)jêlu |
kang dadya darunanèki |
basa wus kacandhak botoh ||
25. Lir sumêbrung karasikaning pulang hyun |
sinambadan ing Hyang Widdhi |
minangka ukumanipun |
purusa dhaup lan ati |
ayêm jatmika tumamboh ||
26. Lawas-lawas saya kabutuh ing sêpuh |
wuwuh mahas ing ngasêpi |
ora ta kadi Sinuhun |
Sèh Maolana Mahribi |
kagungan-dalêm kinêthok ||
27. Mas Cêbolang kirig-kirig lan umatur |
rèhning ulun lan pun adhi |
têmebe ing saèstunipun |
bilih pinarêng ing Widdhi |
tinartantu ajêjodhon ||
28. Nanging tansah ing panggagas mangu-mangu |
karana durungirèki |
wasita upaminipun |
papan pandhêdhêran wiji |

Jilid 3 - Kaca : 54

saèstunya milih kang loh ||

29. Nuwun wangsul titikan pamilihipun |
candrane kanang pawèstri |
kang awon miwah kang luhung |
solah tanaga myang warni |
atanapi ing pasêmon ||
30. Kyai Ajar mèsêm angandika arum |
lamun sira arsa milih |
marang wanudya kang luhung |
pantês kanggo dadi rabi |
nyèplêsana ing suraos ||
31. Tètêmbungan bobot bèbèt bibit iku |
mangkene dunungirèki |
basa bobot karêpipun |
miliha wadon kang asli |
dene titikane kang wong ||
32. Saka turun sarasilah ramanipun |
wanudya kang yun sira-mbil |
ana pitung warna kulup |
salah siji kang mancêri |
Lonhang saline kang pupoh ||

12 Bab pamilihing wanita minangka jodho adhêdhasar: bibit, bèbèt, bobot. ...
kaca 54-55.
Bab candraning wanita wontên 21 warni; Tandha-tandha ciri awon saening
wanita. ...
kaca 55-57.

Jilid 3 - Kaca : 55

188. Lonhang

1. Inggang dhingin darah bangsaning ngawiryana |
ing têngêse trahe para luhur Jawa |
inggang misih kadrajatam uripira ||
2. Kang kapindho darahe agama mulya |
têngêsira têrahe para ngulama |
inggang alim ahli kitab trusing rahsa ||
3. Kaping têlu darahe wong maratapa |
ing têngêse trahing para pandhita |
inggang ulah pupujabrata lêksana ||
4. Ping pat darah sujana ing têngêsira |
trah linangkung ulah pangawikan budya |
kalantipan lan marang kawicaksanan ||
5. Kaping lima yèku darahing ngaguna |
ing têngêse pintêr samubarang karya |
inggang ulah kalimpitan kabangkitan ||

6. Kaping nênmê darahe para prawira |
têgêsira trahing prajurit kang ulah |
kapintêran kasub ing sudiranira ||
7. Kaping sapta darahing janma supatya |
têgês ingkang trahing para tani ingkang |
wêkêl mênêp sarta tyase tuhu sêtya ||
8. Kapindhone têtambung bèbêt kang winarna |
yèku tumrap marang bapakne wanita |
amiliya darahe jalma supudya ||
9. Têgêsira bangsa ingkang sugih arta |
myang barana mintir dana jalma papa |
sarta ingkang isih kèh kabêgjanira ||
10. Katêlune têtambung bibit kang winahya |
karêpira tumrap marang ing wanita |
kang sayogya dumadya jatukrama ||
11. Amiliya ingkang bêcik warnanira |
sarta ingkang akèh kapintêranira |
candra-warna pasêmone kang wanita ||
12. Kang wus ingsun titèni kala samana |
wus dak coba akèh kang kapara nyata |
cacahira elingku salikur warna ||
13. Inkang dhingin awarni bongoh puniku |
prabaning kang angga pupuk asêmbada |
kang amêngku pangrasa lêga lêgawa ||
14. Pawèstri kang mangkono suwarnanira |
kang wis klakyan waskitha bisa ambuka |
(n)don tuju langêning kang Asmaragama ||
15. Pindho sengoh yèku prabane wadana |
ingkang pupuk ingkang amêngku pangrasa |
sêdhêp èstu suka kang sami uninga ||
16. Pawèstri kang mangkana suwarnanira |
ingkang uwis kalakon bisa ambuka |
panggêndamming Asmaratantra rannira ||
17. Katri plongèh sêmu ngêndonkên gujêngnya |
iku ingkang sasêmuning wadananya |
tuwin liringing netya kêkalihira ||
18. Kang mêngkono prabane ambêg susêtya |
myang lêgawa tanduk ngrêsêpakên nala |
aprasaja ing sasolah-bawanira ||
19. Iya iku adate kang wus kalakyan |
ananing kang kasêbut bisa anggêdam |

Jilid 3 - Kaca : 56

- kang katanduk sênênning pramana nyata ||
20. Kaping pate (n)dêmênakake rannira |
êndêmipun angenakakên sarira |
iku manggon pasêmoning kang wadana ||
21. Ing liringe netya myang kêdaling sabda |
ingkang amêngkoni parabaning nala |
sênêng tuwin kaparêng kapadhan-karsa ||
22. Kang amêdhar tanduk sêpi piyangkuhnya |
myang rumakêt adate bisa ambuka |
panggêndamme kang aran Asmaranala ||
23. Lima sumèh yèku pasêmoning surya |
kaprabawan ambêg sarèh kang wus klakyan |
bisa (m)buka panggêndamming Asmaranada ||
24. Kanêm manis yèku sênênning guwaya |
myang kocap kang paningal mawèh wigêna |
kang mangkono prabawa wingiting pramana ||
25. Iya iku kang wus kalakon samana |
wong amanis adate bisa ambuka |
panggêndamme kang aran Asmaratura ||
26. Kaping sapta mrakati kang winursita |
iya iku panduking tingal kalawan |
kêdaling kang wicara marêkkên nala ||
27. Kang mêngkoni praba wingiting pramana |
iya iku adate bisa ambuka |
panggêndamme ingkang Asmaraturida ||
28. Kaping wolu jatmika iku ta ingkang |
amêngkoni ênêng-ênênging kang cipta |
ingkang (m)buka sosoroting kang pramana ||
29. Iya iku kaananing kang ingaran |
bisa (m)babarake prabaning kang prabawa |
mangkya ingkang kaping sanga kang ginita ||
30. Ran susila iku kêdaling ilatnya |
myang panduking mripat polah solahbawa |
mangku budi têmên narima lêgawa ||
31. Kang mungkulên panduk êmpaning pangira |
bênêr ingkang panuju têtèng sujana |
lan anggêndam graitaning kang nugraha ||
32. Ambêbuka wênganing kang mangsakala |
ina ta suhartining kang tatakrama |
iku uwus ginêng langêning pramana ||

Jilid 3 - Kaca : 57

33. Kasadasa kèwês tarampil wicara |
ulat tandang atajêm ing liringira |
amamatat sêngsême wawan-wicara ||
34. Kasawêlas luwês yèku kang wacana |
cucut lêmês sapari-polahing angka |
kang mêngkoni prabaning kanang pramana ||
35. Kalihwêlas gandês wijiling wicara |
myang solahing raga kang mamalat driya |
padha uga mêngku prabaning pramana ||
36. Triwlas dhèmês yèku ayêm pandukira |
kêdaling kang wicara lungguh trapsila |
padha uga mêngku prabaning pramana ||
37. Patbêlase sèdhêt iku dèdêgan kang |
sèdhêng gèdhe cilike lan dhuwurira |
sasolahe parigêl datan kuciwa ||
38. Kalimalas bentrok ingkang winursita |
dèdêgan gêng inggil ingkang isi samya |
têgêsira sarwa sêmbada warata ||
39. Kanêmbêlas kang aran lêngcir winarna |
yèku jalma dèdêgan dhuwur rêspatya |
sarwa isi gilig pasang sarira ||
40. Kapitulas kang aran wire jinarwa |
yèku ingkang sarira alit sêmbada |
sarwa singsêt datan ana kang cineda ||
41. Kawolulas kang aran gêndruk punika |
badan agêng sêmbada kèndho sêmunya |
nanging isi warata bêtên sadaya ||
42. Kasangalas sarêntêg yèku dèdêgnya |
kurang dhuwur katimbang lan agêngira |
sarwa isi gêmuh ingkang payudara ||
43. Karongpuluh kang aran lêngjang winarna |
yèku badan sêmu cilik nanging dawa |
kawimbuhan nora ayu sasolahnya ||
44. Kasalikul aran rangku pungkasanya |
iku dèdêg gèdhe dhuwuring kang kurang |
sêmu ngropèk (n)Dhandhang-gula ||

13 Bab pangrêngkuhipun dhatêng pawèsni, panduking asmara, patraping sarêsmi murih marêm lan manfaat, sarta êmpaning Asmaragama. ... kaca 58-70.

1. Mas Cêbolang awacana ririh |
 adhi Amat dhawuhe sang tapa |
 prayogi dènèstokake |
 Ki Amat lon sumambung |
 inggih kakang langkung utami |
 mugi kalajêngêna |
 matur sang awiku |
 kula mirêngakên kewala |
 awit saking botên darbe pacul kudhi |
 basane ya walaka ||

2. Kang sinung ling mèsêm matur malih |
 kadiparan ing darunanira |
 mawi nitik wong tuwane |
 tumrap ing jodho wau |
 muhung dhatêng badan pribadi |
 Ki Ajar angandika |
 karêpe puniku |
 miliya darah winahya |
 yèn manungsa ingkang winahyu sayêkti |
 saka rahayuning tyas ||

3. Satuhune (ng)gonningsun cariwis |
 mung minangka cêr-ancêr kewala |
 dene ingkang sajatine |
 salaki-rabi mau |
 mèn satêmah nora praduli |
 matitidakên candra |
 mangkene lirisun |
 kayata manising ulat |
 ayu endah dhèmês luwês mêrakati |
 prigêl solah têngaga ||

4. Tarlèn kanggo sarana malatsih |
 thukuling kasênêngan pra priya |
 mula ana pralambange |
 bêtakuning adhaup |
 dudu bandha myang dudu warni |
 mung ati paitannya |
 basa jodho muhung |
 sênêng parênging wardaya |
 condhong runtut sakarone nunggal budi |
 têngah samya rumêngah ||

5. Wêlas-asih katrêsnane manjing |
 sanepane pangrêngkuhing bapa |
 mring anak kang dadya tyase |
 de êmpun papanipun |
 surasane ingkang kadyèki |
 kayata jalma priya |
 dahat akayungyun |
 mring dyah dèdêg dhuwur kêra |
 yèn lumampah mayug-mayug nyumêlangi |
 parandene jroning tyas ||

6. Tan kapanduk gêla cuwa gêthing |
 têka banjur wêlase rumêntah |
 ana dyah sirung ulate |
 (n)jênggurêng ambêsêngut |
 sarwa kasar wicaranèki |
 priya kang sênêng datan |
 kapanduk ing mutung |
 elik kapok kawus merang |
 patrap ingkang mangkono malah mimbuhi |
 sênêng suka sih trêсна ||
7. Babasane mungguh wong asêngit |
 nora kurang ing pamadanira |
 êmpun papane mangkene |
 ana dyah anom ayu |
 gandês luwês manis mrakati |
 kang mangkono nir dadya |
 rênaning kang kalbu |
 malah amimbuhi ewa |
 têrkadhangan gêthing gêlane kapati |
 mangkono papadhanya ||
8. Dadi têtêp wong salaki-rabi |
 gumantung nêng sênênging wardaya |
 candraning warna parlune |
 pêngêt mring mudha punggung |
 supayane angati-ati |
 pamilihe maring dyah |
 lamun bisa antuk |
 èstri kang kalêbu candra |
 amimbuhi marang sênênging prajèki |
 sênêng têtêrêm raharja ||
9. Mangka olèh jodho tan prayogi |
 wanda têrus kalakuwanira |
 bakal narik sangsarane |
 mula sadurungipun |
 dadi jodho kudu patitis |
 kalamun wus rumêntah |
 sih katrêsnanipun |
 pambirate nora gampang |
 ing satêmah ambêk sura nêmpuh wani |
 marang ing kasangsaran ||
10. Ngupayaa èstri kang (n)darbèni |
 ambêg têpa ing rahsa kalawan |
 dana ing têpa katrine |
 kang têtêmên tobatipun |
 lila marang kang aran bêcik |
 pawèstri kang mangkana |
 adat watakipun |
 kajèn sarta kinurmatan |
 mring kakunge nyirnakkên angkarèng laki |

Jilid 3 - Kaca : 59

sih trêsnane rumêntah ||

11. Têpa ing rasa karêpirèki |
lumuh rikuh ing liyan suminggah |
yèn nir têpa ing rasane |
sring nganakake iku |
irèn mèrèn dumadi drêngki |
dana têpa karêpnya |
bisa-a suminggun |
panyaru panyikuning lyan |
yèn tan darbe dana ing têpa pan asring |
dahwèn srèi watêknya ||
12. Têmên tobatipun lila yêkti |
ing karêpe tobating nang soka |
kang têmên lawan lilane |
ana maning linuru |
pawèstri kang têmên (n)darbèni |
watêk ran sama beda |
dana dhêndha iku |
lawan kang bisa uninga |
ing babasan guna busana lan malih |
baksana myang sasana ||
13. Pambêkaning pangrêngkuh yèn olih |
kang sawanda saekapraya lan |
sajiwa dene wêrdine |
têmbung sama puniku |
apan padha karêpirèki |
andarbènana watak |
sih sakèh tumawuh |
beda pilah karêpira |
(n)darbènana watêk kulina lan bangkit |
anênimbang widagda ||
14. Dana kang (ng)gêganjar karêpnèki |
(n)darbènana watêk sukarêna |
asung sênêng mring samane |
dhêndha têngêse kukum |
de karêpe ingkang (n)darbèni |
watêk putus lan tatas |
ing pamiykipun |
nalar ala lan sayogya |
(ng)gonne ngêmpan mapanakên tan nalisir |
cèplês tan ana cacat ||
15. Guna iku kapintêran wasis |
bisa wêruh lan mangêrti marang |
wawênang kawajibane |
sakèh pakaryanipun |
ingkang tumrap marang pawèstri |
busana têngêsira |
panganggo satuhu |
karêpe bisa uninga |

Jilid 3 - Kaca : 60

lan angêtrapake rajadarbèknèki |
ingkang pancèn kasandhang ||

16. De baksana pangan têngèsnèki |
pikajênge kang bisa uninga |
kalawan anandukake |
ubêt kayaning kakung |
kang binukti ing sabên ari |
sasana têngêsira |
panggonan puniku |
karêpe bisa uninga |
amamantês mamangun amrih prayogi |
sajroning wismanira ||
17. Asawanda têngêse sarupi |
asawangan utawa sawarna |
karêpe iku mangkene |
sinêdyakna jro kalbu |
badan kalih dadi sawiji |
êmpan papanne ingkang |
darbe ambêk ika |
pngrêngkuh lawan rumêksa |
marang laki kadi rumêksanirèki |
mring badane priyangga ||
18. De saekapraya têngèsnèki |
budi sawiji pikajêngira |
darbeya (m)bêg pangrêngkuhe |
marang ing priyanipun |
sinêdyakna anunggal kapti |
asajiwa têngêsnya |
sawiji nyawèku |
karêpe èstri darbeya |
ambêk sêtya pangrêngkuhing marang laki |
lir nyawane priyangga ||
19. Wis kacakup iku bae kaki |
pamilihe wanita kinarya |
jodho salawas-lawase |
Mas Cêbolang umatur |
wus binabar ingkang prayogi |
mangkya ta ingkang wênang |
tinampik pakulun |
pawèstri kadi punapa |
èstunipun kawula dèrèng udani |
mugi kawêdharêna ||
20. Kyai Ajar angandika aris |
titiking ciri sranduning badan |
ingkang nandhakkên alane |
mring kalakuanipun |
yèn ngupaya parawan sukci |
panitike manawa |
cilik kang pambayun |
tan ngadêg wus katon wudhar |

lamun agêng wus gumandhul nora isi |
ganhênge wonga-wonga ||

Jilid 3 - Kaca : 61

21. Katon kêndho gwaya sulak wilis |
kawistara kurang sênênira |
ramping wus mêkar bokonge |
tinampika puniku |
krana ika mangkono kaki |
titikan panêngêran |
kênnya ingkang uwus |
anglakoni sinanggama |
maring kakung yêkti dudu prawan sunthi |
sarine uwus wigar ||
22. Lawan manèh lamun ana èstri |
ababira (ng)ganda nora eca |
abangêr wimbuh aruse |
alatêng bacin sêmu |
kawoworan (n)dulêg tur amis |
lan manèh githokira |
mambu wanginipun |
sêkar kawoworan ganda |
amis arus wêngur tangèh yèn kawilis |
sakèh aruming ganda ||
23. Utawa yèn tlapakane tipis |
mripat katon biru sèrètira |
sulak biru thêthêlênge |
puniku nora arus |
ing wajibbe kudu tinampik |
adat kang wus kalakyan |
kang mangkono mau |
asring (n)darbèni simpênan |
lara raga dene ta dumunungnèki |
nèng wadining wanita ||
24. Lan maninge yèn ana pawèstri |
swaranira brabah kadi priya |
kang agor sêmu erake |
wadon ingkang kadyèku |
ing adate sok andarbèni |
watêk panastèn ewan |
mring samèng tumuwuh |
datan saranta driyarda |
daya-daya tan trima panduming laki |
yèn bisa singkirana ||
25. Kabèh-kabèh gotèking wong ngardi |
de watonne wirasat kacêtha |
imam-supingi kaole |
nèng kono babaripun |
ingkang ala lawan kang bécik |
Kimas Cêbolang nêmbah |
matur ing sang wiku |

saupami wus kalakyan |
dados jodho patrap pamêngkunirèki |
wajib rumêksanira ||

26. Kyai Ajar awacana aris |
kang rumuhun rumêksa maring dyah |
kang durung (ng)garapsarine |
aja nganti tinêmpuh |
sinanggaman luwange nguni |
asring dumadya kênya |
lènjèh têngbenipun |
tan bisa (n)darbèni wêka |
dadi purus-senthe babasanirèki |
sayogya sabarêna ||

27. Rumêksane marang ing pawèstri |
kang wus tumrap ing sapalakrama |
kudu jêmbar sabar sarèh |
myang paramartanipun |
haywa pêngat sira ngênggonni |
têpa lawan prayitna |
mangkene liripun |
sira aja nganti lena |
wit watêke wanita puniku asring |
kadunungan tyas cêkak ||

Jilid 3 - Kaca : 62

28. Calak-mamak cêkak ponang budi |
jangkah cêndhak miwah kadunungan |
kurang jêjêg piyandêle |
lire ingkang puniku |
ati kurang-antêpan asring |
owah gingsire gampang |
têrkadhang kalayu |
marang priya liyanira |
kang jalaran katarik kêpengin saking |
sabab limang prakara ||

29. Wiryra rahsa guna dana warni |
de wijange wirya kaluhuran |
karêpe wanita kuwe |
sring melik marang kakung |
kang ngungkuli bojonirèki |
ing kaluhuranira |
rahsa têngsipun |
iya rahsa pikajêngnya |
wanitèku asring kadunungan kapti |
sru kapengin kumêdah ||

30. Sinanggama priya sanèsnèki |
ingkang sabab saking bosên kêmba |
kurang marêm mring lakine |
sardana têngsipun |
sugih arta rajabrana-di |
karêpe kang wanita |

yèku sring kapencut |
mring arta rajabarana |
awit saking kurang kasamêktanèki |
labêt angkara-murka ||

31. Guna apan kapintêran nênggih |
pikajênge wanita punika |
sring melik priya liyane |
ingkang asugih kawruh |
myang undhagi pakaryan wasis |
luwih ing priyanira |
rupa têngêsipun |
iya rupa karêpira |
wanitèku sring kalayu mring wong sigit |
kang ngluwihi priyanya ||
32. Kang sinung ling sami mangastuti |
matur malih Kimase Cêbolang |
aji Asmaragamane |
punapi warninipun |
sarta atrap panganggenèki |
paran tumandukira |
Ki Ajar lingnya rum |
aji yèku karêpira |
aji-aji pakurmatan rêrênggan ari |
dene basa asmara ||
33. Jarwanira sêngsêm jroning ati |
sanggama salulut dene ingkang |
binasakkên salulute |
pupulêtan saèstu |
ya momoran kalawan malih |
kukumpulan wêrdinya |
dadi karêpipun |
kang aji Asmaragama |
pupulêtan amoring jalu lan èstri |
rêngganing kasêngsêman ||
34. Mas Cêbolang ngangsgêg matur ririh |
woring jalma priya lan wanudya |
têka mawi rarênggane |
paran ta patrapipun |
Kyai Ajar mèsêm nauri |
sarèhning bab sahuwat |
wadi basanipun |
saru lamun kamêlokna |
prayogane pratelan sajroning rêsmi |
dhinapur pancakara ||
35. Lamun pastapurusanirèki |
durung kiyat myang durung santosa |
jwa kasêsa nandukake |
ingkang mangkono mau |
bokmanawa ambalenjani |

dayane tan widada |
têmah gêla tyasmu |
têrkadhang amanggih ewa |
lan wanita marga tan kapadhan kapti |
tiwas wadi kabuka ||

36. Yèku kêna rubedaning rêsmi |
ingaranan katitih asmara |
wit durung abiprayane |
kasêngka angsahipun |
marma daya tan lana nuli |
marlupa nir ing karkat |
kacarita iku |
awit rahsa tuwin jiwa |
durung samya kawêngku dening kridhaning |
ing Risang Hyang Pramana ||
37. Dupi myarsa sabdaning sang rêsi |
anggalêgês ing tyas kajumbuhan |
wus ngalami sadayane |
kusute apulang hyun |
Mas Cêbolang umatur aris |
ulun matur pasaja |
ing sayêktosipun |
kêrêp kaprangkul mangkana |
rèhning bodho dados botên anganglangi |
ingkang dumadya sabab ||
38. Amung lajêng anyêl pêngêl sêdhih |
kawimbunan sangêt lingsêm merang |
muring-muring wêkasane |
rêngune tan dumunung |
pramilane panyuwunmami |
mugi kawêdharêna |
inggih sababipun |
têmbung katitih asmara |
kadiparèn Ki Ajar mèsêm lingnya ris |
mangkene wijangira ||
39. Akalindhiih utawa kaêndhih |
wardinira kadhêsêk kasoran |
kasêsêg kasêsêlane |
lan katumpangan iku |
dene têtambung asmara kaki |
têgêse brai brata |
myang kasêngsêm tuhu |
dadi karêpe wicara |
katumpangan myang kasoran sêngsêm yêkti |
akanthi katêrangan ||

190. Kinanthi

1. Katitih asmara mau |
sabab rubeda kang nglêndhih |
mungguh kawujudaning kang |
asring murungakên kapti |

tumanduke kang asmara |
limang golongan kèhnèki ||

Jilid 3 - Kaca : 64

2. Ing sagolongan dèn-etung |
ana patang sabab nami |
gungunge rongpuluh sabab |
kang sagolongan winarni |
lamun lagi kapandukan |
susah lara luwe arip ||
3. Rong golongan yèn kapanduk |
êgêg ênêg gigu elik |
tri golongan kapandukan |
mutung kapok kawus isin |
catur golongan winarna |
manawa kapanduk dening ||
4. Jêlèh kêmba bosên manuh |
limang golongan mungkasi |
jangkêpe kang kalihdasa |
lamun kapandukan dening |
gêla ewa cuwa jinja |
warastra dayanira nir ||
5. Gêr gumuyu sadayèku |
lêrês timbalan sang yogi |
mênggah sagêting sumimpang |
ing rubeda kang kawijil |
kadiparan sêtiyarnya |
supados krodha lêstari ||
6. Ki Ajar mèsêm lingnya rum |
lamun senapati miris |
sêntorên udaka wimba |
têgêse tinuruh dening |
banyu adhêm ing padasan |
mêksa mirut ing ngajurit ||
7. Yèn wus mangkono pinupus |
tan kêna dèn-sêtiyari |
sikil apus papadhanya |
karêpe lêmês lir tali |
dene yèn (ng)gonne ngucira |
mligi mung jalaran saking ||
8. Rubeda rong puluh mau |
sêtiyare angèl gampil |
kudu amaluya kridha |
maluya jarwa mêmulih |
kridha têngêse panggagas |
utawi jinarwan osik ||
9. De karêpe kudu-kudu |
mumulih nguyaring ati |

gêlênging pra samya rahsa |
lamun katarima bangkit |
golonging prasa lan rahsa |
bisa umangsah lèstari ||

10. Pramilane aywa ngawur |
pamilihe marang èstri |
dingati-ati diawas |
karana yèn bisa olih |
wanodya prasaning rahsa |
ing kang wus saekakapti ||
11. Tartamtu ngilangkên sagung |
rubeda kang mawèh miris |
gêndam langêning asmara |
ing satêmah mahanani |
pamoring lulut susila |
awit binuka kang dadi ||
12. Langêning pramana mungkul |
ing kang binasakkên kaki |
pamoring lulut susila |
woring jalu lan pawèstri |
binuka tanpa rubeda |
sênêng parêng kang pinanggih ||
13. Daya santosaning purus |
iku pan katarik saking |
obah solahing kang raga |
katumusan srênging ati |
dene sêrênging kang driya |
krêkating jiwa mêngkoni ||
14. Krêkating jiwa puniku |
daya pangrasa murbani |
dayaning pangrasa apan |
wisesaning rahsa yêkti |
dene wisesaning rahsa |
prabaning pramana jati ||
15. Lamun pinikir satuhu |
wus tetela bab sarêsmi |
nora kêna ginagampang |
akèh rubedanirèki |
ewadene ana uga |
warna warnane kang jalmi ||
16. Kang nyêbal saking critèngsun |
tanpa nganggo milih nampik |
sumêngka tandhing dyah wrêda |
tan kapanduk êngah wigih |
lalawanan lan wanita |
kang bangêt kaciwèng warni ||

Jilid 3 - Kaca : 65

17. Têka boya-a kapanduk |
 rasa kêmba ewa gêli |
 myang lalawanan kalawan |
 dyah kang (ng)ganda lêngur lêdhis |
 uga nora kapandukan |
 ing rahsa gêgigu elik ||
18. Bisa daga(?) sakèhipun |
 rubedaning pulang rêsmi |
 kang mangkono samanira |
 jalma karêm nadhah guling |
 tangèh marêming kang driya |
 mung lobane dènyungi ||
19. Sabarang karêman tamtu |
 wus têtela nora bêcik |
 ngugung sabyantuning daya |
 ngangsa-angsa ing sarêsmi |
 satêmah nandhang sangsara |
 ubêngan sajêge urip ||
20. Ulun banjurake tutur |
 tumanduke bab sarêsmi |
 ingkang nir sakèh sangsaya |
 lire wus mulur salêsih |
 adoh sakèhing rubeda |
 iya iku diaranni ||
21. Susila pamoring-lulut |
 (m)babar langên pramadani |
 uga dak dhapur carita |
 kadya(ng)ganing senapati |
 umangsah ing rananggana |
 arsa rumabasèng biting ||
22. Lamun pastapurusa wus |
 kiyêng kiyat nyantosani |
 kyèhning daya wus samêkta |
 tandya tindakna dènaglis |
 umangsah ing rananggana |
 yêkti nora nguciwani ||
23. Tumêmpuh campuhing pupuh |
 nanging dènprayitna kaki |
 ing tindak aywa sêmbrana |
 (ng)gonne nuju prasanèki |
 mring wanita mêngsahira |
 supadi lêganing ngati ||
24. Dipun waspada ing dunung |
 jroning sasti(?) kono mawi |
 mustikaning rahsa mulya |
 rinêksa pra jawata di |
 aran Sang Hyang Otapatra |

Jilid 3 - Kaca : 66

Sang Hyang Gambira sisilih ||

25. Wuri purana dumunung |
yèn tinêmpuh dening bindi |
watak kêri prasanira |
nuli babantune prapti |
pipingitan ing jro baga |
ingaran Hyang Asmara di ||
26. Apaparab Hyang Cakrèku |
asarosa biyantoni |
wimbuh kêri grimingira |
narik daya ajunèki |
mring Sang Hyang Purnama-sangka |
iya Sang Kamajaya di ||
27. Pamèting rahsa mrih jumbuh |
srana nganggowa sirèki |
pratingkah ukêling pasta |
kacarita solahnèki |
duk murwani lumaksana |
karya pupucuking jurit ||
28. Sakèhing daya biyantu |
aywa sinêru rumiyin |
ing tindak kédah saranta |
pangangkah amung mumurih |
kêri prasaning wanita |
kalamun wus sawatawis ||
29. Muyêk campuhing prang pupuh |
nênggala tumêmpuhnèki |
tinangkis ing bandabaya |
saking rosaning panggitik |
kuwating panangkisira |
dahana mubal mawêrdi ||
30. Sumundhul ngakasa wimbuh |
susumuke api-murni |
kukus katut samirana |
prapta tumanduk prasa di |
kêkêrine mêngsahira |
gumriming sangsaya (n)dadi ||
31. Gantya wau Sang Dyah Ayu |
tan gumingsir anadhahi |
mubal mêtuning dahana |
sumrambah sariranèki |
tan kuwawa nabênnana |
gumriminge rasa kêri ||
32. Harda ngambra-ambra wimbuh |
wantu watake pawèstri |
yèn wus liwung krodanira |
datan saranta ing budi |

sigra amusthi sanjata |
pusaka saking dewa di ||

33. Ganjaranira Hyang Guru |
nèng jroning baga piningit |
yèku kang hru barunastra |
sumêmbur amijil warih |
tirta lir yiyiting mina |
kumêmbêng jro baganèki ||
34. Ngêlêm pasta purusèku |
wau ta ingkang winarni |
sira sang pastapurusa |
kêlêm kinêlêm ing warih |
tan mantra-mantra riringa |
ing solah saya mawêrdi ||
35. Barunastra wis kinêbur |
lir ombaking jalanidhi |
ganggêng irim-irim ingkang |
mungging têtèping jaladri |
karoban toya satêmah |
ngêmpêl mirut nganan ngering ||
36. Nahan ramening kang pupuh |
nulya na swara dumêling |
lambat-lambat kapiyarsa |
surasa sung wasita di |
èh kulup sira sang pasta |
poma dènprayitna kaki ||
37. Panarik sêndhaling limbung |
maju myang mundurirèki |
papanne lunyu sadaya |
wus tan kêna dikawali |
wit iluning barunastra |
saya drês panyêmburnèki ||
38. Dene (ng)gonnira lumaku |
yèn lena ina nêmah |
kaplèsètèng angsahira |
rêbah gadane kalindhih |
katikêl dadya rubeda |
rogabrata andhatêngi ||
39. Pilêg kadadeyanipun |
benjing maning yèn ajurit |
tumus mahanani roga |
mring pasti baga nulari |
yèn iku tan sinucekna |
sawuse ngadoni jurit ||
40. Mênèk pastapurusèku |
kataman ing roga jawi |

Jilid 3 - Kaca : 67

ubêngang ing arannira |
èngêtana aywa nganti |
sakarone mangunyuda |
yèn malanira durung nir ||

41. Têmên tinumanna matuh |
kaliye waluya jati |
mangka ujing saloka |
yèn priya anandhang sakit |
kaprênah jro pastanira |
lamun arsa mangsah jurit ||
42. Yoga nguyuha rumubun |
prêlu ngorotna sasakit |
murih ywa nganti tumular |
mring wanudya mungsuhnèki |
lan kulup sira wêruha |
adat wataking pawèstri ||
43. Yèn wis mijil yiyidipun |
gumriminge saya (n)dadi |
mêmpêng dêrêngirèng prasa |
kawistara ing pangèksi |
kiyat kiyêng sariranya |
kêjêng kêjêr maratani ||
44. Sira adarbeya kayun |
tutulung mêngsah kapilis |
tumraping Asmaratantra |
tan liyan wisaya linuwih |
solahing pastapurusa |
sêngkakna pamukirèki ||
45. Pamukuling gada têmpuh |
kang ajêg myang dèn-kêrêpi |
kalawan dipun waspada |
mawassa sasmita lungit |
adat wantuning wanita |
yèn wus liwung ing ngajurit ||
46. Lêlewane nulya thukul |
pratingkah solahing dhiri |
wit saking kurang prasaja |
jatine karsanirèki |
(m)biyantu solahing pasta |
kinèn anujuwa maring ||
47. Dununging prasa sirèku |
tinrajanga kang supadi |
sinêndhol pucuking pasta |
têka turutana aglis |
sakarsanirèng wanudya |
yèn pinarêng datan lami ||

Jilid 3 - Kaca : 68

48. Sang dyah mudhar prasanipun |
 pratandhane kang sayêkti |
 yèn wanita mudhar prasa |
 wataranira katawis |
 gara-gara jroning baga |
 nyêndhol pucuking pastèki ||
49. Laraping gupala wimbuh |
 kabukaning wiwara-di |
 jênêke Hyang Kamajaya |
 aliya tandha kang uwis |
 kang sayêkti kawistara |
 kawawas sranduning dhiri ||
50. Lir koncatan yitmanipun |
 nglumpruk marlupa ngalêntrih |
 kadi-kadi tan kuwawa |
 nyandhang nikmating rahsa di |
 sêsambate mêlasarsa |
 karya trênyuh tyas gung branti ||

191. Asmaradana

1. Cuthêl ujare kang wangsit |
 yèn ta mungguh têtakêran |
 mawas wujuding warnane |
 panguja lêganing kênya |
 kaya wus kasêmbadan |
 pratandhane dene uwus |
 kapanduk badan marlupa ||
2. Ewamangkono sarèhning |
 manungsèku beda-beda |
 ana kang bangêt karsane |
 ana kang mung sawatara |
 dene mungguhing patrap |
 sajroning sanggama mau |
 priya kudu amawassa ||
3. Ulat liringe pawèstri |
 lan mawas badan priyawak |
 yèn wus kapandukan tyase |
 carêm marêm miwah lêga |
 duk èstri mudhar prasa |
 sinarêngan puniku |
 jumbuhing wêdaling prasa ||
4. Kalamun tyasira maksih |
 kapanduking rasa cuwa |
 jalaran kurang lêgane |
 iku pamudharing prasa |
 ywa sarêng tinanggapna |
 ananging asring kalayu |
 kudu mudhar ingkang prasa ||

5. Dènsantosa ngati-ati |
panahan-pamathêтира |
de (ng)gonne kasusu rêke |
wit kadêrêng wijilira |
Risang Hyang Kamajaya |
iku tinulaka gupuh |
ing sarana japamantra ||
6. Panulak kudu ngênggonni |
ana ing gajêging gêla |
ywa di-nggo lêga driyane |
prasane rahsa kang arsa |
rosa mrih kawudhara |
wujuding wisaya muhung |
sang pastapurusanira ||
7. Têka ênêngna kariyin |
dumunung ana ing (n)jaba |
utawa ing sajêrone |
wiwaraning dhatulaya |
kang mangkono pratingkah |
gumantung parênging kayun |
ing sakaro-karonira ||
8. Rêhning sang wanita lagi |
kalêson sayah ing ngaprang |
kasêdyakna ing driyane |
anjangkah tindak utama |
tumulung marang mêngsah |
amung usadaning rapuh |
waluyaning kang sangsara ||
9. Dènnya kataman ing bindi |
kudu tinuju ing prana |
lêlantaran tumanduke |
usada mau kalawan |
anganggowa sarana |
dhingin têmbung manis arum |
miluta sih manuara ||
10. Lêlewa solahing dhiri |
lan kêdhap liringing netya |
myang biyantu ywa talangke |
ing solah ukêling pasta |
(ng)gugah kêrining pasta |
kudu sarèh tindakipun |
ora kêna daya-daya ||
11. Bokmanawa amarêngi |
usada bisa tumama |
tumanduk marang prasane |
suka giranging wardaya |
sumarambah sarira |
têmah waluya satuhu |

ngadêg manèh kasuranya ||

12. Lir sardula mangsa daging |
kang priya tanggap prayitna |
solah tan na prabedane |
kudu anuju ing prasa |
lir mau duk bubuka |
kalawan èngêta kulup |
wawadining kang wanita ||
13. Adarbe aji pêmerti |
Sukmanyana namanira |
têlênging baga dununge |
yèku mau kang karasa |
nyêndhol pucuking pasta |
dènyarsa mungkasi pupuh |
kono kêrêp dèn-gada-a ||
14. Adate datan alami |
sardula nuli palastra |
mêngkono ing sabanjure |
nganti ping pirang rambahan |
dene yèn wus karasa |
marêm lêga ing tyasipun |
yèn wanita mudhar prasa ||
15. Kudu tanggap ambarêngi |
padha amêdhar ing prasa |
iku ingkang binasakke |
widagda anuju prasa |
undhagi ing asmara |
dene suwe gêlisipun |
wanci kala bratayuda ||
16. Iku tan kêna dinugi |
gumantung badan priyawak |
sênêng parêng ing driyane |
yèn ta mungguh bêbakunya |
kang prêlu jalma priya |
patrap miwah solahipun |
sanggama kudu santosa ||
17. Pamêkak wijilirèki |
Sang Bathara Kamajaya |
myang kudu widagda rêke |
myang waskitha panujunya |
prasane kang wanita |
dene êmpun papannipun |
dhingin tumrapping sarira ||
18. Kudu nyarèhkên salir ning |
lawan angadhêm-adhêma |
angkara sêrênging tyase |
pakolèhe nora dadya |

Jilid 3 - Kaca : 70

- kagèting pra jawata |
wêkasan katarimèku |
bisa kawawa amênggak ||
19. Kasêsane wijilnèki |
Sang Bathara Kamajaya |
têmah tutug sakarsane |
kang kapindho kudu bisa |
(ng)gêgasah anyênyongah |
mring angkara srênging kayun |
lawan grêgèting wanita ||
20. Pakolèhe kang pawèstri |
wus kataman kang mangkono |
harda sêrênge driya |
tandya cumêpak dunungnya |
kayanganing Hyang Kama |
iya Hyang Asmara tamtu |
cêpak pamudharing prasa ||
21. Pamarsudining sarêsmi |
kang wus sun-gêlar sadaya |
kanggo srana lantarané |
dènnya yun angawruhana |
mring asal wijinira |
manungsa sajatinipun |
kasbut têmbung paribasan ||
22. Sing sapa wonge tan uning |
marang wiji asalira |
sayêktine nora wêruh |
mring jati paranning sêdya |
kang têmbé wêkasannya |
kacrita kurang satuhu |
mring sampurnaning kamuksan ||
23. Pae kang wus ngudanèni |
ing purwa madya wusana |
ananing sarira kiye |
wêkasan sirna tan gatra |
uwas sumêlanging driya |
têtêping jumênêngipun |
manungsa jati sampurna ||
24. Mas Cêbolang matur aris |
babo aywa katanggêlan |
kaparênga mêdharake |
asal wijining manungsa |
dadosa lèlantaran |
jati paranning sêdyèku |
mring sampurnaning kamuksan ||
25. Ki Ajar ngadika aris |
iku kaki nora kêna |
isih gaib bêbasane |

têgêse isih pingitan |
èdi alus lan samar |
angèl ewuh ingkang langkung |
bêcik (m)banjurkên carita ||

14 Bab tumètèsing wiji ngantos dumadosing bayi, jalêr, èstri, kêmbâr;
prayogining sarêsmi. Amat Têngara mantuk. ...
kaca 71-77.

Jilid 3 - Kaca : 71

26. Bab patrape andon-rêsmi |
bisa (n)dadèkkên jalaran |
mêtêng ngandhêg babasane |
duk mau pulang asmara |
kayadene pratingkah |
kang wus suncritakkên ngayun |
yèn pinarêng ing Pangeran ||
27. Kinon dadi lantaraning |
anitahakên manungsa |
kacrita mungguh ing raos |
enak kapenake beda |
kalawan sabênira |
sasolah tingkahe lulut |
amung mindêng rasa nikmat ||
28. (n)Dêdêl sêndhal myang saraping |
pawèstri utawa priya |
kalamun prasaning raos |
rahsa sajati kawudhar |
dening jiwa pramana |
akawistara dumunung |
nèng lèlêt pulêting sawad ||
29. Nahan kono sapucuking |
ing pastapurusanira |
sayêkti mawa karaos |
dhingin lir sinêndhol mina |
yèku purayanira |
dununging Kamajayèku |
mijil minangka lalisah ||
30. Warnane kang rahsa putih |
tan pantara pucakira |
pastaprusa krasa manèh |
kayadene ingamêdan |
lambening keyong-gondhang |
yèku wênganing kang pintu |
kayangan Hyang Kamajaya ||
31. Pamudharing rahsa putih |
sarta soking rahsa mërta |
asrêp kalangkung nikmate |
ing adat sakaliyannya |
sarêng sênggoring napas |

- duk mangkono angganda rum |
lir sêkar mêlati kadya ||
32. Nêdhêng (m)babar sari amrik |
arum-arume angambar |
kabèh kang dak-wêdharake |
manawèku gara-gara |
pangaribawanira |
turuning cahya dibyanung |
lêlantaran saking priya ||
33. Dumrojog nulya tinampi |
anèng guwa garbaning dyah |
yèn jêntus mukaranahe |
wanita banjur awawrat |
tumêkèng sangang wulan |
nir ing sambekalanipun |
langkêp ambabar manungsa ||
34. Lan ana pralambang malih |
yèn priya lawan wanita |
ênggonne sarêsmi rêke |
pamudharing risang prasa |
dhaup asasarêngan |
Sang Hyang Kamajaya kumpul |
kaparêng dening Pangeran ||
35. Ayun anithahkên wiji |
kumpuling Hyang Kamajaya |
gumolong kandhêg dununge |
nèng guwa garbanirèng dyah |
binasakakên wawrat |
sawulan tumêkanipun |
nir nalisir sangang candra ||

Jilid 3 - Kaca : 72

192. Salisir

1. Kalamun lagi sacandra |
(ng)gonne nora (ng)garap-toya |
upamane iku dadya |
Kusuma anjrah ngakasa ||
2. (n)Dungkap antuk kalih candra |
dènnya nora (ng)garap-toya |
diupamakake pindha |
Brêmara ngajab gêgana ||
3. Lamun lagi tigang candra |
lêstari tan (ng)garap-toya |
iya iku upamanya |
Lir isining wuluh wungwang ||
4. Lamun lagi patang candra |
upamane apan kadya |
Barama sakonang ika |

angasatakên samodra ||

5. Lamun lagi limang candra |
dènnya anggarbini ika |
di upamakakên kadya |
Tapaking kuntul ngalayang ||
6. Lamun lagi nênnêm candra |
dènnya anggarbini ika |
ngibarat kadi Canthoka |
kinêmulan êlêngira ||
7. Yèn pitung wulan tumêka |
wolung sasi sangang candra |
ngibaratake Kadya jalma |
lumpuh ngidêri bawana ||
8. Wau ta Cêbolang nulya |
matur sarwi ngaraspada |
paran mulabukanira |
bab jabangbayi punika ||
9. Wujut tuwin wawatêkan |
myang dhawahing lalampahan |
awarni kakalih apan |
wujud jalu kalawan dyah ||
10. Klakuwan awon lan sae |
sarta tême lampahane |
dhawah bêgja sangsarane |
manggih wirya myang asore ||
11. Ki Wasi alon lingira |
kacrita yèn kono iya |
winahyu ing tibanira |
mula pangeranging basa ||
12. Luput pisan kêna pisan |
dumununge iku ana |
panjang suruping waskitha |
jalma lumrah tan uninga ||
13. Karana isih ginaib |
batal yèn kaucapêna |
sadurunge kawistara |
lair saking guwagarba ||
14. Awit kang mangkana iya |
satuhu gêng-gênging dosa |
wit wani-wani narbuka |
(m)dhingini karsaning Sukma ||
15. Kacrita tumandukira |
babasan aliru lambang |
utawa wolak-walikan |

16. Ironing ayun pulang-raras |
priya kalawan wanudya |
yèn priya kang darbe karsa |
bangêt harda mring wanudya ||
17. Sasuwene (n)don asmara |
adrêng sêrênging kang karsa |
layap liyêp luyutira |
nganti praptèng ciptamaya ||
18. Sabanjure mudhar prasa |
kapanujon pinarêngan |
wahyaning kang mangsakala |
karsaning Hyang Maha Mulya ||
19. Nitahkên wiji manungsa |
rèhning harda karsèng priya |
dadi pakolèhe padha |
kalawan cipta wanodya ||
20. Kira-kira bokmanawa |
kadadeyaning kang jalma |
laire ing tèmbe iya |
dumadya jalma wanita ||
21. Dene kosokbalinira |
yèn dyah ingkang darbe karsa |
harda adrêng marang priya |
kridha lir kasêbut ngarsa ||
22. Kira-kira bokmanawa |
kadadeyaning kang jalma |
laire ing tèmbe iya |
anumusi dadi priya ||
23. Mangka kapanujon ana |
priya lan dyah darbe karsa |
sakarone padha harda |
kridha laksana widada ||
24. Kira-kira bokmanawa |
kadadeyane kang jalma |
laire ing tèmbe iya |
dhampit jalu lan wanita ||
25. Ana manèh saupama |
sujalma priya kang mangka |
ing sadurung-durungira |
bangêt kayungyun bisa-a ||
26. Pinaringan adarbeya |
atmaja mijil wanodya |

- panutanira ing nala |
tumêka ing ciptamaya ||
27. Banjur amulang-asmara |
ulah kridhaning laksana |
nunggal ing ngarêp sadaya |
yèku ingkang binasakna ||
28. Dholog katlusuban jatya |
lirirra ingkang mangkana |
cipta kasêlan ing cipta |
kira-kira bokmanawa ||
29. Kadadeyaning babayi |
laire tèmbe mêtoni |
wujud kêmban loro iji |
tur iku padha pawèstri ||
30. Dene kosokbalinira |
yèn wanudya ingkang mangka |
sadurung-durunge harda |
kayungyun atmaja priya ||
31. Sarta banjur darbe karsa |
adrêng mring priya asmara |
saolah kridha lêksana |
nunggil lir kasêbut ngarsa ||
32. Kira-kira bokmanawa |
kadadeyaning susuta |
tèmbe lair wujudira |
kêmban loro padha priya ||
33. De alus hardaning karsa |
tumêka ing ciptamaya |
kaya kang kasêbut ngarsa |
nora muhung wahananya ||
34. Dadi jalu lan wanita |
duk lagi andon-asmara |
kridha myang cipta punapa |
kang mangkana cinarita ||
35. Bakal mahanani iya |
mring wêwatêkaning suta |
pramila para sujana |
para bèrbudi sarjana ||
36. Inggang wus padha waskitha |
ing kridha tuwin pangripta |
banjur kanggo têngêr nama |
marang ing atmajanira ||

Jilid 3 - Kaca : 74

37. Bab iku ta kawruhana |
wiji wus momor cangkoknya |
mula jalu lan wanita |
lah êndi ingkang santosa ||
38. Padha adarbe kawasa |
saksi kang kanggo pratandha |
bêbasane ila-ila |
ujare sujalma kuna ||
39. Nadyan priya lan wanodya |
yèn nuwuhakên atmaja |
isih anèng guwagarba |
mangka salah sijinira ||
40. Sêngit niaya sawiyah |
maring samining tumitah |
asring mahanani bocah |
dadi ceda kurang lumrah ||
41. Mula têka jaman mangkya |
katêlah isih anganggya |
têmbung pèngêt yèn kataman |
ewa sêngit nganiaya ||
42. Nyêbut jabangbayi ika |
supayane aywa ngantya |
têmbe lair namdhang ceda |
lêstari Mijil prayoga ||

193. Mijil

1. Mas Cêbolang matur mangênjali |
asmaraning wadon |
yèn panuju sinanggama rêke |
ingkang pundi prayoganirèki |
tingkahing karêsmi |
nyuwun wêdharipun ||
2. Kyai Ajar angandika aris |
yèn nitik lalakon |
jalma priya akèh rubedane |
sabênêre kalamun pawèstri |
lagi sinarêsmi |
amung kudu manut ||
3. Mring ombaking priya mituruti |
ananging wong wadon |
akèh ingkang nguciwani lire |
lingsêm nir pakolèh kanggo wadi |
mênèk dènarani |
èstri lènjèh kakung ||
4. Kèh-kèhing dyah kadhang andarbèni |
reka gila wangkot |

Jilid 3 - Kaca : 75

- sabên arsa rinurah kuthane |
rewa-rewa tan arsa nglanggati |
kêlakone nganti |
pinaripêksèku ||
5. Mungguh gêlar kang mangkana kaki |
karêpe supados |
ywa kinira pawèstri wus lènjèh |
lan kinira èstri karêm rêsmi |
satêmah dumadi |
kasêrêng ing kakung ||
6. Iya iku aran kapanduk ing |
rubeda sayêktos |
wêkasane asmara campuhe |
nora bisa widada sakapti |
lawan ana malih |
gêlare dyah iku ||
7. Yèn pinuju sinanggamèng laki |
abipraja gupoh |
ing sasolah obahing ragane |
andadèkkên gancanging pakarti |
aju undurnèki |
pastapurusèku ||
8. Kang mangkana supaya mimbuhi |
sakecaning raos |
akataman sruning panggosoke |
muwuhakên panasing hawèki |
pan rubeda ugi |
glis pamudharipun ||
9. Êmpañ papan lan maningirèki |
babakuning wadon |
kudu awaskitha pamawase |
nuju tanggap mring karsaning laki |
solahbawa pasthi |
nut pangrèhing kakung ||
10. Dene ingkang dadya saranèki |
kang dhingin rumojong |
buka marang sêrêng angkarane |
karsa dhadhag kasêngsêma rêsmi |
patrap kang kadyèki |
ing pakolèhipun ||
11. yêkti bakal amimbuhi maring |
kiyating kang badhong |
nora mêmbat katiban gadane |
kang kapindho niyatna amardi |
kêncêngna dayaki |
kukuwatanipun ||

12. Baga miwah sasaminirèki |
 ing pratingkah kados |
 amamathêt mêtuning uyuhe |
 kang mangkana pakolèhirèki |
 ngrapêtkên pintuning |
 pasti baganipun ||
13. Mêlar-mingkus daya wiwaraning |
 бага kang wus (m)bathok |
 cukup muhung lawan biyantone |
 ing papathêt culling napasnèki |
 angsal ing prang tandhing |
 kudu nganggo lagu ||
14. Gêlar aran Mangkaradibya di |
 mungsuhira wadon |
 kapapanna mangiwa iringe |
 risang krodha anumpangêna ing |
 pupu mêngsahnèki |
 kaprênahna lambung ||
15. Risang krodha kang têngên dènmathis |
 pakolèh sayêktos |
 tahan lawan kwasa sarosane |
 tambah nyakêtakên dènirèki |
 kumudasmara di |
 kacondhongan lulut ||
16. Ing wasana mungguhing sarêsmi |
 nadyan mung sakloron |
 tur dumunung parimpên ênggone |
 tan kawruhan ing jalma sawiji |
 pêpanthênging ati |
 ywa nganti kalimput ||
17. Mring surasa lan dunungirèki |
 têmbung tri pinathok |
 nistha madya lawan utamane |
 lire nistha iku tan prayogi |
 madya têngêsni |
 sêdhêngan puniku ||
18. De utama têngêse prayogi |
 karêpe suraos |
 kang mangkono salah pratingkahe |
 ing sajroning lagya andon-rêsmi |
 kudu anyingkiri |
 tanduk kang tan patut ||
19. Madya utama ingkang prayogi |
 wijanging wiraos |
 aran nistha niru pratingkahe |
 satokewan dènnira sarêsmi |
 yêkti nora apik |

Jilid 3 - Kaca : 76

lamun dadi sunu ||

20. Asarêsmi mituruta kadi |
wasita kinaot |
nayakèngrat marang ing mantune |
kyating jagad Sayidina Ngali |
wênang mokalnèki |
kabèh wus kasêbut ||
21. Kaya-kaya uwis anyukupi |
ing pituturingong |
wit pamilih nganti tumêkane |
têmpuhing prang dadining babayi |
nanging iku mligi |
kawruhe wong gunung ||
22. Kang sinung ling samya mangênjali |
aturira alon |
wêtyaning ling inggih saèstune |
sru kapundhi tumanêm ing ati |
pêpèngêt kaèsthi |
dinohna kalimput ||
23. Ing sasagêd badhe nglêksanani |
supados dumados |
awidada kangge salamine |
ajêjodhon donya praptèng akir |
Ki Ajar nganthuki |
bangêt suka sukur ||
24. Kulup Amat mêngko tabuh katri |
lah muliha gupoh |
karsadalêm (n)jêng sultan wiyose |
sêsuk esuk nuju ri Rêspati |
sira sinung linggih |
dadya katib sêpuh ||
25. Nora luwih pujastutimami |
lêstari kalakon |
tinêbihna ing sambikalane |
mung kakangmu lan sakawan santri |
dimèn padha kari |
aywa mèlu mantuk ||
26. Wus kacêtha papasthèn pinasthi |
dalajading kang wong |
sira iku kulinèng prajane |
kakangira kulina ing wukir |
mahas ing asêpi |
praptèng maotipun ||
27. Rèh wus wanci angasowa sami |
Kyai Amat gupoh |
ngaraspada angraup sukune |

Jilid 3 - Kaca : 77

- saha matur timbalan sang yogi |
kalangkung kapundhi |
pangèstu pukulun ||
28. Mas Cêbolang lan sarowangnèki |
sapraptaning pondhok |
Kyai Amad ngrungkêbi padane |
mring Kimase Cêbolang sarya ngling |
aduh kadangmami |
woding manahulun ||
29. Boya sagêd pisah ingkang rayi |
saparan rumojong |
botên bingah antuk nugrahane |
sinêngkakkên drajat dadya kêtib |
wus sinêdyèng ati |
bêgja lara lampus ||
30. Aywa bêndhèng kakang lawan mami |
tulusa karongron |
Mas Cêbolang sêrêt wangsulane |
aduh yayi (ng)gih samantên ugi |
rasaning tyasmami |
langkung awratipun ||
31. Yèn pisaha kalawan pun adhi |
tuwin lan pun êmbok |
asru trêsna lir yogane dhewe |
nanging paran dènnira sumingkir |
ing kodrating Widdhi |
citrèng lokilmakpul ||
32. botên langkung samya (n)dum basuki |
bêkti katur simbok |
têmbè bilih wus pinarêngake |
dening Widdhi ulun tamtu tuwi |
dhatêng ing Mantawis |
sipêng kalih têngsu ||
33. Kyai Amat lêjar sawatawis |
dupi wanci bodhol |
Mas Cêbolang lan catur santrine |
samya ngatêr ing ngare wus prapti |
sasalaman sami |
myang andum rahayu ||
34. Kang lumaris mangu nolih-nolih |
luhira drês miyos |
tan cinatur nêng marga lampahè |
praptèng wisma renanira nyai |
mapag anèng kori |
atatanya arum ||

15 Pitutur murih anggènipun dados priyayi lan ngangkah kasugihan, lêpat bilih kanthi sarat sarana mardhukun lss. Inggang prayogi namung labuh labêt

35. Lah ta êndi kakangira kaki |
têka nora katon |
Kyai Amat pêngat-pêngat linge |
amiwiti tumêkèng mungkasi |
nyi randha duk myarsi |
(m)barêbêl mêtuh ||
36. Wus pinupus pamêpêsing galih |
panglipuring lamong |
tan pantara dangu ing praptane |
utusaning parentah surambi |
dhawuh animbali |
Ki Amat umatur ||
37. Praptèng srambi kinêpyakkên aglis |
dhawuhing sang katong |
Kyai Amat pakênira mangke |
karsadalêm sinêngkakkên dadi |
abdidalêm kêtib |
aran kêtib Luhung ||
38. Wus mupakat sanagri Mantawis |
Mat Têngara mêngko |
dadya kêtib Linuhung wastane |
sakalangkung sukurirèng Widdhi |
Alkamdullilahi |
Nyai Amat sêpuh ||
39. Sukaning tyas amarwata siwi |
marawayan kang loh |
nangis suka nlangsa Pangerane |
sigêg ingkang tampi sih narpati |
gantya kang winarni |
kimas nèng Kêpurun ||
- 194. Maskumambang**
1. Byar raina Kyai Ajar wus umijil |
saking ing paiman |
mring udyana miyat sari |
kudhup mêkar (m)babar ganda ||
2. Angidêri papêthètan jro capuri |
nulya mring pagagan |
pasêtrèn tanapi tégil |
myat kang samya nambutkarya ||
3. Angundhuhi adhêdhangir anggadhangi |
ngurut toya ingkang |
lumêbu ing jro capuri |
kang ngêlêbi patêgalan ||

4. Rame sayuk sadaya kang nambut-kardi |
gumatèlling surya |
Kyai Ajar pinarak ing |
balekambang papungkurun ||
5. Mas Cêbolang kalawan sakawan santri |
tumuntur saparan |
wus pinarak anèng ngarsi |
wedang nyamikan lumadya ||
6. Mas Cêbolang mangênjali matur aris |
duk ulun nèng praja |
pintên-pintên tiyang èstri |
ngupados guna sarana ||
7. Kang supados kinasihana ing laki |
patrap kang mangkana |
punapa inggih prayogi |
tumrapipun ing wanita ||
8. Kyai Ajar pangandikanira aris |
patrap kang mangkana |
nora ngêmungkên pawèstri |
sanadyana jalma priya ||
9. Inggang samya (n)jangkah drajat amrih singgih |
kawiryaning praja |
têgêse dadi priyayi |
lawan (n)jangkah kasugihan ||
10. Akèh inggang nganggo srana sarat saking |
madhukun prewangan |
sumungkêm buburon warih |
anyanyêmbah bulus ula ||
11. Rêca lawan kayu sela angkêr eblis |
jalma inggang patrap |
mangkana salêksa sisip |
saka bodho cublukira ||
12. Pêpuntone katarima myang lêstari |
barang kang sinêdya |
mung dumunung kalih warni |
labêt labuhing pakaryan ||
13. Iku uwis dadi panêmbah pamuji |
ing tyas ywa sumêlang |
aja êsak aja sêrik |
sênêng sukuring satitah ||
14. Lan maninge kang awas angati-ati |
sira ngawruhana |
pandhita inggang wus yakti |

Jilid 3 - Kaca : 79

kang wus kaidèn sri nata ||

15. Kacarita pandhitèstu kudu bangkit |
nganggo pangawikan |
akèhe wolung prèkawis |
lire kang wolung prakara ||
16. Ingkang dhingin Paramasastra winarni |
limpat marang sastra |
kapindho Paramakawi |
têgêse putus ing kawya ||
17. Katri Mardibasa têgêsira bangkit |
mantêp têtêmbungan |
wilêt manis milangoni |
tangèh sinêndhu ing jalma ||
18. Kaping catur Mardawèng-lagu puniki |
têgêsira bisa |
gawe lêmês dhèmês mathis |
lalagon sasaminira ||
19. Kaping lima Awicarita jinarwi |
asugih carita |
samantra guna lirnèki |
mumpuni sugih kabisan ||
20. Kaping sapta Nawungkridha têgêsnèki |
lantip panglêpasan |
Sambegana jangkêpnèki |
têgêse iku elingan ||
21. De ugêre pandhita wolung prakawis |
kang dhihin Sih marang |
pra murid dènanggêp siwi |
kapindho Talatèn mulang ||
22. Katêlune tærtamtu Lumuh ing pamrih |
sêpi ing pangangkah |
pat Tanggap ing sasmitèki |
tampa pasêmoning siswa ||
23. Kaping lima Sêpên panggrayangan yêkti |
pangiraning siswa |
ping nêp Tan (m)balèkkên maring |
patakon sadhengah-dhengah ||
24. Kaping sapta Sirik yèn ngêndhaka maring |
kagunaning jalma |
astha Nir ngungkuli wasis |
lan nora gurualêman ||
25. Utamane pandhita wolung prakawis |
ingkang dhingin apan |

Jilid 3 - Kaca : 80

- Mulus sariane brêsih |
nora andarbèni cacad ||
26. Pindho Alusing wicara nora asring |
mimisuh supata |
dene ingkang kaping katri |
Jatmika ing solahbawa ||
27. Kaping pate Mantêp babudinirèki |
lima Paramarta |
labuhane pandhita di |
sad Patitis nalarira ||
28. Kaping pitu bêcik lalabêtanèki |
kawolu pungkasan |
pandhita apan pinasthi |
Nora duwe pakarêman ||
29. Amung iki panitike maha rêsi |
dene raganingwang |
mung mandhêg bisa cariwis |
tangèh lamun ngèmpêrana ||
30. Inggang kaya wolung êbab kaping katri |
nanging sri narendra |
têka condhong ing panggalih |
rumêntah sih trêsnanira ||
31. Pinaringan pangan nganggur anèng wukir |
sumiwèng sri nata |
amung lamun dèntimbali |
dene ta bêkti manira ||
32. Tan lyan muhung amumuja sabên ari |
raharjaning praja |
kasugêngannya narpati |
sagarwa putra santana ||
33. Kang pinundhi-pundhi ing satanah Jawi |
tumêkèng pungkasan |
lêstari darah narpati |
aja nganti kasêlanan ||
34. De sagunge sun wus rumangsa arja ji |
jêjêre kaplajar |
tansah jajar-jajar jijir |
isih jêmbêr nora jêmbar ||
35. Karsadalêm pangkat ajar pan sinami |
kalawan mutiyan |
utawi para ngulami |
nindakkên agama mulya ||
36. Mas Cêbolang sukèng tyas umatur aris |
sanadyan jêmbêra |

nanging kangjêng sri bupati |
condhong saha asih trêсна ||

37. Kadiparan yèn ulun têka ngèsêmi |
èsthining wardaya |
sumungkêm ing lair batin |
ngestokakên pangandika ||
38. Nuwun mugi paringa ngibadah jati |
agami minulya |
sarak sarengate Nabi |
Mukhamadinil Mustapa ||

16 6. Bab sumêbaripun kawruh agami Islam ing Tanah Jawi manut pêpiridan wiwit sedanipun Sunan Ngampèl, para wali lajêng sami ngrêmbag ngèlmu Kajatènipun Pangeran: Cariyos bêdhahipun Giri ngantos lolosipun Jayèngrêsmi, Jayèngsari tuwin Rancangkapti; Wêjangan 8 pangkat ingkang kaparingakên dening Kangjêng Sultan Agung namung dhatêng panêmbahan Rama ing Kajoran. Mas Cêbolang kaprayogèkakên maguru dhatêng Kajoran. ... kaca 81-84.

Jilid 3 - Kaca : 81

39. Sumêbaring tumrapipun tanah Jawi |
kawruh tanah Arab |
nalika jaman punapi |
kapungkur agami Buddha ||

195. Pangkur

1. Ki Ajar alon ngandika |
patitising titi mangsanirèki |
kulup aku nora wêruh |
mung saka kira-kira |
pipiridan awit ing caritanipun |
sasedane (n)Jêng Susunan |
minulya ing Ngampèlgadhing ||
2. Waliyolah tanah Jawa |
padha karsa ambuka ngèlmi gaib |
ingkang dadya wijinipun |
ing wirit wawêjangan |
surasane ngèlmu kasampurnan agung |
dhewe-dhewe wiridira |
nanging nunggal rasanèki ||
3. Ingkang dhingin saangkatan |
kala jaman awaling Dêmak nagri |
sanggyaning waliyolahu |
ingkang karsa amêjang |
nora luwih bêbakune namung wolu |
sumêbar satanah Jawa |
babu babon (m)babar bibit ||
4. Sawiji Kangjêng Suhunan |
kang dhêdhèpok Girikadhaton nguni |
iku wêwêjanganipun |

wisikan Ananing Dat |
loro Kangjêng Suhunan ing Tandhês iku |
wêwêjanganing wêdharan |
Wahananing Datolahi ||

5. Katêlu (n)Jêng Susuhunan |
ing Majagung wêwêjanganèki |
glaran Kaananing Dat-u |
papat (n)Jêng Sunan Benang |
wawêjanganira ing Pambukanipun |
Tata Malige Iwih endah |
ing dalêm Betal Makmuri ||
6. Kalima Kangjêng Susunan |
Muryapada wêjangan pambukaning |
Tata Malige linuhung |
dalêm Betal Mukaram |
nêm (n)Jêng Sunan Kalinyamat wêjangipun |
Pambuka Tata Maligya |
dalêm Betal Mukadasi ||
7. Sapta Kangjêng Susuhunan |
Gunungjati wawêjangannya titis |
Panêtêp santosanipun |
Imaning kang manungsa |
wolu Kangjêng Suhunan Kajênar luhung |
wêjangane Sasahidan |
ganêp wolu para wali ||
8. Ing sa-angkatan manèh kala |
jamanira akiring Dêmak nagri |
tumêka ing jamanipun |
karaton nagri Pajang |
para wali kang karsa amêjang ngèlmu |
iya mung wolu balaka |
nora nana maning-maning ||
9. Sawiji Kangjêng Suhunan |
Giri Prapèn kang (m)balela narpati |
ing samangke wus kapikut |
binêkta mring Mantaram |
garwa putra sawadyane nora kantun |
atanapi rajabrana |
jinarahan gusis tapis ||
10. Mung putra saka ampeyan |
jalu loro sawiji kang pawèstri |
Jayèngrêsmi kang asêpuh |
anulya Jayèngsêkar |
wuragile dyah Rancangkapti pinunjul |
bêdhahe ing Giripura |
Jayèngrêsmi nulya anis ||

Jilid 3 - Kaca : 82

11. Arine kakalih myarsa |
 Jayèngsari kalawan Rancangkapti |
 sumusul ing kadang sêpuh |
 ananging seje paran |
 dene ingkang ambêdhah ing Giri mau |
 Pangran Pêkik Surabaya |
 kaipe (n)Jêng sri bupati ||
12. Nulya ngutus kajinêman |
 angupaya putra putri kang anis |
 nanging parmaning Hyang Agung |
 kanti têkan samangkya |
 durung ana pawarta lamun kapikut |
 kabar kabur kang binabar |
 citraning dyah Rancangkapti ||
13. Salumahing Jawa Wetan |
 tangèh lamun ana-a kang amirit |
 dhasare ayu pinunjul |
 cacade amung waja |
 rada gingsul manis mêrakakên kalbu |
 upama iku dadiya |
 jodhomu langkung utami ||
14. Nanging paran pangupaya |
 rêhning lagi piningit ing Hyang Widdhi |
 Mas Cêbolang duk angrungu |
 kumêmbêng waspanira |
 ketang wêlas marang kang anis ngêlangut |
 locitaning tyas prasêtya |
 ingsun nora niyat rabi ||
15. Liyaning dyah Rancangkaptya |
 dene lagi miyarsa pawarti |
 kataman ing lara gandrung |
 ngêndi (ng)gonku ngupaya |
 sira rara kang asung gandrung mangunkung |
 sukalila praptêng lena |
 yèn tan panggih sira gusti ||
16. Ki Ajar dupi uninga |
 Mas Cêbolang kumêmbêng mambu-ati |
 suka gumuyu lingnya rum |
 apa kang dadi sabab |
 têka sira kumêmbêng arsa wêtu luh |
 dudu sanak dudu kadang |
 krungu warta lagi mangkin ||
17. Mendah yèn wus uninga-a |
 baya banjur kalêngêr nini-nini |
 Mas Cêbolang mêtèk matur |
 sêrêt kédaling sabda |
 dhuh sang dinya mugi jarwa-a satuhu |
 paran ing wusananira |

kang samya kawêlas asih ||

18. Kang iku walahu'alam |
bokmanawa yèn pinarêng ing Widdhi |
kacatur dumadya kumpul |
nèng jaman kaênêngan |
ah wis kulup iki gunêm yèn kabanjur |
basane (m)buka warana |
olèh sikuning Hyang Widdhi ||
19. Punting tyas dipracaya |
nênging nala kumandêl ing Hyang Widdhi |
(m)balèni caritaningsun |
wali kang arsa mêjang |
sawiji (n)Jêng Sunan Giri Prapèn wau |
wawêjanganira apan |
wisikan Ananing Dat-i ||
20. Loro Kangjêng Susuhunan |
ing Darajat wawêjangan wêdharing |
Wahananing Datolah-u |
katêlu (n)Jêng Susuhunan |
Ngatasangin dene wawêjanganipun |
gêlaran Kaananing Dat |
sakawanne kang winarni ||
21. (n)Jêng Suhunan Kalijaga |
ajujuluk Sèh Malaya Ki Sahid |
karêm mring ora puniku |
wêjanganing pambuka |
Tata Malige ing dalêm Betal Makmur |
banjur (m)babar ingkang dadya |
parabotira kang wirid ||
22. Amatrapakên punika |
panjênêngan ing ê-Dat sadayèki |
ananging ta durung turut |
patrap panganggenira |
ing sawiji wijining parabot wau |
kalimane (n)Jêng Suhunan |
ing Têmbayat kang mandhiri ||
23. Linilan dening gurunya |
iya iku Kangjêng Suhunan Kali |
wiridkên wêjanganipun |
pambukane kang Tata |
Malige ing dalêm Betal Mukaram-u |
kanême Kangjêng Suhunan |
ing Padusan dhepoknèki ||
24. Wawêjanganira apan |
pambukaning Tata Malige adi |
dalêm Betal Mukadasu |
kasapta kang paparab |
Kangjêng Sunan ing Kudus wêjanganipun |

25. (n)Jêng Sunan Gêsêng ka-astha |
Sasahidan wawêjanganirèki |
mungguh wawêjangan wolu |
surasane anunggal |
marga saka piridan pamêjangipun |
(n)Jêng Suhunan Ngampèldènta |
barêng tumêka saiki ||
26. Wawêjangan wolung pangkat |
karsadalêm Sultan Agung Mantawis |
kaimpun saprabotipun |
supayane mutamat |
surasane sakèhe wêjangan wau |
puniku banjur kababar |
dadi wawêjangan siji ||
27. Sawuse cundhuk kalawan |
kawruhira para kang ahli ngèlmi |
saka karsadalêm mau |
kang karilan miridna |
wawêjangan wowolu kang wus kinumpul |
uga wolu kang winênang |
liyane tan dènllilani ||
28. Panêmbahan Purubaya |
Panêmbahan Juminah lawan malih |
nama Panêmbahan Ratu |
Ratu Pêkik parabnya |
Panêmbahan Jurukithing ing Mantarum |
Pangran Kadilangu lawan |
Pangran Têmbayat palinggih ||
29. Maninge Pangran Kajoran |
Panêmbahan Rama jujuluknèki |
Pangran ing Wangga kawolu |
iku pamyarsaningwang |
nora nana alane yèn sira sarju |
niyat arêp puruita |
ingsun bangêt anjurungi ||
30. Mas Cêbolang duk miyarsa |
saya giyuh keron ingkang kaèsthi |
wêkasan nir sêdya suwung |
kumambang karsaning Hyang |
matur aris dhuh risang mardawèng laku |
aywa kirang pangaksama |
bilih kaparênging galih ||
31. Benjing enjing wanci pajar |
kalilana pun patik nyuwun pamit |
mundur saking ing Kêpurun |

tambah paranning sêdya |
lumaksana timbalanira Hyang Agung |
Ki Ajar suka ngandika |
aywa pêgat ngati-ati ||

32. Tan luwih pangèstuningwang |
myang pujarja muga Hyang Odipati |
nêmbadanana sakayun |
Cêbolang ngraup pada |
lan santrinya catur samya ngaras suku |
mundur saking ing ngajêngan |
wangsul mring pondhokanèki ||

17 VIII. Mas Cêbolang dumugi ing Prambanan, nyipêng griyanipun Lurah Harsana. Ningali Candhi Sèwu, Candhi Jonggrang sarta mirêngakên dongèngipun wiwit jaman Prabu Dewanata ing Pêngging, Prabu Dipanata ing Salêmbi mêngsah Prabu Karungkala ing Prambanan ngantos Bandung Bandawasa nyipta Candhi Sèwu lan Rara Jonggrang dados rêca. Ing nalika ingkang jumênêng ing Prambanan Prabu Baka, kêrsa nglalipur panggalih kanthi abên sawung. Sang pramèswari kalihan para garwaning abdidalêm ngawontênakên lêlangên abên gêmak lan abên kêmiri. Punika wiwitipun ing Tanah Jawi wontên lêlangên abên-abên wau. ... kaca 85-131.

Jilid 3 - Kaca : 85

33. Kakang Nurwitri Saloka |
Kartipala kalawan Palakarti |
padha bêrdandanna gupuh |
têngah dalu lumampah |
karêntêging tyasingsun ngetan mangidul |
sandika kang sinung sabda |
sawusira amiranti ||
34. Tumurun saking ngasrama |
titi sonya wus ngancik gagat enjing |
sukèng tyas risang nahênkung |
miyat rêngganing tawang |
taranggana sumunare wèh mawêlu |
kalindhiih cahyaning candra |
kaping salawe marêngi ||
35. Alon wau tindakira |
miyarsakkên ungêling paksi-paksi |
srigunting munya jêthithut |
kacêr sikatan tanggap |
mêdhar swara cocak kuthilang ambarung |
jalak-urèn pênyu kadya |
anyênggaki lantik-lantik ||
36. Jêkikèring ayamwana |
tuhi kolik sauran ngêlik-ngêlik |
bêrkutut anduduk layu |
dêrkuku bêbêkuran |
tangèh lamun ucapên langêning manuk |
mawèh sênênging wardaya |

suka kang andon lumaris ||

37. Wanci bangun praptèng ngandhap |
Sang Hyang Surya mungup saking jaladri |
miyak lamuking kang gunung |
rêmu-rêmu rêspatya |
saput siti nulya Hyang Baskara mungup |
anèng pucaking ngaldaka |
madhangi sakèh dumadi ||
38. Rame kang anggarap sawah |
dhangir têngal têngbangan lantik-lantik |
nora tiba pada (n)dlujur |
angêlik sak-sayaha |
sasênggakan ja lali lo titipaku |
gambir bako ya mas ya mas |
bubar panèn dak tikêli ||
39. Suka kang andon lumampah |
Ki Nurwitri Saloka mijêt ati |
dudu padon si dêruhun |
baya mamèrkên swara |
dudu uwong ngêlik kaya asu (m)baung |
otote pating karêncang |
matane pating pandêlik ||
40. Ana sawiji jajaka |
dhasar blatèr swarane rata apik |
sugih apilan puniku |
labête kêrêp manjak |
nunggang luku uning kang andon lumaku |
tandya ki jaka ra-ura |
gumlangga wilêt patitis ||
41. Sawi janur kula ya mas |
gandariya gandhung kang pindha warni |
kêmbang kapas kapilêngkung |
jroning tyas kudhandhangan |
pêksa ngarang wursita kawarnèng kidung |
lêsung dawa tadhah udan |
kêpalang tuna ing budi ||
42. Tur durung wêruh pa pincang |
mandèkneya kumudu mudun bumi |
pindha kridhaning para nung |
mêdhar mawantra-sita |
bocah cilik klambi abang ikêt wulung |
manthêng pamèting lukita |
yayah wikramèng pangèsthi ||
43. Ana kacang nunggang tela |
wus kacihna ajaran durung bangkit |
kêmbang salak sari nyamplung |
ngathêkêr nitrèng kata |

Jilid 3 - Kaca : 86

mung kinarya tambêl butuh trima lowung |
kampyang lawang saupama |
tangèh wruh lèrèging kawi ||

44. Wadhuk pitik (ng)gih man dhoplang |
kil-kil bungkil cagak awak ya sikil |
tan tolèh ing sarusiku |
saking siguging basa |
basakneya basane bangsa sinau |
macan tenong sarwa cingkrang |
mardawa mardining wadi ||
45. Pitik-walik saba jogan |
kranjang blarak mas ngantèn kandhang pitik |
yèn bisa-a kang ginilut |
pindha pra pramèngsastra |
nanging wêgah kawêkèn ngupaya têmbung |
abang-abang dudu kidang |
kongsi wêgah mamasani ||
46. Wus katon kang wawangsalan |
korèk-korèk kêpèke dèn-gojagi |
antuke mung pak boletus |
prandene sotaning tyas |
lelewane napak tilas pra pinutus |
pindhang lulang kacèk apa |
lawan ingkang sugih picis ||
47. Dadya rindhik kang lumampah |
samyà kèndêl nahan kang nambutkardi |
maspadakkên kang lumaku |
sawênèh ana ngucap |
pyayi ngèndi dene wayahe kêmlancur |
njlanthir kaya kêcik bajang |
sêdyane marang ing ngèndi ||
48. Mampira mring wismaningwang |
dak (ng)go bibit têmbene mèn mêtoni |
ya ngono kang apa (n)jaluk |
kang sinung ujar ngakak |
aku trima (m)belakke anakmu gèndhuk |
gèdhèg-gèdhèg kèdhèp tèsmak |
lir mêngdêm Pucung ngacuwis ||

196. Pocung

1. Lampahipun ing Kêpurun wus kapungkur |
ngancik ing Prambanan |
surya mèh tumamèng wukir |
lêrêm anèng ngèrèng-èrèng pinggir jurang ||
2. Samya lungguh nèng ngisoring mandera-gung |
suluring mandera |
nutup rapêt padhas-curi |

ngêmbês ngêtuk saking sukuning kang arga ||

3. Ting karêncang tumali ing watu-watu |
pucuk nyongat pêthak |
amarêntul mijil warih |
tètèsing kang toya tumibèng ing sela ||
4. Têmah nglumpuk kalêmpaking toya wau |
marawayan marang |
sumbêr toyanira wêning |
mina alit-alit gumêbyar liwêran ||
5. Sru kacaryan miyat wêninging kang ranu |
myang solahing mina |
sang andon mring têpi warih |
ngayêm-ayêm sarira cacawuk toya ||
6. Nulya wontên pawèstri kang ayun ngangsu |
kandhêg lampahira |
Palakarti lingira ris |
(n)dawêg adhi lajêng angambila toya ||
7. Lah ing ngriki pundi namane kang dhusun |
pangagênge napa |
umbul békêl kenthol tinggi |
lurah miwah ing pundi pagriyanira ||
8. Inggih ngriki Parambanan ranning dhusun |
ki lurah Harsana |
kang dados pangagêngnèki |
kwajibannya rumêksa candhi sadaya ||
9. Candhi Sèwu candhi Jonggrangan puniku |
kèndêla sakêdhap |
kula poyanane dhisik |
nulya wangsul kang arsa ngangsu mring sêndhang ||
10. Praptanipun kalurahan kulanuwun |
ki lurah ing sêndhang |
wontên dhatêngan ki santri |
ingkang kalih taksih anèm anjênthara ||
11. Radi bêsus jatmika pasêmonipun |
Harsana duk myarsa |
nyandhak sarung langking aglis |
kinalungkên anyangking kudhi tarantang ||
12. Bêluk-bêluk èh-èh êmbokne si gêndhuk |
anggodhoga wedang |
adanga bêras kang wangi |
nyambêlèha pitik cêmani kang dhra ||
13. Wus umentar praptèng sêndhang mundhuk-mundhuk |
Mas Cêbolang tanggap |
Harsana asung pambagi |

14. Ajarwaa sinambat sintên wong bagus |
ing pundi pinangka |
miwah arsa dhatêng pundi |
yèn kaparêng lèrèha ing wismakula ||
15. Cêbolang ngling kula santri saking Kêdhu |
anama Cêbolang |
punika nama Nurwitri |
Ki Saloka Palakarti Kartipala ||
16. Sêdya ngluyug anut saparanning suku |
yèn kapadhan karsa |
ulun ayun aningali |
candhi-candhi wawêngkoning Parambanan ||
17. Ki Harsana panuju sru sukèng kalbu |
kapasang sayogya |
sawarnining candhi-candhi |
rêca-rêca kula kang wajib rumêksa ||
18. Wawi bagus rumahun mring candhi Sèwu |
lajêng mring Jonggrangan |
sampuning ningali candhi |
mangke dalu sipênga ing wismakula ||
19. Lumaksana lurah Harsana nêng ngayun |
Cêbolang kalawan |
catur santri atutwuri |
tan pantara dangu praptèng candhi Sasra ||
20. Winursita candhi Sèwu manggènipun |
anèng ngara-ara |
ragi mênggêr sawatawis |
papan wradin pasagi binatur sela ||
21. Inggilipun sapanjongak kadung-kadung |
gapura majupat |
pratisthèng têngah capuri |
minggahipun mawa dhak-undhakan astha ||
22. Pipining kang gapura sakawan wau |
sinungan gupala |
gêng luhur jegrang ngajrihi |
mandhi gada pindha Hyang Cingkarabala ||
23. Candhi alit lir wisma pajagan dhapur |
thinarik tinata |
ngubêngi kanang capuri |
kathahipun kalihat sadayanya ||
24. Jrambah nginggil sinarasah sela alus |
têngahing jrambah |

candhi gung luhur mantêsi |
catur tajug blowong pasagi têngahnya ||

25. Sisih kidul mawa gothaka tan têrus |
kilèn êlèr samya |
gothaka buntu tulya-sri |
rinarêngga ingukir pinatrap puspa ||
26. Namung wêtan sinungan gapura luhung |
sela rinumpaka |
lung-lungan rêmit rêspati |
apapindha pêksi ngrabasèng puspita ||
27. Margi têrus anjog kalowongan wau |
nanging tan warata |
mawi mangandhap manginggil |
tri onjotan tumurun praptèng lowongan ||
28. Kang samya non ngubêngi capuri kêmput |
wangsul ing gapura |
kang êlèr tandya manginggil |
praptèng jrambah rêsik agasik warata ||
29. Amalipir mangilèn ing lampahipun |
duk praptèng jrambah |
kang kidul Cêbolang angling |
pucak candhi katingal papak warata ||
30. Drêng kapencut arsa uning pucakipun |
punapa wontêna |
margi atanapi kenging |
minggah maring pucaking candhi punika ||
31. Kang sinung ling Ki Harsana lingira rum |
(ng)gèr kauningana |
botên wontên margi malih |
lan punika ngalowong dumugi ngandhap ||
32. Wawi laju praptèng sisih wetan (n)dulu |
gapura rinêngga |
dangu dènnira ningali |
ascarya (m)bêg miyat rêmiting garapan ||
33. Cêbolang ngling punapi kenging lumêbu |
lah bagus sumangga |
janji kula ingkang ngirid |
ingkang sampun sêpên ingkang kara-kara ||
34. Samya mangsuk margi minggah gya tumurun |
sabên saonjotan |
wontên gapuranya alit |
gapura kang pungkasan kilèn dyan mandhap ||

Jilid 3 - Kaca : 89

35. Praptèng têngahing candhi jarambah alus |
 wradin rêsik gilap |
 sapangandhap sapanginggil |
 rêsik gasik nir lumut simbar myang katang ||
36. Samya ngungun Nurwitri tatanya arum |
 bilih mangsa jawah |
 punapi tan kilèn warih |
 dene botên wontên tabête kang toya ||
37. Lamun nglumut iba ta rêkaosipun |
 anggènnipun (m)bucal |
 sagêde rêsik gumrining |
 Ki Harsana gumujêng alon lingira ||
38. Lêbêt ulun mariki saèstu amung |
 yèn wontên dhatêngan |
 ingkang kaparêng ningali |
 kilap inggih têka makatên kewala ||
39. Sajêgulun saèstu dèrèng sumurup |
 kleyang ingkang dhawah |
 wontên ing nglêbêt puniki |
 dalah lêbu blêdug tan ana tumiba ||
40. Wawi sampun bokbilih botên kacukup |
 ningali Jonggrangan |
 sêlak kasaput ing ratri |
 wus umêdal praptèng jawining gothaka ||
41. Dyan tumurun mêdal gapura kang kidul |
 lajêng lampahira |
 miyat candhi alit-alit |
 candhi Lumbung pasagi majêng mangetan ||
42. Pungkas kidul candhi Pawon namanipun |
 ajênge mangetan |
 gothak têrus dèn-lêbêti |
 mêdal laju ngidul-ngilèn lampahira ||
43. Santri catur prasamya imbalan wuwus |
 eramku tan kêndhat |
 sabên uning candhi-candhi |
 panggarape kaya paran duk ing kuna ||
44. Nurwitri kiraku pujan sadarum |
 crita jaman Buda |
 padha bêtah tèki-tèki |
 pramilane panyuwunne krêp katêkan ||
45. Kartipala angling ingkang candhi Mëndut |
 tatale kang sela |
 ngundhung-undhung kadi wukir |

Jilid 3 - Kaca : 90

dadya cihna dadine candhi kinarya ||

46. O o iya ewuh tēmên kiraningsun |
wis ta êmbuh kakang |
pikirku nora dumugi |
pak Harsana pundi ing candhi Jonggrangan ||
47. Kilèn niku (ng)gèr sing (ng)gamêng kadya dhusun |
nahên lampahira |
wus (n)dungkap minggah sakêdhik |
myat capuri kinubêng cêpaka pêthak ||
48. Jênar arum candhana kumuning mlêtuk |
myang pacar kênanga |
cina warsiki srigadhing |
nagasari rêjasa kananga soka ||
49. Samya sêdhêng iya (m)babar ganda arum |
kasilir maruta |
nampêg kang andon lumaris |
kataman ing ganda rum sarira sumyah ||
50. Èrèng-èrèng klapa dênta mubêng kêmut |
myang klapa mawarna |
sinêling lan jambe wangi |
mayangmêkar Sinome candhi Jonggrangan ||

Jilid 3 - Kaca : 91

197. Sinom

1. Ambanon binatur sela |
mangidul ujurirèki |
inggil sapundhak watara |
dhak-undhakan tundha katri |
têmu-gêlang ngubêngi |
jrambah nginggil siti alus |
sêkar-sêkar mawarna |
ngrênggani kang astha candhi |
inggang mungging babagan candhi Jonggrangan ||
2. Ananing candhi winarna |
sisih wetan cacah katri |
samyang ngilèn ajêngira |
sisih kilèn ugi katri |
mangetan ajêgnèki |
ajêng-ajêngan katêlu |
sisih èlèr satunggal |
mangidul ajêngirèki |
sisih kidul satunggal ngalèr ajêngnya ||
3. Kang mungging padon lor-wetan |
candhi Uma namanèki |
pasagi sarasah sela |
datan mawi pininggit |
ngandhap praptaning nginggil |
tigawêlas tlundhkipun |

isi rêca sakawan |
maju-pat manggènnirèki |
Dèwi Uma Sang Hyang Brama Lodra Kala ||

4. Sakiduling candhi Uma |
têngah lèrès ing botrawi |
winastan candhi Andana |
mangilèn lajêngirèki |
gêng-inggil langkung kèdhik |
lawan candhi Uma wau |
dhak-undhakan sawêlas |
jrambah srasah sela langking |
pininggit nanging wus kathah kang risak ||
5. Pasagi kang wawangunan |
isi rêca kawan siki |
nèng têngah Lèmbu Andana |
mangilèn ajêngirèki |
Lèmbu Andini mungging |
pojok kidul-kilènipun |
mangalèr ajêngira |
Lèmbu Andini ingapit |
rata mawi pangirit kuda sajajar ||
6. Ingkang anèng kidul-wetan |
winastanan candhi ê-Sri |
pasagi sinrasah sela |
datan mawi pininggit |
kêmbar lan Uma candhi |
sami triwêlas mandhuwur |
rêca catur maju-pat |
Sri kilèn amangku margi |
kang lèr Maya Endra kidul Guru wetan ||
7. Nèng kidul dumunung têngah |
sakilèning candhi ê-Sri |
winastanan candhi Candra |
mangalèr ajêngirèki |
pasagi andhap alit |
undhak-undhakannya pitu |
jarambah sinarasah |
sela krêsna tan rininggit |
rêcanira sajuga nama Hyang Candra ||
8. Ing pojok kidul-precima |
candhi Brama wastanèki |
pasagi sinrasah sela |
datan mawi pininggit |
jêng-ajêngan lawan Sri |
undhak-undhakan salangkung |
têngah ingkang jarambah |
kadi sumur tinon wingit |
rêca tiga majêng ngalèr ngidul ngetan ||

Jilid 3 - Kaca : 92

9. Kang pênêr ing dhak-undhakan |
 mangkya Brama amandhiri |
 busana cawêt kewala |
 Sang Hyang Bayu ingkang mungging |
 ing sakidul parigi |
 de kang anèng loring sumur |
 winastan Sang Hyang Kala |
 langkêp busananirèki |
 samya ngadêg tumèmplèk ing papan sela ||
10. Salèring kang candhi Brama |
 têngah lèrês binotrawi |
 majêng ngetan jêng-ajêngan |
 kalawan Andini candhi |
 agung luhur pribadi |
 punika ingkang sinêbut |
 nênggih candhi Jonggrangan |
 de candhi sapta gêng alit |
 grêbanipun anama candhi Jonggrangan ||
11. Maju-pat margine minggah |
 mawa dhak-undhakan sami |
 ing kiwa têngên sinungan |
 papagêr sela ingukir |
 wawangunan pasagi |
 sinarasah sela alus |
 pinaringgit rinêngga |
 ingukir gambaran adi |
 lalampahanira Sang Bathara Rama ||
12. Wit linggar saking Ngayodya |
 dumugi pêjahirèki |
 sang buminata Ngalêngka |
 mila gambaran mawarni |
 ana kang kadi jalmi |
 lir wanara pêksi diyu |
 tanapi kakajêngan |
 arga wana myang jaladri |
 wandanira tan pae kalawan rêca ||
13. Satêngahing kang jarambah |
 candhi sawatawis inggil |
 dhapur tajug sawatara |
 sakawan wadana mawi |
 gothaka pênêr margi |
 kang nêng jroning gothakèku |
 nênggih kang sisih wetan |
 lèrês marginya manginggil |
 apan warni tumpakan lirpendah sima ||
14. Ing sangajênging gothaka |
 rêca cawêt amandhiri |
 winastanan Sang Hyang Siwah |
 ngajêngan sumuran alit |
 sirah naga nutupi |

gothaka kang sisih kidul |
rêca marabot lênggah |
wasta Hyang Kanekasiwi |
ingkang manggon gothaka kilèn winarna ||

15. Rêca lênggah sirah gajah |
marabot Hyang Gana nami |
nahan kang anèng gothaka |
ing sisih êlèr winarni |
rêca mrabot mandhiri |
sakawan astanirèki |
satunggal ngasta sêkar |
tumèmplèk grananirèki |
kang sajuga ngasta cis kalih nèng dhadha ||

Jilid 3 - Kaca : 93

16. Cakêt suku ingkang ngarsa |
rêca alit-alit kalih |
punika ingkang winastan |
Rara Jonggrang narambahi |
naming kanang candhi |
kang nèng lèr-kilèn winuwus |
salèring candhi Jonggrang |
candhi Wisnu namanèki |
majêng ngetan jêng-ajêngan candhi Uma ||

17. Pasagi sinrasah sela |
datan mawi pinaringgit |
kêmbar lawan candhi Brama |
têngahing jarambah mawi |
[. . .] |
sumuran singit asingup |
rêca tri kang nèng wetan |
pênêr marginya manginggil |
ran Hyang Wisnu mandhiri cawêt kewala ||

18. Hyang Endra kidul sumuran |
lèr sumur Hyang Bayu nami |
marabot mandhiri samya |
tumèmplèk papan rêspati |
kang mungging lèr mungkasi |
candhi Surya majêng ngidul |
kêmbar lan candhi Candra |
sapta dhak-undhakanèki |
nèng têngahing candhi Wisnu lawan Uma ||

19. Sigêg gantya Ki Harsana |
dènyanya ngirid sampun prapti |
sakiduling candhi Uma |
samya ngaso ngaring-aring |
Harsana lingira ris |
lah suwawi anak bagus |
minggah mring candhi Uma |
inggih kang êlèr puniki |

sayogyaning Cêbolang sarencangira ||

20. Wus tamat dènnira mulat |
tumurun mangidul kèdhik |
minggah mring candhi Andana |
tamat dènnira ningali |
tumurun ngidul malih |
minggah candhi Sri puniku |
wus tamat dènnya mulat |
tumurun mangidul kèdhik |
nulya minggah mangidul mring candhi Candra ||
21. Tan dangu tumurun sigra |
mapan ngilèn tan atêbih |
minggah maring candhi Brama |
tamat dènnira umèksi |
Harsana tansah criwis |
mêdharakên namanipun |
candhi myang rêca-rêca |
ingkang samya dèntingali |
gya tumurun ngalèr mring candhi Jonggrangan ||
22. Margine minggah marapat |
wetane kang dènunggahi |
praptèng sumur tutup naga |
mangidul lampahirèki |
nêkuk mangilèn nuli |
gadhug pojok dyan manêkuk |
ngalèr gadhug padonan |
mangetan lampahirèki |
praptèng ngajèng gothakaning Rara Jonggrang ||
23. Ki Harsana lon lingira |
lah punika iloknèki |
ingkang anama Jonggrangan |
suwawi dipunlêbêti |
Cêbolang catur santri |
lumêbêt mambêt ganda rum |
sêkar konyoh angambar |
padupane tharik-tharik |
turut pinggir lawan tepas rara tumpak ||
24. Rêca Jonggrang ginarayang |
alus kalimis kumlinthing |
sajatine sanès sela |
tamat dènnira ningali |
mêdale tanya maring |
Ki Harsana èstunipun |
rêca (m)bok Rara Jonggrang |
dene alus kumalinthing |
anggèr niku sayêktose sanès sela ||
25. Criyose kang wus suwarga |
punika parunggu yêkti |

Jilid 3 - Kaca : 94

- Nurwitri njlimêt umiyat |
 corèkan kang mungging ringgit |
 kêmput dènnya ningali |
 tanya gambar punapèku |
 criyose (ng)gih punika |
 Bathara Rama ing nguni |
 putra nata nagri Ngayudya Indhustan ||
26. Nurwitri alatah-latah |
 kathah èmpêripun inggih |
 wontên gambare wanudya |
 tan kêmbên anèng ngisor wit |
 nginggiling uwit mawi |
 kadi wanara mêtangkruk |
 kula èngêt samana |
 têmbung têmbungipun kawi |
 jawanipun Anoman uwus malumpat ||
27. Praptèng witing nagapuspa |
 mulat mangandhap umèksi |
 wanudya yu aking kêra |
 gèlung risak awor siti |
 kang iga-iga kèksi |
 tanpa kêmbên jatosipun |
 punika nyatanira |
 Ki Harsana inggih-inggih |
 wus tumurun mangsuli margi duk minggah ||
28. Atatanya kadiparan |
 sêkar konyoh amênuhi |
 padupanipun angambra |
 Harsana aris nauri |
 sabên pêkênan ngriki |
 kathah para bakul-bakul |
 tanapi palanyahan |
 samya nyunyuwun supadi |
 gangsar laris (ng)gènnipun ngupaya têtaha ||
29. Utawi yèn dintên malang |
 malêm Jumngah (ng)Gara-kasih |
 ugi kathah ingkang samya |
 atur dupa buratwangi |
 kula nuwun tan uning |
 kang dadya panuwunipun |
 manawi dipun-nalar |
 èstu tan panggih-pinanggih |
 pundi wontên arca asung kamirahan ||
30. Ananging sampun dilalah |
 (m)bokmanawi awit saking |
 kang yasa bêtah cacêgah |
 dumadi manungsa luwih |
 tyas manggung ênêng-ênging |
 katrima panyuwunipun |
 dumugi ing samangkya |

katrimahe nyarambahi |
kang sinung ling manthuk-manthuk sadayanya ||

Jilid 3 - Kaca : 95

31. Gya mangalèr lampahira |
candhi Wisnu deninggahi |
wus tamat dènnya tumingal |
tumurun ngetan sakêdhik |
mangalèr minggah candhi |
Surya tan pantara dangu |
tumurun gya mangetan |
wangsul kidul Uma candhi |
samyà kèndèl Mas Cêbolang ngunandika ||
32. Candhi bagus sadayanya |
rêca apik-apik sami |
nanging wus akèh kang rusak |
kari Jonggrangan kang apik |
wanci surup Hyang Rawi |
gantya Sang Hyang Wulan timbul |
nyunari sabuwana |
enggar rarywa alit-alit |
jalu èstri gumêrah samya dolanan ||
33. Harsana manis lingira |
sèstu kula-aturi |
lêrêm dhatêng griyaningwang |
Mas Cêbolang nayogyani |
tandya samya lumaris |
prapta pakaranganipun |
lumêbêt mring pandhapa |
nèng salu wus dèn-gêlari |
klasa batu lêmir kèntèl pêthak-pêthak ||
34. Pasugata wus tinata |
wedang têmu kêmpling-kêmpling |
linalapan gêndhis klapa |
cinithak samripat kucing |
pêthake sêmu kuning |
kêthak-kêthak nanging êmpuk |
nyamikan gêmbalong jadah |
jênang dodol lawan wajik |
kêtan salak gula sêmut karasikan ||
35. Pondhoh pudhak abrit pêthak |
jênang pala arum gurih |
jênang durèn jênang nangka |
sadaya binuntêl upih |
tumumpang anèng piring |
ontongan kalobot alus |
têmbakone garangan |
upêt mancung alus gilig |
slêpa alus kêbak bon-abone sêdhah ||

36. Ki wisma ngling lah sumangga |
sawontêne dènrahabi |
lumayan jampi katoran |
manawi sampun dumugi |
lèlèh-lèlèh prayogi |
pambingkasing suku rasuh |
sasmita Mas Cêbolang |
mring catur santrinirèki |
samyah rahab minum wedang nyanyamikan ||

37. Bikut ngladosi ki wisma |
wedang lukak dèn-êjogi |
sawontêne nyanyamikan |
linarihakên waradin |
dadya tamunirèki |
sabaya sêmada tuwuk |
suwawi dinugèkna |
ulun amit malbèng panti |
ambejani dhumatêng (m)bok-jêngandika ||

Jilid 3 - Kaca : 96

38. Cêbolang (n)dhêku lingira |
saèstu botên (n)darbèni |
rikuh pakèwêt wus kadya |
nèng (ng)gonne yayah pribadi |
enggar kiyai panti |
kaduga sajroning kalbu |
malbèng mring wisma tanya |
(m)bokne apa wus miranti |
kirang kèdhik sawêg ngêngêt sate ayam ||

39. Galembah piyik kêmbaran |
sawêg sami dènwadhahi |
nahan tamu kang tinilar |
lèlèh-lèlèh rêm-rêm pitik |
wênganing lawang kori |
Ki Wisma médal rumuhun |
paladèn pinrentahan |
angundurkên dhaharan |
glis wis ginanti anduduk sunggata nadhah ||

198. Mègatruh

1. Dyan tinata ajang kinênongan sêkul |
ulam rinampat mawarni |
jangan cupang sambêl jagung |
pêcêl-pitik jangan mênir |
lodhoh pindhang ayam bumbon ||

2. Sambêl ulêg trasi abrit radi kaduk |
lalabanira mawarni |
rampunging panatanipun |
tamune wus samya linggih |
Lurah Harsana lingnya lon ||

3. Lah suwawi punika barkahing ratu |
 prayogi dipunrahabi |
 kang sinung ling samya (n)dhêku |
 sawusira awawanting |
 Bismilah gya nadhah alon ||
4. Ki wisma ngling sampun mawi kadhung-kadhung |
 ulun iki mung sadrêmi |
 makatên (ng)gèr êliripun |
 kula piningan sabin |
 tigang êjung dados lungguh ||
5. Wah ampilan kathahipun gangsal êjung |
 punika pirantosnèki |
 sêgah ing sawarnipun |
 kang sami ningali candhi |
 lajêng lèrèh griyaningong ||
6. Myang sudhiya sasipêngan ingkang patut |
 bilih ngantos nguciwani |
 èstu kataman babêndu |
 Cêbolang sasantrinèki |
 (n)donga ngluhurkên sang katong ||

Jilid 3 - Kaca : 97

7. Pragat donga anadhah malih pikantuk |
 galembuh kang dènparêngi |
 wus dumugi dènnya kêmbul |
 mundur wowohan gumanti |
 salak kêpêl pisang-katong ||
8. Wedang bubuk kênthêl gêndhise ginêbyur |
 sabun-pisangmas binrêndhil |
 punika pamangsêgipun |
 miwah pangusaping amis |
 kang sinung ling samya dhokoh ||
9. Wusnya tutug wênèh dègan miwah udut |
 Harsana eca manggihi |
 Mas Cêbolang tatanya rum |
 wontênipun candhi-candhi |
 nguni paran kang cariyos ||
10. Anak bagus gotèkipun tiyang sêpuh |
 wontên cariyos kakalih |
 kang satunggal jamanipun |
 kraton Pêngging Dwarawati |
 kalih Majapait kraton ||
11. Pundi ingkang lèrês jêr sami tan wêruh |
 Mas Cêbolang miminta sih |
 dhuh babo kang pinisêpuh |
 bilih kaparêng ing galih |
 amêdharna kang cariyos ||

12. Kaoling kang jaman Pêngging kratonipun |
Ki Harsana nayogyani |
mapan dènnya lungguh timpuh |
siduwa tanganirèki |
pasang karna kang ayun wroh ||
13. Binathara sri ing Pêngging ajujuluk |
Pancadriya narapati |
samuksanya tilar sunu |
catur jalu pêkik-pêkik |
samyaw prawirèng palungon ||
14. Pambajênge raja pandhita jujuluk |
Rêsi Dewabrata sidik |
Madyapanjang dhepokipun |
panggulu jumênêng Pêngging |
Sri Dewanata kinaot ||
15. Suwêg darbe putra sajugèstri ayu |
nama Dèwi Rarasati |
seda kunduran kang ibu |
sumêndhi natèng Salêmbi |
Sri Dipanata wiranom ||
16. Putra katri Dyan Damarmaya kang sêpuh |
martapi nèng Parangtritis |
Dyan Citrasena panggulu |
Dyah Citrawati wuragil |
ayu kuning therok-therok ||
17. Wuragile Sri Endranata linuhung |
kang tinanêm anèng nagri |
Sudimara kratonipun |
nanging dèrèng asisiwi |
bagus prawirèng pakewoh ||
18. Kacarita wontên narapati diyu |
Sri Karungkala wawangi |
ing Prambanan prajanipun |
darbe ari warni jalmi |
Rara Jonggrang moblong-moblong ||
19. Yaksendra kung mring dyah Rarasati wau |
atmaja sri natèng Pêngging |
gya atur surat panuwun |
duta kalih kang lumaris |
sêrat katampèn sang katong ||
20. Asru bêndu narapati dhawuhipun |
pa-gene rajanirèki |
murang kramaniti tuhu |
tanpa ngrasa yèn pinasthi |
nèng soring amparaningong ||

Jilid 3 - Kaca : 98

21. Amung eling watêke raksasa êdur |
 (n)jujurkên angkara budi |
 caraka mundura gupuh |
 dhawuhna wangsulanmami |
 mring rajamu yaksakatong ||
22. Ananira sisiku pan saka saru |
 iku bae yaksa-aji |
 ngrasakna dènkongsi gadhug |
 mundur caraka kakalih |
 sang aprabu dhawuh alon ||
23. Yayi Endranata lumakuwa gupuh |
 mring Madyapanjang sumiwi |
 kakang wiku yèn sa-arju |
 ingsun aturi tumuli |
 de kakang patih sunkongkon ||
24. Ngupaya-a saraya jalma linuhung |
 linirukkên ing ngajurit |
 kang bisa nyirnakkên ripu |
 bakal ingsunpatêdhani |
 Rarasati putraningong ||
25. Nêmbah matur sandika kang sinung dhawuh |
 anulya Prabu Salêmbi |
 yèn makatên karsa prabu |
 amba tantune rumiyin |
 Citrasena putraningong ||
26. Natèng Pêngging kaparêng dadya tan èstu |
 utusan kiyai patih |
 sang prabu jêngkar ngadhatun |
 bubarang kang samya nangkil |
 Sri Salêmbi cinariyos ||
27. Saprapane ing praja ngandika arum |
 maring putranya taruni |
 Citrasena mau ingsun |
 tanpa dhawuhe kakaji |
 sirarsa sinrayèng pupoh ||
28. (m)Birat maring murangniti lamun unggul |
 bakyunira Rarasati |
 dhinaupkên lan sirèku |
 minangka ganjaranèki |
 putra nêmbah matur alon ||
29. Tumètèsing dhawuh sandika pan amung |
 rèhning badan-ulun yêkti |
 tan bangkit sadayanipun |
 sarerekaning ngajurit |
 mila nyuwun mopo ingong ||

Jilid 3 - Kaca : 99

30. Sang aprabu ngandika lah iku kulup |
rèhning sira satriya di |
kudu sudira ing kewuh |
wruhanta sagung dumadi |
sajatine sutaningong ||
31. Kawisesa dening purbaning dewagung |
nadyan punjul dibya sêkti |
yèn pasthi karsa dewagung |
kinarya asoring jurit |
tan wurung nêmahî kasor ||
32. Nadyan cubluk tan darbe srana sajumpat |
yèn pinurba mênang pasthi |
iya kalêksanan unggul |
anggêr wani sêtya eling |
kumandêl wisèsèng pandom ||
33. Ing saèstu pinayungan rèh rahayu |
marma pikirên kang êning |
atmajendra nêmbah (n)dhêku |
sumêne ngênthêlkên budi |
linilan mundur wotsinom ||
34. Sang aprabu wawarta mring garwa wadu |
patêmbayaning raka ji |
putra binobotan kewuh |
ing mangya lagya pinikir |
kang garwa suka katongton ||
35. Nahan gantya Radyan Citrasena wau |
saundurnya lajêng manjing |
ma-astuti ing dewagung |
amêrês êninging budi |
budaya tekating punton ||
36. Sangêt limut sakêclapan tyas kumênjut |
wasana kasêlan lali |
kalimput ing hawanêpsu |
mangkana tandya nimbali |
ingkang rayi sang lir sinom ||
37. Citrawati sapraptaning ngarsanipun |
winartanan rèh karsa ji |
kang rayi myarsa rawat luh |
mêlas asih anyungkêmi |
kêdah tutwuri sang anom ||
38. Rangu-rangu narpatmaja têmah limut |
kang rayi sinambut maring |
maderaras mêdhar kayun |
brêmara angingsêp sari |
ing antara dasih wadon ||

39. wontên ingkang uninga ing tingkahipun |
 gupuh amunjuk sang aji |
 kagyat têtah asru bêndu |
 jaja bang mawinga wêngis |
 têdhak panti putra katong ||
40. Sarwi musthi sang sudibya karsanipun |
 mrih lenaning narpasiwi |
 samana rahadyan sampun |
 wikan têdhaking ramaji |
 tyas gugup lumajêng lolos ||
41. Lawan ingkang rayi risang rêtnaningrum |
 nata uninga nututi |
 ambujêng palajêngipun |
 sang Dèwi antuk pambudi |
 malbèng urung-urung miyos ||
42. Praptèng jawi nginthar tan atolèh pungkur |
 radyan kapêngkok capuri |
 cakêt lan butulan kidul |
 malumpat praptèng ing jawi |
 tan tolèh praja lunga non ||
43. Karsaning Hyang datan nunggil lampahipun |
 rahadyan lawan kang rayi |
 mangilèn lawan mangidul |
 yata risang narapati |
 hardaning runtik gya miyos ||
44. Praptèng (n)jawi animbali pathipun |
 winangsit sakèhing wadi |
 myang kinèn amatah wadu |
 ngulati sang narpawisi |
 yèn kapanggya sak (ng)gon-ênggon ||
45. Kacêkêla bangga kalilan linampus |
 lawan kinèn angulati |
 kesahe kusumaningrum |
 bilih kapanggih karsaji |
 kinèn wangsul mring kadhaton ||
46. Sadosanya ingaksama linalimput |
 manêmbah rêkyana patih |
 ngungun lèngsèr ngarsa prabu |
 wus matah punggawa mantri |
 sri narendra angadhaton ||
47. Pramèswari winartan laksanakanèng sunu |
 tistis margiyuh wiyati |
 de katri atmajanipun |
 mangkya wus wisata sami |
 mangkana tyasnya sang katong ||

48. Kararantan wimbaning barubah bangun |
kèngêtan atmaja nguni |
Dyan Damarmaya puniku |
manawi sagêt pinanggih |
kêni sinrayèng palugon ||
49. Ing wasana raosing tyas sang aprabu |
dahat merang mring rakaji |
cidraning atur panuwun |
saking kawilêt rudatin |
mrês budi sidaning pandon ||
50. Wanci titi sonya nis saking kadhatun |
nglugas kaprabon narpati |
mung kadi caraning wiku |
ing karsa arsa ngulati |
dyan Damarmaya kang andon ||
51. Wirandhungan laksanèng sopana nêmpuh |
nasak wana jurang trêbis |
prapta anggranirèng gunung |
palawangan rêrêm mangkin |
mindêng mursita sang katong ||
52. Amiminta wasitaning jawata gung |
mugi sagêda kapanggih |
dyan Damarmaya ing dangu |
sanityasa sru sêmadi |
tumuntu êninging panon ||
53. Apaparab Manikhara mahawiku |
mahas ngasêpi pribadi |
angkara murka kalimput |
nahan gantya kang winarni |
sang rêtna lampahnya Gamboh ||

Jilid 3 - Kaca : 101

199. Gambuh

1. Dyah Citrawati nglangut |
krêkating tyas ngulati sang bagus |
myarsa warta yèn wontên pandhita luwih |
mahas palawangan gunung |
sang dyah lumaksana gupoh ||
2. Sêdyanira ing kalbu |
muhung tanya kadang dunungipun |
sigra minggah kapingrangu praptèng nginggil |
laju marêk mahawiku |
makidhupuh awotsinom ||
3. Pindha wiku kumêpyur |
karsaning Hyang sakaliye pandung |
dupi miyat wanudya yu ingkang prapti |
kongas rarasing karsa kung |

subrata wigar anglamong ||

4. Nambrama manis arum |
tigas kawuryan kang nêmba rawuh |
saking pundi pinangka myang sêdyèng kapti |
sintên sinambating arum |
sumêngka prapta ing dhepok ||
5. Dyah kumbi nêmbah matur |
amba datan darbe nama èstu |
sangkan paran lir kleyang katiyup angin |
tambah puwaraning kalbu |
anut sir ingkang linakon ||
6. Maharsi duk angrungu |
lir jinait dahat sukèng kalbu |
angandika pasajan bae wong manis |
yèn sambada tyas asarju |
utaminira masingong ||
7. Rêrêma dhepokingsun |
jumênênga tatimbanganulun |
dyah tumungkul manêmbah sumanggèng kapti |
inggaling crita wus dhaup |
nir subasita karongron ||
8. Sinung nama sang ayu |
Endhang Panêpi tansah monglulut |
rêrèntèngan lir mintuna lawan mimi |
sing ênêng puja kapungkur |
mung monglulut nora êpot ||
9. Labêtira sinêngkut |
têmah wawrat dungkap mangsanipun |
sangang candra sang wiku tatanya yêkti |
asal-usule ing dangu |
Endhang Panêpi wotsinom ||
10. Dhuh gurulakiulun |
saèstune putrine sang prabu |
ing Salêmbi Dipanata narapati |
Citrawati nama ulun |
kapitèng tyas wiku katong ||
11. Jrih têbah dhadha ngadhuh |
nora nyana babo raganingsun |
lamun tanpa babênduning Hyang Linuwih |
Citrawati nêmbah matur |
paran kang dados rudatos ||
12. Wiku ngling arawat luh |
dahat eloking lalakoningsun |
salugune manira ramanta nini |
Prabu Dipanata ingsun |

Jilid 3 - Kaca : 102

ing Salêmbi prajaningong ||

13. Sru kagyat sang dyah ayu |
sanalika èngêt tan kalimput |
gêtun wirang anjrit nungkêmi rama ji |
wusing lilih ing pamuwun |
kang rama ngandika alon ||
14. Èh nini putraningsun |
puluh-puluh nalar wus kabanjur |
padha tanpa babênduning Hyang Linuwih |
ora luwih amung mlupuh |
minta aksamaning Manon ||
15. Dupi ing wanci dalu |
sang awiku murut saking gunung |
kondur maring praja kang putra tan uning |
enjinge rama rinuruh |
èstu lolos saking dhepok ||
16. Inggal dènnya tumurun |
lampahira praptèng sirahipun |
lèpèn Opak sang dyah kandhêg angalêntrih |
karaos wawratnipun |
sigêg gantya kacarios ||
17. Nahên ta lampahipun |
Radèn Citrasena kang anglangut |
saking praja kalunta-lunta prihatin |
tambah kang sinêdyèng kalbu |
prapta Ngenta-enta dhukoh ||
18. Nuju wismaning Buyut |
Tularsiram kagyat narpasunu |
non wanodya yayah atmajèng narpati |
radyan malbèng wisma Buyut |
Tularsiram gupoh-gupoh ||
19. Angancarani tamu |
matur pinangka sinêdyèng kalbu |
miwah nama radyan pasaja mangsuli |
Radèn Citrasena ingsun |
atmaja Salêmbi katong ||
20. Kaki tatanya ingsun |
sapa baya paparabirèku |
lawan mau ingsun miyat rara adi |
nèng memeyan gya lumêbu |
apa atmajamu wadon ||
21. Mèsêm Ki Buyut matur |
amba nama Tularsiram Buyut |
lare èstri wau kang lumêbèng panti |
punika ran Rara Budhur |

Jilid 3 - Kaca : 103

saèstu wêkamba wadon ||

22. Ngling malih sang bagus |
lah ta kaki yèn sambadèng kalbu |
sutanira sunpundhut dadya suwami |
Ki Buyut dupi angrungu |
pangandikane sang anom ||
23. Langkung pirênèng kalbu |
karananya ni Budhur satuhu |
warni awon nanging sangkanira alit |
sinidhikara mantrèku |
kasmaran kang samya anon ||
24. Ènggale sampun dhaup |
kinormatan ing sapantêsipun |
ing wasana nyi Budhur datan nyondhonggi |
sabên pinarpêkan murut |
sarwi angujari awon ||
25. Langkung merang sang bagus |
ri saksana anglês saking dhukuh |
lampahira praptèng Tarayêm pinanggih |
Buyut Kasimpar rannipun |
rahadyan tinanya alon ||
26. Nama myang sêdyanipun |
walèh lamun atmajèng sang prabu |
ing Salêmbi Citrasena aranmami |
Kasimpar urmat kalangkung |
angèdi-èdi sumugoh ||
27. Sadangunira lungguh |
Buyut mawas suluhing kang sêmu |
wus kawuryan rahadyan sêmu prihatin |
lon matur dhuh narpasunu |
mugi aywa walangatos ||
28. Paran darunanipun |
de kawuryan sru sungkawèng kalbu |
radyan angling lamun tinampik pawèstri |
Kyai Buyut manthuk-manthuk |
yèn mung makatên kemawon ||
29. Ngong atur srananipun |
nanging warni gana rewandèku |
yèn ingagêm lajèng warni kèthèk putih |
rinuwat wangsul lir wau |
ing salêbêtipun dados ||
30. Wanara warni pingul |
sadhengah kang miyat sru kayungyun |
mung punika sarana sumanggèng kapti |
radyan kewran dahat giyuh |

Jilid 3 - Kaca : 104

drênging karsa têmah nêmpoh ||

31. Buyut Simparan mundur |
amet srana sinaoskên gupuh |
saha matur benjang sarampunging kardi |
srana kaparingna wangsul |
punika pupundhèningong ||
32. Ing nguni bapaulun |
nama Rêsi Jêmbawan pinunjul |
kala obong awu mawujud puniki |
dadya sarana sih-lulut |
radyan sung wangsulan sagoh ||
33. Gana ingagêm sampun |
warni kêthèk pingul nulya wangsul |
maring Ngenta-enta (n)jujug sêndhang wêning |
kang garwa nuju nêng ranu |
glundhung sêmprong aciciblon ||
34. Dupi myat kêthèk pingul |
gugup mêngtas busana rinasuk |
gandrung-gandrung kapingrang sru makingkin |
pinarpêkan kêthèk lulut |
binêkta mring wisma gupoh ||
35. Sabên ing wanci dalu |
tansah dênnya krasikan monglulut |
atut runtut sacara-caraning jalmi |
dadya wawrat Rara Budhur |
Kyai Buyut dupi anon ||
36. Dahat merang sru bêndu |
Rara Budhur lawan kêthèk pingul |
kinèn kesah kalihe sarêng lumaris |
praptèng madyaning wana gung |
ngaup sor mandira ngayom ||
37. Dumugi samaya wus |
(m)babar jalu warni kapi pingul |
Rara Budhur konduran tan uning siwi |
prananing radyan sumêmprung |
wangsul sipat bagus anom ||
38. Citrasena satuhu |
ngunguning tyas sru merang gagêtun |
dyan tinilar lêpas lampahira prapti |
têpi Opak sirah pangguh |
lawan kadangira wadon ||
39. Citrawati rinangkul |
nêng-onêngan wartan-winartan wus |
lalakoning sarira praptèng (ng)garbini |
yèn mangkono (n)jêng rama wus |

nandhang pawêlèhing Manon ||

40. Yayi upama ingsun |
mulih marang praja lan sirèku |
pasthi ilang dukane (n)jêng rama aji |
antuk aksama satuhu |
Jurudêmung wong aloro ||

200. Jurudêmung

1. Dangu onêng-onêngan |
sakaliyan rajasunu |
sang dyah mêtêg dènnira yun |
anglairakên wawratan |
wus ambabar mijil jalu |
gêng panjang warnia rasêksa |
lena konduran sang ayu ||
2. Rahadyan mudah ing nala |
kadya pêcat jiwaniipun |
ing kali Opak jumêgur |
banjir bandhang ranpa sangkan |
ngêlêbi dharatanipun |
layon dyah binêkta toya |
rahadyan (ng)garagap gugup ||
3. Jabangbayi wus binêkta |
ngili marang ing pupunthuk |
apan binarsihan sampun |
ki jabang tansah amular |
radyan ngunandikèng kalbu |
sapa baya nusonana |
marang bayi warna diyu ||
4. Robing toya gya binêkta |
mring têtèping lèpèn wau |
kinokopakên ing ranu |
dangu dènnya ngokop toya |
mèh sat isining kang ranu |
nora kêmba panginumnya |
anulya sinêndhal gupuh ||
5. Katêlah têtèng samangkya |
Opak alit ilinipun |
ki jabang sinung jujuluk |
nênggih Kaladrêmbamoha |
Darmamoha parabipun |
rahadyan èngêt putranya |
kênyung tinilar wana gung ||
6. Pinurugan gya binêkta |
sampun sinungan jujuluk |
Barabudha Kapi-pingul |
tinunggilkên Darmamoba |
pinarnah têtèping ranu |
kalihe tinilar mentar |

kundur marang prajanipun ||

7. Sapungkurira rahadyan |
wontên danawèstri agung |
nama Witrita puniku |
datan têbih dhangkanira |
lan kali Opak panuju |
sêdyarsa mangambil toya |
uning jabang kalih wau ||
8. Mawa ciri namanira |
ri saksana dyan sinambut |
binêkta mring dhangkanipun |
sukèng tyas ingambil suta |
dhasare tan darbe sunu |
lakine uwis palastra |
kêna arahan duk nglurug ||
9. Ginamatèn kalihira |
sih trêsnanira kalangkung |
kadya wêkanya satuhu |
kalihe sampun walagang |
timbang sih trêсна mring biyung |
samyak bisa tatajalma |
nama gantya kang winuwus ||
10. Nagara ing Parambanan |
kyatingrat sang yaksaprabu |
Kala Karungkala nuju |
lênggah ing made-wangunan |
patih Tubar kang nêng ngayun |
dinangu paran kang dadya |
sanggan laladosanipun ||
11. Dhahar êmbêg-êmbêg jalma |
kyana patih nêmbah matur |
dhuh gusti saèstunipun |
ngupados jalma wus têlas |
ênèm sêpuh sêpên sampun |
yaksendra rêngu miyarsa |
kya patih wrin sêmu matur ||
12. Kalamun panudyèng karsa |
sudarmamba badhe katur |
sang Sêkalima awiku |
konjuk dadya laladosan |
yaksaprabu sukèng kalbu |
nanging pakèwêt rèh prênah |
paman lan sudarmanipun ||
13. Kya patih yèn têngbenira |
karya tyas sandeyèng wadu |
dadya ngandika sang prabu |
yèn si paman kang lumadya |

Jilid 3 - Kaca : 106

lah dhawuhana rumuhun |
têmbaya cangkrimaningwang |
galih asêm gilig lurus ||

14. Êndi bongkot lan pucuknya |
kalawan panitikipun |
êmprit wadon lawan jalu |
yèn tan bisa mardènana |
paman pasthi dakkalêthuk |
[. . .] |
[. . .] ||
15. Patih nêmbah mundur mentar |
ing margi datan winuwus |
praptèng Samapura dhukuh |
wus panggih lawan kang rama |
matur purwa wasanèku |
saha (n)dhawuhkên timbalan |
-nira risang Yaksaprabu ||
16. Sang tapa mèsêm ngandika |
galih asêm iku kulup |
mètên têngah bènêripun |
katrajuwa êndi ingkang |
ènthèng iya iku pucuk |
ingkang abot bongkotira |
paksi êmprit panitikipun ||
17. Kupinge sogokên êlar |
kang bolong èstri satuhu |
ingkang lanang pasthi buntu |
wis kulup sira matura |
mangkono pambatangingsun |
patih Tubar wus umêsat |
praptèng ngarsanira prabu ||
18. Nêmbah mature dinuta |
sang yaksendra sukèng kalbu |
gya mundhut galih asêm lus |
lan êmprit kakalih nulya |
linaksanan ing satuduh |
tètès nora ana limpang |
yaksendra kalangkung ngungun ||
19. Nulya paring undhang-undhang |
lamun sudarma wis sêpuh |
tan linilan lamun katur |
dadya dhahare sang nata |
kasaru ing praptanipun |
ditya kalih kang dinuta |
mring Pêngging bun-êbun esuk ||
20. Nêmbah wus matur sadaya |
dhawuhipun sang ngaulun |

Jilid 3 - Kaca : 107

Karungkala langkung bêndu |
têmah dadya salin cipta |
tan arsa sumiwi purun |
tumêka ing yudabrata |
dhawuh patih kinèn nglurug ||

21. Ngrabasèng ing Pêngging praja |
sapalih wadya kang tumut |
sapalih têngga kadhatun |
budhal wadya Parambanan |
tan cinatur lampahipun |
prapta tampinganing praja |
wus karya tatarub agung ||

22. Sigêg gantya kang winarna |
ri sang Endranata Prabu |
Madyapanjang sampun rawuh |
panggih lan raka pandhita |
ngaturkên timbalan prabu |
sang tapa alon lingira |
lah matura yayi prabu ||

23. Samêngko karsaning dewa |
durung rinilan wakingsun |
ya titinjo yayi prabu |
mung asung gambar kewala |
ênnya pariksanên gupuh |
gambar tinampèn binabar |
Pêngging kawuryan kinêpung ||

Jilid 3 - Kaca : 108

24. Parangmuka gêng (m)bêg krura |
wus kawangwang jangkanipun |
barang rèh laksitanipun |
kabèh kamot jroning gambar |
mangkana wasing pandulu |
langkung kagyat Endranata |
sarira nêmah lampus ||

25. Nèng madyaning ngadilaga |
sakala nglês amalat kung |
kapitèng tyas sru matrênyuh |
sang nata nulya ngandika |
mring ari karya panglipur |
aruming sabda mrih lêjar |
dhuh kadangku yayi prabu ||

26. Tanpa wêkas yèn rinasa |
dènsantosa tyasirèku |
kumanbang karsa Hyang Agung |
dhuh yayi prabu wruhanta |
utama-utamèng lampus |
iku lena nèng palagan |
minulya manggih swarga gung ||

27. Kalawan sajatinira |
tan ana lara myang lampus |
mung urip ananirèku |
kang rayi nulya winêjang |
kamuksan sampurnanipun |
anjing suruping palastra |
mangkana kang tapi dhawuh ||
28. Karêgêm wahya jatmika |
kawuryan lêjaring kalbu |
sirna was sandeyèng kalbu |
enjang mit wangsul mring praja |
wus linilan praptanipun |
ing Pêngging marêk ing raka |
matur sarèhing dènutus ||
29. Purwa praptèng wasana |
myang ngaturkên gambar luhung |
paringe raka sang wiku |
natèng Pêngging duk miyatsa |
ngungun kapitèng ing kalbu |
punang gambar gya binabar |
kawuryan ingkang winahyu ||
30. Kang nyirnakên satru-tama |
satriya-di anom bagus |
Damarmaya wastanipun |
nuntên dhawuh mring apatya |
ngulati kongsi katêmu |
kya patih nêmbah sandika |
mundur saking ngarsa prabu ||
31. Endranata wus linilan |
mundur marang prajanipun |
praptèng praja tapi atur |
mêngsah yaksa mrêpêg praja |
tur uning mring yaksaprabu |
tapi dhawuh magut ing prang |
sri dimara agul-agul ||
32. Inggaling criyos têmpuh prang |
mêngsah rowang kathah lampus |
Endranata magut pupuh |
tandhing lawan patih Tubar |
samyak wiratamèng kewuh |
rame ngêtog pangabaran |
kasor Endranata Prabu ||
33. Lena madyèng rananggana |
sampurna kunarpanipun |
gara-gara rèh gumuruh |
sasirnanira sang nata |
wadya sisaning kang lampus |
golong lumayu mring praja |

Jilid 3 - Kaca : 109

tur uning ring sang prabu ||

34. Sri Pêngging dahat sungkawa |
dhawuh pajêg barisipun |
mêngsah ingkang jayèng pupuh |
suka-suka masanggrahan |
gantya wau kang winuwus |
lampahipun kyana patya |
Kartadarma angêlangut ||
35. Praptèng Prangtritis têtinya |
samodra kidul gya (n)dulu |
jalma subrata nom bagus |
pinarpêkan praptèng ngarsa |
wus bage-binage gupuh |
sajarwa kakalihira |
lêga tyase sang nindya nung ||
36. Rampung (n)dhawuhkên timbalan |
sang tapa panudyèng kalbu |
gagancangan lampahipun |
sapraptaning Pêngging praja |
laju tumamèng kadhatun |
wus parêk byantarèng nata |
sang prabu tatanya arum ||
37. Kawijilan miwah nama |
kang tinanya nêmbah matur |
Darmamaya namaulun |
atmaja Sri Dipanata |
purwa wasana wus katur |
Sri Pêngging sru sukèng driya |
sirèku pulunaningsun ||
38. Èh ta patih Kartadarma |
yayi Slêmbi sungana wruh |
patih nêmbah alon matur |
pun patik mirêng pawarta |
rinta Dipanata Prabu |
mangkya murca saking praja |
kagyat miyarsa sang prabu ||
39. Pangudasmaraning driya |
paran ta darunanipun |
karanta rêntênging kalbu |
ri kalih lena myang murca |
têmah muntap krodhanipun |
undhang arsa mijil ing prang |
rahadyan mambêng kalangkung ||
40. Matur anungkêmi pada |
sagah nyirmakakên rupi |
sang prabu lilih tyasipun |
dhawuh mring rêkyana patya |
matah wadya kanthinipun |

41. Tan cinatur samêktanya |
enjinge budhal gumuruh |
wus tênguk kalawan mungsuh |
rame dènya bandayuda |
Damarmaya ngamuk punggung |
wadya Prambanan kèh pêjah |
sakarine samya mirut ||
42. Patih Tubar duk tumingal |
wadyanira kathah lampus |
sru krodha wadya manêngguh |
jaja kataman warastra |
tan tumama nanging ambruk |
rinêbut wus ginotongan |
nulya ingundurkên gupuh ||
43. Binêkta mring Parambanan |
wadya Pêngging nglut sapurug |
praptèng watêsing praja gung |
kèndêl ing pangungsirira |
wangsul mring barisanipun |
mangkana kang nandhang brana |
binêkta mring jro kadhatun ||
44. Katur ing sang yaksaraja |
mawinga-winga sru-bêndu |
nimbali Sakèli wiku |
wawarti kasor ing rana |
sang aprabu arsa magut |
pinambêng nyarantosêna |
benjing kewala kalamun ||
45. Tubar patih wus waluya |
ulun bêkta maring gunung |
sang prabu panudyèng kalbu |
bubarán patih binêkta |
gantya wau kang winuwus |
kang jayèng prang ing payudan |
utusan mring Pêngging matur ||
46. Yèn parangmuka wus sirna |
rahadyan cumadhong dhawuh |
nanging tan kalilan laju |
tinimbangan marang praja |
barising Pêngging wus mundur |
praptèng byantara narendra |
katur solahing ngapupuh ||
47. Sang prabu Pêngging sru suka |
pra wadya kang jayèng pupuh |
ginanjar sadayanipun |

arta kalawan busana |
tantara lami sang bagus |
karsane uwa sri nata |
dhinaupkên lan sang ngayu ||

48. Rarênggan datan winarna |
dyan Darmamaya wus atut |
lèngkèt lumêkêt lir pulut |
nutug dènnya mong-asmara |
wus (ng)garbini rêtnaning rum |
suka amarwata-suta |
Durma salinne kang pupuh ||

Jilid 3 - Kaca : 111

201. Durma

1. Sang aprabu Pêngging tinangkil lir saban |
andhèr wadya sumiwi |
dhawuh mring apatya |
benjing purnamasidya |
dyan Darmamaya tinuding |
(ng)gêcak Prambanan |
dadya manggalèng jurit ||
2. Kanthi para wadya raja mancapraja |
sandika kang sinung ling |
bibaring sewaka |
Rahadyan Darmamaya |
wawarti mring garwanèki |
dyah Rarasatya |
margiyuh tyasnya rujit ||
3. Rèhning lagya wawrat sêpuh mèh andungkap |
laire jabangbayi |
nulya na suwara |
lambat-lambat kapyarsa |
sasanti èh Rarasati |
kawruhanira |
kang sira kandhut nini ||
4. Têmbe mijil jalu poma arannana |
Jaka Bandung sayêkti |
benjing kang kawasa |
ambêdhah ing Prambanan |
nênging swara matur aris |
marang ing garwa |
langkung sukaning galih ||
5. Nanging sandeyaning tyas saèstunira |
têmbe paguting jurit |
pan durung diwasa |
mangka ngadoni yuda |
dadya pasrah ing Hyang Widdhi |
ngandikèng garwa |
dhuh yayi sun mamêling ||

6. Têmbe lamun rahayu lair putranta |
 yèn ingsun durung mulih |
 kalamun tatanya |
 marang sariraningwang |
 ywa wêca yèn mangunjurit |
 awatna dagang |
 sandika kang sinung ling ||
7. Ri purnamasiddhi wadya wus ngalêmpak |
 kang ayun magut jurit |
 maring Parambanan |
 budhal saking ing praja |
 gumuruh swaraning baris |
 Dyan Darmamaya |
 kang mangka senapati ||
8. Lampahira wadya Pêngging sampun prapta |
 kikising praja ngrakit |
 ri kang masanggrahan |
 rèrèh sagunging wadya |
 jalma padesan ngoncati |
 abilulungan |
 kang bangga dènpatèni ||
9. Kauningan patih Tubar gya mangarsa |
 matur raksasa aji |
 kapitèng tyas nata |
 langkung ngungun ing driya |
 dene kadhinginan mangkin |
 wit karsanira |
 ayun lumurug malih ||
10. Ri saksana kinèn dhawuh nimbalana |
 sang Sakèli Baèksi |
 lan miranti ing prang |
 mèsat ingkang dinuta |
 wus panggih rêsi kakalih |
 caraka sigra |
 (n)dhawuhkên sabdèng aji ||
11. Sang awiku sakaliyan nulya mangkat |
 sarèng carakèng ngaji |
 sapraptaning pura |
 wus panggih yaksaraja |
 dhawuh miluta mèt pamrih |
 lumunturing tyas |
 nambak mungsuh kang prapti ||
12. Sang Sakèli lan Baèksi matur sagah |
 lêga tyase sang aji |
 dalu lèrêp pura |
 enjinge dwijawara |
 nèng jawining baluwarti |
 masang kamayan |

Jilid 3 - Kaca : 112

sakèhing kang kumêlip ||

13. Gagrêmêtan kutu walang sato kewan |
sadhengah nyawa sami |
cinipta dumadya |
manungsa lan rêksasa |
sangkêp sagêgamannèki |
ngumpul tutwuntat |
baris jawining nagri ||
14. Saya ngangsgêg dupi pêrak gyanning mêngsah |
ditya gora sabda ngrik |
kagyat para wadya |
ing Pêngging gya samêkta |
ngrakit gêlaring ajurit |
ayun-ayunan |
rame têngpuhing jurit ||
15. Prabawaning kamayan wadya Prambanan |
yèn satus kang ngêmasi |
rongatus kang prapta |
tan suda malah wêwah |
wangwang punggawa ing Pêngging |
kawêkèn dahat |
dènnira mangsah jurit ||
16. Dadya tansah aris guguran kewala |
tanpa wêkas kang jurit |
sigêg kang ngayuda |
ginantyan kang carita |
jro pura nagari Pêngging |
dènnira wawrat |
kusuma Rarasati ||
17. Praptèng wanci samaya ambabar priya |
dhe-gus angrêspatèni |
wus sinungan nama |
nêtêpi ing wasita |
Dyan Bandung kinudang murti |
kalis ing lara |
gantya winarna malih ||
18. nênggih lampahira wiku Manikara |
wus prapta ing Salêmbi |
panggih lawan garwa |
 warta putra tan panggya |
tan antara nulya prapti |
Dyan Citrasena |
ramèbu sukèng galih ||
19. Ingaturan Sri Prabu Dipanata |
sowan marang ing Pêngging |
kalawan kang putra |
prapta nuju sewaka |
Sri Pêngging sukanya ngênging |

tanya dènnira |
wisata ngikis ratri ||

20. Ingkang datan piningit katur sadaya |
suka sukuring aji |
gantya sung pawarta |
lenanya Sri Dimara |
kasambut madyaning jurit |
kunarpa sirna |
katuju mangkya manggih ||
21. Kaponakan nama Radyan Damarmaya |
kang bisa (m)bengkas kardi |
winêdhar sadaya |
suka arawat waspa |
luwaran dènnira nangkil |
ari binêkta |
Wirangrong manjing puri ||

Jilid 3 - Kaca : 113

202. Wirangrong

1. Praptaning puri pinanggih |
lan putra mantu sang sinom |
tuwin ingkang wayah Jaka Bandung |
suka Sri Salêmbi |
nanging netyasmu waspa |
wuryaning taksih yoga ||
2. Kang raka tumingal nanging |
tan dugi kang dadya wirong |
têmah ris tatanya yayi Prabu |
ing panyawangmami |
èsmu prihatin dahat |
paran kang dadya daruna ||
3. Nêmbah matur amung margi |
katongton kang sampun layon |
yayi Endranata lenèng pupuh |
sang prabu ing Pêngging |
tyas dèrèng anarimah |
taksih ngudi ing patanya ||
4. Kang rayi tumungkul sarwi |
tarocosan mawêtu loh |
dadakan pamanggya manawa yun |
andarbèni kapti |
ananging tan kawêdal |
pakolèhing kang atmaja ||
5. Kang raka ngandika malih |
ywa sandeya tyas rudatos |
marang putranira kaki mantu |
ing pangêbang mami |
sabêdhahing Prambanan |

- nuli ngong dègakên nata ||
6. Gumantiya jênêngmami |
margi pira sutaningong |
amung siji mantumu pan wus tamtu |
kang majibi Pêngging |
lan kulup Damarmaya |
kang rayi nêmbah turira ||
 7. Kang botên-botên kaka-ji |
sanajan sèlèh kaprabon |
ingkang (n)darbèni namung kok mantu |
dêstun mung ngêmbani |
dene duhkita-amba |
ulun matur sajatinya ||
 8. Margi saking mudha pingging |
dèrèng wrin lampahnya yêktos |
prakawising gêsang paminipun |
pidananing jalmi |
ngramuhi sutanira |
yayi agampang kewala ||
 9. Dinulang dhêdhak lan tai |
winadhahan anèng bathok |
kang rayi tumungkul karya limut |
ing warana amrih |
wadi ywa kawadaka |
mangkana sri nata wrêddha ||
 10. Tansah kagagas punapi |
patanya kang dadya êros |
nulya nimbali Citrasenèku |
sinungan jêmparing |
sang Prabu Dipanata |
saya giyuh tyas barubah ||
 11. Raka ginalih udani |
sawadine kang lèlakon |
matur nyuwun lilah yun mawiku |
sèlèh kaprabon mring |
Rahadyan Citrasena |
yayi ngong mangayubagya ||
 12. Kathah sabdaning raka ji |
tuhu tan wrin wadi yêktos |
nanging tinampènan sampun gathuk |
kêcut èsêmnèki |
nulya pamit mring raka |
kundur mring Salêmbi praja ||
 13. Sapraptanira ing puri |
wawarti sori samêngko |
kulup Citrasena ingsun-junjung |

Jilid 3 - Kaca : 114

- madêg narapati |
lawan idining uwa |
narèswara tyas mawarta ||
14. Wus mupakat wong sanagri |
nanging Dinapata katong |
ratri gung udrasa dupi bangun |
ngandika mring sori |
arsa marêk ing raka |
raja wiku Dewabrata ||
15. Garwa jumurung basuki |
saksana tindak sang katong |
praptèng Madyapanjang tanpa wadu |
kang raka marêngi |
ababad-babad wana |
lajêng sumusul ing raka ||
16. Wus panggih tinanya aris |
apa ingutus ri-ningong |
lan rakanta prabu nêmbah matur |
tan ingutus patik |
prêlu laksitaningwang |
arsa ngêmpal ing paduka ||
17. Ulun wus magawan mangkin |
putranta kang madêg katong |
sang wiku karênan ngandika rum |
muga yayi aji |
Sang Hyang Jagad Pratingkah |
ngapura sagung dosanta ||
18. Kagyat kang rayi miyarsi |
lêgêg osikirèng batos |
baya uwus wikan kakang wiku |
ing wiyogamami |
satêmah matur nêmbah |
angsala idi paduka ||
19. Kang raka mèsêm dumadi |
katatangi walangatos |
dyan matur kang dadya ukumipun |
angranuhi siwi |
sang wiku angandika |
nêtêpi anggêring praja ||
20. Dinulang dhêdhak myang tai |
cinarub ana ing bathok |
kafirangu amit raka gupuh |
ayun maring kali |
nini lap wus umentar |
praptèng têtèping narmada ||
21. Ngupaya panggonan wêrit |
wontên witing kusambi yom |

curiga dènunus ingugêr wus |
rinungkêban aglis |
jaja trus ing walikat |
Dipanata wus palastra ||

Jilid 3 - Kaca : 115

22. Sang wiku dangu ngêntosi |
nulya ingupados gupuh |
kang panggih wus lina tyas matrênyuh |
layon dènrungkêbi |
[.] |
binêkta maring sanggrahan ||
23. Para wadu yun ngrakêti |
dadakan kang lèpèn êrob |
layon kanyut sirna tan kadulu |
lêgêg sang maharsi |
lalayu marang praja |
Salêmbi myang Dwarawatya ||
24. Wus katur sang natèng Pêngging |
dahat ngungun sru prihatos |
nahan kang mring praja Salêmbi wus |
katur Sri Salêmbi |
gya matur ibunira |
pramèswari (n)jrit karuna ||
25. Arsa wrin lêkasing nguni |
kang putra (n)dhèrèk rumojong |
samêkta gya budhal lawan sagung |
dyah sajroning puri |
prapta dhepoking raka |
linipur ing bojakrama ||
26. Nyuwun lilah yun udani |
tilasing panganyut-tuwoh |
linilan wus mentar dupi rawuh |
katonton garwaji |
sang dyah dyan suduk jiwa |
pra sêlir bela sadaya ||
27. Layon ayun dènkukupi |
kanang lèpèn toyanya rop |
wus kanyut ing toya sadayèku |
sigêg tan winarni |
kang samya gung sungkawa |
gantya ingkang winursita ||
28. Wus sawarsa wadya Pêngging |
ngêpung Parambanan kraton |
awit malih yuda sru magrêgut |
long-linongan sami |
kathah prawira lena |
aprang ngantos gangsal warsa ||

29. Kèndél dènnira ajurit |
kocap ing Pêngging sang katong |
lagya katamuwan raka wiku |
Dewabrata Rêsi |
sawusnya sinambroma |
rêmbag sakecaning lampah ||
30. Amukul (n)dadraning wèri |
mungsuhan Parambanan Galoh |
Bali lan Madura salah satu |
pundi kang pinêndir |
matur ing Parambanan |
gya nimbali Citrasena ||
31. Nata mudha ing Salêmbi |
sapraptane ngarsa katong |
tandya dhinawuhan kinèn (m)bantu |
mring Prambanan nagri |
dhawuh ngantêp ngayuda |
pamunahing satru dîbya ||
32. Sri Salêmbi nêmbah amit |
saking Pêngging lajêng bodhol |
praptèng Parambanan wus atêmu |
raka senapati |
Rahadèn Darmamaya |
winartan sedaning rama ||
33. Lawan ibu pramèsuari |
Darmamaya arawat loh |
dene tan uninga sedanipun |
pinupus ing pasthi |
sang Prabu Citrasena |
(n)dhawuhkên dhawuhing uwa ||
34. Saksana sasmitèng dasih |
ngantêp ing prang ararêmpon |
pagut ing ngayuda tan winuwus |
risak wadya Pêngging |
Darmamaya amrês budya |
ari kinèn among bala ||
35. Rahadyan wisatèng ratri |
ing Parangtritis wus rawoh |
ngêningakên puja sru manêkung |
ungguling ngajurit |
bêdhah prajèng Parambanan |
panyuwune katarima ||
36. Ganda arum lumrang minging |
gara-gara sru gumuroh |
paringing jawata kang tumurun |
sara Cundhamani |
mawa praba prabawa |

Jilid 3 - Kaca : 116

rahadyan mudhar sêmadya ||

37. Nêmbah nyandhak Cundhamani |
wangsul mring palagan gupoh |
pinanggih ri nata winartan wus |
sasmitèng wadya glis |
mêkasi ing ngayuda |
wus rinakit gêlar Byuha ||
38. Adan têmpuhing ngajurit |
rah mili lir samodra rop |
Radèn Darmamaya sasmita wus |
sakèh wadya Pêngging |
kinèn nisih sadaya |
Cundhamani wus pinudya ||
39. Winursita cipta-êning |
mijil dahana karyèlok |
mubal ngalad-alad gêng sagunung |
rumarah patitis |
marwasèng mêngsah harda |
wadya cipta wus syuh sirna ||
40. Rêsi kalih sru malêncing |
pra wadya Prambanan losoh |
kang gêsang lumayu mring kitha wus |
gusis mêngsah ngisis |
Rahadyan Darmamaya |
suka sukur ing jawata ||
41. Prabawaning Cundhamani |
anulya binirat alon |
Prabu Karungkala duk angrungu |
tiwasing wadya ji |
bramantya mêngsah krura |
tanpa kanthi lir Hyang Kala ||

203. Kinanthi

1. Wadya Pêngging larut mirut |
katgadèng tyas Sri Salêmbi |
rame têmpuhing ngayuda |
liru prabawa mawanti |
datan ana kang kasoran |
Radyan Darmamaya aglis ||
2. Cundhamani pinusthi wus |
lumêpas saingga thathit |
dityaprabu wus kataman |
jangga pagas tan mindhoni |
angga rêbah bumi molah |
riwut pancawara tarik ||
3. Plêsating sirah dhumawuh |
madyaning duksina tasik |

Jilid 3 - Kaca : 117

atma mèsat mawa cahya |
nukma wêkaning Panêpi |
ditya mudha Darmamoha |
wadya Prambanan sru miris ||

4. Nahên ta ingkang winuwus |
kang anèng sajroning puri |
kadange sang dityaraja |
warna yu manis mrakati |
wus diwasa lir wranggana |
Rara Jonggrang awawangi ||
5. Myarsa yèn raka sang prabu |
kasambut madyaning jurit |
ubêking tyas kararantan |
tambuh-tambuh solahnèki |
saksana nulya wisata |
pribadi dènnira mijil ||
6. Lawanging kutha tinutup |
tinêtêkan sadayèki |
sang jayèng prang ngluting mêngsah |
kanggêg datan antuk margi |
kèndêl (n)jawining wiwara |
pacak baris ngêpung puri ||
7. Lêpas lampahe sang ngayu |
murang marga waspa mijil |
kèndêl satêpining Opak |
miminta dewa linuwih |
myarsa swaraning kang raka |
dhuh yayi ywa gung prihatin ||
8. Pituhunên ujaringsun |
banjur lumakuwa maring |
desa Marta manggihana |
ditya mudha Darmamoha |
ing kono panuksmaningwang |
pilutanên lunturing sih ||
9. Sira jalukana tulung |
lêjar tyasira sang putri |
mahawan mring desa Marta |
wus panggih lan danawèstri |
wil Witrita sang dyah tanya |
lah ing ngèndi (ng)gonnirèki ||
10. Ditya Darmamoha iku |
kang tinanya matur aris |
punika atmaja kula |
kang anèm warni rasêksi |
kang sêpuh warni wanara |
pêthak Barabudha nami ||

11. Samya tarakbrata gëntur |
nèng tlaga Muncar martapi |
wus samyantuk sihing dewa |
sinung kasêktèn linuwih |
Rara Jonggrang sukèng nala |
kalamun sa-arju nini ||

12. Sutamu undangên gupuh |
Witrita lumaksana glis |
prapta ing talaga Muncar |
panggya lan wêkanya kalih |
winartan gatining lampah |
tan lênggana nulya kerit ||

Jilid 3 - Kaca : 118

13. Prapta ngarsaning sang ngayu |
ngunguning tyas sang minta sih |
wingiting cahya kalihnya |
kadi trahing kusumadi |
Darmamoha lon turira |
pinangka sêdya myang nami ||

14. Sajarwa sang rêtnaning-rum |
pinangka sêdya kakasih |
têmbê yèn lêbda ing karya |
ulun tan suwalèng kapti |
Darmamoha suka sagah |
sigra binêkta mring nagri ||

15. Sapraptanirèng kadhatun |
binusanan kaprabon ji |
tilas agême kang raka |
cèplês tan ana ngowahi |
tan siwah lan kang wus lena |
lir jambê sinigar kalih ||

16. Dahat sukèng tyas sang ngayu |
patih Tubar dèntimbali |
winartan sakèh lalakyan |
suka sukur mangênjali |
patih iki srayaningwang |
ingsun jumênêngkên aji ||

17. Gumantiya kakang prabu |
Sri Baka jujuluknèki |
patih Tubar nêmbah mentar |
undhang sang nata basuki |
salin juluk Prabu Baka |
arsa magut jurit malih ||

18. Wus samêkta tandya campuh |
ing ngaprang tansah kapilis |
Prabu Baka kewraning tyas |
nulya manggihi sang putri |
jinatèn panduking karsa |

karya rèh upaya sandi ||

19. Dyah Rara Jonggrang jumurung |
sang prabu amalih warni |
tan siwah lan Rara Jonggrang |
mentar mring barisan Pêngging |
pangguh radyan Darmamaya |
tyas kumênnyut tatanya ris ||
20. Nama miwah sêdyanipun |
sang pindha warna turnya ris |
kula nama Rara Jonggrang |
kadange nèm sang yaksa-ji |
Parambanan kang wus lena |
mila sumiwi sang pêkik ||
21. Wit arsa winisisèstu |
kaprênah santana sami |
apanênggran Ditya Baka |
ing mangkya wus madêg aji |
ambawani ing Prambanan |
amba lênggana nulya nis ||
22. Lamun kapanujèng kayun |
arsa mawongan sang pêkik |
Darmamaya dahat suka |
subasita wiweka nir |
pinondhong binêktèng tilam |
dupyarsa pinurwèng rêsmi ||
23. Wisaya wisa tumanduk |
radyan kantu gumalinting |
nulya dinunung makutha |
sang pindha dyah wus umijil |
warna radyan Darmamaya |
parentah mring wadya Pêngging ||
24. Kinèn ajêg barisipun |
priyanga mring Parangtritis |
wadya Pêngging tanpa wikan |
yèn kêni upaya sandi |
sadaya mangayubagya |
wus mentar kang pindha warni ||
25. Praptaning pura wus wangsul |
warni Ditya Baka aji |
makutha sigra binuka |
radyan kang wus kadi lalis |
sinungakên ing dyah Jonggrang |
tyas suka marwata siwi ||
26. Datan ling kunarpa ayun |
binuwang mring jalaniddhi |
sang dyah jumurung ing karsa |

Jilid 3 - Kaca : 119

- mêsat praptèng têpi tasik |
 kidul radyan wus binuwang |
 sri yaksa wangsul mring puri ||
27. Samodra kadya kinêbur |
 gora rèh kagiri-giri |
 isèn-isèning samodra |
 sadaya nêmahilalis |
 yata ratuning lalêmbut |
 sang aprabu Anginangin ||
28. Sungkawaning tyas kalangkung |
 myat wadya mina kèh lalis |
 sigra dènnira ngupaya |
 kang dadya darunanèki |
 wus kawuryan pinarpêkan |
 kunarpa cinandhak aglis ||
29. Winawèstu dèrèng lampus |
 mung kêni upaya sandi |
 radyan nulya ingusadan |
 wus waluya kadi nguni |
 sirna umobing samodra |
 sakathahing kang ngêmasi ||
30. Waluya sadayanipun |
 matur Prabu Anginangin |
 mangkya dèrèng mangsanira |
 pêjahè Baka narpati |
 benjang yèn wontên satriya |
 Radèn Bandung awawangi ||
31. Saking Pêngging wijilipun |
 puniku mungkasi kardi |
 kadhadha dyan Darmamaya |
 èngêt garwa kang (ng)garbini |
 dumadya eca tyasira |
 tandya binêkta ing puri ||
32. Miwah ingadègkên ratu |
 mêngkoni sagung dhêdhêmit |
 sarta isining samodra |
 lawan winulang sakalir |
 ing rèh jaya kawijayan |
 kotamaning madêg aji ||
33. Lami dènnya madêg ratu |
 dupi wus mangsanirèki |
 Prabu Maruta lingira |
 puniku nêdhêngirèki |
 suwawi mring pabaratan |
 mungkasi ngrabasèng puri ||
34. Kula radèn ingkang (n)jangkung |
 wus mentar saking ing tasik |

prapta nagri Parambanan |
ananging maksih piningit |
wadya Pêngging datan owah |
taksih ajêg barisnèki ||

Jilid 3 - Kaca : 120

35. Nahên gantya kang winuwus |
atmaja Hyang Surapati |
nama Sang Hyang Citrasena |
kapencut madêg narpati |
siniwi ing marcapada |
Sang Hyang Endra asung wangsit ||
36. Tan bisa jumênêng ratu |
amung ing tême pinasthi |
tumuntur nrahkên narendra |
laku kudu dilakoni |
manuksmaa marang Sata |
sakala amalih warni ||
37. Sawung agêng ulês pingul |
buntut mêtêm mubal langking |
kinèn tapa (ng)graning ngarga |
ing Kêlut nulya lumaris |
tan cinatur laminira |
kadangny wrêdha wawangi ||
38. Hyang Citragada wulangun |
dahat onêng mring kang rayi |
ingaknya manuksma dadya |
sawung ulêsira langking |
buntutipun mubal pêthak |
kinon mahas ardi Mrapi ||
39. Benjing tartamtu kapanggih |
nêmbah mêsat kang sinung ling |
mangkya kocap Prabu Baka |
wus panggya lawan rêtna di |
tansah mangun karasikan |
nèng sajroning têtas wingit ||
40. Inggaling cariyos sampun |
(ng)garbini têtaning wanci |
ambabar mijil wanodya |
warni jalma yu linuwih |
ramèbu suka kalintang |
sinung ran Rara Nawangsih ||
41. Nanging Sri Baka kalangkung |
miminta atmaja malih |
priya ginadhang narendra |
nimbali rêkyana patih |
dhinawuhan angupaya |
panglipuring tyas prihatin ||

42. Kyana patih nêmbah matur |
pun bapa manawi bangkit |
nulya utusan wus mentar |
tan dangu prapta ngarsa ji |
Sakèli wus dhinawuhan |
gya mundur saking ngarsa ji ||
43. Panggya lan raka sang wiku |
Baèksi winartan gati |
kang dadya karsèng narendra |
kadugèng tyas nulya ngambil |
klangênannya satawana |
dipudyamantra wus warni ||
44. Sawung abrit ulêsipun |
rêspati tan nguciwani |
nora nana kang cineda |
pun Sasab namanirèki |
kinèn ngaturkên sang nata |
kalawan matura yayi ||
45. Ngadêgkên kalangan sawung |
kang dadya botohirèki |
sutanta si Ditya Rota |
Sakèli nuwun wus pamit |
ingiring pulunanira |
sarwi (m)bopong sawung abrit ||
46. Prapta ing pura wus pangguh |
kalawan sang yaksa-aji |
wawêling katur sadaya |
kapanudyèng tyas narpati |
ngrakit kalangan wus dadya |
undhang-undhang wus waradin ||
47. Sabên ari sang aprabu |
ngabên sawung lawan dasih |
sasat sabên ari mênang |
punggawa mantri barindhil |
wontên wadu botoh kawak |
kakalih mung kari kulit ||
48. Mandangjaplak namanipun |
kalih Bandawasa nami |
putêking tyas samya kesah |
Mandangjaplak anjog wukir |
Palawangan sukunira |
kang kidul ardi Marapi ||
49. Manungku tapa sirèku |
Bandawasa mring wanadri |
karyanira ambêbegal |
balandhong warananèki |
wuwusên Ki Mandangjaplak |

Jilid 3 - Kaca : 121

pinanggihan kêthèk putih ||

50. Balabudha kang pitêkur |
nèng tлага Muncar udani |
mring Mandang kalangkung wêlas |
tinanya sêdyanirèki |
Ki Japlak matur pasaja |
suka risang kapi putih ||
51. Klangênannya kuwuk pingul |
cinipta sawung wus dadi |
ulêsipun mulus pêthak |
bagus datan nguciwani |
sinungan nama pun Muncar |
sadhengah kang miyat kingkin ||

204. Asmaradana

1. Lah kaki gawanên aglis |
Mandangjaplak langkung suka |
sawung pêthak wus tinampèn |
manêmbah amit kalilan |
sapraptanirèng wisma |
angaso sakêdhap laju |
mring kalangan (m)bopong Muncar ||
2. Tinandhing lan sawung aji |
pun Sasap lawan pun Muncar |
kalangkung rame tarunge |
Sasap kapilis wus pêjah |
sang Prabu nulya (m)bayar |
mangsulakên darbèkipun |
Ki Mandangjaplak sadaya ||
3. Nalika kawon ing nguni |
tinambahan arta kathah |
Ki Mandang wus pulih-gêtèh |
sabên ari mring kalangan |
sawungira binêkta |
tinandhing sabên cul payu |
mungsuhiira gundam-gundam ||
4. Kaog kabur ngucir kadi |
uning kuwuk ayun mangsa |
Japlak kathah pamênange |
nanging mangkya pinacuhan |
tan parêng (m)bêkta Muncar |
kalamun ngantiya ngadu |
jinarah sadarbèkira ||
5. Punika purwane nguni |
sawung pêthak mulus datan |
kenging mêdal kalangane |
ila-ilane ing kuna |
(m)bibarkên pakalangan |

Jilid 3 - Kaca : 122

- nanging Ki Japlak tan keguh |
sabên ari mring kalangan ||
6. Ambêkta sawung sayêkti |
prandene tan nate kalah |
margi pun Muncar sawabe |
mangkana sang yaksa Baka |
nimbali Ditya Rota |
binobot ngupaya sawung |
ingkang kathah cacahira ||
7. Mêsat saking ngarsa aji |
panggih lan sudarmanira |
ngaturkên dhawuhing katong |
ngunguning tyas wus anduga |
kang dadya karsa nata |
mimba mring wisma andulu |
taksaka kalih nuju prang ||
8. Cinandhak cinipta dadi |
sawung kalih kang sajuga |
kulawu cêmêng sukune |
têrus lawan cucukira |
winastanan pun Sura |
balorok satunggalipun |
suku cucuk samya krêsna ||
9. Pun Wira namanirèki |
nulya angupaya sima |
pinudya dadya sawunge |
wulu lurik abang (m)branang |
lonthèng suku kalihnya |
pun Bêncorèng namanipun |
Ditya Rota lan namanya ||
10. Sumiwi ngarsa narpati |
ngaturkên sawung titiga |
sang prabu mundhut jangkêpe |
sadaya kang warna-warna |
Baèksi tur sandika |
dipangganira sang prabu |
pinudyamantra wus dadya ||
11. Sawung krêsna ulêsnèki |
sinungan nama Gajaksa |
nulya nyuwun gaman pupoh |
gandhi dadya Widosana |
pun Gandhu namanira |
gada wido klobot pingul |
sinungan sangkur gundhala ||
12. Dhuwung dadya sawung lurik |
Panyorèh panêngranira |
warastra wido kwaline |
sinungan nama pun Sahak |

papiling wiring driya |
Candhiraras arannipun |
puthon dadya wiring jênar ||

13. Jaliwatu namanèki |
prabu-yaksa sukarêna |
jangkêp sadasa sawunge |
nulya iyasa kalangan |
anèng ing wukir Arka |
kidul praja prênahipun |
rinakit lir purantara ||
14. Mangkana sang dayinta ji |
nyuwun kanang kalangênan |
kang mirit kadi sawunge |
dadosa sukaning driya |
raka panujèng karsa |
nimbali kakalih wiku |
praptèng ngarsa dhinawuhan ||
15. Kang dadya pamintèng sori |
wiku kalih matur nêmbah |
pantêsipun klangênane |
prayogi angabên gêmak |
lan rabining punggawa |
myang pawongan cèthinipun |
cinatur wus kalampahan ||
16. Sukarêna pramèsuari |
sabên ari tansah mênang |
lah punika ta purwane |
wontênipun ngabên gêmak |
sang prabu gya utusan |
(m)boyongi Witrita diyu |
sinung kamuktèn ing pura ||
17. Prabu Baka pindhah maring |
ardi Arka wau tansah |
dènnya mong ngabên sawunge |
langkung kathah pamênangnya |
wadyabala kawudan |
Ki Mandangjaplak barundhul |
kesah mring talaga Muncar ||
18. Panggih Balabudha warti |
bab suwung katur sadaya |
Balabudha lon dêlinge |
lamun kaya mangkonoa |
luhung angadu jalma |
mungsuhe isih apêngkuh |
(m)bathêthêt angêpung kutha ||
19. Mandangjaplak èsmu ajrih |
dahat dènnya anoraga |

Jilid 3 - Kaca : 123

sang kapi sangêt wêlase |
ingagnya kinèn ngupaya |
sawung kang wulu krêsna |
buntutira mubal pingul |
iku kalamun wus angsal ||

20. Pilalanên kang abêcik |
lawan jênêngna si Muwar |
iku bangkit ngasorake |
kabèh jagone yaksendra |
dene dununge sata |
ana ing Mêrapi gunung |
Ki Mandang wus minggah arga ||

21. Praptèng imbanging Marapi |
ing Gumulung ranning dhêkah |
nulya kampir mring wismane |
Buyut Tampura rannira |
lagyarsa bêrsih desa |
Japlak ingancaran gupuh |
kalawan binujakrama ||

22. Ki Buyut awas ningali |
kang prapta sêmu sungkawa |
pinurih sipêng tamune |
ing wanci sirêping jalma |
ayam ayun pinragat |
raosan lan kancanipun |
sawiji kang ulês krêsna ||

23. Buntutira mubal putih |
tan rênèng tyas yèn palastra |
mung kinarya bêrsih dhukoh |
yèn jawata nglilanana |
utama mati aprang |
babon mangsuli yèn ingsun |
suka lampus kanggo boga ||

Jilid 3 - Kaca : 124

24. Babon sulaya lan mami |
lah ta sapa ingkang bisa |
amurungkên patiningngong |
sanggêm asung sukarêna |
tinêmpuhkên babaya |
mangkana karsèng Dewa Gung |
Ki Japlak sinungan wikan ||

25. Saking salu marêpêki |
ngintip-intip kandhang ayam |
wus cêtha ing pandulune |
ayam kang sanggêm babaya |
sawung ulêse krêsna |
buntutira mubal pingul |
tan siwah kadi wasita ||

26. Ki Japlak tatanya aris |
 èh jago kasaguhanta |
 kang wus sira wahyakake |
 apa kêna ingantêpan |
 dhuh jalma ywa sumêlang |
 gugunên saujaringsun |
 eca tyase Kyai Mandang ||
27. Sandayèng tyas mung manawi |
 Kyai Buyut datan angsal |
 wangsul maring paturone |
 gya enjing nulya pamitan |
 sarwi anyuwun ayam |
 ulês cêmêng buntut pingul |
 Ki Buyut mèsêm lingira ||
28. Lah suwawi (n)dika ambil |
 puniku sawung nanêka |
 saking ing Mrapi pucake |
 Ki Japlak kalangkung suka |
 binopong ponang sata |
 sarwi awacana arum |
 dhusun Gumuling punika ||
29. Nama prayogi dènêlih |
 samangkê dhusun Kajiwan |
 daruna wurung sawunge |
 pinragat samangke arja |
 Buyut manadukara |
 katêlah lajêng kasêbut |
 aran ing dhusun Kajiwan ||
30. Mandangjaplak tandya pamit |
 nèng marga datan winarna |
 wus sinung aran sawunge |
 pun Muwar sapraptanira |
 ing wisma tan kêna sah |
 lèngkèt agêng trêsnanipun |
 binêkta byantarèng nata ||
31. Sang nata tatanya aris |
 saka ngêndi iku Japlak |
 saking Marapi sang katong |
 payo kono tatandhingan |
 kalawan si Gajaksa |
 Muwar kawon gung ngaluhur |
 Japlak ajrih yèn mopoa ||
32. Sawung Muwar abibisik |
 asal sawunge sang nata |
 sarta ywa sandeyèng tyase |
 têka ndhèrèka kewala |
 kakalih uwus tinoya |
 cul payu Muwar tinutuh |

33. Muwar malêsnya bêt (n)jiling |
pun Gajaksa kapisanan |
dadya dirada wangkene |
suka kang samya totohan |
kang kawon babayaran |
sang prabu langkung gêgêtun |
dhawuh tinutuh lan Sura ||
34. Mandhangjaplak langkung ajrih |
manêmbah sumanggèng karsa |
saya agêng totohane |
wus tarung Sura sinampar |
ing jalu gumalimpang |
pêjah dadya naga agung |
sawusira babayaran ||
35. Anulya tinandhing malih |
kalawan sawung pun Wira |
kalangkung rame tarunge |
Wira pêjah kapisanan |
wangke dadya taksaka |
kang kawon bayaran sampun |
kasaput ratri bibaran ||
36. Ki Japlak sukanya ngênting |
kawonnya mantuk sadaya |
pamênange kinuruhke(?) |
sapraptanira ing wisma |
Muwar sinungga-sungga |
ing dalu tansah pitutur |
Ki Mandang dahat narima ||
37. Enjingipun sowan malih |
lajêng kewala tandhingan |
kalawan kagungan katong |
pun Pancorèng namanira |
tanglêt lawan pun Muwar |
Pancorèng sinangga lampus |
wangkenipun dados sima ||
38. Anulya tinêtah aglis |
lawan pun sangku Gundhala |
datan adangu tanglête |
Gundhala ginêbag pêjah |
wangkenya dadya gada |
pinanjêl tandhing pun Gandhu |
cul payu rame kalintang ||
39. Gandhu tiwas dadya gandhi |
tinêtah malih kalawan |
pun Manyorèh tarung rame |
pun Manyorèh kapisanan |

wangke dadya curiga |
anêtah malih sang prabu |
sawung nama Candhiraras ||

40. Rame dènnya mangun jurit |
Candhiraras pinaranggal |
mak sêg dadya warastrane |
kabaranang sri narendra |
tinêtah lan pun Sabak |
langkung rame wus kinabruk |
pun Sahak pêjah (n)jêrbabah ||
41. Kuwandane dadya piling |
tinêtah malih kalawan |
pun Jaliseta namane |
kêtogan sagung totohan |
rukêt rame tarungnya |
Jaliseta wus ingêmbun |
mak sêg tan mangga puliya ||
42. Dadya astra puthon rukmi |
kèndêl sêraping baskara |
sang prabu kathah kawonne |
botoh kathah kawudanan |
de kang anut Ki Japlak |
ambêntoyong antukipun |
wus kalilan abubaran ||
43. Ing ratri sang yaksa aji |
dahat dènnira sungkawa |
Baèksi tansèng ngarsane |
dhinawuhan angupaya |
sawung kang ngasorêna |
lawan pun Muwar puniku |
Baèksi umatur nêmbah ||
44. Bilih sang prabu marêngi |
pun Ditya Rota kewala |
pinudya dadya sawunge |
sang nata kalangkung suka |
Ditya Rota pinudya |
sakala wus dadya sawung |
wulu klawu nama Brama ||
45. Enjing sang prabu miyosi |
Ki Japlak wus ingandikan |
kalawan (m)bekta sawunge |
pun Muwar tandhing lan Brama |
kalangkung ramenira |
sarosa gantya kapupu |
temah Brama kawatgata ||
46. Maripatira kang kering |
kawus kabur wus anggeblas |

Jilid 3 - Kaca : 126

- sang Baèksi dupi anon |
 nututi lampahing sata |
 tumekèng kidul arga |
 panggyarsa binêktèng wangsul |
 nulya na swara kapyarsa ||
47. Baèksi ruwatên aglis |
 yèn wus nulya agnyanana |
 amanggon ing tanah kulon |
 dumunung desa Gadhungan |
 benjang dadya mulyanya |
 yèn sirarsa golèk sawung |
 kang ngasorakên si Muwar ||
48. Mangetana dipun aglis |
 maranga ing Kêlut arga |
 pan kono ana wujudé |
 ulês putih lancur krêsna |
 sêmu saplak lan Muwar |
 sawung elok bisa muwus |
 satata kadi manungsa ||
49. Pilutanên ing mamanis |
 lamun wus sambadèng karsa |
 jênêngna Gutukmênur-e |
 Baèksi mituhyèng swara |
 suta sinidhikara |
 wus waluya sinung tuduh |
 kadya wangsit kang kapyarsa ||
50. Ditya Rota wus lumaris |
 Baèksi wangsul ing pura |
 prapta ngabyantara katong |
 matur sawung tan kapanggya |
 taksih panggah ngupaya |
 sang prabu lêjar ing kalbu |
 dhawuh êpur wus bubar ||
51. Baèksi amit narpati |
 kalilan anulya mentar |
 datan cinatur lampahe |
 wus prapta ing Kêlut arga |
 nalasak angupaya |
 tan antara dangu pangguh |
 mamanising pangupaya ||

Jilid 3 - Kaca : 127

205. Dhandhanggula

1. Sawung pêthak lancur mubal langking |
 kawistara lir manungku puja |
 Baèksi eram ing tyase |
 sang wiku makidhupuh |
 mangênjali mamalating sih |
 sawung mèsêm sajarwa |
 linut ing sabda rum |

- sawusing titi carita |
 atatanya marang ing rêsi Baèksi |
 paran gatining karya ||
2. Sang Baèksi matur mamalat sih |
 saliring rèh tan na kaliwatan |
 kalamun kaparêng mangke |
 ing karsa sang linuhung |
 binêkta mring Prambanan nagri |
 katur sang natayaksa |
 myang sinung jujuluk |
 Gutukmênur Sang Hyang Sata |
 tan lênggana binopong binêkta aglis |
 praptèng byantara nata ||
3. Sawung katur (ng)guguk sang yaksa-ji |
 Mandangjaplak tandya tinimbalan |
 kinèn ambêkta sawunge |
 sapraptanirèng ngayun |
 Muwar mulat sawung narpati |
 bibisik mring Ki Japlak |
 sawunge sang prabu |
 arinira tunggal yayah |
 samya sang Hyang Indra ingkang asisiwi |
 wus winêdhar sadaya ||
4. Kang sinung ling ngungun langkung ajrih |
 wêwah sungkêm maring sawungira |
 sang prabu parentah age |
 mring Japlak sawungipun |
 tinandhingkên lan sawung putih |
 kagungan sri narendra |
 sumangga turipun |
 wus campuh madyèng kalangan |
 Gutukmênur Muwar pagut ing pangèksi |
 tan pangling kalihira ||
5. Kawistara sru gitik-ginitik |
 sajatine pan imbal-wacana |
 Muwar alon andikane |
 dhuh yayi kadangingsun |
 wus alami ingsun-ulati |
 lagi samangke panggya |
 matur Gutukmênur |
 ulun anèng Kêlut arga |
 yèn mangkono payo yayi padha mulih |
 kang rayi sru lênggana ||
6. Dadya dangu wawan-winawan ngling |
 lah ta yayi iki wus antara |
 ing aprang ngalaha bae |
 kang kinèn datan purun |
 matur aris sarèhning mami |
 sinaènan ing jalma |
 langkung merang ulun |

wontên lukitèng babasan |
asih iku timbang wawalêse gêtih |
kang raka angandika ||

7. Êmpañ papan kang mangkono yayi |
dhihin amung walês jrih kewala |
pindho pêrih lan panase |
têlu wutahing marus |
tumrap ingkang sliranta yayi |
maksih tangèh malêsa |
wutahing kang marus |
dêstun lagya jrih kewala |
lah sumangga yèn ulun ngawona isin |
sabab ulun wus sagah ||

Jilid 3 - Kaca : 128

8. Ngawonakên sawung kang dimurti |
darbèkipun Ki Mandangjaplak |
kang raka lon andikane |
ywa mangkono riningsun |
inggih kakang kadi punapi |
paran lamun kawuryan |
ing jalma kang ngruruh |
gya ulun mangejawantah |
wus sajarwa atmaja Hyang Endrapati |
mèsêm kang raka myarsa ||
9. Kawistara agantya kapilis |
alok-alok surak (m)batarêbah |
kang samya non sru sukane |
amung Ki Mandang kang wruh |
wicarane sawung kakalih |
dangu awawan-sabda |
kongsi mumbul-mumbul |
tumitah pucaking arga |
amangalèr ngayuh pucaking Marapi |
anulya pipisaban ||
10. Inggang rayi kinèn kantun awit |
(n)dumugèkkên èsthining wardaya |
raka wangsul kayangane |
Muwar mincok wit randhu |
Gutukmênur mangetan aglis |
anapak jumantara |
prapta luhuripun |
padhusunan Sokawatya |
uning sata èstri mulus wulu putih |
Gutukmênur kasmaran ||
11. Cumalorot tumulya ngrakêti |
tan saranta pinurwèng asmara |
satata ayam carane |
sawusnya amonglulut |
mibêr kadi nguni tan bangkit |
ngunthul sru merang ing tyas |

tantara muksa wus |
wangsul sarira bathara |
pan katêlah ing nguni prapta samangkin |
sawung ing Sokawatya ||

12. Nora daya cêpak apêsnekèki |
gantya kocap kang anèng kalangan |
sang prabu utusan age |
angruruh Gutukmênur |
Mandangjaplak asru nututi |
lan Muwar wus kapanggya |
nèng pucaking randhu |
Ki Mandang mènèk wus pêrak |
mangênjali umatur angasih-asih |
mugi panujèng karsa ||
13. Kaparênga ulun êmong malih |
èh ta Japlak samangke wruhanta |
ingsun mring kayangan manèh |
amung ta wêkasingsun |
raga kita candhinèn benjing |
lan manèh wêkasingwang |
yèn anggawa sawung |
ywa aso sor randhuwana |
yèn lumaris parêg lan randhu dèn aglis |
kang (m)bopong kalurukan ||
14. Sukur sarta yèn kluruk pribadi |
yêkti jaya tuntas ing pamêkas |
Muwar ngracut sarirane |
wangsul kayanganipun |
raganing kang sawung tumuli |
binêkta mantuk sigra |
cinandhi di luhung |
katlah nama Candhiraga |
kang ngulari Gutukmênur tan kapanggih |
Baka langkung sungkawa ||
15. Gya parentah angupaya malih |
bên-abênan mrih lipuring driya |
punggawa ngaturi age |
kaparêng tyasing prabu |
ngabên jangkrik myang ngabên miri |
pidak mawi dênolah |
niku purwanipun |
ngabên sawung miri pidak |
lawan jangkrik mila sawung kang prayogi |
wédalan arga Mrapya ||
16. Mas Cêbolang miwah catur santri |
langkung suka myarsakkên carita |
sinambi alèlèh-lèlèh |
jênggèlèk lon lingipun |
amêmêlas natèng Salêmbi |

Jilid 3 - Kaca : 129

- lêrês nganyut palastra |
 rumaos pêsipun |
 labane kurang titika |
 ing tyas limut kêni rinancanèng ngeblis |
 satêmah (n)jamah putra ||
17. Pawêlèhe puputra rasêksi |
 Citrasena puputra wanara |
 kadiparan ta pêrnahe |
 pakèwêt kramanipun |
 Ki Harsana lingira aris |
 nyumanggakkên ing karsa |
 mila kula (ng)galur |
 cariyos sru pados têrang |
 lawan kening kaanggo têpa-palupi |
 lampahan kina-kina ||
18. Amangsuli cariyosing nguni |
 radyan Bandung wus (n)dungkap diwasa |
 tansah tanya sudarmane |
 rinapu datan lipur |
 wus sajarwa dyah Rarasati |
 Dyan Bandung duk miyarsa |
 tanpa pamit ibu |
 pribadi tandya umêsat |
 saking puri sapraptanira wanadri |
 kapanggih Bandawasa ||
19. Aprang rame Bandawasa kuntit |
 dyan cinandhak arsa pinêjahan |
 Bandawasa lon ature |
 gêsangana wong bagus |
 nama ulun sumanggèng kapti |
 mêwahana paparab |
 inguculkên sampun |
 nêmbah anungkêmi pada |
 saha matur samangke paduka nami |
 Dyan Bandung Bandawasa ||
20. Bandung mêsat praptèng têpis-wiring |
 Parambanan gantya kang winarni |
 Radyan Darmamaya mangke |
 panggya lan ari prabu |
 Citrasena umatur aris |
 mènèh lalu ing pangantya |
 kang raka lingnya rum |
 mêdhar ing purwa wasana |
 ari ngungun wasana sukur ing Widdhi |
 tandya nêmbang têngara ||
21. Samya inggar kirap wadya Pêngging |
 gugup prabu yaksa wus miyarsa |
 Dyan Darmamaya praptane |
 sinêngguh lajêng lampus |

- Dyan parentah miyosi jurit |
wus campuh rame aprang |
Sri Baka umagut |
pinapag ing Darmamaya |
Radyan Bandung prapta rananggana aglis |
Darmamaya cinandhak ||
22. Sangking wingking duk arsa binanting |
myarsa swara èh Bandung wruhanta |
iku ramanta yêktine |
Darmamaya yayahmu |
Bandung kagyat sinèlèh ririh |
rahap mangraup pada |
dhuh wong tuwaningsun |
ulun Bandung atmajanta |
Radyan Darmamaya gupuh ngrangkul siwi |
babo atmajaningwang ||
23. Eyang miwah ibunira kaki |
apa padha basuki sadaya |
Bandung nêmbah lon ature |
inggih sami rahayu |
mugi rama ywa walanggalih |
pun yaksaprabu Baka |
ulun kang umagut |
tandya majêng rananggana |
wus acampuh lawan raksasa narpati |
angêtog kasudiran ||
24. Sèlèh gaman kuwêl ing ngajurit |
mila wontên dhusun Kuwêlan rannya |
sayah prang sami aripe |
milanya wontên dhusun |
ing Koripan dènnira jurit |
mangidul kang katrajang |
lusah-lusah mawut |
mila karan dhusun Lusah |
lajêng sawur-sinawur mila samangkin |
wontên Wêdhi ran desa ||
25. Praptèng kidul Prambanan yaksa-ji |
dyan cinandhak pinêtêlkên kisma |
amblong trus Laut Kidule |
praptèng samangkenipun |
dados tлага Miniyan nami |
umbule saking kisma |
katon sirahipun |
jinênggit remanya têlas |
gya binucal mangilèn tibanya têbih |
mila na dhusun Ngrema ||
26. Mripat kalih cinuplêk wus kêni |
gya binucal ngidul ngilèn mila |
wontên dhusun ing Mataèk |
purus binêthot gupuh |

pan mangilèn pambucalnèki |
mila wontên ran desa |
Pagêlèn puniku |
sirah dènêntêpkên kisma |
dadosipun samangke ing ardi Gamping |
badane lajêng sirna ||

27. Sasirnane Baka narapati |
Radyan Bandung gya malêbêt pura |
dyah Jonggrang lawan putrine |
pinarak jro kadhatun |
Bandung prapta nir tahèng ati |
dyan Jonggrang pinarpêgan |
linuting pangungrum |
sang dyah kawal ing wacana |
ababana kalangênan sèwu candhi |
sawêngi paripurna ||

Jilid 3 - Kaca : 131

28. Radyan Bandung sagah gya umijil |
amanêgês ngêningakên cipta |
nênêdha mring Pangerane |
katrimah pujanipun |
candhi dadya sarêng sawêngi |
sèwu kirang satunggal |
mirêng tiyang nutu |
prênahe dhusun Katangga |
Bandung kagyat sinêngguh wus bangun enjing |
luwar dènnya mumuja ||

29. Aningali dalu dèrèng lingsir |
Radyan Bandung lajêng angandika |
dak-tatêdha salawase |
marang Dewa Linuhung |
wong Katangga jalu lan èstri |
yèn parawan dadiya |
iya prawan sêpuh |
jaka dadi jaka tuwa |
pan katêlah ngantos dumugi samangkin |
parawan jaka tuwa ||

30. Radyan Bandung malbèng pura malih |
asung uning Candhi Sèwu dadya |
minta sih kalêksanane |
patêmbayèng sang ngayu |
linunturan sabda mamanis |
sang dyah dahat lênggana |
kaslêpêk ing ngatur |
sigra lumajêng lan putra |
Bandung krodha binujung saparannèki |
dupi ayun kacandhak ||

31. Sang dyah Jonggrang mêlêng ing sêmadi |
nyipta luhung dados sela-tama |
jlêg warni arca anggane |

èstri astane catur |
jangkêp sèwu nama lêstari |
cuthêl namung punika |
criyose tyang sêpuh |
kaol kadwi kalanira |
jamanipun karaton ing Majapahit |
Brawijaya pamêkas ||

32. Inggang damêl namanipun sami |
inggih Bandung atmajaning ngajar |
saking pinuja dadose |
rampung sami sadalu |
lampahane mèmper ing ngarsi |
punapi linajêngna |
Mas Cêbolang matur |
sampun samantên kewala |
sakalangkung gung-gunging panuwunmami |
rèhning wus wanci pajar ||

33. Kalilana ulun minta pamit |
(n)dumungèkkên lampah saha miyat |
tlaga myang patilasane |
Sri Baka yaksaprabu |
Ki Harsana lingira aris |
bagus (m)bok-jêngandika |
lah punika sampun |
klêthêkan yun (ng)godog wedang |
prayogine ingéntosan sawatawis |
sêdhêng pajaring surya ||

18 IX. Mas Cêbolang kalihan para santrinipun sami nglajêngakên lampahipun dumugi ing Kajoran, njujug mèsjid kapanggih lan nyipêng ing griyanipun Kyai Ngabdulmartaka. ... kaca 132-134.

Jilid 3 - Kaca : 132

34. Mas Cêbolang (n)dhêku lingira ris |
aduh kyai ywa cuwèng wardaya |
rèhning (m)bujêng sakecane |
ing lampah milanipun |
ulun (m)botên mawi ngéntosi |
pasihan sasaran |
kyai wisma manthuk |
rèhning dèrèng samya wikan |
prênahipun ingkang badhe dèntingali |
kula ngatêr ing lampah ||

35. Sru sukèng tyas Cêbolang (ng)gugahi |
mring santrine kang misih anendra |
wus samêkta sadayane |
mintar saking ing dhusun |
Ki Harsana kang anèng ngarsi |
byar praptèng pèrèng dhêkah |
Miniyang jinujug |
sawusira myat talaga |

- laju miyat tilas kadhaton yaksa-ji |
nagri ing Parambanan ||
36. Wusing miyat Cêbolang lingnya ris |
kyai ulun nyuwun sarêrêpan |
Kajoran pundi prênahe |
Harsana lingira rum |
ngalèr ngetan saking ing ngriki |
manawi wontên krajan |
anggamêng lir mêndhung |
ngêngrêng labête kanggenan |
ngulama di kakasihipun narpati |
(n)Jêng Sultan Ngèksiganda ||
37. Sampun ênggèr samyandum basuki |
sasalaman gantya jawat tangan |
Cêbolang laju lampaha |
Cêbolang myating dhusun |
sing mandrawa kawuryan asri |
pring wulung gêng-gêng papak |
papagêring dhusun |
kalapane abên papah |
turut pinggir jroning pagêr tharik-tharik |
we mili wêning numpang ||
38. Sabin blêbêg kumêmping ngubêningi |
anaracak bëntêt lêma-lêma |
têgal kalawan sêtrènne |
otèk jèpèn myang jagung |
canthèl wijèn gudhe kaspèi |
katela dhudha-nginang |
sêmangka bêstêru |
ceme timun myang dhêkêman |
lombok terong kacang pëndhêm kacang ruji |
buncis kara mawarna ||
39. Samya nêdhêng woh sadaya (n)dadi |
ascaryambêg sadaya kang miyat |
baya ta iki bêrkahe |
ngulama mukmin luhung |
kinasihon kang murbèng gaib |
sudibya martotama |
têntrem tyas rahayu |
anyawabi samubarang |
lagi anon kitrine wus martandhani |
kinacèk ing sasama ||
40. Ngajêngngakên ing waktu Mahribi |
Mas Cêbolang lawan rencangira |
lumêbêt jro karajane |
gasik kêncêng marga gung |
pala kêpêl ing kanan kering |
masjid agêng katingal |
ing sajawinipun |
capuri prênah duksina |

41. Lagya ayun ngambil toyastuti |
miyat ana dhatêngan lêlima |
nèng plataran masjid gêdhe |
nulya pinaran gupuh |
sasalaman tatanya aris |
kula anilakrama |
dhumatêng mas-putu |
lah sintên ingkang sinambat |
miwah asli tanapi sinêdyèng galih |
Salisir nêmbè miyat ||

206. Salisir

1. Mas Cêbolang lon lingira |
kawula santri balaka |
saking Kêdhu Margaima |
pun Cêbolang nama kula ||
2. Rencang sakawan punika |
pun Nurwitri Ki Saloka |
Palakarti Kartipala |
pramila kadara-dara ||
3. Wit kasok karoban warta |
ngambar lir wrêksa candhana |
(n)Jêng Pangran ingkang minulya |
parab Panêmbahan Rama ||
4. Manawi pinudyèng karsa |
ulun badhe ngèstupada |
nyuwun barkah sang minulya |
panyirêping mudha harda ||
5. Ki naib dupi miyarsa |
sukèng tyas alon wacana |
puniku langkung utama |
ing benjing-enjing kewala ||
6. Kula ingkang angaturna |
mangke dalu kaparênga |
sipêng ing wismakawula |
bilih sampun bakda Ngisa ||
7. Sadayane kula bêkta |
Cêbolang sumanggèng karsa |
sawusnya wulu anulya |
minggah masjid Alahuma ||
8. Santri gêng alit kacaryan |
marang kang nêmbè kawuryan |
Mas Cêbolang nulya adan |

tan sarêng Mahrib sunatan ||

9. Manjing ing wêktu Mahribi |
Ki Nurwitri kang ngamadi |
kaliye swarane adi |
kasmaran ingkang miyarsi ||
10. Mahrib tumêkane Ngisa |
kang ngimani Ki Martaka |
paragat sasunatira |
pupujiyan mawa donga ||
11. Bakda donga sasalaman |
santri gung alit bubarane |
samyak mantuk sowang-sowangan |
myang lagon puji-pijiyan ||
12. Allah Nabi palu alim |
Allah Nabi palu alim |
Allah Nabiya nabebe |
ya Nabi Nabi Muhkamad ||

Jilid 3 - Kaca : 134

13. Iya iman taohid-i |
iya iman taohid-i |
ya makripat ya Islami |
ya makripat ya Islami ||
14. Ya Ibrahim kalilolah |
Ya Ibrahim kalilolah |
ya Muhkamat kabibulah |
ya Muhkamat kabibulah ||
15. Iya Musa kalamolah |
iya Musa kalamolah |
ya Umisa ya rohollah |
ya Umisa ya rohollah ||
16. Iya Adam Abubasan |
iya Adam Abubasan |
ya Muhkamad Arbu Arwan |
ya Muhkamad Arbu Arwan ||
17. Nahên kimas sarowangnya |
kerit kimas Ngabdultaka |
sapraptanira ing wisma |
pinarnah salu pandhapa ||
18. Ki Ngabdul malêbèng wisma |
rubiyah lah sudhiyaa |
sugata saananira |
nanging kang rada misrama ||
19. Aku katamuan santri |
lilima nanging priyayi |

- kang siji amêrakati |
pantês darahing têtèki ||
20. Nyi wisma matur sandika |
wus samêkta sadayanya |
ki wisma maring pandhapa |
myang ngirit sasêgahira ||
21. Wedang ronning kanang kahwa |
linalapan gêndhis klapa |
nyamikan bêntul binêsta |
gorengan linjik katela ||
22. Sumangga (ng)gèr sawontênnya |
sasêgahe kaum desa |
tartamtu botên misrama |
muhung panambaking lapa ||
23. Kang sinung ngling samya (n)dhêku |
sasêgahira lumintu |
nulya lumados kang bucu |
magana sêdhêp kang bumbu ||
24. Sate gule ulam menda |
majêr kathah gajihira |
samya angêt sadayanya |
sambêl lalaban mawarna ||
25. Suwawi (ng)gèr awawanting |
bucu gya tinrapan lading |
dèniris tigan gumliting |
samya kokoh gule kambing ||
26. Nutug dènnira abukti |
cinarikan sadayèki |
wowohan lumadyèng ngarsi |
dhuku kèpêl lan kêcapi ||
27. Cêmêngipun alus lumêr |
raosipun anglêg sêgêr |
kang katêmbèn uning (n)jêngêr |
wus samya nêdha anglênnyêr ||
28. Nutug anadhah wowohan |
tamunira binejanan |
prayogine sasareyan |
punapa alêlênggahan ||

19 Kyai maringakên Sêrat Suluk Hartati, ingkang maos Nurwitri. Sêrat wau mawi aksara Pegon (Arab tanpa sandhangan), nyariyosakên: Ki Hartati mêdharakên ngèlmunipun bab asal-usulipun tiyang, wiwitipun saking "ora" lumantar bapa-biyung, nanging bapa-biyung botên sami niyat anak-anak, kajawi namung nuruti hardaning kêkajêngan. Dhawahing raos mulya andadosakên wiji ingkang saya agêng, wiwit ing guwa-garbaning biyung ngantos lairipun jabang bayi; katêrangakên bab "sangkan paraning dumadi"

29. Mas Cêbolang aturira |
tilêman mangke kewala |
ki wisma manadukara |
angêmong mring tamunira ||
30. Ki wisma ngling bilih karsa |
sambèn maos sawontênnya |
sêrat kang mawa surasa |
dènmirêngakên sakeca ||
31. Cêbolang mangayubagya |
ki wisma ngambil nawala |
kakang Nurwitri kewala |
payo kakang lêkasana ||
32. Ki Nurwitri wus atampi |
srat pegon Suluk Hartati |
mêdharkên rahsa sajati |
buka Pangkur têmbangnèki ||

207. Pangkur

1. Ki Hartati mêdhar sabda |
sadurunge kaki sira dumadi |
anèng pundi dunungipun |
yêktine saking ora |
bapa biyung dadi lantaran tumuwuh |
tan nêdya yoga mring sira |
mung nêkakkên hardèng kapti ||
2. Tibaning kang rahsa mulya |
nèng manikêm urip lawan pribadi |
bundêr samrica binubut |
kumêdut salaminya |
sumrambah ing ngangga bisa dadi wujud |
bayi lair sing wêtêngan |
dadi manungsa sajati ||
3. Sadurunge pancadriya |
pamiyarsa pangganda lan pangèksi |
pangucap lawan cipta-nung |
nanging durung tetela |
awit durung kadunungan rahsa tuhu |
ri wusnyantuk rahsa tama |
mundhak-mundhak sabên ari ||
4. Nganti prapta ing diwasa |
pancadriya jumênêng lawan titi |
bisa angambu angrungu |
wêruh lawan pangucap |
tampa saka Isbatu-jait lirisun |
yèku warah saking liyan |

mula jimatun wus tampi ||

5. Aran têtêp tinêtêpan |
luwih elok dayaning sanubari |
beda-beda ciptanipun |
kang aran joharngalam |
lamun sira nyipta barang kang durung wruh |
joharparid lamun sira |
nyipta barang kang wus uning ||
6. Lawan Datu-maolana |
lamun sira nyipta angganta kaki |
pininta mlaku lan lungguh |
anèng panggonan liyan |
sakêclapan ing kene sayêkti suwung |
katon ngalih anèng kana |
byaring tyas wus krasa ngalih ||
7. Jêbèng padha piyarsakna |
ingsun karya gita pralambang jati |
supadi nênanngi sagung |
kang dahat punggung-mudha |
purwaning kang pralambang mangkya winuwus |
isining kang wuluh wungwang |
suwung obah kêbèng angin ||
8. Tapaking kuntul anglayang |
manuk mibêr muluk ngungkuli langit |
kalawan gigiring punglu |
kuda ngrap ing pandêngan |
wêkasane langit lan jaladri agung |
tanggal pisan kapurnaman |
sêntèg pisan anigasi ||
9. Kabèh dayaning budaya |
anganakkên cipta lan siring ati |
pinindha na watêsipun |
lan ana tilasira |
apadene kinira sapisan tundhuk |
kalawan pancêring nala |
rampunge (m)babarpisani ||
10. Pralambang bumi pinêtak |
duhkitèng tyas lumèngkèt tan ngindhani |
kanang pawana tiniyup |
yèku bantêring manah |
ciptèng nala lumaku rosaning bayu |
amèt gêni adêdamar |
wong ngangsu pikulan warih ||
11. Yèku padhanging tyas tama |
gung ngupadi undhaking kawruhnèki |
atanapi banyu kinum |
[. . .] ||

Jilid 3 - Kaca : 136

angungkuli adhême kang tirta salju |
dahana murub binakar |
ya iku panasing ati ||

12. Luwih panasing dahana |
lan srêngenge pine padhanging ati |
sumêblak nora kabêndung |
dening ima manampak |
lawan malih pralambang galihing kangkung |
iku hawa datan obah |
ngêndhêm sajroning ginaib ||

13. Susuh angin ngêndi (ng)gènnya |
upadinên ing dalil Kur'an muni |
wa ladahu wa karibun |
min kabaril wa rita |
Gusti Allah rarakêtan dunungipun |
lan rahsa nikmat mupangat |
anèng (ng)gon rahsa winadi ||

14. Kusuma anjrah ing tawang |
pindha kumbang angajap talèng sêpi |
iku tirtaning kêmumu |
lamun têdhuh kawuryan |
lir angganing kapuk kataman ing banyu |
mratani madyaning jagad |
rasakna tumêkèng ati ||

Jilid 3 - Kaca : 137

15. Sambunge kang wus kawêdhar |
sinukarta rinambahakên malih |
kodhok ngêmuli lèngipun |
raga mangka canthuka |
anèng ngêrong yèku nyawa isbatipun |
karsane kang karya gita |
raga angêmuli urip ||

16. Kang rangka manjing curiga |
munggèng jiwa isbate punang ragi |
yèku anglungguhi suwung |
mangka lamun supêna |
antuk jaman sayêktine nora mêtù |
upama bisa umahya |
murut marang têtêt sukci ||

17. Randhu-alas nut sèmbukan |
randhu-alas isbate punang ragi |
sèmbukan nyawa lirisipun |
kalamun raganira |
pisah lawan jiwanta sayêkti layu |
bali marang ananira |
yèku sampurnaning pati ||

18. Ana manuk bango buthak |
lamun ngêndhog nèng ngênthak-ênthak sêpi |

dene kalamun jinupuk |
juga obah sadaya |
kang kadyèku awang-awang uwung-uwung |
kang dinumuk nora kèna |
anèng jagad anglimputi ||

19. Suwunge amêngku ana |
kang winêngku udara lawan angin |
udara nora lumaku |
angin katon lumampah |
angin saka kasorotan Sang Hyang Bayu |
bisa nangèkakên panas |
udara obah dadya ngin ||
20. Cublak suwêng suwêngira |
sigêlèntèr mambu ketundhung mundhing |
êmpak-êmping lira-liru |
iyèku swasananta |
mlêbu mêtù ingaranan lira-liru |
ing suwung kang mêngku ana |
mungguh sajroning ngaurip ||
21. Cebol arsa (ng)gayuh lintang |
jalma lumpuh bisa ngidêri bumi |
angên-angên jatnipun |
lan manèh ingkang wisma |
kang tan mambu gagaman apa liripun |
iyèku ciptaning manah |
nganakkên rupaning panti ||
22. Beda ingkang aran wisma |
dudu wisma yêktine suwungnèki |
lawan malih suwalipun |
êndi guru sanyata |
tan lyan angin-anginira wit amêngku |
pangadilan amongraga |
jaksa patih pangulu ji ||
23. Lan manèh ki bale-atma |
êmoh lara kalawan êmoh mati |
mangka raga kang katêmpuh |
kèna ing lara pêjah |
marma kaki dènawas tibaning sêmu |
nanggulang karsa murbèngrat |
wit raganta kang nglakoni ||
24. Anadene kang udara |
jagat gédhe kalawan jagat cilik |
yakti tan na bedanipun |
napas mêtù ing grana |
nupus mêtù tutuk abab yêktinipun |
tanapas mêtù ing karna |
anpas ing netra umijil ||

Jilid 3 - Kaca : 138

25. Anpussakum mêtyèng raga |
 rênggangane kanang swanita mijil |
 wuta duduh marga tuhu |
 pangambu antuk ganda |
 katampun ing ati wêruh dunungipun |
 sinidikkên datan cidra |
 yêkti gandaning mamanis ||
26. Kang aran talining gêsang |
 swasananta tan kandhêg rina wengi |
 tanpa pakon lampahipun |
 iyèku aran nyawa |
 balik sapa iya ingkang ngajak turu |
 lawan ingkang ngajak gêsang |
 tunggale kang ngajak mati ||
27. Sapa kang karya ambêgan |
 wit udara mênêng datan lumaris |
 obahe iku kêtundhung |
 dening maujud liyan |
 iya iku tunggale kang ngajak lampus |
 nêbut ênênging udara |
 dadyambêkan manjing mijil ||
28. Lira-liru tan apêgat |
 tuhu manjing Allah wêdalirèki |
 apan Daim arannipun |
 puji tan kênêng pêgat |
 cêdhak lawan susuh angin dunungipun |
 yèku marga parapatan |
 kumpuling rahsa sakalir ||
29. Sigêg ing pamaosira |
 pangkur barang tumbuk rarasing gêndhing |
 têtangga èstri myang jalu |
 ingkang samya miyarsa |
 sru karênan kang radi têbih angruruh |
 labêt katêmbèn miyarsa |
 swara rum amuluh rujit ||
30. Lawan lagu jroning praja |
 titih cêtha rèntès tatas dumêling |
 kathah kang samyarsa (n)dulu |
 marang kang darbe swara |
 ana kandhêg ing plataran ana laju |
 mring (n)dhapa tumut linggihan |
 èstri jalu maring panti ||
31. Panglocitaning wardaya |
 timbang têmên swara lan warnanèki |
 ki santri dhasare bagus |
 bêsuse manut sarak |
 ana ingkang kawêtu pangalêmipun |
 rencange nambungi sabda |
 iku durung animbangi ||

32. Lawan kae ingkang ana |
lore cakêt kang (ng)gigit jambe wangi |
e e iya kalah bagus |
lawan kalah guwaya |
mau sore adan ana masjid agung |
swara rum rênyah ngumandhang |
cèngkêt-cèngkêt amantêsi ||
33. Sing maca iku kang kamad |
ora bêsus lagune anyantrèni |
nahan pra dyah kèh kayungyun |
mumuji lêstarinya |
nèng Kajoran dumadya kêmbanging kidung |
wus kèndêl dènnira maca |
kang miyat wus samya mulih ||
34. Mas Cêbolang lon lingira |
ulun uning Sêrat Suluk Hartati |
dèrèng mêningsi satuhu |
ingkang kados punika |
sintên ingkang mêdharkên suraosipun |
ênggèr ing saèstunira |
ingih Panêmbahan ngriki ||
35. Manthuk-manthuk Mas Cêbolang |
e lah kados murad raosnya mathis |
kalamun dèrèng linuhung |
sok kaduk kadhang kirang |
sanès ingkang kula aturkên puniku |
wontên ciri etang Bangas |
lawan etange kang ari ||
36. Winastanan dintên gêsang |
dintên sêdhêng kalawan dintên lalis |
kadiparan etangipun |
sawêg nêmbè punika |
ulun uning etangan kadi puniku |
ki wisma mèsêm lingira |
sêkar Lonthane gumanti ||

208. Lonhang

1. êtang Bangas duk ing nguni kalanira |
Kanjêng Nabi Muhkamad dinil Mustapa |
anglampahi ngluwêng nèng sajroning wisma ||
2. Lamènipun anèng ing luwêng sawarsa |
malêbêting sawulan gunjal uswasa |
sabên gunjal uswasa Bangas namanya ||

3. Wulan Sura tanggal ping sawêlas Bangas |
wulan Sapar Bangas tanggal kalihdasa |
Mulut kaping sapisan gangsalwlas Bangas ||
4. Rabya-akir Bangas tanggal ping sadasa |
lawan kaping kalihdasa Bangasira |
mangkya wulan Jumadiawal Bangasnya ||
5. Tanggal kaping sadasa lan ping sawêlas |
wulanira Jumadiakir panudya |
ping sadasa lan kawanwlas Bangasira ||
6. Wulan Rêjêb tanggal tigawêlas Bangas |
lawan kaping pitulikur Bangas uga |
Ruwah ping pat lan ping wolulikur Bangas ||
7. Siyam kaping sanga lan ping kalihdasa |
samyang Bangas Sawale tanggal sakawan |
lawan kaping sadasa sami Bangasnya ||
8. Sêla kaping dwi lan ping dwilikur Bangas |
wulan Bêsar kaping nêman lan ping sadasa |
samyang Bangas jangkêp kalihwêlas candra ||
9. Bilih ngriki yèn wontên kang darbe karya |
amamantu angislamkên èstri priya |
sasaminya gadhah damêl kang kadyèka ||
10. Kêdah-kêdah nyingkiri Bangas punika |
wus katêlah tan wontên purun nêrak-a |
ingkang nêrak dilalah kirang sakeca ||
11. Mas Cêbolang (n)dhêku mèsêm awacana |
kados pantês kalamun dèn-èstokêna |
wit wawaton sangking Kanjêng Nabi duta ||
12. Kyai ingkang winastanan dintên gêsang |
dintên sêdhêng kalawan dintên palastra |
winêdharna kadiparan lampahira ||
13. Ki wisma ngling kang dhingin kêdah uninga |
nêptunipun dintên myang pasaranira |
kinumpulkên ginunggung dadya sajuga ||
14. Akat gangsal Sênèn catur Slasa tiga |
Rêbo sapta Kamisipun nêptu astha |
Jumungah nêman Saptu nêptu asêsanga ||
15. Kaliwone punika nêptunya astha |
Lêgi gangsal Paingipun nêptu sanga |
Pon pipitu Wage sakawan nêptunya ||
16. Gunggungipun nêptu dintên myang pêkênan |
bilih cocog kalawan tanggale candra |

Jilid 3 - Kaca : 140

lah punika winastan gêsanging dina ||

17. Bilih datan cèplês lawan tanggalira |
nanging sami jangkêp utawi gathètnya |
lah punika winastan sêdhêng kewala ||
18. Kang winastan dintên pêjah lah punika |
saupami gunggung gathèt dhawahira |
tanggal jangkêp utawi jangkêp gunggungnya ||
19. Dhawah tanggal gathèt yèku pêjah uga |
tanggal pisan dumugi ping nêtm punika |
amung dhawah sêdhêng utawi palastra ||
20. Tanggal kaping sanga lan dumuginira |
tanggal kaping tigangdasa datan darbya |
dintên gêsang amung sêdhêng lan palastra ||
21. Wit nêptuning dintên lawan pêkênannya |
yèn gunggung kang sakêdhik pyambak sapta |
ingkang kathah pyambak wolulas punika ||
22. Slasa Wage punika kapanggih sapta |
bilih dhawah wontên tanggal kaping sapta |
(ng)gih punika winastan gêsanging dina ||
23. Bilih dhawah tanggal gathèt sêdhêng rannya |
mangka dhawah tanggal lan jangkêp punika |
kang winastan anuju dintên palastra ||
24. Sênèn Wage lawan Slasa Lêgi samya |
gunggungipun pan sami kapanggih astha |
dhawah tanggal ping wolu gêsang namanya ||
25. Bilih dhawah tanggal jangkêp sêdhêng rannya |
mangka dhawah ing tanggal gathèt punika |
winastan panuju dintên palasura ||
26. Akat Wage Sênèn Lêgi samya sanga |
ri kakalih bilih dhawah tanggal sanga |
lah punika dintên gêsang wasthanira ||
27. Mangka dhawah tanggal gathèt sêdhêng rannya |
bilih dhawah ing tanggal jangkêp punika |
wastanipun saèstu dintên palastra ||
28. Akat Lêgi kalawan Salasa Ponnya |
tuwin ari Jumungah Wage punika |
nêptunipun sami nyadaya sadaya ||
29. Dhawah tanggal ping sadaya dintên mulya |
mangka dhawah tanggal jangkêp sêdhêng rannya |
lamun dhawah tanggal gathèt ri palastra ||

Jilid 3 - Kaca : 141

30. Sênèn Êpon kalawan Slasa Kliwon |
Rêbo Wage Jumungah Lêgi punika |
nêptunipun sami nyawêlas sadaya ||
31. Lamun dhawah tanggal sawlas gêsang rannya |
dhawah tanggal gathèt sêdhêng ranning dina |
dhawah tanggal jangkêp yèku ri palastra ||
32. Akat Êpon Sênèn Kliwon lan Salasa |
Paing miwah Rêbo Lêgi Kêmis Wage-nya |
nêptunipun sami ngalihwlas sadaya ||
33. Dhawah tanggal kalihwlas gêsanging dina |
bilih dhawah tanggal jangkêp sêdhêng rannya |
dhawah tanggal gathèt ran dintên palastra ||
34. Akat Kliwon Sênèn Paing Kêmis Gula |
myang Jumuwah Êpon Saptu Wage samya |
nêptunipun nigawêlas sadayanya ||
35. Dhawah tanggal tigawlas gêsanging dina |
dhawah tanggal gathèt pan sêdhêng kewala |
dhawah tanggal jangkêp ri pêjah punika ||
36. Akat Paing kalawan Rêbo Ponnira |
myang Jumuwah Kaliwon Saptu Lêgi-nya |
nêptunipun pan ngawanwêlas sadaya ||
37. Dhawah tanggal kawanwlas ri gêsangira |
mangka dhawah tanggal jangkêp sêdhêng rannya |
dhawah tanggal gathèt ran dina palastra ||
38. Rêbo Kliwon kalawan Kêmis Êponnya |
myang Jumuwah Paing ri katri pan samya |
nêptunipun anggangsalwêlas sadaya ||
39. Nuju dhawah ping gangsalwlas gêsang rannya |
dhawah tanggal gathèt sêdhêng namanira |
dintên pêjah yèn dhawah jangkêp tanggalnya ||
40. Rêbo Paing Kêmis Kaliwon kalawan |
Saptu Êpon katri ari iku samya |
nêptunipun apan nêmbêlas sadaya ||
41. Dhawah tanggal nêmbêlas gêsang rannira |
bilih dhawah tanggal jangkêp sêdhêng nyata |
dhawah tanggal gathèt ran dintên palastra ||
42. Kêmis Paing kalawan Saptu Kliwonnya |
nêptunipun ari kakalih punika |
etangira apan ta mitulas samya ||
43. Dhawah tanggal pitulas gêsang rannira |
lamun dhawah tanggal gathèt madya rannya |

Jilid 3 - Kaca : 142

dhawah tanggal jangkêp pêjah ingkang dina ||

44. Amungkasi ing dintên Sabtu Paing-nya |
nêptunipun wolulas tan wontên nyama |
bilih jêntus tanggal wolulas punika ||
45. Winastanan ing dintên gêsang punika |
dhawah tanggal jangkêp sêdhêng ranning dina |
dhawah tanggal gathèt ran ari pralaya ||
46. Sampun titi etangan dintên waluya |
lawan dintên ingkang winastanan madya |
atanapi dintên winastan palastra ||
47. Angsaripun ing dintên gêsang punika |
sagêt ngêndhihakên Rakam kang tan yoga |
myang Pandangon tanapi Sangar rannira ||
48. Saupami Sênèn Lêgi kaping sanga |
gih punika dintên gêsang namanira |
toh Rakame dhumawah etang palastra ||
49. Rakam Sangar Pandangon tan dadya bahya |
sampun sirna kalindhih gêsanging dina |
ya walahual sumanggèng Hyang Suksma ||
50. Mas Cêbolang andhêku nuwun aturnya |
anambahi indhaking sêrêpan kula |
sadayèku utami dènèstokêna ||
51. Ki Martaka angling lah anak sumangga |
lèlèh-lèlèh anêntremakên sarira |
bokmanawa punika mèn tabuh tiga ||
52. Tamunira wus mapan sèlèh mastaka |
anèng lêmir saliyêpan gya miyarsa |
bêdhug tiga gumregah tangi sadaya ||
53. Maring lèpèn bubucal suci sarira |
sawusira gya mring masjid lan ki wisma |
dupi prapta plataran sarèng tédhaknya ||
54. Sang minulya nênggih Panêmbahan Rama |
Ki Martaka kalawan tamu sadaya |
gya tumuntur manjing ing masjid sadaya ||
55. Mas Cêbolang adan Nurwitri kang kamad |
kang ngimami nênggih Panêmbahan Rama |
wus paragat wêktu Subuh byar raina ||
56. Para santri atur salam sadayanya |
kang mungkasi Mas Cêbolang sarowangnya |
Ki Martaka manêmbah alon turira ||

Jilid 3 - Kaca : 143

57. Ulun atur uninga wontên dhatêngan |
santri saking Kêdhu tyang gangsal cacahnya |
dènnya matur ing purwa têtêng wasana ||

21 X. Mas Cêbolang dalah para santrinipun kasowanakên Panêmbahan Rama ingkang ugi kasêbat Pangeran Kajoran.
Kaparingan katrangan kêplasing wêjanganipun Ajar Sutiksna ing Kêpurun, bab: 1. Dumadining wiji; 2. Jumênêngipun sang Aku (Ingsun); 3. Dat, Sipat, Apngal, Iradat; 4. Ruh-Ilapi lan sadaya bab ngèlmu kasunyatan. Ugi bab isinipun Sêrat Bayan Alip, Tasawup, Hidayat Jati, Insan Kamil, Kalêbêt Tatamalige Batal-makmur, Betal-mukaram, Betal-mukadas; babaring rahsa; Pambukaning Asmaragama; Tataran umuring bayi ing kandhutaning ibu dumugi lairipun.
Ugi bab lampah tirakat lan undhuh-undhuanipun ing têtêbe; Panyêgah sawarnining hawa napsu; Pambêngkasing raos sêdhah. Botên kantun bab Dalil, Kadis, Ijêmak, Budi luhur saengga tumuju dhatêng Sifatulah; bab panêguh iman, kapid, Islam. ...
kaca 144-145.

Jilid 3 - Kaca : 144

58. Panêmbahan sukêng tyas marwata-suta |
baya ingkang adan kama mau ika |
layak kadi lalagone Ngèksiganda ||
59. Tinimbalan sadaya sampun mangarsa |
pan dinangu namane sajuga-juga |
Panêmbahan nulya kondur lan tamunya ||
60. Pinarnahkên pondhoke nêng kidulira |
langgar alit ing sakilèning pandhapa |
sasêgahe tan ana ingkang kuciwa ||
61. Nahên ta wus watara ri laminira |
Panêmbahan mring Cêbolang asih trêsnâ |
pan rinakêt sang kasmaran ngèlmi nyata ||

209. Asmaradana

1. Anuju sajuga ari |
sabakdane wêktu Ngisa |
kupasanyogya basane |
pangran pinarak ing langgar |
mung lawan Mas Cêbolang |
pangran angandika arum |
sira jêbèng apa lawas ||
2. Ênggonmu anèng ngasrami |
Kêpurun Ajar Sutiksna |
apa isih kadi biyèn |
sugih endhang endah-endah |
tur padha prawan kênya |
anak lurah békêl dhusun |
pinrih ngalappa pitêdah ||
3. Pratikêle wong akrami |
widada winêngku priya |

nganti kakèn ninèn-ninèn |
adate kang wus kalakyan |
samyang manggih raharja |
tan ana sangsayanipun |
nambut silaning ngakrami ||

4. Mas Cêbolang matur aris |
nuwun inggih kasinggihan |
kathah èstri anèm-anèm |
bêsus amiturut sarak |
nalika amba prapta |
samyang angladosi bikut |
pasaja sasolahira ||
5. Sarampunge angladosi |
lajêng tan ana katingal |
kalangkung eram tyasingong |
ajrih nyuwun sasêrêpan |
Ki Ajar tan kilapan |
kang dadya kalêthêkulun |
wasana mèsêm ngandika ||
6. Kawontênaning pawèstri |
binabar angandhar-andhar |
kaduk cucut ngandikane |
ulun lajêng nyuwun bêrkah |
pitêdah pamilih dyah |
saha ing rumêksanipun |
ngantos dumugi susuta ||
7. Wus winêdhar sadayèki |
sapta ri nêng padhepokan |
kawula lajêng lumèngsèr |
kampir dhumatêng Prambanan |
umiyat rêca-rêca |
myang candhi ing dalunipun |
mondhok griyanipun lurah ||
8. Enjinge lajêng lumaris |
pikantuk palaling Sukma |
botên nyana botên dipe |
dumugi krajan Kajoran |
kalangkung sukuring tyas |
awit nalika nêng ngênu |
sru ngonggo-onggo ing manah ||
9. Pangandikanya ki wasi |
asal wijiling manungsa |
tan arsa amêdharake |
kalimud ing calêmêdan |
labêting punggung mudha |
tyas sigêg tan purun matur |
kumaki ing tyas piyagah ||

Jilid 3 - Kaca : 145

10. sarêng ulun ngaos yêkti |
 têka dèrèng paja-paja |
 Ki Ajar pangandikane |
 muhung tata kalairan |
 saking pamanggih amba |
 Ki Ajar uningèng sêmu |
 ulun sampun anarima ||
11. Panêmbahan lingira ris |
 mara kulup wahyakêna |
 Ajar Sutiksna kandhane |
 Mas Cêbolang gya amêdhar |
 purwa praptèng wasana |
 dhuh pukulun kèplokipun |
 mugi paringa pitêdah ||
12. Panêmbahan suka myarsi |
 arum ingkang pangandika |
 wong pasaja kèh bêcike |
 aja pakewuh tyasira |
 nadyan ran calêmêdan |
 dadi pambukaning ngèlmu |
 aran kawruh kasunyatan ||
13. Gaib karsaning Hyang Widdhi |
 kama korut saking priya |
 katampan baganing wadon |
 ingkang banjur dadi bocah |
 èstu kamaning priya |
 dene ta nalikanipun |
 kama isih anèng priya ||
14. Têka nora dadi bayi |
 piridan carita Buda |
 tumbuke lan panêngêne |
 ing jaman Dupara-yoga |
 jamaning kamokalan |
 kono manungsa witipun |
 suda ing kasaktènira ||
15. Anganggo badan jasmani |
 awit amangan wowohan |
 têtuwuhan bumi kiye |
 wêkasan sangsaya lawas |
 karsa saya tumangkar |
 padha tuwuh akalipun |
 cumbanane lan wanita ||
16. Padha laku raga sami |
 sang wanita iya mawa |
 sarana (ng)garbini rêke |
 turuning wiji kacrita |
 namakkên nênging cipta |
 sapandurat dangunipun |

iku daya panggèndèngnya ||

17. Lagi kwasa narik wiji |
sumuruping wiji nulya |
kawawa mor sarahsane |
kalawan Sang Hyang Pramana |
rumêsêp mring utêgnya |
gya rêmbês mring panonnipun |
kang aran panon têngsnya ||

22 Wêjangan kêrohanian: Sasahidan; lampahing ngagêsang dumugining pêjah. Taksih kathah sanèsipun, sadaya arupi wêjangan utawi tuntunan dhatêng kajatènipun Gusti Inggang Mahakuwasa. Prasasat katumplak ngèlmunipun Panêmbahan Rama dhatêng Mas Cêbolang ingkang kinasih. ... kaca 145-179.

Jilid 3 - Kaca : 146

18. Warih sari sêsarining |
utêg kang dumunung ana |
satêlênging manik kiye |
kataman panusupira |
wijining kang manungsa |
panon tan kawasa mêngku |
têmah kawêdalkên sigra ||
19. Kang tartamtu anambahi |
karsa marang sacumbana |
kalamun cinêgah kuwe |
wimbuh umubing pramana |
myang amimbuhi marang |
muncaring pangèksinipun |
yèn dènbanjurkên cumbana ||
20. Èstu banjur dadya bayi |
lawan jêbèng kawruhana |
iku mani satuhune |
dudu panunggiling rahsa |
uyuh kalawan ludhah |
mangkene piridanipun |
manungsa kalamun nadhah ||
21. Samubarang kang binukti |
saka kiraning tyasingwang |
tumuli kinukut dene |
rahsaning Sang Hyang Pramana |
kang na antarèng têtak |
banjur tinarik dumunung |
ana utêking manungsa ||
22. Ing kono kawasa nuli |
sumêbar sumrambah jasad |
kasaring pangan tinampèn |
wadhuk gya kapinta-pinta |
ingkang awarna ampas |
dadi susukêr puniku |

warna warih dadya turas ||

23. Kama dadining babayi |
kala alam Tirta-yoga |
amiraos ing têtêse |
jati-jatining kasidan |
miturut surasanya |
layang Jitabsara luhung |
warahe dyah Rukmawatya ||
24. Kang banjur kinarang dening |
Sang Bagawan Palasara |
ing Ngêrtawu dhêdhepoke |
karingkês surasanira |
Wiyose kang pinurwa |
Sang Hyang Pramana puniku |
yèn kataman srêping daya ||
25. Pêngkuhing kahananèki |
yèn kataman daya panas |
têmah kumaringêt kuwe |
mungguh kringêting Pramana |
yèku mani rannira |
mangkya mani yèn kapanduk |
daya asrêp pupul nulya ||
26. Kêna daya panas nuli |
kawawa amèr kang rahsa |
mungguh amèr lan pupule |
mahanani kumulitnya |
kumuliting mani pan |
iku ingaranan jantung |
barêng kêna daya panas ||
27. (n)Darbèni karingêt singgih |
kringêting jantung kawawa |
mahanani ampêrone |
kiwa têngên jantung (ng)gènnya |
karodene sadaya |
jêrowan satuhunipun |
saka jantung kawitira ||
28. Rasa ing ngalami-lami |
jantung kawawa ambabar |
bayu otot myang sungsume |
sakèhe parabot angga |
sakojuring kang wanda |
paripurnane puniku |
nulya awarni gumana ||
29. Iya rupaning babayi |
dene kang ran Hyang Pramana |
sajatine panuksmane |
Sang Bathara Tri-purusa |

Jilid 3 - Kaca : 147

- kang aran Tripurusa |
têgêse santosanipun |
campuran rupa titiga ||
30. Kang aran campuran katri |
têtêmbungan ingaranan |
trimurti dene têgêse |
alus têtêlu sanyata |
yèn têtêmbung Sansêkrita |
ingaran AUMA iku |
têgêse ingkang mangkana ||
31. /A/ gêni têgêsirèki |
/U/ toya iku têgêsnya |
/MA/ angin apan têgêse |
dadi kaananing kama |
tumbuke wirit Arab |
yèn binalik têtêmbunganipun |
tumuwuhe dadi bocah ||
32. Johar-awal ingkang dhingin |
têgêse sotya awitan |
Nukat-gaib ping pindhone |
wêrdi wiji pipingitan |
Manikêm katrinira |
saka ing pangiraningsun |
ampasing Nukat-gaiba ||
33. Wardi ing sakawanèki |
saka kira-kiraningwang |
ampasing Manikêm kuwe |
Madi kaping limanira |
ampasing Wadi ika |
Mani jangkêp nênmipun |
ampasing Madi sanyata ||
34. Ananging bènêr ki wasi |
rêmpit wijining manungsa |
pinêthêt samono bae |
rèhning ingsun lawan sira |
basane sujalma ngam |
amung apês darbèkipun |
kadohên ingkang pambalap ||
35. Mungguh wong kang kaya mami |
bab ing nalar elok langka |
tan susah pinikir bae |
mundhak gawe ribêting tyas |
nir karya tan paedah |
bêcik sigêg gênti ngrêmbug |
crita mirit basa Arab ||
36. Inggang aran Dalil Kadis |
Ijêmak kalawan Kiyas |
mungguh bukaning cariyos |

kang dhingin saka Kiyasan |
murad lan maksudira |
nukil lan surasanipun |
sorahe kitab kang aran ||

37. Adakaikbul-akaik |
kacarita têngsira |
jatining alus yêktine |
ana maning ingkang saka |
kiyasan muradira |
maksuding surasanipun |
nukil lan sorah ing kitab ||

Jilid 3 - Kaca : 148

38. Ngakaikul-ikbar nami |
wêrdi alusing carita |
mungguh kitab loro kuwe |
condhong ing surasanira |
mratelakakên padha |
Kadis wulang sabdanipun |
(n)Jêng Nabi nayakaningrat ||

39. Winêjangkên Sayid Ngali |
dhinawuhan ngèstokêna |
ananing Dat satuhune |
kasêbut Dalil sapisan |
wangsitira Pangeran |
Kang Maha Mulya Mahagung |
Sinom tinêmbungkên Jawa ||

210. Sinom

1. Sajatine nora nana |
apa-apa wit duk maksih |
awang-uwung durung ana |
ing sawiji-wijinèki |
dene kang ana dhingin |
datan liya iku Ingsun |
ora ana Pangeran |
iya mung Ingsun pribadi |
sajatine Êdat Inggang Maha Mulya ||
2. Nglimputi ing sipatingwang |
nartani ing Asma-mami |
mratandhani Apêngalingwang |
apa sira wus mangrêti |
Cêbolang matur aris |
èstu amba dèrèng (ng)gayuh |
Ingsun sintên punika |
utawi malih kang nami |
Êdat Sipat Apngal awarni punapa ||
3. Èh ta kulup kawruhana |
ing bab layang têngbung Jawi |
lawan kitab têngbung Arab |
iku ing suraosnèki |

kèh pasêmon nglimputi |
ganêpe pangêrtinipun |
kudu angawruhana |
basa kang patang prakawis |
lapal makna murat maksud kang sanyata ||

4. Kang binasakkên ngandika |
tan ana Pangeran malih |
yêkti amung Ingsun dhawak |
mungguhing sajatinèki |
Êdat Kang Maha Suci |
puniku satuhunipun |
urip kita pribadya |
yêkti katitipan dening |
rahsaning Dat Kang Agung Kang Maha Mulya ||

5. Kang anglimputi ing Sipat |
ya rupa kita pribadi |
satuhune kawimbunan |
warnaning Dat ilok gaib |
nartani Asma-mami |
puniku têtênnipun |
nama kita pribadya |
diaku lan diêngkoki |
sasêbutanira Êdating wisesa ||

6. Inggang mratandhani Apngal |
solah bawèngsun pribadi |
anelakakên pakaryan |
Êdat kang sampurna jati |
mula babasanèki |
wahananing Dat puniku |
anyamadi kang Sipat |
Sipat puniku nartani |
maring Asma Asma mratandhani Apngal ||

Jilid 3 - Kaca : 149

7. Apngal punika kang dadya |
wahananing Êdat yêkti |
dene Êdat ênggonira |
nyamati Sipatirèki |
puniku saupami |
madu lawan manisipun |
yakti tan kêna pisah |
de sipat dènnya nartani |
maring Asma puniku upama surya ||

8. Kalawan sosorotira |
sayêktine nora kêni |
kalamun binêdakêna |
dene ta Asma puniki |
dènnira mratandhani |
Apngal yèku paminipun |
kadi dene paesan |
kang ngilo lan kang nèng carêmin |

sayêktine solah bawa nora beda ||

9. Dene Angsal ênggonnira |
dadya wahananing Dat-i |
yèku upama samodra |
kalawan ombakirèki |
sayêkti wahananing |
umbak punika pan manut |
saêrèhing samodra |
dene ta sajatinèki |
kang aran Dat tajalinira Mukhamad ||
10. Jatine kang ran Mukhamad |
wahananing cahya wèning |
kang anglimputi ing jagat |
dumunung nèng Urip-mami |
yèku Urip pribadi |
nir kang nguripi èstu |
mula kuwasa miyat |
myarsa angganda lan malih |
angandika ngraoskên saliring rahsa ||
11. Puniku sadayanira |
saka kodrating Datmami |
mangkono kulup jarwanya |
Datira kang Maha Suci |
dènnira aningali |
datanpa netra satuhu |
nanging mokal yèn wuta |
iya iku muhung saking |
panguwasa angagêm ing netra kita ||
12. Ênggonnira amiyarsa |
datanpa karna kakalih |
nanging mokal yèn tuliya |
muhung ngagêm karna-mami |
dènnya (ng)ganda sakalir |
datanpa grana saèstu |
mokal lamun sumpêta |
iya iku muhung saking |
kang ingagêm saèstune grana kita ||
13. Ênggonnira angandika |
datanpa lesan sayêkti |
nanging mokal yèn bisua |
iya iku muhung saking |
ngagêm ing lesan-mami |
dènnya ngraoskên sadarum |
rahsa tanpa dunungan |
ananging mokal yèn sunyi |
iya iku muhung nèng pangraos kita ||
14. Tamat Dalil kang kapisan |
sukèng tyas kang sinung wangsit |
manêmbah aris turira |

pangawruh ingkang kawijil |
wasta ngèlmi punapi |
kitap aran têngêsipun |
sang pangeran lon ngandika |
kawruh kang mangkono kaki |
ingaranan Wisikan Nananing Êdat ||

Jilid 3 - Kaca : 150

15. Dene ta kang têngbung kita |
saka kirane tyasmami |
iku kinarya timbangan |
têngbung Ingsun jarwamami |
ngarani aku iki |
wijange mangkene kulup |
têngbung Ingsun têngêsnya |
aku nanging aku-Gusti |
basa kita uga aku ning kawula ||
16. Dalil kapindho winarni |
iya mirid nukil saking |
ing sorah sorahing kitab |
ran Dakaikkul akaik |
utawa kitab nami |
Dakaikkul akbar iku |
tunggal kasêbut ngarsa |
condhong ing surasanèki |
mratelakkên wangsiting Hyang Maha Mulya ||
17. Maring (n)Jêng Nabi Muhkhamad |
mangkene têngbunge Jawi |
Sajatine Ingsun Êdat |
kang murba amisesani |
kang kwasa nitahkên mring |
ing sawiji-wijinipun |
dadi ing sanalika |
sampurna ing kodratMami |
ing kono wus kanyataan pratandhanya ||
18. ApngalIngsun kang minangka |
bubuka iradatMami |
dhingin Sun-nitahkên jaksa |
aran Sajaratul-yakin |
tumuli ing sajroning |
aran Ngalam Ngadam Makdum |
Ajali-abadi-ya |
nuli cahya luwih wêning |
cahya wau ingaranan Nur Muhkhamad ||
19. Nuli anitahkên kaca |
aran Miratul-kayai |
nulya anitahkên nyawa |
iku aran Roh-ilapi |
gya damar aran Kandil |
gya sotya ran Darah iku |
anuli dhindhing-jalal |

aran Kijab sadayèki |
kang minangka warana kalaratIngwang ||

20. Mungguh Dalil kang mangkono |
wêrdine kasêbut wiwit |
kang rumuhun ingkang aran |
kayu Sajaratul-yakin |
tumuwuh ing sajroning |
Ngalam Ngadam Makdum mau |
Ajali abadi ka |
têgêse Kayu sajati |
tumuwuh ing jagad sunya ruri nyata ||

21. Isih awang-uwung nyata |
ing salami-laminèki |
kono ing kaanan kita |
iya iku khakekati |
Dat-mutlak ingkang kadim |
têgêse sajatinipun |
Dat kang dhingin priyawak |
yèku Dating Atma yêkti |
dadi wahananing alam Wakidiyat ||

22. Kang kapindho Nur Muhkhamad |
wêrdi cahya kang pinuji |
ana ing Kadis kacrita |
lir pêksi mêrak kang warni |
manggon ing sadalêming |
sosotya kang pêthak mancur |
dumunung arah-arah |
ingkang Sajaratul-yakin |
sayêktine iku kakekating cahya ||

Jilid 3 - Kaca : 151

23. Ingaku ajalining Dat |
nèng sajroning nukat-gaib |
minangka sipating Atma |
apan dadi wahananing |
Ngalam-wahdat sajati |
dene kaping tiganipun |
Miratul kayai ka |
têgêse Kaca-wirangi |
kasbut Kadis nèng ngarêpe Nur Muhkhamad ||

24. Kakekat ingkang pramana |
ingakên Rasaning dat-i |
minangka Asmaning Atma |
apan dadi wahananing |
Ngalam-wakadiyati |
nahan ta kang kaping catur |
Roh-ilapi têgêsnya |
sasandhaning nyawa yêkti |
iya iku nyawa kang wêning gumilang ||

25. Ing dalêm Kadis kacrita |
asalira iku saking |
Ênur Muhkhamad sanyata |
kakekating Sukma yêkti |
kang ingakên-akêni |
kaananing Dattul-wujud |
mangka Apngaling Atma |
dumadya wahananèki |
Ngalam-arwah kaping lima kang winarna ||
26. Kandil têngsira dilah |
yèku Dilah tanpa api |
ing dalêm Kadis kacrita |
awarna sosotya adi |
mancur mancorong wêning |
gumantung nir canthèlipun |
ing kono kaanannya |
Ênnur Muhkhamad lan malih |
ênggèn pakumpulaning êroh sadaya ||
27. Puniku kakekatira |
angên-angên kita iki |
ingakên wayanganing Dat |
minangka êmbanannèki |
Atma kasêbut ngarsi |
dadya ing wahananipun |
alam-misal sanyata |
gantya ênême winarni |
aran Darah têngêse iku sosotya ||
28. Ing dalêm Kadis kacrita |
darbe sorot mancawarni |
padha kanggonan Malekat |
iku kekekating budi |
ingaku paesaning |
Êdat Inggang Maha Luhur |
minangka wiwaranya |
Atma dadya wahananing |
ngalam-ajsan gumantya ingkang kasapta ||
29. Basa Kijab ingaranan |
Dhindhing jalal têngsnèki |
warana kang agung ika |
kacarita ana Kadis |
mêtu saka sotya di |
kang amancawarna mau |
ing nalika mosik samya |
nganakkên tri warnanèki |
siji uruh loro kukus têtlu toya ||
30. Iku kakekating jasat |
ingakên wrananing Dat-i |
mangka sêsandhaning atma |
dumadya ing wahananing |
kang ngalam-insan-kamil |

Dalil kapindho wus putus |
apa maning rinasan |
Mas Cêbolang turira ris |
kula dèrèng mangrêtos ingkang rinasan ||

Jilid 3 - Kaca : 152

31. Uruh kukus lawan toya |
mangka ing pamyarsamami |
saha kang sampun kalimrah |
kang winastan jasat jalmi |
kulit daging myang gêtih |
otot bayu balung sungsum |
mênggah sulayanira |
têtêmbungan kang kadyèki |
mugi-mugi karsaa paring katrangan ||
32. Panêmbahan suka myarsa |
pangandikanira aris |
mungguh ing patakonira |
kang kasêbut layang Wirid |
pratelanira saking |
Ijêmak lan Kiyas-ipun |
pangkating Dhindhing jalal |
warna urub kukus warih |
padha dadi têlung warana winarna ||
33. Inkang dhingin uruh apan |
mêtokkên tri pangkat iki |
sawiji ran Kijab-kisma |
wahyaning jasad ing (n)jawi |
kaya ta kulit daging |
miwah ing sasaminipun |
dwi Kijab-rukmi dadya |
wahyaning jasad jro yêkti |
utêg manik manah sapanunggilannya ||
34. Katri aran Kijab-rêtna |
iku dumadya wahyaning |
jasat kang lêmbut sanyata |
kaya ta mani lan gêtih |
sungsum sasaminèki |
dene kang kapindho kukus |
amêtokkên tri pangkat |
siji Kijab pêtêng dadi |
wahananing napas sapanunggilannya ||
35. Loro Kijab-guntur dadya |
wahnaning pancadriyèki |
têlu Kijab-gêni dadya |
wahnaning nêpsunirèki |
dene kang kaping katri |
Toya amêtokkên iku |
tri pangkat siji aran |
Kijab-êbun banyu-urip |

apan dadya wahananing Sang Hyang Sukma ||

36. Lorone Kijab-nur-rahsa |
kahananing rahsa jati |
katêlu Kijab-nur-cahya |
kang luwih padhang dumadi |
kahnaning Atma dadi |
kabèh kang kasêbut ngayun |
iku warananing Dat |
dumunung nèng Insan-kamil |
têgêsira kasampurnaning manungsa ||
37. Dalil kapindho wus tamat |
iku kaki diaranni |
wêdharan Ananing Ngêdat |
sarèhning wus lingsir ratri |
prayoga aso dhingin |
manêmbah kang sinung wuwus |
Cêbolang mring pondhokan |
Panêmbahan manjing panti |
wanci Subuh wangsul malih maring langgar ||
38. Pra santri myang tamunira |
gumarubyug samya prapti |
gita ngambil toya kadas |
Nurwitri nulya (m)bawani |
adan angalik-alik |
swara lintas wilêt arum |
sawuse samya sunat |
Mas Cêbolang kamad aglis |
gya angangkat waktu Subuh imamira ||
39. Tan Iyan Panêmbahan Rama |
Luhur Ngasar myang Mahribi |
atanapi wêktu Ngisa |
Panêmbahan angimami |
ing sabên-sabên ari |
tan na gothang wêktunipun |
santrine langkung kathah |
sru rêsep talabul-ngèlmi |
Panêmbahan alim sawarnining kitab ||
40. Mas Cêbolang nèng Kajoran |
nora mantra-mantra lagi |
nêmbe prapta puruita |
wus kadi suta kinasih |
lulut nir walangati |
kasêngsêm marsudi kawruh |
supe nadhah myang nendra |
mung piwulang kang kaèsthi |
condhonging tyas tansah gandhèng pangawikan ||

Jilid 3 - Kaca : 153

1. Ing ari sajuga nuju |
bakdaning waktu Ngasar-i |
Panêmbahan munggèng langgar |
Cêbolang tansah nèng ngarsi |
lawan santrinya sakawan |
Mas Cêbolang matur aris ||
2. Punapi wontên pukulun |
kitab-kitab sanèsnèki |
ingkang anyêbut mangkana |
Panêmbahan ngandika ris |
ana ingkang wus kawêdhar |
amèt kikiyasan saking ||
3. Murad lawan maksudipun |
kitab aran Bayan-alip |
datan cèplês surasanya |
kêna binasakkên naming |
amomor-misah kewala |
minangka timbangan ngarsi ||
4. Rumuhun Alip puniku |
lairing sipatolahi |
kayêktèning wujudira |
sumendhe ing ngalam kabir |
dadi kaananing nukat |
têgêse musthika adi ||
5. Ingkang binasakkên mau |
musthika punika budi |
kapindho Nukat winarna |
puniku lairing budi |
sumandha ananing ngalam |
sahir dadya kaananing ||
6. Darah yèku têngêsipun |
sayêkti rêtna kang adi |
ingkang binasakkên rêtna |
yèku jinêm karêpnèki |
angên-angên wastanira |
nandhani uriping budi ||
7. Katri Darah kang winuwus |
laire jinêm sayêkti |
sumandha ing budi dadya |
kaananing rohirèki |
têgêse roh apan Suksma |
kang binasakkên Suksmèki ||
8. Puniku nyawa saèstu |
mratandhani anguripi |
angên-angêning manungsa |
catur Êroh kang winarni |
puniku lairing Suksma |

sumandha ngên-angên dadi ||

9. Kaananing sir puniku |
têgêse rahsanirèki |
ingkang binasakkên rahsa |
tarlèn muhung pangrasaning |
ing babahan hawa-sanga |
tandha uriping nyawèki ||
10. Panca sir ingkang winuwus |
lairing rahsa sayêkti |
apan sumandha ing Suksma |
kaananing iman-mami |
têgêse santosa tama |
yèku pramananirèki ||
11. Basa Pramana puniku |
sangkêping pancadriyèki |
nandhani gêsanging rahsa |
kaping nêm ingkang ginupit |
nênggih lairing Pramana |
sumandha ing rahsa jati ||
12. Dadi kaananing Ênur |
têgêse cahya kang wêning |
ingkang binasakkên cahya |
iku sulaking netra dwi |
tanda uriping Pramana |
dene Pramana puniku ||
13. Misesa ing sarirèku |
nunggal ênggon lan rahsa di |
samyang mungging jroning jiwa |
ingibaratakên kadi |
simbar tuwuh anèng wrêksa |
ananging iku pinasthi ||
14. Nir nandhang saniskarèku |
luwe sasaminirèki |
baya pisan kalabêtan |
amung yèn nandhang saliring |
asakit tan nut kalêsyang |
têrkadhang ginggang saking wit ||
15. Ngalumpruk kawuryan alus |
kalawan manawa nganti |
kagingsiran ing pramana |
sarira lungkrah ngalêntrih |
nora andarbèni karkat |
yèn sirna karkating dhiri ||
16. Kari karkating Suksma gung |
lamun karkating Suksma nir |
kari karkating kang rahsa |
pama karkating rahsa nir |

kari karkating Pramana |
yèn karkating Pramana nir ||

17. Wus pinasthi ingkang kantun |
karkating Atma sajati |
kasapta nur kang winarna |
iku lairing cahya ning |
aran Pranawa sajatya |
sumandha Pramana jati ||

18. Dadi ing kaananipun |
Duryat têngêse puniki |
papadhange ingkang cahya |
ingkang binasakkên kaki |
padhanging cahya sanyata |
purbaning Atma sajati ||

Jilid 3 - Kaca : 155

19. Kaastha Duryat lirisun |
lairing Suksma sajati |
apan sumandha ing cahya |
dadya kaananing Dat-i |
wêrdi kandha basa kandha |
jênggêrênging sipat jati ||

20. Kasanga Êdat puniku |
laire Sipat sajati |
dumadya kaananira |
Nukat-gaib têngêsnèki |
musthika adi kang samar |
musthika kang samar yêkti ||

21. Nyataning rupa satuhu |
kinêkêr jro alam sahir |
iku pan urip pribadya |
nora nana kang nguripi |
ibarat tanpa antara |
lan uriping Suksma jati ||

22. Tunggal sasana satuhu |
tan pisah salaminèki |
kasadasa pungkasannya |
Nukat-gaib kang winarni |
lairing rupa sanyata |
sumandha ing Dat sajati ||

23. Dumadi kaananipun |
ing cahya mancur nêlahi |
gumilang nir wawayangan |
iya iku Tajali-ning |
Pangeran kang asipat Sa |
têngêse sipat sawiji ||

24. Kang binasakkên Sa iku |
dudu jalu nora èstri |

- muhung dumunung nèng kodrat |
 iradat kita pribadi |
 têngêse saka kawasa |
 -ning karsa kita pribadi ||
25. Tamat murat maksutipun |
 punang kitab Bayan-alip |
 kadiparan mungguh sira |
 Mas Cêbolang matur aris |
 lèrês ingkang pangandika |
 mor-misah babasannèki ||
26. Mangke ing panuwun-ulum |
 mugè (n)dhangankên panggalih |
 kaparêng andumugèkna |
 kang kasêbut kitab Kaik |
 -kul-akaik myang Kul-akbar |
 suraosing Dalil katri ||
27. Kulup yèn sirarsa wêruh |
 surasane kitab kadwi |
 Dalil ingkang kaping tiga |
 utawa surasanèki |
 srat wirit Hidayat-jatya |
 sarta cundhuk lawan nukil ||
28. Sorahe Kitab Bayanu |
 -miat lawan Bayan-alip |
 myang kitab Mandinil-asra |
 tuwin Mandinil-maklum-i |
 iku kabèh basanira |
 kitab Tasawud linuwih ||
29. Mratelakakên sadarum |
 wangsiting Hyang Maha Sukci |
 marang sang Nayakaningrat |
 (n)Jêng Nabi kabibolahi |
 amrih cancuting wicara |
 ingsun têngbungakên Jawi ||
30. Manungsèku Rahsaningsun |
 lan Ingsun iki sajati |
 rahsaning punang manungsa |
 karana awaling nguni |
 Ingsun anitahkên Adam |
 asal saka ing anasir ||
31. Patang prakara kinumpul |
 bumi gèni angin warih |
 iku dadi kawujudan |
 ing Sipatingsun sajati |
 kono Sunpanjingi mudah |
 limang prakara kèhnèki ||

Jilid 3 - Kaca : 156

32. Dhingin Ênur gya Rahsèku |
 Êroh napsu lawan budi |
 wus jangkêp limang prakara |
 iyèku minangka dadi |
 warananing WajahIngwang |
 Ingsun kang Amaha Sukci ||
33. Ing Kadis caritanipun |
 panjinging mudah sakawit |
 saka ing ngêmbun-êmbunan |
 mandhêg ing ngutêg tumuli |
 tumurun marang ing netra |
 anulya tumurun malih ||
34. Maring lesan gya tumurun |
 maring ing jajanirèki |
 gya sumrambah maring jasat |
 langkêpe jumênêngmami |
 Insan-kamil agumêlar |
 pan sipat rupa sajati ||
35. Dene mungguh Isbatipun |
 kadi kang kasbut sajroning |
 kitab Baayan-numiat |
 warah saka sabdanèki |
 (n)Jêng Sultan Sungèb ing Makyan |
 mangkene têmbunge Jawi ||
36. Rupa sajati puniku |
 asalira yêkti saking |
 sajati-jatining rupa |
 jatining rupa puniki |
 iya sipating Pangeran |
 Kang Maha Sukci sajati ||
37. Kawuryan nora kaliru |
 nèng rupa kita pribadi |
 wit rupa kita priyangga |
 iku lawanira saking |
 surat-soroting Pangeran |
 Kang Maha Suci sajati ||
38. Lawan ana manèh kulup |
 kitab awawah saking |
 pangandikane (n)Jêng Sultan |
 Abuyajid ing Bustari |
 kadawan yèn nganggo rapal |
 mangkene têmbunge Jawi ||
39. Sajatine Dat puniku |
 dadya tladha Sukma-jati |
 de Sukma-jati dumadya |
 tuladhaning Sipat jati |
 de Sipat jati dumadya |

40. Dadya raringkêsanipun |
ing surasa kaananing |
manungsa pan saking Duryat |
wahananing Duryat saking |
cahyaning Êdat sanyata |
nèng urip-kita pribadi ||
41. Tamat Dalil kaping têlu |
kang carita diarani |
Gêlaran kaananing Dat |
lawan ana manèh kaki |
kanggo saksi lan timbangan |
prayoga dipunkawruhi ||
42. Nahên ta ingkang kasêbut |
ing wiwit Hdayat-jati |
panjupuke kikiyasan |
saka murat maksutnèki |
rasa surasaning kitab |
kang tinêngran Insan-kamil ||
43. Bêbasan surasanipun |
lawan wirid kang kaping tri |
anunggal misah kewala |
rinipta sapuluh warni |
bokmanawi saya tambah |
mimbuhi têranging budi ||
44. Kang dhingin Kulit winuwus |
iku êmbanane Daging |
dadya kaananing raga |
kapindho Daging puniki |
êmbananing êrah dadya |
wahananing Sipat jati ||
45. Kaping tri Êrah puniku |
êmbananing Êroh dadi |
lêksananing kêtêk-kita |
kaping pat Êroh puniki |
êmbananing Rahsa dadya |
wahananing napas yêkti ||
46. Kalima Rahsa puniku |
(m)bananing Pramana jati |
tanggaping rahsa pangrasa |
kanêm Pramana sajati |
iku êmbananing Cahya |
sangkêping panca driyèki ||
47. Kapitu Cahya puniku |
êmbananing Atma jati |
dumadi wimbaning ulat |

kawolu Atma sajati |
iku êmbananing Êdat |
dumadya purbaning ngurip ||

48. Kaping sanga Dat puniku |
êmbananing Nukat-gaib |
dadya wisesaning gêsang |
kasapuluh Nukat-gaib |
puniku êmbananira |
Pangran kang sipat Sajati ||
49. Dumadi sampurnanipun |
ing urip kita sajati |
amurih tambahe têtang |
gêrbane mangkene kaki |
badan puniki sanyata |
wayangannira kang Budi ||
50. Budi wayanganing Napsu |
Napsu yèku wayanganing |
Êroh kang ingaran Suksma |
Êroh yèku wayanganing |
Rahsa ingkang winastanan |
Pramana sajatinèki ||

Jilid 3 - Kaca : 158

51. Rahsa pan wawayanganipun |
Nur Muhkamad cahya wèning |
kang ingaranan Pranawa |
Ênur Muhkamad puniki |
wayangan Akyan-sabitah |
ingaran Atma sajati ||
52. Akyan-sabitah puniku |
wayanganing Datolahi |
uga kang ingaran Sipat |
lah samêngko surasaning |
Dalil kapisan tumêka |
Dalil ingkang kaping katri ||
53. Sarta winantu mawantu |
pratelan mrih tètèh titi |
mungguh panjang surupira |
tumrap kaananing bayi |
ana ing sira priyangga |
Mas Cêbolang matur manis ||

212. Dhandhanggula

1. Gêgêtuning manah labêt pingging |
angrasakkên Dalil kang kapisan |
Êdate Pangeran rêke |
yèn karsa (ng)ganda muhung |
ngagêm grana kita puniki |
yèn karsa angandika |
ngagêm lesan-ulun |

- bilih karsa amiyarsa |
 muhung ngagêm talingan kita puniki |
 miwah manawi karsa ||
2. Angraoskên saliring rahsèki |
 muhung angagêm ing rahsa-kita |
 ulun gagas sadangune |
 ing nalar-nalaripun |
 saèstune dèrèng pinanggih |
 punapa ta inggiha |
 Dating Kang Maha Gung |
 manawi karsa angganda |
 gya cumlorot andhêsêl nèng complonganing |
 grana-kita punika ||
3. Bilih karsa micara tumuli |
 amêncolot dhatêng lesan-kita |
 yèn karsa ningali age |
 sumêmprung gya gumandhul |
 anèng idêp-kita puniki |
 bilih karsa miyarsa |
 lajêng mibêr pupuh |
 ngalih lènging karna-kita |
 bilih karsa angraosakên sakalir |
 mlêbêt mring raos-kita ||
4. Ing pratingkah upami kadyèki |
 sintên tyange kang nate uninga |
 pancolot tuwin encoke |
 Pangeran Kang Maha Gung |
 suthangipun kadi punapi |
 myang sintên tiyangira |
 kang nate andulu |
 kêbêt ibêring Pangeran |
 lar suwiwi ing warni kadi punapi |
 kang mirip lir punapa ||
5. Tuwin malih yèn lumêbêt maring |
 raos kita nèng pundi dunungnya |
 dèrèng dumugi ature |
 Panêmbahan angguguk |
 wacana ris cinuthêl kaki |
 mangsa silih tan wikan |
 kabèh kang kawuwus |
 yèn karungu santri laka |
 ingkang cubluk kinira maido maring |
 ing surasaning kitab ||
6. Ingaranan wong kupur nêmah |
 dadya grêjêg winih tutukaran |
 iku kurang prayogane |
 mangkya ulun mangayun |
 mêdharakên ingkang dumadi |
 gagasing driyanira |

supaya ywa wuyung |
anane kang tatêmbungan |
obah-osiking manungsa atas saking |
kawasaning Pangeran ||

7. Mungguh patrap pratingkahirèki |
myang pangolah pituduhanira |
dumunung nèng wirid ranne |
Wawêjangan ping catur |
ingaranan kayêktènèki |
kaananing Pangeran |
Ingkang Maha Luhur |
yèku pambukane Tata |
-malige ing dalêm Betalmakmur yêkti |
wit dene pamêjangnya ||
8. Pan ambuka kodratira Dat-i |
Pangeran Kang Maha Sukci Mulya |
(ng)gonne karsa (n)jumênêngke |
ing maligene Dat-u |
kang minangka ing Bètolahe |
katata ana sirah |
ing manungsa iku |
sajatine kang minangka |
pitêdahan kayêktèn kaananèki |
sawiji-wijinira ||
9. Nandhakakên klarating Hyang Widdhi |
langgêng nora kêna gingsir owah |
saka kaanan jatine |
nahên ta wus kasêbut |
ing nulikan sorahirèki |
ing Insan-kamil kitab |
mratelakkên tuhu |
wangsiting Pangeran marang |
Nabi kita ayat kapisan kalingling |
karana dalêm rahsa ||
10. Jinarwakkên sajatinirèki |
Ingsun anata malige ana |
sajrone Betalmakmur-e |
iku omah (ng)gonnipun |
Parameyaningsun mandhiri |
ana sirahing Adam |
kang nèng sajronipun |
ing sirah di maknanira |
iya iku utêg kang nèng antaraning |
utêg manik minulya ||
11. Ing sajroning manik iku budi |
jroning budi iku nêpsuhawa |
sajroning nêpsuhawane |
iku Suksma linuhung |
jroning Suksma Rahsa sajati |
sajroning Rahsa ika |

satuhune Ingsun |
tan ana Pangeran liyan |
anging Ingsun Êdat ingkang anglimputi |
ing kaanan sadaya ||

Jilid 3 - Kaca : 160

12. Gancaring kang surasaning Dalil |
sirahira Kanjêng Nabi Adam |
sirahe manungsa kiye |
punika wiyosipun |
kaananing Betalmakmuri |
wrêdi omah myang unggyan |
kang rame linuhung |
utêg kaananing kantha |
narik marang wahananing cahya dadi |
pambukaning kang netra ||
13. Manik kaananing Pramanèki |
narik kaananing warna dadya |
pambukaning paningale |
ngudi kaananipun |
pramana pan wêrdinirèki |
padhang têranging manah |
narik wahyanipun |
ing karsa myang pamicara |
nêpsu iku kaananing hawa narik |
wahananing kang swara ||
14. Dadya pambukaning pamiyarsi |
Suksma iku kaananing nyawa |
narik wahnaning ciptane |
dadi pambukanipun |
ing pangganda mawarni-warni |
rahsèku kaanannya |
ing Atma satuhu |
narik wahnaning wisesa |
dadya pambukaning pangrasanirèki |
tamat wirit kaping pat ||
15. Mangkya ulun amêdharkên malih |
ing carita surasaning layang |
wirid-wirid mau kabèh |
kasbut Dalil kang ngèlmu |
kaping lima sorahe saking |
nukilan kitab aran |
Insan-kamil iku |
ayat kapindho winastan |
kaanane kayêktèn kang Maha Tinggi |
Maha Gung Maha Mulya ||
16. Iya iku ingkang dènarani |
pambukane Tata-malige-ndah |
jroning Betalmukaram-e |
awit pamêjangipun |
(m)buka kodrat iradat Widdhi |

ênggonnira akarsa |
(n)jumênêngkên iku |
maligening Dat sanyata |
kang minangka Bèttulah katata mungging |
ing dhadhaning manungsa ||

17. Sajatine iku iya dadi |
ing pituduh yêktine kaanan |
sawiji-wijining kabèh |
anandhakakên iku |
klarating Dat Kang Maha Sukci |
langgêng tan kêna owah |
ing kaanan tuhu |
mungguh Dalil wangsiting Hyang |
ing (n)Jêng Nabi Muhkhamad Rasullulahi |
mangkene têngbung Jawa ||

18. Sajatine Sun-nata Maligi |
ana sajroning Betalmukaram |
pan iku omah ênggonne |
ing lèlaraningsun |
jumênêng nêng dhadhanirèki |
Adam kalipahIngwang |
kang anêng jronipun |
ing dhadha puniku manah |
dene ingkang ana ing sajroning ngati |
iku Jantung sanyata ||

Jilid 3 - Kaca : 161

19. Kang nêng jroning Jantung iku Budi |
ingkang ana sajêroning Budya |
iya iku Jinêm ranne |
angên-angênirèku |
mungguh ingkang ana sajroning |
ngên-angên iku Suksma |
kang nêng jro Suksmèku |
Rahsa kang nêng jroning Rahsa |
tarlèn Ingsun Êdat ingkang anglimputi |
kaanan sajatinya ||

20. Dunungipun kawruhana kaki |
ingkang dhangin dhadha kaanannya |
Betalmukaram têngêse |
omah larangan tuhu |
kapindhone kang aran ati |
puniku kahnanira |
pancadriya èstu |
anarik ing wahananya |
nêpsu dadya wahyaning napasirèki |
dene kang kaping tiga ||

21. Jantung apan kaananirèki |
pancamaya narik wahananya |
birai dadya wahyane |
kêkêtêg kang kumêdut |

kaping pate budi puniki |
kahananing Pranawa |
narik wahnani pun |
ing karsa nahan dumadya |
wahananing wicara kédaling lathi |
dene kang kaping lima ||

22. Jinêm yèku angên-angên yêkti |
kaananing ponang panggraita |
narik wahnaning swarane |
dumadya wahyanipun |
pamiyarsa karna kakalih |
kanême Suksma ika |
kaananing nyawèku |
narik wahananing cipta |
apan dadya wahyaning pangganda yêkti |
kasapta pupungkasan ||

23. Rahsa kaananing Atma jati |
narik wahananing kang wisesa |
iku dumadya wahyane |
ing pangrasa satuhu |
titi tamat Daliling ngèlmi |
kaping lima nukilan |
sorahing kitabu |
Insan-kamil kalih ayat |
mangkya ulun arsa amêdharkên maning |
lah kaki piyarsakna ||

24. Kasbut anèng wêjanganing ngèlmi |
kang kaping nê m apan ingaranan |
kayêktène kaanane |
kang Maha Suci yèku |
pambukaning Tata-maligi |
jroning Betalmukadas |
wit pamêjangipun |
ambuka kodrat iradat |
-ing Pangeran Kang Maha sukci sajati |
dènnira darbe karsa ||

25. (n)Jumênêngkên maligening Dat-i |
pan minangka Bèttulah sanyata |
nèng konthole manungsane |
iku sajatinipun |
iya dadi pituduhnèki |
kayêktène kaanan |
sajuga jugèstu |
nandhakkên kalarating Dat |
Maha Mulya langgêng ora owah gingsir |
saking kaanan kita ||

26. Kasbut ing dalêm Daliling ngèlmi |
kang kaping nê m nukil saking sarah |
-ing kitab Insan-kamil-e |

- amratelakkên dhawuh |
wangsiting Hyang Kang Maha Sukci |
marang risang Minulya |
Kanjêng Nabi Rasul |
nayakèngrat jagatraya |
Insan-kamil ayat ingkang kaping katri |
winahya têtambung Jawa ||
27. Ingsun Anata malige adi |
ana sajroning Betalmukadas |
iya iku omah (ng)gonne |
ing pasucianingsun |
jumênêng nêng kontholirèki |
Adam ingkang kapisan |
kang nêng ing jronipun |
konthol iku paringsilan |
ingkang ana antara pringsilan iki |
nutpah utawa aran ||
28. Mani jroning mani iku madi |
jroning madi iku wadi rannya |
jro wadi manikêm ranne |
jroning manikêm iku |
rahsa-jati jroning rahsèki |
iku tan ana liyan |
Pangeran mung Ingsun |
Dat kang nglimputi kaanan |
jumênênge ing sajroning Nukat-gaib |
tumurun dadya Johar ||
29. Awal nora nana kang (n)dhingini |
kono wahananing alam sapta |
alam Akadiyat rêke |
alam Wahdat dwinipun |
alam Wakidiyat kaping tri |
alam Arwah sakawan |
alam Misal bayu |
alam Ajsam kang kanêmnya |
alam Insan-kamil kasaptanirèki |
ya alam ya martabat ||
30. Mas Cêbolang matur mangênjali |
dhuh pukulun ing panuwun-amba |
kaparênga mêdharake |
dununge ngèlmu luhung |
têrangipun sawiji-wiji |
wijanging wawêjangan |
jinèjèr mrih jujur |
mèsêm Panêmbahan Rama |
condhong karsa wasana ngandika aris |
lah jêhèng kawruhana ||
31. Inggang dhingin konthol iku yêkti |
kaananing kang Betalmukadas |
omah kang sinucèkake |

kadwi pringsilanipun |
kaananing purba-sajati |
pan katumusan saka |
ing wahananipun |
(m)birai adrênging karsa |
dadya bubukaning Asmara-nalèki |
yèku kusêngsêming tyas ||

32. Katri mani iku kaananing |
kang ran kantha katumusan saka |
ing wahanane hawane |
dadya bubukanipun |
ing Asmara-tura puniki |
kasêngsêming paningal |
catur madi iku |
kaananing warna apan |
katumusan saka wahananing pati |
dadya bubukanira ||

Jilid 3 - Kaca : 163

33. Ing asmara-turida puniki |
yèku kasêngsêming pasêrêngan |
kalimane wadi rêke |
kaananing rupèku |
tan liyan katumusan saking |
ing wahananing cipta |
dumadya puniku |
bukaning Asmara-nada |
iyèku kasêngsêming sapocapan manis |
gandês-luwês mrakatya ||
34. Nêm manikêm iku kahananing |
Sukma-jati katumusan saka |
wahananing pangrasane |
dadya bubukanipun |
ing Asmara-tantra sayêkti |
yèku kasêngsêmingira |
pangarasan gathuk |
kasapta puniku Rahsa |
kaananing Atma katumusan saking |
wahananing wisesa ||
35. Dumadya ing pambukanirèki |
Asmara-gama yèku ta apan |
kasêngsêming salulute |
de babarpisannipun |
tetelane kang ujar rungsit |
supaya aja mamang |
wantahe puniku |
konthol iya kontholira |
paringsilan iya pringsilanirèki |
anduduk warna-warna ||

1. Kang rumuhun mani iku jatinipun |
kama isih dadya warih |
warnanira surat biru |
madi sarining kang mani |
warna surat dadu kaot ||
2. Wadi sarining madi satuhunipun |
surat jênar warnanèki |
manikêm pan sarinipun |
wadi warninipun putih |
maya lir rêtna kinaot ||
3. Nukat-gaib apan iku têngêsipun |
wiji pêpingitan wêrit |
ginaib tan ana wêruh |
iku apan yêktinèki |
srining rahsa sajatos ||
4. Johar-awal têngêse sosotya mancur |
ingkang wiwitan pribadi |
yaiku manik linuhung |
satuhune apan dadi |
êmbananing rahsa jatos ||
5. Johar-awal kalamun wus adumunung |
anèng garbaning pawèstri |
ing kono wahananipun |
alam pitu diaranni |
martabat mangkya kacriyos ||

Jilid 3 - Kaca : 164

6. Alam Wakadiyat pan kaananipun |
wanita ngandhêg sasasi |
têmbunging Arab Latakyun |
têngêse durung sayêkti |
ing kaananing dumados ||
7. Alam Wahdat jangkêp ngandhêg kalih santun |
têmbung Arab diaranni |
Takyun-awal têngêsipun |
wiwit sanyatanirèki |
ing kaananira yêktos ||
8. Alam Wakadiyat ngandhêg tigang santun |
têmbung Arab diaranni |
Takyun-sani têngêsipun |
dene wus sanyata kèksi |
ing kaananira yêktos ||
9. Alam Arwah lagya ngandhêg kawan têngsu |
têmbung Arab diaranni |
Akyan-sabitah lripun |
wus sanyata anêtêpi |
ing kaananira (m)bobot ||

10. Alam Misal ngandhêg limang têngsu tuhu |
 têmbung Arab diaranni |
 alam-Karijiyah iku |
 têngêse sanyata jati |
 ing kaanan nora keron ||
11. Lawan uwis darbe sipat pêthanipun |
 langkêping parabotnèki |
 nanging isih padha buntu |
 garit-garite kaèksi |
 sêlagi gatra kemawon ||
12. Alam Ajsan wahana ngandhêg nêmbun santun |
 têmbung Arab diaranni |
 alam Mukawiyah iku |
 têngêse sanyata urip |
 ing kaananira yêktos ||
13. Lawan uwis adarbe asma puniku |
 apan anama bêbayi |
 banjur ana karkatipun |
 ana ngwêtêng molak-malik |
 lawan bisa nyêndhol-nyêndhol ||
14. Alam Insan-kamil ing wahananipun |
 ngandhêg lagi pitung sasi |
 nganti wolu sangang têngsu |
 têmbung Arab diaranni |
 alam Maknawiyah pantog ||
15. Wêrdi nyata kawêdhar kaananipun |
 kalawan uwus mandhiri |
 sampurnaning manungsèku |
 darbe pakarti yun lair |
 anèng ngalamdonya katon ||
16. Titi tamat wawêjangan dunungipun |
 kang kasêbut layang wirid |
 kang kaping nêmbun puniku |
 Mas Cêbolang matur aris |
 dhuh risang tuhu kinaot ||
17. Sampun tanggêl paparinging sih tumuntur |
 bilih wontên lajêngnèki |
 wiwijanganing kang ngèlmu |
 wirid kang dèrèng kawijil |
 sangêt ing panyuwuningong ||
18. Nadyan botên tumrap abon-abon bumbu |
 lalajêring criyos ngarsi |
 saking sru kayungyun-ulun |
 kumêdah atampi malih |
 suraosing kawruh kaot ||

Jilid 3 - Kaca : 165

19. Panêmbahan Rama mèsêm lingira rum |
atut pamintanya yêkti |
nora nana alanipun |
marsudi tutur prayogi |
ingsun murwani cariyos ||
20. Kang kasêbut wirid surasaning ngèlmu |
wawêjangan ingkang kaping |
pitu ingaranan iku |
panêtêp santosanèki |
iman (m)buka sadat jatos ||
21. Wit pamêjang mangsit kang dadya pikukuh |
pangandêl kita puniki |
dènnya ngêstokkên satuhu |
marang kayêktènirèki |
ing uripira pribados ||
22. Yèn wus têtêp minangka tajalinipun |
Pangeran Kang Maha Sukci |
ing dalêm Ijmak kasêbut |
wirayating para wali |
kang sinung rahmat Hyang Manon ||
23. Yèku nunukilan saking Kadim-makdum |
kasbut sajroning bab nênggih |
Maktu-maktulali yahu |
nyaritakkên kakekati |
ing tokite Hyang kinaot ||
24. Ingkang têrus marang ihtikat puniku |
pipiridanira saking |
ing cipta sasmitanipun |
Kangjêng Nabi Muhkhamadin |
Rasullolah Ibuning roh ||
25. Kang winangsitakên marang mantunipun |
kyatingrat Bagendha Ngali |
rapale nora cinatur |
amung supayane gampil |
jarwanira kang suraos ||
26. Ingsun anêksèni ing satuhunipun |
ora ana maning-maning |
Pangeran iku mung Ingsun |
lan nêksèni iku yêkti |
Muhkhamad Utusaningong ||
27. Kang sinung ling mangênjali aris matur |
bok bilih salah panampi |
ingkang binasakkên Ingsun |
myang (n)Jêng Nabi Muhkhamadin |
puniku sintên kang mêlok ||

28. Sang awiku angandika têmbung Ingsun |
lawan têmbung Muhkhammadin |
kacarita kang kasêbut |
ing wirid Hidayat-jati |
mungguh dununge ginatos ||
29. Ingkang dènaranni Pangeran puniku |
Dat urip kita pribadi |
sabab ing sajatinipun |
saguning Asiya-iki |
padha kukum napi maton ||
30. Wêrdining kang Asiya sawijinipun |
wardining napi sêmênir |
mulane mau kasêbut |
tan ana Pangeran iki |
isbate kanang suraos ||
31. Tunggal tanpa wawangênan kacèkipun |
amung lair karo batin |
de kang dènaranni mau |
Muhkhamad iku sipating |
ing cahyakita pribados ||
32. Mula binasakkên utusan puniku |
marga kawistara munggwing |
netra kadi kang kasêbut |
Dalil jroning Kur'an iki |
jawanira winiraos ||
33. yêkti têmên-têmên ing sira sadarum |
Utusan Dat kang kawijil |
saka ing awakirèku |
Ingkang Maha Mulya Sukci |
Kang Maha Luhur sayêktos ||
34. Tinartamtu mungguh ing utusan iku |
tan nalisir nêmbadani |
saciptanira kalamun |
angandêl sayêkti olih |
pangapurane Hyang Manon ||
35. Yèn wus anêksèni ing Dalil Kur'an-u |
dhawuhing Hyang Maha Sukci |
kang kaya mangkono mau |
dipun-waskitha ing ati |
yèku urip kita yêktos ||
36. Wahananing nugraha kaananipun |
ing kanugrahan têtèki |
dene nugraha puniku |
Dat-ing Gusti Maha Sukci |
kanugrahan Sipatingong ||

37. Tunggal tanpa wawangênan adumunung |
nèng urip-kita pribadi |
sabab ingkang wus kasêbut |
ana kitab Insan-kamil |
amêmarah wus pinathok ||

38. Yèn namaning Alah yèku namanipun |
(n)Jêng Nabi Muhkamad yêkti |
mangkana sanepanipun |
lir pèdhang lan rangkanèki |
loro dumadya sawiyos ||

Jilid 3 - Kaca : 167

39. Mangkya Alah minangka warangkanipun |
Muhkhamad pèdhangirèki |
ing tèmbe wasananipun |
wawangsul lan rangka manjing |
marang curiga sayêktos ||

40. Titi tamat wirit surasaning ngèlmu |
kasapta sahadat jati |
samêngko kang ingsun tutur |
wawêjanging kang wirid |
kaping wolu Pocung pantog ||

214. Pocung

1. Ingaranan Sasahidan iku kulup |
awit pamêjangnya |
kinèn anyahidi maring |
wahananing sakèh ingkang sanak kita ||
2. Yèku kaananing dumadi sawêgung |
kang gumêlar ana |
ing ngalamdonya puniki |
bumi langit surya candra myang sudama ||
3. Gêni angin banyu ing sasamenipun |
padha nêksênana |
yèn kita mangke ngakêni |
jumênêng Dat-ing Gusti Kang Maha Mulya ||
4. Dadi sipating Alah sajatinipun |
kasbut jroning kitab |
wawarahing para sidik |
ênggonnira mênçarkên nukil laksana ||
5. Kadim-makdam sajroning bab Maklumatul |
-oliyah winahya |
wiyosipun anartani |
ing panêtêp santosaning imannira ||
6. Èstu dadya pamuntuning tokitipun |
bontos mring ihtekat |
uga wiwirdan saking |

cipta sasmitanya (n)Jêng Nabi Muhkhamad ||

7. Rasullolah kakasihira Hyang Agung |
winangsitkên marang |
siswa Sayidina Ngali |
amrih cancut mangkene têmbunge Jawa ||
8. Ingsun anêksèni kalawan satuhu |
mring Dat-ipun dhawak |
ing sayêkti-yêktinèki |
ora ana Pangeran mung Sun priyangga ||
9. Lan nêksèni ing sun ing satuhunipun |
(n)Jêng Nabi Muhkhamad |
Utusaningsun sayêkti |
mangka iya ing sajati-jatinira ||
10. Ingkang aran Alah iku Badaningsun |
Rasul Rahsaningwang |
Muhkhamad pan Cahyamami |
iya Ingsun kang urip tan kêna lena ||
11. Ingsun ingkang èngêt tan kêna kalimput |
Iya Ingsun ingkang |
langgêng ing salaminèki |
nora kêna owah-gingsir ing kaanan ||
12. Iya Ingsun kang waskitha saliripun |
nora kasamaran |
ing sawiji-wijinèki |
Iya Ingsun kang amurba amisesa ||
13. Kang kawasa tan na maning iya Ingsun |
ingkang wicaksana |
tan kurangan ing pangarti |
byar sampurna padhang têtang tarawangan ||
14. Apan nora krasa apa-apa tuhu |
kang katon tan ana |
amung Ingsun kang nglimputi |
alam kabèh lan Kodratingsun sanyata ||
15. Ingkang sinung wangsit manêmbah umatur |
dhuh sang sadudibya |
kalangkung eraming ngati |
mênggah lêpasing mangêrtining manungsa ||
16. Ingkang lajêng gadhah panganggêp satuhu |
ngakên jumênêng Dat |
-ing Gusti Kang Maha Sukci |
kang ingaran Alah punika badannya ||
17. Ingkang aran Rasul iku Rahsaningsun |
ingaran Muhkhamad |

Jilid 3 - Kaca : 168

puniku Cahyanirèki |
mênggah ing pangrêngkuh kang kadya punika ||

18. Sirnaning kang ringa-ringa wusanèstu |
tumimbuling tekat |
akandêl kumandêl yêkti |
ing pamêndhêt wawaton saking punapa ||
19. Panêmbahan pangandikanira arum |
kulup bokmanawa |
rumambate amung saking |
lalantaran kalantipaning pangartya ||
20. Winantonan ênêng-ênênging kang kalbu |
awit surasanya |
wawêjangan kang kaèsthi |
kacarita mungguh dununge winarna ||
21. Mangka ingkang ingaran Pangeran mau |
iya nora liya |
Dat urip kita pribadi |
dene ingkang ingaran Nabi Muhkhamad ||
22. Iya iku ora liya Sipatingsun |
cahya kita dhawak |
kasbut jroning dhikir Lai |
-lailolah Muhkhamadun Rasullolah ||
23. Ora ana Pangeran sayêktinipun |
mung Allah tangala |
Nabi Muhkhamad puniku |
utusaning Allah ingkang Maha Mulya ||
24. Nanging lamun kakekatira saèstu |
kang ingaran Allah |
Apngaling Rasul sayêkti |
adumunung ana ing kaanan kita ||
25. Rasul iku asmaning Muhkhamad tuhu |
mungging rahsa kita |
Muhkhamad sipatirèki |
cahya kita dumunung ing gêsang kita ||
26. Sayêktine urip kita iki èstu |
Êdating Pangeran |
Kang Maha Sukci sajati |
kayêktène kasbut jroning Dalil Kur'an ||
27. Tuhu lamun Pangeran ki Maha Luhur |
kuwasa mijilna |
ing urip saka ing ati |
lan mijilkên ing pati saka ing gêsang ||

Jilid 3 - Kaca : 169

28. Iya urip kita pribadi saèstu |
awit saka pêjah |
wêkasan tan kêna pati |
Kayun pidaraèni babasanira ||
29. Wêrdi urip ing kaanan loro tuhu |
ingkang dhingin ana |
ngalam sahir urip jati |
ana ngalam kabir kita iya gêsang ||
30. Tan kasupèn Dat-kita Kang Maha Agung |
tan kêna gingsira |
saking sipat-kita iki |
ingkang elok miwah ora kasamaran ||
31. Asma-kita kang wisesa lwih kacukup |
dene Apngal kita |
ingkang sampurna sajati |
apan dadya pupuntonning tokidira ||
32. Kang ambontos marang ihtikat satuhu |
sampurnaning gêsang |
kita punika sayêkti |
kang karasa kang katingal nora nana ||
33. Mung waluya sajati langgêng manglimput |
ing alam sadaya |
mula têntrem lumastari |
ora nana uwas sumêlanging nala ||
34. Titi putus wawêjangan kang kawolu |
jêbèng lamun ana |
kang dadi rasaning ati |
tuturêna ywa wawang dimèn sampurna ||
35. Nêmbah matur saking ing pangraos-ulun |
wus wantah sadaya |
botên mawi aling-aling |
kantun nata jumbuhing pamanggih-kita ||
36. Duk rumahun ulun sring mirêngkên wuwus |
cangkriman gujêngan |
-ira para ahli budi |
ing sajadad sakurêbipun akasa ||
37. Salumahing bantala salêbêtipun |
ing sangalamdonya |
isi manungsa kèhnèki |
kacariyos mung kalih jalu wanita ||
38. Yèn makatên pawèstri puniku jumbuh |
botên aprabeda |
lawan tiyang jalêr sami |
tinitah nêng donya jumênêng manungsa ||

39. Nanging sarêng ulun wus tampi pituduh |
kang sampun winahya |
gathuking suraosnèki |
dodongèngan kalawan wirid wêjangan ||

Jilid 3 - Kaca : 170

40. Jalma èstri botên kang kasêbut ngayun |
ingkang kadunungan |
Datipun Kang Maha Sukci |
amung jalêr kadi kang sampun kawêdhar ||

41. Wawêjangan kaping nênm èngêt-ulun |
apan winastanan |
kaanan Kang Maha Sukci |
salajêngnya Gambuh tumrap jalma priya ||

215. Gambuh

1. Sang Wiku lingira rum |
bênêr kabèh kulup wuwusingsun |
lagi tumrap mring jalma priya pribadi |
dene ta makikinipun |
tan prabeda lanang wadon ||

2. Mangkene wijangipun |
kaya ta kang kasêbut ing ngayun |
konthol kaananing Bêtalmukadas-i |
dene paringsilan iku |
kaananing purba jatos ||

3. Kalamun kyai guru |
mêdharakên rahsaning kang ngèlmu |
pambukanya Tata-malige sajroning |
Betal mukadas trapipun |
pamêjang maring wong wadon ||

4. Mrih jumbuh rahsanipun |
wênang kiniyas mangkene kulup |
ing nalika Pangeran Kang Maha Sukci |
karsa nata-Malige gung |
jro Bêtalmukadas kaot ||

5. Jumênêng anèng ngriku |
ing bagane Siti Hawa yèku |
kang nèng jroning бага purana sajati |
de kang nèng antaranipun |
purana rêtna kinaot ||

6. Basa rêtna lirisipun |
yèku mani jroning mani iku |
aran madi jroning madi aran wadi |
jro wadi manikêm tuhu |
jro manikêm rahsa yêktos ||

7. Sajroning rahsa mau |
iku Dat-ing Atma arannipun |

anglimputi marang ing kaanan jati |
dene ta jumbuhing wujud |
baga timbanganing konthol ||

8. Purana timbangipun |
lan pringsilan jumbuh jatipun |
sabanjure lan priya pamêjang-sami |
dènyya mèrdi amrih jumbuh |
pamarsudi waskithèng (n)don ||
9. Lan manèh bedanipun |
wawêjangan ingkang kaping pitu |
ing Panêtêp santosaning iman yêkti |
yèn amêjang mring dyah mau |
mangkene kenang wiraos ||
10. Sun-nêksèni satuhu |
ora ana Pangeran mung Ingsun |
lan nêksèni Ingsun Muhkhamad sayêkti |
iku pan Utusaningsun |
Ni Patimah Umatingong ||
11. Mung iku kaotipun |
wus salêsih ingkang ingsun wuwus |
Mas Cêbolang manêmbah umatur aris |
sadaya Dahalil dhawuh |
pangandikaning Hyang Manon ||
12. Myang Kadis sabda Rasul |
ingkang sampun kasêbut sadarum |
suraose lajêng karaos wontên ing |
dalêm raos wasanèstu |
agêng bingahing tyasingong ||
13. Yayah marwata-sunu |
krana sampun tatela satuhu |
lamun Dat-ing Pangeran Kang Maha Sukci |
punika sampun dumunung |
têtêp anèng angganingong ||
14. Myang kita trang satuhu |
yèn wujuding Allah Kang Maha Gung |
Panêmbahan angandikanira aris |
atut tuturira tutup |
yêktine iya mangkono ||
15. Ananging ywa kasusu |
aja pisan wani ngaku-aku |
(m)bok kasiku kang mangkono iku kaki |
kêna uga wênang muluk |
yèn wus katon padha mêlok ||
16. Mèloke ujar iku |
yèn wus ilang sumêlanging kalbu |

Jilid 3 - Kaca : 171

amung kandêl kumandêl ngandêl ing takdir |
akanthiya awas emut |
dèn-mêmêt yèn arsa momot ||

17. Pramilane dhinapur |
ing pralambang kang mangkono mau |
jêr manungsa beda-beda watêgnèki |
mungguh wiwijangipun |
ana têtung warna maton ||
18. Rungsit wêrit kalangkung |
salugune ngaurip pakewuh |
ing pambudi bisane têtêp nêtêpi |
mula banjur ana têtung |
paribasaning wiraos ||
19. Kang dhingin jalma iku |
langkung tuna tanpa ngawag ngèlmu |
pikajênge kalangkung tuna sujalma |
yèn tan wruh suraosipun |
mring ngèlmu ingkang sayêktos ||
20. Kapindho jalma iku |
gêdhe-gêdhening dosa puniku |
ora ana sujalma kang ngolah ngèlmi |
kang kurang sampurnanipun |
tanpa tuwasing dumados ||
21. Kosokbaline kulup |
gêdhe-gêdhening kamulyan iku |
nora nana kaya wong kang ngulah ngèlmi |
kang nganti sampurna putus |
sayêkti jalma kinaot ||
22. Kabèh ngèlmu puniku |
kalakone pasthi kanthi laku |
lêkas lan kas têtêse kas nyantosani |
satya budya tyas rahayu |
pangêkêsing angkara (n)dhon ||
23. Anggêrêng angkara gung |
anèng angga gumlêgêr gumulung |
gêgolongan tri-loka lèkêre kongsi |
yèn dèn-umbar babar banjur |
dadi rubeda sayêktos ||
24. Pasthi beda kalamun |
kang wus sêngsêm mahas ing ngasamun |
sêsêmunne ngaksama sasami-sami |
sarwa sarèh dènnira yun |
mardi martotama kaot ||
25. Taman limut katutup |
durgamèng tyas kang linimput-limput |

Jilid 3 - Kaca : 172

karêm ana karamat karoban ing sih |
sihing Suksma ngundhung-ngundhung |
ngrêda sahardi (m)bêgogok ||

26. Ananging luwih ewuh |
nitik saka pangandikanipun |
para ingkang winasis ing nguni-uni |
mungguhing laku puniku |
Maskumambang kang gumantos ||

216. Maskumambang

1. Yèn manungsa jibar-jibur sabên ari |
tansah ambaruwah |
yèku tanpa laku yèkti |
anèng donya salaminya ||
2. Baksanandrawina manggung dèn-ubyungi |
têgêse datan sah |
suka-suka minum bukti |
ing tèmbe kalamun pêjah ||
3. Kacarita jasate bosok wor siti |
dene yitmanira |
dadi riridhu mêmêdi |
kêmamang wêdhon pocongan ||
4. Lamun ana jalma ingkang anglakoni |
anggung tapabrata |
yèku kang karêm sasirih |
acacêgah minum nadhah ||
5. Tèmbe lamun mati jasatira garing |
atos dadya sala |
yitmanya ngalambrang kadi |
kinjêng ingkang tanpa soca ||
6. Lamun ana janma karêm cêgah guling |
tèmbe lamun pêjah |
kacrita yitmanirèki |
dadya setan jim prayangan ||
7. Lamun jalma karêm tapa nir sarêsmi |
yèku cêgah sahwat |
tèmbe pêjah yitmanèki |
dadi dhanyang smarakisma ||
8. Mas Cêbolang gèdhèg-gèdhèg turira ris |
babo kadiparan |
mênggah patraping ngaurip |
saèstu angèl kalintang ||
9. Panêmbahan pangandikanira aris |
ingkang wus sunucap |
laksanane kang sajati |

Jilid 3 - Kaca : 173

tumitah ing ngalamdonya ||

10. Lumaksana kadi kang kasêbut wirit |
dhingin winalêran |
ngarani Allah tan kenging |
kapalèsètna Pangeran ||
11. Lan aja sring ngarani namaning manik |
utêg polo ika |
sarta aja asring bukti |
ulamng manik myang utak ||
12. Lan maninge aywa asring angarani |
angên-angên sarta |
aja sok mangan sirèki |
iwak jantung tuwin manah ||
13. Pungkasane aja sok ngarani mani |
lan aywa sring mangan |
iwak pringsilan tan kêni |
mung iku yèn bisa nyêgah ||
14. Kang mangkono kacrita luwange nguni |
asring katarima |
banjur dadi ngèlmunèki |
dene manawa kalepyan ||
15. Nora dadi sabab wit sajatinèki |
ingkang parlu dadya |
larangan winanti-wanti |
mung ywa ngumbar napsu hawa ||
16. Lamun bisa (m)birat napsu hawanèki |
adat sing kanggonan |
awas emut angrakêdi |
yèn awas emut widada ||
17. Bokmanawa pinarêng bisa amanggih |
mulya sangkan paran |
de patrap pikantuknèki |
kadi kang kasbut wirayat ||
18. Para mashur ahli budi ambêg ngèlmi |
dènyya sung wasita |
mungguh ngaurip puniku |
kang tabêri suci satya ||
19. Mangka dadya pambirating durgandini |
têmbe maotira |
têgêse nyirnakkên maring |
ganda ingkang ora enak ||
20. Angurangi panginum kalawan bukti |
iku mangka dadya |

- pangluhuraning kang ragi |
ing têmebe jaman antaka ||
21. Nyuda turu lan arang sahuwatnèki |
mangka èstu dadya |
panglulutaning jiwèki |
ing têmebe jaman palastra ||
22. Anyunyuda wuwus napsu wuwus bêngis |
mangka iku dadya |
panglênyêpaning rahsèki |
têmebe pungkasaning gêsang ||
23. Mangkya Kimas Cêbolang upama sari |
wus mèdêm sumringah |
nayana sumringah wêning |
sênênning cahya kawuryan ||
24. Kacarita Nurwitri lan santri katri |
samyang mring pondhokan |
Saloka myang Palakarti |
datanapi Kartipala ||
25. lajêng nendra mung Nurwitri wangsul malih |
sapraptaning ngarsa |
Panêmbahan atanya ris |
lah Nurwitri ana paran ||
26. Kang sinung ling manêmbah umatur aris |
wontên ing pondhokan |
botên sagêt-sagêt guling |
jalaran sontên miyarsa ||
27. Santri maos nukilan amêndhêt saking |
murad maksudira |
suraos sorahirèki |
wasta Kakekating salat ||
28. Golongane kitab Tasawub witnèki |
mratelakkên ingkang |
Kadis pangandika Nabi |
Muhkhamadun Rasullolah ||
29. Jarwanipun saking kaengêtanmami |
aningali ingwang |
maring ing Pangeranmami |
kalawan Pangeraningwang ||
30. Sasampuning kèndêl ing pamaosnèki |
tyas amba karantan |
kadiparan lajêngnèki |
ananging tanpa wasana ||
31. Kalawau badhe caos atur ajrih |
mugi kaparênga |

paring barkah maring patik |
pamingkasing kasêngkêlan ||

32. Panêmbahan pangandikanira aris |
mungguh pangandika |
ingkang mangkono Nurwitri |
muhung anêtêpi ika ||
33. Ing surasa kajatène sahalati |
sabab salat ika |
karêpe iku sayêkti |
(ng)gêlêngkên rahsa kang pisah ||
34. Dene ingkang binasakkên pisah Witri |
ana patang warna |
dununge sawiji-wiji |
lah ta iki kawruhana ||
35. Inggang dhingin têngbung ekram têngsnèki |
ningali ing Allah |
dene babasan puniki |
ningali ing Allah Akbar ||
36. Sirna paningaling kawula puniki |
kari maliginya |
paningaling Allah jati |
dadi karêping surasa ||
37. Têngbung aningali ing Allah sajati |
kang ningali Allah |
dene kang dera tingali |
ora liya iya Allah ||
38. Pindho têngbung munajat têngsirèki |
amaca ing Allah |
ingkang binasakkên kaki |
maca ing Allah sanyata ||
39. Pan wus sirna pamacane kawulèki |
salugu tan liya |
kari pamacanirèki |
pan iya Allah balaka ||
40. Dadi mungguh karêpe têngbung puniki |
amaca ing Allah |
ingkang maca Allah ugi |
kang winaca iya Allah ||
41. Katri têngbung anyadul têngsirèki |
anggêntèkkên lawan |
wujuding Allah sajati |
kang binasakkên kadyèka ||

Jilid 3 - Kaca : 175

42. Anggêntèkkên lawan wujuding Allahi |
sirna wujud kita |
kari tatela sajati |
ing kawujudaning Allah ||
43. Dadi mungguh karêpe têmbungan iki |
(ng)gêntèkkên kalawan |
wujuding Allah sajati |
ya Allah kang maujuda ||
44. Catur têmbung mikraj têngêse winarni |
ngluhurkên paningal |
saking Nabi Adam maring |
asaling Pangeran kita ||
45. Ingkang mangka banjur ana manungsèki |
kang têtêp tan pêgat |
ngluhurakên samukawis |
kaya ta ngèlmuning Allah ||
46. Pangucap Allah myang panggandanèki |
datan liyan Allah |
pamiyarsa Allah uni |
paningale iya Allah ||
47. Dat-e Allah Sipat-e Alah sajati |
Apêngal-e Allah |
yèku têtêp anêtêpi |
rahsaning Allah balaka ||

217. Mijil

1. Pamijile pitutur ing ngarsi |
rasakna sayêktos |
nganti têkan ing dalêm raose |
bokmanawa pinarêng ing Widdhi |
gya karaos yêkti |
mangkene lirisun ||
2. Yèn manungsa kaduga nglakoni |
tindak nistha awon |
iku padha uga lawan gawe |
kanisthaning Pangeranirèki |
yèn manungsa kardi |
alaning ragèku ||
3. Padha uga ngala-ala maring |
Sariraning Manon |
sapa wonge ingkang mahagawe |
ing sawiyah-wiyah maring dhiri |
iku padha ugi |
nyawiyah Hyang Agung ||
4. Sapa wonge ngrèmèhakên dhiri |
uga padha yêktos |

Jilid 3 - Kaca : 176

angrèmèhkên maring Pangerane |
manungsa yèn nyamahakên dhiri |
padha uga kardi |
nyamah ing Hyang Luhur ||

5. Lamun ana kang ora mangêrti |
sarta tan karaos |
tumrap ana ing dalêm raose |
surasane pralambang puniki |
kêna dènaranni |
manungsa kapidun ||
6. Awit têmbung kapid wêrdinèki |
kasumpêlan yêktos |
lawan kaling-kalingan yêktine |
dene jalma ingkang amangrêti |
lan karaos yêkti |
anêtêpi laku ||
7. Ngluhurakên maring samukawis |
ngèlmune Hyang Manon |
kadi ingkang kasbut pralambange |
têmbung mikraj kang kasêbut ngarsi |
kêna dènaranni |
têtêp manungsèku ||
8. Anyalira lan kaslira maring |
ing Allah sayêktos |
manawèku kang binasakake |
manungsa nung kang Islam sajati |
Islam wêrdinèki |
pasrah myang rahayu ||
9. Yèn rinasa têmbung loro ngarsi |
ing panêmuningong |
manungsèku kang binasakake |
Islam jati têtêp nyarirani |
lan kaslira maring |
ing Allah satuhu ||
10. Manawèku manungsa kang uwis |
kasbut wruh sayêktos |
Islam ing suhul dene têngêse |
wruh êmpaning pangira bènêring |
panuju têtêpaning |
sujana linuhung ||
11. Buka wênganing mangsakalèki |
babasan mangkono |
wus tinamu-tamu satuhune |
kunci gêdhong rahsaning Allahi |
kosok-balinèki |
mangkya kang winuwus ||

12. Manungsa kang binasakkên kapid |
 anyarira yêktos |
 lan kaslira ing setan cêblèke |
 yèn salulut mangka dadi wiji |
 cilikane apik |
 diwasane kumprung ||
13. Ki Nurwitri karênan ing ati |
 matur malih alon |
 amba nyuwun mênggah wiwijange |
 pangkat-pangkataning ponang ngèlmi |
 Kasampurnan jati |
 suhunan lingnya rum ||
14. Ingkang dhingin ngèlmu sarengat-i |
 dunungnya pangawroh |
 ing lakune raga kita kiye |
 kang kapindho ngèlmu tarekat-i |
 apan angawruhi |
 lakuning kang kalbu ||
15. Katri ngèlmu kakekat puniki |
 pangawruh sayêktos |
 lakuning kang nyawa kita kiye |
 kaping pate ngèlmu makripat-i |
 pangawruh sajati |
 lakuning rahsèku ||
16. Sanepane kang patang prakawis |
 mangkya cinariyos |
 kang sarengat iku upamane |
 lir wujuding baita sêkoci |
 ngèlmu tarekat-i |
 wujud palaut ||
17. De kakekat pindha nama kadi |
 mustika kinaot |
 dumunung nèng têtêng samodrane |
 makripat-e pindha pama kadi |
 pangawruh trang titi |
 kaya ta puniku ||
18. Angawruhi lakuning sêkoci |
 pasange we êrop |
 myang ngawruhi jro cêthèking kang we |
 anadene ngawruhi (ng)gonnèki |
 ri kang musthika di |
 nèng têtênging laut ||
19. Karêping kang lampita kadyèki |
 upamane uwong |
 sumêdya yun (n)jupuk musthikane |
 ingkang ana têtênging jaladri |
 yèn gohang sawiji |

Jilid 3 - Kaca : 177

saka catur mau ||

20. Sayêktine nora bisa dadi |
lire kang suraos |
saupama tanpa baitane |
apa bisa ngambah ana warih |
nadyan numpang kunthing |
lamun nora wêruh ||
21. Ing dununge musthika kang adi |
sarta ora wêroh |
ewuh-pakewuh kalêksanane |
apa bisa katêkan sêdyèki |
ngaji ora odhil |
mulane kacatur ||
22. Kudu ganêp nora kêna kongsi |
gothane sawiyos |
nora gampang mangkono yêktine |
pipiliyan jalma ingkang bangkit |
nanging laku iki |
lagi madyanipun ||
23. Ana maning pangolahing ngèlmi |
utama kinaot |
luwih saka kang dakcaturake |
crita lèlakone para wali |
yèn jaman samangkin |
Kangjêng Sultan Agung ||
24. Kang mandhirèng ing praja Mantawis |
kalamun sang katong |
apanuju kaparêng karsane |
mundhut barang kang nèng jro jaladri |
utawa sang aji |
yèn arsa ngalangut ||
25. Nadyan mijil saking tanah Jawi |
tan mawa nitih jong |
nora mingsêt saking plênggahane |
bar Jumungah mring Kakbatolahi |
mangka tandha saksi |
ingkang samya mantuk ||
26. Saka kaji jalu miwah èstri |
caritane jumboh |
(m)bèn Jumungah katêmu gustine |
ana manèh caritaning nguni |
ing lalakonèki |
Sèh Lêmahbang luhung ||
27. Pamuntoning tekak murtat maring |
agama kinaot |
wus ambuwang marang sarengat-e |

Jilid 3 - Kaca : 178

- kadênangan kang nata agami |
ing kono Sèh Siti |
kukum kisas lampus ||
28. Wusing wafat kuwanda tan kèksi |
nulya na wiraos |
lamat-lamat kapyarsa swarane |
surasane sung wasita jati |
kang myarsa dumêling |
mangkene lingipun ||
29. Ingsun wus amurwèng (n)don linuwih |
wèh wasita jatos |
e manungsa sesa-sesa tyase |
jaman pati ing rèh puntonnèki |
tekat santa titis |
santosaning kalbu ||
30. Nora saking anon amiyarsi |
riringa sinapon |
rêngat rêngu pan siningitake |
labêt salin ing salaganèki |
lugu dènugêmi |
agême ragèku ||
31. Suminggahe sangka sanggarunggi |
sarak siningkur doh |
krana iku ngrurubêti bae |
karya uwas sumêlang liniling |
(m)buh-(m)buh dèndhêmi |
sakèhing kang wuruk ||
32. Têkèng pati tiwas nguciwani |
awit keran-keron |
sajatine kang èstu lungguhe |
muhung ana ciptanta pribadi |
pusthinên pangèsthi |
tan ana kang ketung ||
33. Wus ginêlêng dumadya sawiji |
pinasthi pinathok |
wijanging kang ngèlmu jatmikane |
nèng kaanan ênêng lawan êning |
cêp wus tan kapyarsi |
ganda ngambar arum ||
34. Nanging aywa padha salah tampi |
surasaning criyos |
iku amung kanggo ondhe-ondhe |
poma aja nyingkur sarak Nabi |
rukuning Islami |
kono marga luhung ||
35. Mungguh ananing carita iki |
pipiridan ingong |

kikiyasan saka ngandikane |
para alim parama bèrbudi |
ahli ing kitabi |
surasaning têtambung ||

Jilid 3 - Kaca : 179

36. Ingkang dhingin sapa manungsèki |
sadurunge layon |
anèng donya mangka jro tekade |
anêtêpi ngêgungakên maring |
pakaryanirèki |
sarengat linuhung ||
37. Iya iku bab lakuning dhiri |
têmbe lamun layon |
aran makam-parèk de wardine |
dunung pamisahan ora nunggil |
pisah raganèki |
lawan nyawanipun ||
38. Kapindhone sapa manungsèku |
sadurunge layon |
anèng donya mangka ing tekade |
anêtêpi ngêgungakên maring |
pakaryan utami |
ing tarekat-ipun ||
39. Iya iku lakuning kang ati |
têmbe lamun layon |
aran makam-jalèk de wêrdine |
dunung kukumpulan lir duk urip |
kang kumpul puniku |
raga lan nyawèku ||
40. Kaping katri sapa manungsèki |
sadurunge layon |
anèng donya ing mangka tekade |
anêtêpi ngêgungakên maring |
ing pakaryan sidi |
kakekat linuhung ||
41. Iya iku lakuning nyawèki |
têmbe kacariyos |
aran makam-jamèk-mujamèk-e |
wêrdi kumpul lir ngakumpul yêkti |
kang kumpul ngumpuli |
raga lan nyawèku ||
42. Kang kaping pat sapa manungsèki |
sadurunge layon |
anèng donya kang mangka tekade |
anêtêpi ngêgungakên maring |
pakaryan linuwih |
makripat pinunjul ||

43. Iya iku lakuning rahsèki |
têmbe kacariyos |
aran makam-baka de wêrdine |
dumunung ing langgêng nora gingsir |
raga lan nyawèki |
kapungkur katêlu ||

218. Pangkur

1. Ujar kang wus ingsunpajar |
mrih tan uwus wawasên ywa wis-uwis |
gathuking surasanipun |
dhinapur dèdongèngan |
pinralambang rêmbuge manut têtêlu |
Gêmak lan Palatukbawang |
Brêkutut ingkang nêloni ||

23 Panêmbahan Rama ngêndikakên bab margining kamuksan ingkang sakalangkung rumit. Wêjanganipun dhapur dongèng rêrêmbaganipun Gêmak, pêksi Pêrkutut tuwin Platukbawang. Têtiganipun sami rêraosan bab ngèlmu kasunyatan adhêdhasar Dalil-dalil Kur'an. Mikradipun Kg. Nabi Muhammad, sarta sawatawis kitab Tasawuf. Ugi kacariyosakên rêmbagipun Ulêr-jêdhung kalihan sawêr bab gêsangipun. Ulêr dados ênthung, lajêng santun warni dados kupu; dene sawêr anglungsungi. Kalih-kalihipun kanthi lampah tapabrata ingkang pantês dados têtuladaning manungsa anggayuh kasampurnan. Kasambêt rêmbag kalihan pêksi Urang-urangan bab pakartinipun Pancadriya lan sanès-sanèsipun. ...
kaca 179-198.

Jilid 3 - Kaca : 180

2. Anuju sawiji dina |
manuk Gêmak kakaring pongol wukir |
satêpining samodra gung |
kêkipu pagisikan |
kawistara sênêng nulya na tumurun |
kang pêksi Pêlatukbawang |
gêmak manêmbrama manis ||
3. Lo kowe Pêlatukbawang |
padha bêcik têtamu ngarsamami |
baya ta ana karyamu |
ingkang rada wigatya |
kadingarèn sira sarju mring (ng)gonningsun |
kene nir kang paran-paran |
samun suwung sêpên sêpi ||
4. Palatuk alon lingira |
awit saka pangèstumu basuki |
mula ulun nguyu-uyu |
prapta ing ngarsanira |
muga aywa dadi kagèting atimu |
katarik ing panggraita |
wus lawas (ng)gonku nitèni ||
5. Sabên-sabên sira saba |
anèng kene lawan sukaning ati |

miwah solah-tênagamu |
beda lan grêmêt liyan |
nganggo (n)jungkir-(n)jungkir gèdhèg manthuk-manthuk |
kêkipu têpi samodra |
wulu mêngkorog kêkirig ||

6. Ingkang mangkono èh Gêmak |
mênèk dadi dhangan parênging ati |
sarta yèn nora pakewuh |
bangêt kapenginingwang |
bisa wêruh apa kang dadi sêdyamu |
dene sira darbe patrap |
lan pratingkah kang kadyèki ||
7. Gêmak mèsêm-mèsêm lingnya |
èh ta manuk Platukbawang mrakati |
sira tatanya arsa wruh |
marang ing sêdyaningwang |
kawruhanta (ng)gonningsun nèng têpi laut |
iku nora pisan-pisan |
murih akèhing babukti ||
8. Walang kinjêng sasaminya |
sajatine kang dadi nêring pikir |
mung angêpyok amêmasuh |
nucèni raga-kita |
pêksi Platukbawang malih wacana rum |
hèh Gêmak apa mulanya |
raga nganggo disukcèni ||
9. Gêmak mèsêm sung wangsulan |
mungguh (ng)gonku mangkono mau aming |
marga saka sih wêlasku |
karana salawasnya |
sun tumitah anèng ing ngalamdonyèku |
raganingsun ingkang tansah |
anglakoni lara pêrih ||
10. Kaya ngapa têmbenira |
yèn dak tinggal ana ngalamdonyèki |
marma samêngko dak wasuh |
yèn wus suci anulya |
bisa licin lah ing kono sêdyaningsun |
ywa kari dak gawa muksa |
mungguh marang swarga adi ||
11. Donya ngakerat ywa pisah |
supayane mèluwa nandhang mukti |
enak-kêpenak linangkung |
kêkêl nèng swarga mulya |
nanging nora kêna ginagampang iku |
dene amrihe kalakyan |
kudu nganggo laku pasthi ||

Jilid 3 - Kaca : 181

12. Kang dhingin sêmbahing raga |
kudu rêsik atiku kudu sukci |
de rahsaku kudu wêruh |
kudu madhêp jiwèngwang |
sabanjure kudu kulina ing purun |
tabêri ing karêm nyata |
kang mangkono ancas mami ||
13. Laku-lakuning kadunyan |
kaya-kaya wis nyukupi kinardi |
srana mawas têtêsipun |
kasidan-jati mulya |
amung kabèh mau mapan êmpun kudu |
jinurung lakuning rahsa |
sawiji malela rêsik ||
14. Platukbawang sung wangsulan |
têka bènêr mungguh sêdyanirèki |
kang kaya mangkono mau |
ananging sumurupa |
ingsun uwus tau angrungokkên wuwus |
rêrêmbuganing manungsa |
kang wus padha ahli budi ||
15. Nyritakkên kitab musakap |
iya iku Kur'an dhawuhing Widdhi |
Surat Asra arannipun |
jus kang kaping limalas |
nyêbutake nalika (n)Jêng Nabi Rasul |
tinimbangan marang swarga |
yèku mekrad arannèki ||
16. Wus karsa kawasannira |
ing Pangeran Kang Agung Maha Sukci |
(n)Jêng Nabi kaingsêr gupuh |
saking Masjidilkaram |
iku masjid ing tanah Mèkah satuhu |
gya prapta Masjidil-aksa |
masjid tanah prajèng Mêsir ||
17. (n)Jêng Nabi kita Muhkamad |
samiyose saking Masjidil-aksi |
tundhuk utusan Hyang Agung |
Jabarail malekat |
andhawuhkên timbalanira Hyang Luhur |
Nabi nitih pêki Burak |
gya umêsat kadi thathit ||
18. Prapta ing langit kapisan |
Jabarail andhodhog-dhodhog kori |
tinanya mring para sagung |
malekat jaga-lawang |
prasaja yèn dutaning Hyang Maha Luhur |
kang kori tandya binuka |

19. Pinanggya lan Nabi Adam |
wusing bage-binage (n)dum basuki |
Jêng Nabi gya mèsat gupuh |
Jabarail tan pisah |
nulya prapta langit kang kapindhonipun |
pratingkah datan prabeda |
sawusing mênga kang kori ||
20. (n)Jêng Nabi lumêbêt panggya |
lawan Nabi Yahya Nabi Isa-i |
sawuse andum rahayu |
(n)Jêng Nabi sigra mèsat |
malaekat Jabarail tansèng pungkur |
prapta langit kang katiga |
pratingkahnya kadya ngarsi ||
21. Wiwara wusnya binuka |
gya malêbu ing kono wusnya pangguh |
kalawan (n)Jêng Nabi Yusup |
wusing bagya-binagya |
(n)dum rahayu Jêng Nabi gya mèsat gupuh |
Jabarail nora pisah |
wus prapta kacatur langit ||
22. Pratingkah nora prabeda |
wusnya manjing Nabi kita pinanggih |
kalawan (n)Jêng Nabi Edrus |
bageyan (n)dum raharja |
nulya mèsat manèh Jabrail tan kantong |
prapta langit kang kalima |
ing pratingkah kadi ngarsi ||
23. Sawuse lawang binuka |
Kangjêng Nabi lumêbêt wus pinanggih |
kalawan (n)Jêng Nabi Arun |
wusnya bagya-binagya |
nulya mèsat Jabarail tansah (m)buntut |
prapta ing langit kaping sad |
ing pratingkah kadya ngarsi ||
24. Sawusing lawang binuka |
Kangjêng Nabi lumêbêt wus pinanggih |
lan Nabi Musa linuhung |
wusnya bagya-binagya |
(n)dum salamêt mèsat manèh Nabi Rasul |
Jabrail tan kêna pisah |
wus prapta kasapta langit ||
25. Ing kono para malekat |
pitung èwu kang padha tunggu jagi |
pratingkah kadi ing ngayun |
Nabi kita Muhkamad |

lampahira lumêbu ing Betalmakmur |
kapang-kapang wus panggihan |
lawan (n)Jêng Nabi Ibrahim ||

26. Utawa (n)Jêng Nabi Adam |
katri Nabi samya imbalan angling |
dènnira pinarak nutug |
cuthêl caritaningwang |
mula aku (ng)gêlarkên carita mau |
mungguh murad maksudira |
yêktine ulun tan uning ||
27. Dene (ng)gon-ulun carita |
mung dadiya sumurupira yêkti |
ing sajati-jatinipun |
dadalaning kamuksan |
nora kêna ginagampang luwih ewuh |
pakewuh rikuh kewuhan |
ana ta babasannèki ||
28. Kêna pisan luput pisan |
lire paran bisane lumastari |
mungguh ing sêdya puniku |
awit sakèhing lawang |
jinaganan malekat maèwu-èwu |
pasthi yèn sira katulak |
anggawa raganta iki ||
29. Ewa-mangkono wakingwang |
uga darbe sêdya kaya sirèki |
ananging lêksananipun |
mangkene tekatingwang |
ingkang dhingin raga kitèki dakwasuh |
dak kêpyok marambah-rambah |
lamun wus suci barêsih ||
30. Dakgalintir yèn gêngira |
wus padha lan mrica binubut tapis |
banjur dak bukti sun-ulu |
yèn bisa mlêbu swarga |
banjur bae dak-utahkên raganingsun |
prêlu supaya mèluwa |
angrasakakên kamuktin ||
31. Dene ta kalakonira |
kudu nganggo sarana laku yakin |
mungguh bêktine ragaku |
kudu nglakoni sêdya |
atiningsun kudu mekani sadarum |
kudu nglêgani rahsèngwang |
jiwaku kudu ngèlingi ||
32. Sawuse ingkang mangkana |
têmêningsun kudu santosa yêkti |

Jilid 3 - Kaca : 183

- kudu marêm panrimèngsun |
kabèh ingkang wus pajjar |
lamun nora kalimput batin mamêngku |
bokmanawa bakal bisa |
pranawa kamuksan-mami ||
33. Gêmak mènglèng lon lingira |
kaya-kaya ana bènêrirèki |
tekat bakal lêksananmu |
dadi sajatinira |
ingsun lawan sira iki wus ajumbuh |
diaranni nunggal karsa |
mung gèsèh lêksananèki ||
34. Yèn saka panêmuningwang |
iya iku kang kêna diaranni |
sadulur kang tunggal guru |
myang tunggal budi karsa |
balik ingkang dadya sulyaning laku |
yèn sira condhong ing karsa |
winantu dhanganing ngati ||
35. Payo padha angupaya |
patakonan musawarat kang siddhi |
êndi kang bènêr ginilut |
gya padha linakonon |
supayane rujuk atut lawan runtut |
ing tyas nora sêmang-sêmang |
tindak sakabèhe iki ||
36. Palatukbawang kawêngan |
langkung suka wacananira aris |
Gêmak kang dadi rêmbugmu |
Tuhu-tuhu dumadya |
condhonging tyas sarèhning mungguh panêmu |
saka ing panimbangwang |
rujuk sakaronirèki ||
37. Tur bakal malêbu marang |
ing panggawe bécik kalawan wajib |
nuli linakonon gupuh |
supayane sampurna |
duk ing mau ulun matur luhur gunung |
lambat-lambat krungu swara |
manuk Brêkutut sru muni ||
38. Salisik nèng wit mandera |
dumunung nèng pucake wukir iki |
bokmanawa kyai Kutut |
bisa ngruntutkên baya |
sulayane ana ing panêmu mau |
pêksi kalih gya lumêpas |
marang ing pucaking wukir ||

Jilid 3 - Kaca : 184

39. Nahan kang samya miyarsa |
 Mas Cêbolang kalawan Ki Nurwitri |
 kalangkung sukaning kalbu |
 manêmbah lon turira |
 kaparênga anglajêngakên pukulun |
 kadiparan yèn wus panggya |
 siddhining salah satunggil ||
40. Risang Panêmbahan Rama |
 mêdharsabda (m)bacutke dongèng iki |
 manuk Gêmak lawan Platuk |
 ngênêr agraning arga |
 wus pinanggih kalawan paksi Brêkutut |
 sawuse bagya-binagya |
 Platukbawang lingira ris ||
41. Dhuh Brêkutut kang (m)bêg darma |
 aywa kaduk-ati abela tampi |
 mungguh ta ing praptaningsun |
 kalawan manuk Gêmak |
 sajatine mung arsa nlêsihkên kawruh |
 sakirane apa dadya |
 Jrudêmung sajroning pikir ||

219. Jurudêmung

1. Pêksi Brêkutut lingira |
 prayoga ora pakewuh |
 nanging ingkang dadi rêmbug |
 Platukbawang caritakna |
 wit purwa wasananipun |
 ingsun arsa amiyarsa |
 supayane ing panggayuh ||
2. Platukbawang lon lingira |
 mirêngna cariyos-ulun |
 kang dadya kamulanipun |
 Gêmak nglairkên sêdyanya |
 anucèni raganipun |
 karêpe benjang yèn pêjah |
 ginawa maring swarga gung ||
3. Iku mungguh ingsun uga |
 darbe karêp kang kadyèku |
 ananing sauwusipun |
 raga sunsucèni nulya |
 dak galintir kalamun wus |
 gêdhene kari samrica |
 binubut mêmêt tur alus ||
4. Ragaku banjur dak untal |
 nuli dakgawa mandhuwur |
 marang ing kaswargan agung |
 yèn wus tumêka sawarga |
 dakutahake ragèngsun |

Jilid 3 - Kaca : 185

supaya padha ngrasakna |
nandhang enak mamah mumuh ||

5. Brêkutut mèsêm lingira |
èh ta Gêmak apa atut |
mungguh ing caritanipun |
mitranta Palatukbawang |
iya wus bènêr Brêkutut |
sulayane ing pamanggya |
kaparênga sung pituduh ||
6. Dhuh mitrèngsun sakaronya |
sira padha kawlasayun |
de kalêbu cacad agung |
yèku pituna (ng)gonnira |
datan sumurup ing ngèlmu |
ngêndi ana jasad arsa |
ginawa marang swarga gung ||
7. Samêngka ingsun carita |
duk dhingin ingsun wus tau |
diingu ing sujanma nung |
kêrêp dhêmên amêmaca |
ana layang arannipun |
kitab Umun-bara-inna |
iku kang tansah ginilut ||
8. Umun-bara-inna tégêsnya |
iku kitab babonipun |
pratandha yêkti satuhu |
nyritakkên ananing gêsang |
anèng ngalamdonya iku |
kalawan ngagêm busana |
panganggone cacahipun ||
9. Sadaya nêmbêlas rupa |
ingkang wolu asalipun |
gagawan saking Hyang Agung |
papat gawan saka bapa |
papat manèh saka biyung |
mungguh wiwijangira |
gagawan nêmbêlas mau ||
10. Kang wolu saka Pangeran |
siji roh dwi napasipun |
katri budi iman catur |
pangrungu kalimanira |
pangganda kaping nênipun |
kapitune pan pangucap |
paningal ganêp ping wolu ||
11. Kang lumantar saka bapa |
sakawan siji bêbalung |
otot kulit utêg catur |
kang lumantar saka biyung |

sakawan iki lirisun |
daging êrah sungsum lawan |
jêrohan ganêpe catur ||

12. Sarèhning cacah nêmbêlas |
sadayaku mung gumadhuh |
jroning ngurip nêng donyèku |
têmbe têkane palastra |
sayêkti padha pinundhut |
iya marang kang kagungan |
lwih abot yèn sira kukuh ||
13. Lan pinasthi bakal dadya |
rubedane jasat lampus |
lawan pakewuh ing laku |
mula mungguh sêdyaningwang |
rèhning wus têtela èstu |
busana nêmbêlas warna |
dununge muhung anggadhuh ||
14. Kanggo sajroning tumitah |
ana ing ngalamdonyèku |
ing têmbe praptaning maut |
lah ing kono (ng)gon-manira |
ngulihkên busananipun |
marang kang padha kagungan |
titipan nêmbêlas mau ||
15. Kalamun bisa kalakyan |
mungguh tata-basanipun |
barêsih kaananipun |
pan nora anandhang utang |
tan ana rinasa muhung |
lumaksana ing sakarsa |
nutug paranning sêdya yu ||
16. Dene ta kalakonnira |
kudu nganggo saranèstu |
mungguh sungkême ragèngsun |
kudu lapa kurang nadhah |
kudu santosa atiku |
rahsaku kudu rumangsa |
kudu nalangsa jiwaku ||
17. Sawuse ingkang kadyèku |
pandêng-pandênging budiku |
kudu têmên lila èstu |
saranane ora kêna |
kalimput laku sumêngguh |
manawèku bisa (m)buka |
nugraha paranning kayun ||
18. Cuthêl dadongèngannira |
katri manuk kang sêdya yun |

Jilid 3 - Kaca : 186

- (ng)gayuh ing kamuksanipun |
 Nurwitri matur manêmbah |
 mênggah ing pratingkahipun |
 pamasuh pangluluh raga |
 mrih suci bêrsih satuhu ||
19. Panêmbahan lon ngandika |
 didimène rada (ng)galur |
 kêna kanggo cagak lungguh |
 ana carita pralambang |
 tumrap mring wong ahli laku |
 pan dhinapur dêdongèngan |
 (ng)gathukke lan crita ngayun ||
20. Purwaning kang kacarita |
 sawijining Ulêr-jêdhung |
 tumèmplèk nèng uwit agung |
 dumunung pucaking ngarga |
 wit agung pange tumêlung |
 manglung (n)dhuwuring talaga |
 wêning nyarong toyanipun ||
21. Êpang kang manglung talaga |
 diencoki siji manuk |
 Urang-urangan puniku |
 anjingglêng mandêng tan pêgat |
 anunggoni globakipun |
 mina isining talaga |
 kang dadya mamangsanipun ||
22. Ing satêpining talaga |
 dharatan cakêt wit agung |
 ana Ula angalumpruk |
 ngalêkêr tan mobah molah |
 lah ing kono Ulêr-jêdhung |
 gagunêman lawan Ula |
 mangkene têmbunganipun ||
23. Èh ta Ula muga-muga |
 ywa dadi rêngating kalbu |
 kang langgêng (ng)gonnira mêngku |
 mring (m)bêk santa paramarta |
 krana wus sawatarèku |
 lawan (ng)goningsun uninga |
 anyipati sariramu ||
24. Angalêkêr datan mobah |
 nèng têtèping talaga gung |
 kadi mêsu-sarira sru |
 nglaksanani tarakbrata |
 dene kalamun saèstu |
 prayoga sira pojara |
 apa kang dadya sêdyamu ||

Jilid 3 - Kaca : 187

25. Pupuntonning karsanira |
 supayane ingsun wêruh |
 de yèn sira sajarwa wus |
 ganti sun crita mring sira |
 pupuntonning sêdyaningsun |
 pakolèhe musawarat |
 wicara supaya gathuk ||
26. Babing panêmu lan sira |
 bokmanawa iku lamun |
 ana katlisiring laku |
 salah sijine supaya |
 bisa-a padha sumurup |
 lah êndi ingkang sakira |
 kapenak patut linantur ||
27. Ula alon sung wangsulan |
 karsanira kabèh mau |
 prayoga nora pakewuh |
 ing mêngko ingsun carita |
 e wruhanta Ulêr-jêdhung |
 sajatining raganingwang |
 trah-tumêrahing naga gung ||
28. Basa tumêkaning mangsa |
 diwasane raganingsun |
 adarbe panggraita nung |
 sumêdya mor lawan bangsa |
 ananging ta nora enjuh |
 wit wujuding angga kita |
 durung paja-paja jumbuh ||
29. Lan bangsane ula naga |
 pramilane ingsun banjur |
 tapabrata sru tuwakup |
 sêdya (ng)gêdhèkkên sarira |
 ing têmebe kalamun uwus |
 tumêkane katarima |
 pipiridan kang wus uwus ||
30. Angga kita mêsthi rucut |
 luluh amor lan kismèku |
 [.] |
 anglungsungi salin raga |
 mundhak gêdhe wimbuh bagus |
 tinimbang lan jasat kita |
 ing sadurunge manêkung ||
31. Ulêr-jêdhung lon lingira |
 èh ula naga manêkung |
 mungguh caritamu mau |
 nora susah ko banjurna |
 kang awit iku kalêbu |
 mring golonganing pamanggya |

32. Nora pisan magêpokan |
marang nalare kang ngèlmu |
ngêndi ana têtapèku |
nêdya (ng)gêdhèkakên raga |
apa ora tau ngrungu |
crita lalakone pêjah |
kaananing sakèh makluk ||
33. Upamane kadi gajah |
myang samubarang kang agung |
kabèh dèdalaning lampus |
amba-ambane mung padha |
lawan bolonganing jarum |
utawa sarupa lawan |
panggonan kang luwih ciyut ||
34. Kang êndi margane bisa |
malêbu bolongan mau |
mangka kang dadya sêdyamu |
mundhakkên gêdhening raga |
(ng)gèr tinêmu nalaripun |
lawan sira sumurupa |
mungguh ing sajatinipun ||
35. Tumitah nèng ngalamdonya |
mampir bae basanipun |
mulane ingsun uga wus |
krungu clathuning manungsa |
mangkene (ng)gonnira muwus |
ana-dene kang manungsa |
yèn wus tuwa padha lampus ||
36. Ana-dene ana bocah |
utawa wong durung sêpuh |
uga ana ingkang lampus |
dadi mungguh surasanya |
calathu mangkono mau |
saka ing panampiningwang |
pasêmon mring kang angrungu ||
37. Supaya padha mikira |
lawan marsudia èstu |
marang pakartining lampus |
karana iku pakaryan |
kang wus pasthi nora wurung |
lawan tan bisa suminggah |
maranga bumi sap pitu ||
38. Miwah têtênging samodra |
si pati tansah tut-pungkur |
nora liwat Ula iku |
mungguh kabèh caturingwang |

sajroning rahsa amuwus |
karasa-rasa rumangsa |
tumraping rahsanirèku ||

39. Ula nglêkêr awacana |
iya-iya Ulêr-jêdhung |
bangêt ing panarimaku |
kabèh-kabèh ujarira |
nora nana ingkang luput |
balik sira carita-a |
prasajane ing sêdyamu ||
40. Èh ta Ula kawruhanta |
(ng)goningsun tumèmplèk kayu |
sajatine uga ingsun |
anglakoni tarakbrata |
sêdya nyunyuda ragèngsun |
cêgah dhahar lawan nendra |
ing tèmbe kalamun uwus ||
41. Wêktuning kang katarima |
jaman kita kang kadulu |
rusak salin warnanipun |
isih ana (n)jêro ingwang |
wus anganggo lawan santun |
jasat anyar luwih brêgas |
myang dak-walik wujudingsun ||
42. Jubur dak-(ng)go cangkêm ika |
cangkêmku dak anggo jubur |
pinurih supayanipun |
ywa mangan kang sarwa kasar |
lan ing kono kita uwus |
nora bisa lunga-lunga |
salin jênêng aran ênthung ||
43. Yèn tumêka katarima |
ing kono kita gya mêtù |
saking jasat lawas mau |
banjur bisa angumbara |
amêmangan kang sarwa lus |
ngingingsêp sarining kêmbang |
lawan salin aranningsun ||
44. Diaranni kupu ika |
dadi kita têtêp santun |
aran rambah kaping têlu |
sanadyan ta jasat kita |
wus dak-suda wantu-wantu |
durung pasthi lamun bisa |
mlêbu mring lèng êdom mau ||
45. De bisane katarima |
saranane nganggo laku |

Jilid 3 - Kaca : 189

wujuding raga-kitèku |
sumèlèh kudu sadarma |
atiku kudu rahayu |
rasaku kudu narima |
kudu (ng)graita jiwaku ||

46. Pindêngku kudu kulina |
kang mangkono kaya uwus |
kanggo sarana wus cukup |
manawa jatining tunggal |
kang bakal waskithèng dunung |
manungsa kabèhe iku |
aku kudu tinartamtu ||
47. Angilangkên catur rasa |
dhingin wêdi dwi mar-ipun |
tri was sumêlang kang catur |
naban Ulêr gya tumênga |
sarwi awacana arum |
e manuk Urang-urangan |
sasuwene ingsun (n)dulu ||
48. Patrap pratingkahmu iku |
lir ngrungok-ngrungokkên wuwus |
(ng)gonku rêrêmbugan (ng)galur |
yèn sira dhasar mangartya |
mring rahsaning kang dakwuwus |
basane saananira |
miwah sagaduk-gadukmu ||
49. Panêmune ing tyasira |
ngatase prakara iku |
mara ta wêtokna gupuh |
sayêkti bakal dumadya |
lêga bungah ing atiku |
aywa wawang wancakdriya |
mêdharkên Wirangrong pupuh ||

220. Wirangrong

1. Urang-urangan lingnya ris |
têka bènêr Ulêr-jêdhung |
sasuwene ingsun akarungu |
ênggonmu cariwis |
rarêmbugan lan Ula |
blêjat-blêjat amiyarsa ||
2. Ya mangêrti sawatawis |
sira murih marang ingong |
supaya mèluwa momor rêmbug |
rèhning kita iki |
golong kurang marsudya |
marang pakartining budya ||

Jilid 3 - Kaca : 190

3. Mungguh mamanising angling |
lawan patrap polahing wong |
kaduk saru kasar kurang alus |
apratela dhingin |
sajroning pagunêman |
labête kurang waskitha ||
4. Yèn ana katlojokmami |
tatakrama myang calathon |
marang mitraningwang kalhipun |
muga-muga sami |
kang agung apuranta |
aywa na tikêl kang imba ||
5. Ulêr-jêdhung (n)jêngèk angling |
èh manuk bagus mitrèngong |
ywa uwus sumêlang pikirmu |
gunêman lan mami |
mapan sadurungira |
wus sun-gêlarkên (m)bêg santa ||
6. Urang-urangan tumêling |
mènglèng-mènglèng lingira lon |
dhuh sumitraningwang kalhipun |
sru lêganing ati |
bangêt bungahmanira |
wit sun krungu crita kuna ||
7. Yèn ta mungguh sarupaning |
gumrêmêt miwah nalosor |
anèng ngalamdonya kang kalêbu |
golonganing pingging |
ratuning cubluk nyata |
iku Ulêr lawan Ula ||
8. Ginantungan nora sami |
lir usus wêtêng ngalowong |
pan samêngko ingsun uwus wêruh |
nyipati pribadi |
nyatane crita kuna |
lire mangkene rungokna ||
9. Si Ulêr (ng)gonne nglakoni |
taraktapabrata nglowong |
nguda-uda sêdya (m)birat tuhu |
ing raganirèki |
yèn wus alus supaya |
gampang lumêbuning lena ||
10. Yèku binasakkên mukir |
nampik ganjaraning Manon |
mungguh kang kadyèku tèmênipun |
pan bakal nampani |
siksaning Kang Kawasa |

dene ta mungguh si Ula ||

11. Nora nganggo takon maning |
wus têrang lan katon mêlok |
klèru kang panêmu nora arus |
ngêndi ana tèki |
anjurungi angkara |
hawanêpsu lawan murka ||
12. Sayêktine bakal tampi |
siksa karusakan yêktos |
ananging ta mungguh kalhipun |
wus kawilang sami |
mêtu saka golongan |
bodho sêpên ing graita ||
13. Pratandhane wus kaèksi |
dene sira padha loncong |
sêdya mlêbu marang sasar-susur |
kang sira-lakoni |
awit sajatinira |
sira nora kawajiban ||
14. (ng)Gayuh mring prakara iki |
èh wruhanta mitraningong |
kaananing makluking Hyang Agung |
ngalamdonya iki |
kang pasthi luhur dhawak |
dalajate mung manungsa ||
15. Yèku kang ginadhang Widdhi |
têmbe mungguh swarga kaot |
mula sira padha nora sinung |
kawajiban amrih |
anggayuh kang mangkana |
kang awit kaananira ||
16. Dalajat sakalir-kalir |
wus ginadhang kadarbe wong |
yèn ta mungguh aku ora parlu |
(ng)gayuh kang kadyèki |
jro tekat wus narima |
pira-pira raga-para ||
17. Dene tinitah dadi |
kaga Rang-urangan ingong |
sandhang kang dakanggo pan saèstu |
ganjaraning Widdhi |
awarna wulu gilap |
ingsun wus nora ngupaya ||
18. Karana thukul pribadi |
sêtun mung mikir ngupados |
ing sucine wulune rak uwus |

Jilid 3 - Kaca : 191

- dene kang dakbukti |
sadina-dinanira |
iya ganjaraning Suksma ||
19. Mêtu saka jroning warih |
rupa-rupa iwak êloh |
mula sabên enjang thênguk-thênguk |
adhidhis daksambi |
ngantuk nêng luhur tлага |
jro sêdya ngadhêp Hyang Nasa ||
20. Nyuwun cadhong kang dakbukti |
ing kono apa kang katon |
nêng sajroning banyu tлага mau |
rupa wadêr-pari |
ucêng urang anulya |
daksaut banyur daktêdha ||
21. Ula manthêngêl lingnya ris |
èh manuk kang lêbdèng criyos |
kabèh ujarira kang dakrungu |
tan na kang pinanggih |
ing akal pisan-pisan |
apa ing sajawat-rawa ||
22. Amung manungsa pribadi |
kang kasèrènan kinaot |
guna sakti anung gung pinunjul |
kalawan sirèki |
apa durung miyarsa |
dalil dhawuhing Hyag Suksma ||
23. Wajidaha wajidahu |
têgêse sing sapa yêktos |
yêkti katêmênan mangguh iku |
ing surasanèki |
têmbung ingkang kawêdhar |
tan ngarani juga-juga ||
24. Sadhengah-dhengaha dadi |
nglakoni pakaryan yêktos |
bakal tinêmênan ing Hyang Agung |
lan manèh sirèki |
lah manuk sumurupa |
anane kang tatêmbungan ||
25. Saundha sabilik-bilik |
pinantês ganjaran Manon |
katêmuning rêmbug gathuk runtut |
kabèh-kabèh iki |
lêksananing kang sêdya |
nora nana batalira ||

Jilid 3 - Kaca : 192

26. Apa ing sababirèki |
 sira sru ngêmohi lumoh |
 mring panggawe kang mangkanèku |
 èh si tukang criwis |
 age sira wêdharna |
 aywa sandeya ing nala ||
27. Urang-urangan ling aris |
 mêngko ta Ula nalosor |
 aku mau uwus caritèku |
 yèn sirèku uwis |
 kalêbu rajanira |
 cubluk tan wikan wicara ||
28. Dadi nadyan sira bangkit |
 (n)jara langit nganti mlompong |
 bisa (ng)gêmpur gunung pèksa klêbu |
 pakartining pingging |
 lah aja mungkir sira |
 awit wus akèh saksinya ||
29. Sira tan sinung pambudi |
 pratandhane sira (n)domblong |
 nora pisan-pisan (ng)gêpok gathuk |
 ing pangrêti maring |
 lungiting pagunêman |
 sira karo sumurupa ||
30. Mênggah rêmbugku kang uwis |
 tumuwuhe kang suraos |
 sabên-sabên enjang thênguk-thênguk |
 pinggiring talaga |
 tunggu wêninging tirta |
 ing kono apa kang ana ||
31. Banjur daksaut dakbukti |
 lamun sira durung wêroh |
 surasaning têmbung kang kadyèku |
 kang aran têlagi |
 sajatine pan manah |
 jroning tlaga ana tirta ||
32. Iku têtêlênging ati |
 iya budi kang sayêktos |
 diarani pancadriya tuhu |
 iwak nèng jro warih |
 sayêkti ingaranan |
 dunung paranning kang sêdya ||
33. Êmpañ papanne kadyèki |
 ing sadina-dina ingong |
 nora pêdhot-pêdhot tansah muntu |
 amandêng pambudi |
 mawas ing pancadriya |

34. Ing pancadriyanirèki |
uwus tinarbuka yêktos |
wêning ênêng êning nganti kêtug |
ing pamcamayèki |
apa kang katingal |
ing sajroning pancadriya ||
35. Banjur kêna ingsunbukti |
balik sumitrèngong karo |
wus sami miyarsa raosipun |
calathuku iki |
têmênne mungguh sira |
apa wis padha kabuka ||
36. Ula Ulêr samya angling |
jatine durung mangêrtos |
mara babarêna wardinipun |
[. . .] |
ing nama pancadriya |
Rang-urangan mèsêm lingnya ||
37. Panca lima wrêdinèki |
driya wrêdi budi kaot |
pancarane budi kinaryèku |
mangka cêr-ancêring |
pituduh kang sanyata |
mangkene wiwijangira ||
38. Bab ati kaperang dadi |
têlung pangkat ing sapakon |
samya nglima-nglima pakartèku |
tilingna kang dêling |
babare pancadriya |
aywa katungkul tyas mudha ||

221. Sinom

1. Pangkat sapisan ingaran |
karsèndriya têngêsni |
purbaning budi sanyata |
pangucap ingkang sawiji |
pangganda kaping kalih |
paningal kang kaping têlu |
pamiraos kaping pat |
pangraos kalimanèki |
pangkat ingkang kapindho mangkya winarna ||
2. Ingaran antarèndriya |
wêrdi watawising budi |
dhingin klawening kang asta |
pindho tumindak ing sikil |
katri obahing dhiri |
kêlaping lidhah ping catur |

lima kêdhaping netra |
wus jangkêp petangannèki |
pangkat ingkang katêlu mangkya jinarwa ||

3. Winastanan mayandriya |
wêrdi wisesaning budi |
rumuhun rasaning asta |
kapindho rasaning sikil |
katri rasaning silit |
rasaning pêrji kacatur |
dene jangkêpe lima |
iku pan rasaning kulit |
mangkya ulun mêdhar kang ran pancamaya ||

4. Wêrdining kang pancamaya |
panca lilima utawi |
pamêncaran têngêsira |
maya adi bêning suci |
gumilang padhang warni |
katingal sae linangkung |
aneka osik ika |
karsèngsun têngbung puniki |
pancamaya angarani osik lima ||

Jilid 3 - Kaca : 194

5. Dene ta dumunungira |
manggon antaraning ati |
yèku jantung pratisthanya |
minangka ancêr-ancêring |
pituduh kang sajati |
mungguh osiking jêjantung |
dak perang têng prangkat |
padha nglilima pakarti |
lah gobogmu sakarone tilingêna ||

6. Pangkat sapisan artinya |
wêrdi karêntênging batin |
ingaranan ringgamaya |
yèku pan jumênêng osik |
graita kang sawiji |
angèsthi ping kalihipun |
cipta kang kaping tiga |
watak sakawanirèki |
lawan ambêg jangkêpe petangan lima ||

7. Pangkat kapindho locita |
warni pangrarasing batin |
ingaranan ciptamaya |
iya wahananing ngosik |
angkara kang sawiji |
birai ping kalihipun |
satya kang kaping tiga |
nyata ping sakawannèki |
anggarjita jangkêpe etung kalima ||

8. Pangkat katri unandika |
wêrdining unining batin |
ingaranan wahyamaya |
yèku lairing kang osik |
pangangka kang sawiji |
pangira ping kalhipun |
pangantha kaping tiga |
panyakra sakawannèki |
kalimane panyana titi wus tamat ||
9. Ula ulêr sru kacaryan |
miyarsa ujaring paksi |
thèngèl-thèngèl sirahira |
ilat mèlèt wacana ris |
dhuh manik mitramami |
kalamun lêga atimu |
lah aku critanana |
undhe-undhe ingkang dadi |
panrimane si raga tinilar suksma ||
10. Urang-urangan duk myarsa |
pamintane mitra kalih |
tyas suka marwata-suta |
mènglèng wacananira ris |
dhuh mitraningsun kalih |
kang dadya ing panjalukmu |
aku bakal carita |
ananging panjalukmami |
muga padha rasakna sayêktinira ||
11. Wus sanggêm Ulêr lan Ula |
paksi ambanjurkên angling |
kang mangka jêjêring crita |
juru-tani mêthik pari |
kang bakal kanggo wiji |
rampunging pamêthikipun |
diêpe sabên dina |
manawa wus padha garing |
gagangira banjur ingikêt siladan ||
12. Yèku ginèdhèng binêlah |
gya sinimpên lumbung aglis |
barêng tumêkaning mangsa |
pari wiji pinèt nuli |
kasêbar anèng sabin |
tumêkaning wiji thukul |
mênthongol saka gabah |
dhuwur lagi sawatawis |
klothokaning gabah kapèndhêm blêthokan ||
13. Kacrita klothokan gabah |
rangu-rangu dènnya nangis |
sêsambate mêlasarsa |
èh wiji sira (m)bok eling |

- kala maksih taruni |
 wiwit sira lagi mêtù |
 saka sajroning kêmbang |
 jumênêng aranta pêntil |
 kita uwus ngêmuli marang ing sira ||
14. Rina wêngi kang anandhang |
 kapanasan kênèng riris |
 nora liya iya kita |
 kongsi tumêka kapêthik |
 dening ki juru tani |
 ing sadina-dina tamtu |
 kakênthang anèng latar |
 kita nandhang panas pêrih |
 ing wasana têkaning samangko sira ||
15. Thukul (n)dêdêl sêdya uncat |
 saking angga-kita iki |
 suka-suka pari-suka |
 nir èngêt purwanirèki |
 kang mangkono ing kapti |
 apa ta kêna dinumuk |
 ran tindak siya-siya |
 lan nganiaya sayêkti |
 awit mangkya kita têtêpakên nandhang ||
16. Luwih lara kasangsara |
 tan ana enake thithik |
 sira tinggal jro blêthokan |
 mindêng bilai pinanggih |
 èh babo-babo bibit |
 rasakna wusananipun |
 apa tinêmu sira |
 mungguh patrap kang kadyèki |
 tan bêtakal nandhang adiling Hyang Suksma ||
17. Wiji manis sung wangsulan |
 dhuh lae marambut kulit |
 sirèku busanangingwang |
 ywa darbe uwas kuwatir |
 pisahira amargi |
 saking ing palêthèkingsun |
 iku sajatinira |
 wus anganakkên sayêkti |
 punang daya panggêndam kuwasaning Hyang ||
18. Inggang mahanani bakal |
 luluhan amor sirèki |
 krana pisah amor ika |
 sabên pinurwa ing gaib |
 kang (m)buka tancêp yêkti |
 warananing nugraha gung |
 kang ing wuri satêmah |
 anarima diaranni |

19. Wêkasan nganakkên ika |
asor miwah pisahnèki |
atma kalawan pramana |
dyan ambabar daya iki |
uriping rahsa-jati |
têmahan pamolahipun |
yun wimbuh nganakêna |
tumuruning jiwa dhamis |
mahanani catur apsara wêrdinya ||
20. Wêwadi ingkang sakawan |
utawa papat wêwadi |
ing kono catur apsara |
pamolahe pan ana ing |
kang cupu mahanani |
daya astha-gina iku |
dadi jumênêng jiwa |
kang aran jiwa jinarwi |
woring wiji kalawan cacangkokira ||
21. Utawa kang aran jiwa |
woring wadhah lawan isi |
mulane aja sumêlang |
sirnakna tyas gung prihatin |
karana kabèh iki |
puntonne wus ana ingsun |
cangkok mrambut duk miyarsa |
sabdaning wiji patitis |
analangsa tumungkul alon warana ||
22. Dhuh wiji wawarahira |
kita tan bisa ngunggahi |
banjur rumangsa karasa |
nir nyanyampah mamaoni |
mungguh panêdhamami |
mring kang misesa badanku |
bisa-a lir têmbungan |
mituhu marganing asih |
sarta anut miturut marganing wêlas ||
23. De pangati-ati kita |
tan pègat ngêdohkên maring |
sakèhing kang kaluputan |
nganakkakên anêmahi |
kandêl kumandêl yêkti |
wasana sah ing tancêpku |
lan malih tekadingwang |
sumarah ngandêlkên takdir |
dak-sèndhèkke anèng mêmêt momot-kita ||
24. Èh ta Ulêr lawan Ula |
wus cuthêl dongènganmami |

ing bab panrimaning raga |
apa sira wus mangêrti |
Ula Ulêr nauri |
èh manuk kang ambêg sadu |
caritamu sadaya |
carêming rêming dumêling |
eling-eling surasa rasaning crita ||

25. Supaya bisa-a nyuda |
mring bodhoning atimami |
ana patakon manira |
muga andhangana malih |
ywa tanggung manuk wasis |
(ng)gonmu asih marang ingsun |
kang dhingin sapa ingkang |
nuduhkên têtên lan siddhi |
lakuningsun ingkang nora nganti lêpat ||
26. Kapindhone sapa ingkang |
anyumêrêpkên sayêkti |
marang kabêcikaningwang |
kang nganti tan dènarani |
cacad sasaminèki |
kadiparan iku manuk |
hèh Ula pamintanta |
ingsun iya anglêgani |
panêmuku mangkene piyarsakêna ||
27. Mungguh kang nuduhkên marang |
laku têtên lawan siddhi |
ingkang nora nganti lêpat |
amung dumunung ana ing |
kêmpalan papannèki |
de kang nyumurupkên iku |
mring kabêcikan ingkang |
nganti datan dènarani |
cacad amung dumunung nèng tatakrama ||
28. Krana mungguh surasanya |
têmbung rong bab kang kawijil |
dumunung anèng pahêman |
têpaning kasujanan di |
Ula duk amiyarsi |
ngakak lenggok-lenggok muwus |
ah wis cocog kalawan |
rasaning atiku pêksi |
nora luwih amung padha-a nglênggana ||
29. Pudya-harja karaharjan |
ênggonne tumitah sami |
dhewe-dhewe anèng donya |
atuse caritamami |
Paksi ngayuh wiyati |
Ulêr Ula kari mangu |

Jilid 3 - Kaca : 197

- (m)banjurkên tarakbrata |
titi dèdongèngan mami |
rèh wus wanci prayoga padha bubarar ||
30. Risang Panêmbahan Rama |
wus kondur marang ing panti |
Cêbolang kari nèng langgar |
wangsul mring pondhok Nurwitri |
samyake sakeca guling |
(n)dungkap waktu awal Subuh |
bêdhuge wus tinêmbang |
santri mring langgar gumriwis |
maca slawat miwah ngambil toya kadas ||
31. Mas Cêbolang nulya adan |
laras slendro ngalik-alik |
Panêmbahan wus mring langgar |
bakda sunat dènkamati |
Panêmbahan ngimami |
rahab ingkang samya makmum |
bakda Subuh pujian |
praptèng wijiling Hyang Rawi |
sasarapan wedang kahwa myang dhaharan ||
32. Sumusul katur mring langgar |
bakdaning sarapan nuli |
mumulang mring santrinira |
pan mangkana sabèn ari |
nahan ta kang winarni |
Cêbolang lan santrinipun |
lami anèng Kajoran |
datansah talabul ngèlmi |
wanci enjing umarêg sang Panêmbahan ||
33. Kalawan santri sakawan |
Mas Cêbolang mangênjali |
makidhupuh lon turira |
dhuh risang pinundhi-pundhi |
pêpandaming ngapingging |
têlênging agama luhung |
ywa kirang pangaksama |
mring patik kang kawlasasih |
kalilama ulun (n)dumugèkkên lampah ||
34. Tambuh paranne ing sêdya |
tarlèn sumarah ing takdir |
muhung pangèstu paduka |
raharjaning lampahmami |
awal têtaning akir |
sumungkêm mundhi pituduh |
nir sandeyaning nala |
tumancêp ing manah siri |
wus tan was-was ing wuwus tansah winawas ||

35. Mèsêm Panêmbahan Rama |
 pangandikanira aris |
 dhuh kulup woding tyasingwang |
 upama sira lêstari |
 ana ing ngarsamami |
 kalawan santrimu catur |
 ananging kadiparan |
 rèhning lalakonmu kaki |
 durung tutug iya kulup banjurêna ||
36. Amung ta wawêkasingwang |
 sadhengah sira lakoni |
 sadhengah panggawe rucah |
 kang eling kang ngati-ati |
 ingsun nora mekani |
 awit lagi nêptunipun |
 pangèstuku mring sira |
 muga-muga Maha Sukci |
 aparinga salamêt sasolahira ||
37. Mas Cêbolang ngaraspada |
 santri catur ganti-ganti |
 wus lèngsèr saking ing ngarsa |
 pra santri kathah umiring |
 sapraptanirèng sabin |
 sasalaman (n)dum rahayu |
 sinigêg ing Kajoran |
 nahan ta lampahirèki |
 Mas Cêbolang lawan santrinya sakawan ||
38. Nurut galênganing sawah |
 pantun gumadhung rêspati |
 bun nèng ron kataman surya |
 cumalorot lir sotya-di |
 maruta mandra ngidid |
 êbun kang ron mêngtul-mêngtul |
 pindha sasêngkangira |
 kênya rinabasèng rêsmi |
 pêcahing bun wus kataman ing asmara ||
39. Waspa sêndhêg marawayan |
 wimbuh marêgakên ati |
 wênês ijone sumunar |
 nênanngi langêning rêsmi |
 ana lagya mlêncuti |
 punang pantun mungup-mungup |
 pindha dyah anyêngaja |
 mimintokkên warnanèki |
 sêmu ajrih labête maksih sêngkêran ||
40. Kumriwiking we tulakan |
 tinut mina alit-alit |
 kalamun bisa-angucap |
 isthane kadya ngaturi |

Jilid 3 - Kaca : 198

dhuh risang (n)don lumaris |
mugi kèndêla rumuhun |
wijika kang supadya |
nir rapuh ing suku kalih |
yèn wus têntrem linajêngna lumaksana ||

41. Pêcuk blêkok kontul cagak |
nucuk udhèt wadêr pêrcil |
kinarya ngloloh piyiknya |
angambara noli-noli |
saistha lir ngaturi |
marang kang lumaku urut |
dhuh lae kaparênga |
mampir dhatêng susuhmami |
aparinga pangèstu maring sutamba ||

42. Sru karênan Mas Cêbolang |
kalawan sakawan santri |
dadya rêmbêting lumampah |
mancat parêdèn lit-alit |
tumurun jurang trêbis |
èrèng-èrèng singup-singup |
praptèng wana trataban |
tan ana dhusun kaèksi |
Sang Hyang Surya wus mocung kang silêm arga ||

24 XI. Mas Cêbolang dalah santrinipun nyuwun pamit nglajêngakên lampah. Dumugi ing wana, angsal pasipêngan ing planggrongan (gubug inggil ing sêla-sêlaning kêkajêngan). Ingkang manggèn Ki Wrêksadikara, abdidalêm Lurah kalang-kamplong. Ki Kalang suka katrangan bab:. ... kaca 199-202.

Jilid 3 - Kaca : 199

222. Pocung

1. Candhikayu sumunar datan adangu |
surêm kang ujwala |
nuju panglonging kang sasi |
mubyar ingkang taranggana ngantariksa ||
2. Walangkècèk bajangkrèk lan walang angkup |
(m)bukani nyuwara |
jangkrik ngêrik gangsir ngênthir |
orong-orong babaksalu babarungan ||
3. Kinjêng-tangis mêngkas-mêngkis dènnya nusul |
(ng)giyêng kêkayangan |
kombang tawon anggrêmêngi |
cènggèrètnong nunut nêsêgkên irama ||
4. Paksi bêluk sauran kalawan êngkuk |
uwêg bêluk gowak |
bênce tuhu lan prit-gantil |
adol swara rêbut unggul angalela ||

5. Mas Cêbolang kalawan santrinya catur |
kèndêl sor palasa |
cakêt sêndhang tirta wêning |
wêktu Mahrib wus pot dadya tan sêmbahyang ||
6. Lingira rum bayèki timbanganipun |
duk nèng Ngèksiganda |
pinuju ing sasi bêcik |
myarsa gangsa sinindhènan thuyul nyanthas ||
7. Ki Saloka angling dhaup kaotipun |
nèng ing praja berag |
kadhang lajêng anong-uning |
wontên ngriki angrês tistis tyas sar-saran ||
8. Lah Kemase Nurwitri aywa makewuh |
êndi kang kinarsan |
mumpung nglela andhèwèki |
tutug têtêg sakarsa-karsa kalêgan ||
9. Ki Nurwitri (ng)guguk lingnya nora ya-uk |
ing samêngko kakang |
kang mêngkono nora sudi |
wus narima muhung mirêngkên kewala ||
10. Sloka matur bilih kaparênging kalbu |
pados pasipêngan |
punika têngah wanadri |
bokmanawi wontên ingkang agêgriya ||
11. Kawistara kukusing latu kumêlun |
Mas Cêbolang dhangsan |
linggar angupaya margi |
sasêlaning êri cangkring bobondhotan ||
12. Prapta sampun panggènaning kanang kukus |
bêdhiyan maju pat |
têngah ana wisma alit |
dumunung ing pogoganing catur wrêksa ||
13. Marganipun minggah mandhap wrêksa catur |
pindha (n)dhak-undhakan |
Saloka (m)bêngok manginggil |
kulanuwun kulanuwun kyai wisma ||
14. Yata wau kang anèng ranggon winuwus |
Ki Wrêksadikara |
abdidalêm sri bupati |
Kalang-kamplong lurahe sakèhing Kalang ||
15. Duk angrungu ana swara bêluk-bêluk |
angêngakkên lawang |
nyangking oncor nulya mijil |

Jilid 3 - Kaca : 200

kawistara ana dhatêngan lèlima ||

16. Gya tumurun tundhuk ingaturan laju |
kerit samya minggah |
sadaya wus manjing panti |
satataning jarambah galar pring kresna ||
17. Ki Wrêksa sung pambagya samya rahayu |
anak sadayanya |
kang sami dhatêng ing riki |
ulun nilakrama ywa kurang aksama ||
18. Kang sinambat wutah rah myang sêdyèng kayun |
Mas Cêbolang lingnya |
pangèstunipun kiyai |
kula tuwin prikanca sami raharja ||
19. Kula nami Cêbolang de rencang-ulun |
Nurwitri Saloka |
Kartipala Palakarti |
asal saking tanah Kêdhu ardi Bisma ||
20. Santri gapuk ngaluyug tambah pinurug |
wontên Ngèksiganda |
sampun sawatawis lami |
mangkya ulun badhe dhumatêng bang-wetan ||
21. Ki Dikara manthuk-manthuk ngandika rum |
kalingane (n)dika |
kang dadi sudarawêrdi |
lawan Kimas Têngara ing Pakauman ||
22. Sèwu botên nyana yèn sagêt kapanggih |
èstu rahkim rahman |
Pangeran Kang Murbèng Bumi |
krêntêging tyas botên mawi kasamaran ||
23. Sampun lami (ng)gèn-ulun kapengin wanuh |
lawan jêngandika |
nanging dèrèng amarêngi |
lagya mangke pinarêng sagêt pinanggya ||
24. Nanging botên sagêt sung bujana suguh |
paran pangupaya |
gêlik-gêlik nèng wanadri |
tanpa tangga têbih dhusun mancalima ||
25. Tyas saharju langkung suka rênèng kalbu |
sasagêt kumêdah |
nyugata sawontênèki |
lah kantuna pinarak wontên ing wisma ||
26. Ki Dikara grobyag ngêngakakên pintu |
nyangking kudhi trantang |

Jilid 3 - Kaca : 201

- tumurun wus tan kaèksi |
tan pantara dangu dhatêng ambêbêkta ||
27. Kidang kalih pisang êmas kawan tundhun |
nanas pakèl duryan |
nangka manggis klampok-wangi |
dhuku jêruk pundhung tela gambrot buta ||
28. Ngundhung-undhung anèng ngandhaping wrêksa gung |
Ki Dikara lingnya |
ki tamu salah satunggil |
tumurunna angrencangi (m)bêkta minggah ||
29. Para tamu sadaya samya tumurun |
punika sasêgah |
sawontênne ing wanadri |
lah sumangga rahap rêsep ing wardaya ||
30. Kula kantun ngêlèti kidang rumuhun |
tamu gangsal samya |
ngusungi (m)bêkta manginggil |
Ki Dikara mbêkta kidang wus pinêcah ||
31. Ginantungan ulam kidang pating grandhul |
wacucal pinênthang |
dadèk api wus andadi |
bumbu-bumbu myang piranti wus cumêpak ||
32. Sarêm asêm cokak gêndhis arèn arum |
lah anak sumangga |
kinarya jampi kalantrih |
ngropok ulam tanapi nadhah woh-wohan ||
33. Minum lêgèn kêlapa arèn ing bumbung |
sakawontênannya |
Mas Cêbolang ananggapi |
dhuh kiyai kalangkung panuwun-kula ||
34. Payo kakang aywa nganggo sigas-sigus |
rahap sadayanya |
sasênênge kang binukti |
ngropok ulam miwah anadhah woh-wohan ||
35. Samya tuwuk ana ingkang lajêng ngantuk |
bêtèke katoran |
bantalan sampun cumawis |
wrêksa randhu jinêgong tinrapan carma ||
36. Wawi anak gègèr boyok samya dènluh |
sambèn gègotèkan |
kang sinung ngling nglêksanani |
Mas Cêbolang tatanya mring kyai wisma ||

Jilid 3 - Kaca : 202

37. Ulun nyuwun sêsêrêpan èstunipun |
 sintên kang sinambat |
 kalawan darunanèki |
 têka ngranggon gêlik-gêlik wontên wana ||
38. Anak bagus awon-awon raganingsun |
 abdidalêm lurah |
 Kalang-kamplong sinung nami |
 Kyai Wrêksadikara myang sinung lênggah ||
39. Satus karya dadose salawe êjung |
 anak putu kathah |
 nanging sami wismèng nagri |
 dene ingkang dados kêwajiban kula ||
40. Apitêdah margining kanang wana gung |
 ingkang pancèn gawat |
 punapa dene agampil |
 kula kang kawajiban suka katrangan ||
41. Tinartamtu kêdah wruh pratikêlipun |
 panêgoring wrêksa |
 kalawan pamilihènèki |
 lênggahipun wrêksa kinarya dandosan ||
42. Paraboting wisma lawan dhapuripun |
 Kimase Cêbolang |
 (n)jènggèl aturira aris |
 kaparênge mêdharakên purwanira ||
43. Inggang turut kawit mulabukanipun |
 supados narbuka |
 pakarti kang dèrèng uning |
 Ki Dikara manis mêdharakên sabda ||

223. Dhandhanggula

1. Kacarita kalanipun nguni |
 griyanipun tyang Jawi sadaya |
 sami sela kang dèn angge |
 ing pasang rakitipun |
 wawangunan amirit candhi |
 sarêng jumênêngira |
 Jayabaya Prabu |
 kang ngadhaton ing Mamênang |
 akagungan punggawa kalangkung awig |
 nama Dipati Santan ||
2. Pincarayèng ambudi sakalir |
 kawruh ingkang paedah mupangat |
 marang jalma sadayane |
 kala salêbêtipun |
 tahun Surya angkaning warsi |
 asthatus sèkêt warsa |
 ing taun Sitèngsu |
 sami asthatus kalawan |

25 Wiwitiipun tiyang Jawi damêl griya saking kajêng nalika jaman adipati
Santan, jaman Prabu Jayabaya ing nagari Mamênang. ...
kaca 202-203.

Jilid 3 - Kaca : 203

3. Griya sela ing nginggilirèki |
aprayogi bilih sinantunan |
kajêng jati sasamine |
de kang taksih lêstantun |
saking sela mung pagêrnèki |
pramilane mangkana |
amrih ènthèngipun |
nir mutawatosing driya |
saha langkung gampil panggarapirèki |
tinimbang lawan sela ||
4. Lamun sela lêstantun nèng nginggil |
(n)jing-anjingan tinurut we jawah |
lami-lami rênggang rèmpèl |
(n)jalari risakipun |
yèn wus risak gingsir ngoncati |
rêntahnya ambêbêkta |
ing sacêlakipun |
ambrol damêl kasangsaran |
pamanggihe Ki Dipati kang kadyèki |
kunjuk (n)jêng sri narendra ||
5. Sakalangkung kaparênging galih |
adipati nulya dhinawuhan |
iyasa badhe santunne |
dalêm kadhatonnipun |
wit kapasang yogya marêngi |
kadhaton samya rêngka |
(n)jing-anjinganipun |
namung sanggyaning wangunan |
lumastari kadya duk ing nguni-uni |
mandragini panêngran ||
6. Paripurnaning kanang pakarti |
wus tetela gampil myang paedah |
anulya ingundhangake |
santunning griya wau |
lami-lami griyaning alit |
pagêr sela binucal |
santun pagêr kayu |
sinigar-sigar blabagan |
ing panggarap ugi sakalangkung gampil |
tinimbang pagêr sela ||
7. sarêng jumênêngnya sri bupati |
Widayaka ing Mëndhangkamulan |
karsa angadani rêke |

iyasa kadhaton gung |
saha yasa kalang bupati |
anama Kalangkaba |
panêkarnya catur |
golongan de namanira |
Kalangblandhong ugi Kalangkamplong nami |
dwi Kalangkobong nama ||

8. Katri Kalang-apêk namanèki |
catur Kalangbrèt namanira |
wêktu puniku wontênne |
purwane punang dhapur |
griya-griya mawarni-warni |
sarêng ing sapunika |
Kalang kasbut ngayun |
ingkang dèrèng nungkul kathah |
kang wis nungkul lajêng kaparingan nami |
winastan Kalang-mêndhak ||
9. Mangkya ulun mêdhar pamilihing |
kajêng jati êmpuk atos kathah |
sagêt gêng-agêng uwite |
puniku ingkang thukul |
nèng parêdèn tuwin wanadri |
nèng siti abrit krêsna |
dene ingkang thukul |
nèng siti abrit prayoga |
dhasar atos sêrat rêntêt alus klimis |
warninipun anglisah ||

26 Jinisipun kajêng wontên 11 lan katêrangakên cara pamilihipun. Sarta wontênipun kajêng jati ingkang dados sirikan. ... kaca 203-207.

Jilid 3 - Kaca : 204

10. Ingkang thukul anèng siti langking |
dhasar êmpuk sêrat gopok miwah |
mrupuk ngêndhal lir pulute |
ananging nadyan jumbuh |
sami thukul ing siti abrit |
mawi tundha tri pangkat |
sapangkat winuwus |
jati abang dhasar kilang |
alus rêntêt anglisah iku prayogi |
awèt kangge dandoson ||
11. Kalih jati-kêmbang ugi nami |
jati-sungu dhasaripun krêsna |
srat lèr-lêran lir sêkare |
utawi mirit sungu |
awèt kangge dandosan nanging |
kasor lan jati-abang |
katri jati-kapur |
dhasar êmpuk gopok kang srat |
miwah mrupuk wujudipun pêthak kusi |

yèku asor pribadya ||

12. Pikajênge tiyang bangsa Jawi |
kajêng jati punika agadhah |
angsar awon miwah sae |
ingkang dènanggêp luhung |
angadhahi angsar prayogi |
karêjêkèn raharja |
ing sasamènipun |
kang angsar botên prayoga |
anjalari kamlaratan gung prihatin |
punika wus dilalah ||
13. Wujud saha warni sawlas warni |
kang sawarni kajêng kang witira |
satunggal kalih pakahe |
punika namanipun |
ugêr-ugêr watakirèki |
kang ngênggènni raharja |
sarayatnya guyub |
prayogane manggènnira |
pan kinarya gêr-ugêr korining pasthi |
myang kori cêpurinya ||
14. Togog ingkang nglêbêt pancaksuji |
atanapi grogol sasaminya |
kapindho tiga pakahe |
Trajumas namanipun |
watêg ngathahakên rijêki |
prayogi manggènnira |
kangge wisma pungkur |
bêbalungan lêluhuran |
kang gung-agung pangêrêt balandar tuwin |
molo sasaminira ||
15. Katri kajêng kang dipunsusuhi |
paksi agêng tuwin kapondhokan |
sadhengah buron wanane |
kanamakakên Tunjung |
watêkipun botên prayogi |
angêndhakakên drajad |
sartane puniku |
angrusakakên ing sêdya |
manggènipun kangge gêdhogan utawi |
kandhanging rajakaya ||
16. Catur uwit utawi pangnèki |
kathukulan simbar nama Simbar |
pan asrêp adhêm sawabe |
prayogi manggènipun |
kangge balungane kang masjid |
langgar surambi lawan |
balunganing cungkup |
tanapi sanggar planggatan |

Jilid 3 - Kaca : 205

- sasaminya wisma panêpèn pan suci |
dhingin pasêmonira ||
17. Kaping gangsal ing satunggal uwit |
pakahipun wontên cacah gangsal |
punika Pandhawa ranne |
watêkipun linuhung |
langkung rosa ingkang ngênggènni |
prayoga manggènnira |
kinarya puniku |
babalunganing pandhapa |
utaminya kangge sakagurunèki |
samubarang santosa ||
18. Kanêm kajêng ingkang thukul mungging |
ing pêpunthuk winastanan Monggang |
ninggahkên drajat watêke |
rajêkinya sêmpulur |
prayogine myang manggènnèki |
kinarya babalungan |
regol tuwin panggung |
bangsal miwah pasanggrahan |
sasaminya ingkang botên dèn-ênggonni |
myang katilêman janma ||
19. Kaping pitu wit kinubêng warih |
dèn-namakkên Molo watêkira |
angsrêpakên sartane |
anyantosakkên kalbu |
prayogine manggènnirèki |
kinarya babalungan |
pandhapa puniku |
mèh sami kajêng Pandhawa |
nanging taksih kaanggêp dèrèng nyamèni |
lawan kajêng Pandhawa ||
20. Wolu ingkang sinusuhan paksi |
alit-alit utawine bangsa |
gumrêmêt manggèn uwite |
nama Gêndas saèstu |
kang ngênggènni rijêki mintir |
sartane sugih rencang |
dene manggènnipun |
kaangge gêdhogan lawan |
kandhang rajakaya lir tunjung ing ngarsi |
ananging èstunira ||
21. Kanggêp sae kajêng Tunjung ngarsi |
kajêng Gêndam malih prayoginya |
kangge pirantos kalane |
bubujêngan myang manuk |
glodhog tawon bêkungkung tuwin |
tang kêban pasangannya |
kêthèk tukang lutung |
pikat ing sasaminira |

asêrêpan saha botên nguciwani |
tur sumbon kêrêp angsal ||

22. Sanga kajêng kang trubus saking wit |
winastanan Gendhong karêpira |
nyugihakên kaskayane |
saking ing ngandhapipun |
prayoginya myang manggènnèki |
kangge gêdhong simpênan |
tuwin wadhahipun |
arta bandha raja-brana |
warni bènèt garobog pêthèn myang pêthi |
têntrêma tambah-tambah ||

Jilid 3 - Kaca : 206

23. Kasadasa kajêng ingkang mawi |
gimbol mungging dêlêg winastanan |
kajêng Gêdhêg de watêke |
anguwawèkkên sagung |
pasimpênan arta brana di |
prayogi manggènnira |
lawan Gendhong jumbuh |
kangge gêdhong pasimpênan |
rajabrana tuwin bènèt pêthèn pêthi |
jênêk awêwah-wêwah ||
24. Kasawêlas ingkang amungkasi |
kajêng ingkang wontên gandhikira |
winastanan Gêdhug sae |
nyugihakên saèstu |
rajakaya sarta (n)jalari |
wilujêng sumarambah |
ing sakaliripun |
prayogi myang manggènnira |
kangge sawarnining wadhah barana di |
tuwin kang rajakaya ||
25. Sadayèku ingkang saupami |
akalintu patrap panganggènya |
anjalari ing awonne |
ananging jumbuhipun |
botên kadi ingkang nglênggahi |
manggèn ing kanang wrêksa |
winastanan dhaup |
mupangati kasaenan |
mangkya ulun mêdhar kajêng kang tinampik |
kang awon angsarira ||
26. Èngêt-ulun wontên nêmblas warni |
jugar kajêng nglêbêtipun mawa |
kulit punika namane |
Klabang-pipitan èstu |
anggadahi watêg pênyakit |
apan winastan panas |
dwi kajêng kang rubuh |

- anrubuhi sami wrêksa |
winastanan Tundhung watêkira asih |
karya won myang pitênah ||
27. Katri kajêng ingkang rêbahnèki |
malang lèpèn margi myang jujurang |
nama Sandha de watêke |
angêrèpkên kasandhung |
ing prakawis rinakêt sakit |
catur kajêng kang rêbah |
numpang tunggakipun |
yèku winastanan Sundhang |
watêkipun dhumatêng ingkang ngênggènni |
binancana ing ngandhap ||
28. Panca kajêng ingkang rêbahnèki |
sumendhe nêng kajêng maksih gêsang |
watêkipun ingkang ngangge |
kalorot drajatipun |
kabêncana saking tanggèki |
sad kajêng Kèli nama |
sarah watêkipun |
kang ngênggènni kacuwon tyas |
sarta suda-suda rijêkinirèki |
dumadya kamlaratan ||
29. Sapta kajêng Kala gêsangnèki |
bolong-butul sru awon watêknya |
sintên tiyange kang ngangge |
asring kataman èstu |
ing dadamêl tan dènniyati |
astha kajêng brodhol kang |
mêdal manahipun |
winastanan Wutah-mamah |
watêkipun tangèh sagêt simpên wadi |
nglacutkên pikajêngan ||
30. Nawa kajêng sol rêbah pribadi |
winastanan Prabatang wataknya |
gagarkên barang sêdyane |
nyuda darajatipun |
kasadasa kakum ing warih |
myang kapêndhêm ing kisma |
Gombang namanipun |
watêg miwah angsarira |
kang ngênggènni kêrêp dipitênah maring |
satu angkara murka ||
31. Sawlas kajêng kang pêjah pribadi |
winastanan kajêng Angga-linggang |
watêkipun ingkang ngangge |
tan kadugèn sakayun |
apês sarta nandhang gagêring |
kalihwlas kajêng ingkang |

Jilid 3 - Kaca : 207

- kalane panambut |
 angrêbakhên rêbahira |
 damêl kagèt sakèhing kewan wanadri |
 kang galak ngantos nywara ||
32. Nama Gronang watêg kang ngênggènni |
 angsal ginêm kang tan prayoga |
 saking wong agung panggêdhe |
 triwlas kajêng tarubus |
 tumèmpèle êpangirèki |
 winastanan Gandhongan |
 dene watêkipun |
 kang ngênggènni kathukulan |
 pikajêngan ingkang awon nir prayogi |
 nimpang mring karaharjan ||
33. Kawanwêlas kajêng labêtnèki |
 akabêsmèn winastanan Gosang |
 watêknya asring kabêsmèn |
 gangsalwêlas kang kayu |
 kasangsang ing êpang anami |
 Brogang de watékira |
 kang ngênggènni namung |
 tansah kapambêng kewala |
 sabarang rèh kang dadya karsanerèki |
 tan ana kang kalakyan ||
34. Kanêmbêlas ingkang amungkasi |
 kajêng gapuk nglêbêting dagingnya |
 yèku Buntêl-mayit ramne |
 dene ta watêkipun |
 kang ngênggènni supenan maring |
 samubarang pakaryan |
 ingkang parlu-parlu |
 sarta asring-asring gadhah |
 sakit lèbêt titi ingkang tan prayogi |
 yèn sagêt siningkiran ||
35. Sanès ginêm kula andarbèni |
 kalowongan kakalih tarêbang |
 kantun masang wacuale |
 kajêng nangka kang agung |
 kajêng rawan tarêbang alit |
 kapasang yoga angsal |
 kidang kalih wau |
 lulang tinrap ing tarêbang |
 angêntosi ragi garing sawatawis |
 tèmbe kinêrok iras ||

27 Bab praboting griya: cagak, usuk, rèng, pangêrêt lss, ngantos tuntas.
 Wanguning griya: Joglo, Limasan, Kampung tuwin Masjid. Payoning joglo
 warni 7, Limasan warni 10, Kampung warni 9, lan Masjid warni 3. Ukuraning
 griya lan pêpetanganipun, Pancasuda. Bab cathokaning griya. Mas Cêbolang
 dipun sukani têrbang wacucal kidang 2 iji. ...
 kaca 208-235.

36. Rêhning mangsa katiga manawi |
 kawan dintên kewala wus babar |
 lajêng kula aturake |
 dhumatêng anak-bagus |
 rêh lunga nis tumbuh kinapti |
 inggih ta jêngandika |
 wus sinêdyèng kalbu |
 sarêng abdinta sakawan |
 kadiparan bilih katalangso bukti |
 punapi papariman ||
37. Kados wirang pinalaur lalis |
 myang ngênirkên sakèhing panyana |
 lulus (m)bêbarang wastane |
 sak (ng)gèn-ênggèn pikantuk |
 botên wontên kang sangga-runggi |
 lah mugè kagaliha |
 ywa sandeyèng kalbu |
 wong tuwa amurih nistha |
 botên pisan-pisan kang makatên kapti |
 tan lyan mung mrih widada ||
38. Mas Cêbolang kalane miyarsi |
 ing wuwuse Ki Wrêksadikara |
 gumregah atrapsilane |
 mrakati saha matur |
 dhuh kiyai kang tuhu asih |
 mring mudha kawlasarsa |
 sabda kang dhumawuh |
 kalangkung kalingga murda |
 insa Allah saèstu kula lampahi |
 lawan sarjuning manah ||
39. Nadyan ngantos sawulan ngêntosi |
 ing rampunge kakalih tarêbang |
 botên wontên pakawêde |
 wimbuh tyas sru kapencut |
 nyumêrêpi lajêngirèki |
 babaring pangandika |
 kawruh kang kawuwus |
 ki Dikara sru karênan |
 sukur-sukur si anak anayogyani |
 ing pamrayoginingwang ||
40. Lah suwawi sasareyan malih |
 lohung-lohung angsal saliyêpan |
 amrih ywa prungsang enjinge |
 nahênta wanci bangun |
 Ki Dikara tandya lumaris |
 angupados sasêgah |
 tamu ingkang kantun |
 ing satanginira nendra |

akarênan miyarsa swaraning pêksi |
kapungkur langên-praja ||

224. Pangkur

1. Cocak kuthilang kapodhang |
kacêr punglor sikatan lan srigunting |
jalak-urèn jalak-pênyu |
dlèdukan salindhitan |
bèthèt dêruk sêpahan putêr dêrkuku |
bêkikèring ayamwana |
bêrkutut manggung rêspati ||
2. Mèh rahina masêmu bang |
Ki Dikara prapta palanggrongnèki |
nyangking kahwa myang (ng)gonnipun |
kalawan ayamwana |
èstri madhêp wayah kumanggang kang jalu |
kalawan sakrênêng tigan |
satawana kang cêmani ||
3. Kahwa jalu tinja-luwak |
gya ginorèng sangan wus mambêt gurih |
wêtahan datan binubut |
nulya kinarya wedang |
gêndhis arèn bêrsih kuning ganda arum |
linalapakên kewala |
sarapan tigan cêmani ||
4. Mêntahan mung ingkang jênar |
inguntalan sarêm palêtuk bêrsih |
anuntumkên angga rapuh |
kêngkêng mathêngthêng kuwat |
dènnya samya sarapan langkung pikantuk |
ki wisma nglajêngkên kojah |
sambêtipun wau ratri ||
5. Nêgor kajêng jati ingkang |
badhe sae awèt anggènnirèki |
kêdah katêrês rumuhun |
panêrês prênahira |
nèng pok kang wit kintên-kintên longkangipun |
tiga utawi sakawan |
kaki saking sitinèki ||
6. Binacoka têmu-gêlang |
wiwit kulit dumugi warni abrit |
gya (ng)gègrègi êronnipun |
saha lajêng galinggang |
yèn wus wontên sataun panêrêsipun |
kenging tinêgor jalaran |
wus garing tan nguciwani ||
7. Rêbahing panêgorira |
kaangkaha rêbah mangalèr tuwin |

Jilid 3 - Kaca : 209

mangilèn sartane sampun |
dhawah ing kajêng ingkang |
taksih gêsang kasangsang sasaminipun |
kantêp sapanunggilannya |
kang dadya tampikan ngarsi ||

8. Tingkah amrih sumêrêpa |
dhawahipun pucuking kajêng nênggih |
kang yun dènrebahkên wau |
nangguh ing wanci enjang |
utawine wanci sontên ingkang jumbuh |
wayangan sami wujud lan |
panjangipun ingkang uwit ||
9. Upami kalêbêt ingkang |
panjangipun gangsal kaki mandhiri |
mangka wawayangannipun |
ingukur ugi gangsal |
pan wayanganing kajêng ingkang kinayun |
rinêbahkên kaukura |
sapintên panjangirèki ||
10. Yèku badhe ukurannya |
saking bongkot dhawah ing pucuknèki |
pratikêl makatên wau |
ugi tumrap kinarya |
nêpsir panjang cêlaking kajêng kang ayun |
kangge dandosanning wisma |
kadi ta upaminèki ||
11. Badhe dipun angge saka |
ingkang panjangipun dwidasa kaki |
manawi wayangan wau |
wontên utawi langkah |
saking kalihdasa kaki èstunipun |
badhe cêkap kangge saka |
panjang kalihdasa kaki ||
12. Wondene panêpsirira |
gênging pucuk ugi kenging kapid |
saking gênging bongkotipun |
upami kajêng ingkang |
nênêm kaki ubêngipun bongkot wau |
mangka wiyaring wayangan |
namung wontên kalih kaki ||
13. Pucuking kang wawayangan |
pan ingukur wiyar wontên sakaki |
wus tamtu agênging pucuk |
tigang kaki ubêngnya |
panêpsir kang makatên ing adatipun |
inggih asring tuna-dungkap |
nanging amung sawatawis ||

Jilid 3 - Kaca : 210

14. Pangangkah dhawahing wrêksa |
 mrih sagêda prayogi dhawahnèki |
 kêdah pinarnahkên dunung |
 sêlaning kajêng gêsang |
 sinrapatna pang alit-alit pikantuk |
 supados ywa nêmah rêmak |
 gêtêm kantêp tibèng siti ||
15. Saupami ing pangangkah |
 rinêbakhên mangalèr dhawahnèki |
 ingkang èlèr miwah kidul |
 ginêthak myang kapacal |
 ingkang èlèr ing ngandhap panggêthakipun |
 lâbêtnya kalih bageyam |
 kidul sabageyan naming ||
16. Bêngganging gêthakan ngandhap |
 lawan nginggil sarta ing nginggilnèki |
 pamacal tamtu miturut |
 agêng aliting wrêksa |
 saupami samangsa agêngipun |
 bêngganging nginggil lan ngandhap |
 tinartamtu mung sakaki ||
17. Ing nginggil pamacalira |
 timartamtu amung sakawan kaki |
 manawi gêngnya saprangkul |
 bêngganging nginggil ngandhap |
 apas namung saprapat kaki wus cukup |
 de ing nginggil pamacalnya |
 satunggal satêngah kaki ||
18. Sanadyan wrêksa kang arsa |
 rinêbakhên mangidul dhoyongnèki |
 yèn patrap lir ngajêng wau |
 tamtu ngalèr rêbahnya |
 Mas Cêbolang tatanya wiwijangipun |
 kang winastan gêthak pacal |
 Ki Dikara lingira ris ||
19. Anggêthaki ngêthok ingkang |
 botên ngantos tugêl rêbah kang uwit |
 dene kapacal puniku |
 sanginggiling gêthakan |
 dipun pêrang amancas kakruwêg gathuk |
 têtang kalayan gêthakan |
 kadi warah kasbut ngarsi ||
20. Nahan sasampuning rêbah |
 gya kaprèjèng utawi dènwastani |
 kariban wiwadanipun |
 ngiras anitik manah |
 margi manah botên tamtu manggènipun |
 têrkadhang wontên ing têngah |

Jilid 3 - Kaca : 211

têrkadhang wontên ing pinggir ||

21. Utawi manggèn ing manah |
minggak-minggok tan turut têngah pinggir |
mênggahing pangangkahipun |
ingkang sae piyambak |
pan binucal sampun wontên ingkang kantun |
winastan kajêng bèthètan |
tulus botên mutawatir ||
22. Madyaning manah nêng têngah |
ingkang minggah-minggok manahirèki |
pinarnahna ênggènipun |
ing pinggir lan ing têngah |
mênggah ingkang nami kaprèjèng winadung |
patraping wadung piwasang |
miring nêng sangkalirèki ||
23. Kajêng ingkang winadungan |
iringannya ing kanan miwah kering |
wondene karimban wau |
wadung methok pinasang |
kang winadung lumahing kajêng puniku |
kang nginggil miwah ing ngandhap |
ing panggarap kèdah wradin ||
24. Yèn wus pinanggih manahnya |
gya kinêthok miturut manahnèki |
lajêng kasipat dhinapur |
pasagi nanging panjang |
gya ginêmbês pungkasaning bongkotipun |
gêmbês punika pêtholan |
ingkang dipun-trapi tali ||
25. Kadamêl nyarat kang wrêksa |
gêmbês wau wontên kakalih warni |
bilih tanah ardi kidul |
Kaduwang saurutnya |
isthanipun wawangunan kadi ngluluk |
pundhaking gêmbêsan kadya |
dhapuring kang gêndul gilig ||
26. Manawi gêmbêsan tanah |
rêdi êlèr Kêndhêng saurutnèki |
namung sapalih winangun |
kadi cènggèring ayam |
bilih sampun dados gèbêngan puniku |
utawi balok namanya |
sakarsa-karsa wus kenging ||
27. De bilih badhe kinarya |
talang wuwung utawi dandosanning |
baita sasaminipun |
kèdah manah kabucal |
sarta cinalonan sadhapuring wuwung |

kalawan dhapuring talang |
baita sasaminèki ||

Jilid 3 - Kaca : 212

28. Panyigaring kanang wrêksa |
naminipun kapaju patrapnèki |
rumuhun kakêncong mujur |
wit pucuk trus bongkotnya |
kiwa-têngên utawi ngandhap myang luhur |
kêncongan ing nginggil nulya |
katancêpan paju wiwit ||
29. Pucuk dumugi bongkotnya |
longkangipun paju sami nyakaki |
sakathahing paju-paju |
ginandhènan dumugya |
ing kêncongan ngandhap têrusaning luhur |
wradin paju têkèng ngandhap |
gya sinigar langkung gampil ||
30. Wondene ta kajêng ingkang |
agêng-agêng patrap panggarapnèki |
ing bongkot utawi pucuk |
kang labêt gagêthakan |
kakêncongan malang gya tinrapan paju |
mugi lajêng ginandhèna |
yèn kajêng gênge samundhing ||
31. Gandhènipun sêmprong nama |
gênging sêmprong tinartamtu ngungkuli |
gênging kajêng kang pinaju |
sêmprong ginantung malang |
nèng wit-witan ingkang cakêt ngriku |
kinandhut tinarik ngangkah |
sagêt nuthuk paju sami ||
32. Ing sasampunipun sigar |
dyan rinimbasi utawi dènprèjèngi |
kadamêl saprêlunipun |
gêbingan myang balabag |
têrangipun ingkang sama kêncong mujur |
sakiwa-têngênning wrêksa |
utawi ing ngandhap nginggil ||
33. Winadung amujur panjang |
awit bongkot dumugi pucuknèki |
kados kakalènan mujur |
wondene kêncong malang |
pêrnah bongkot utawi kapêrnah pucuk |
winadung supados krowak |
kenginga dipunsêsêli ||
34. Ing paju sacêkapira |
mênggah paju wau ingkang kinardi |
kajêng jati ingkang burus |

ing bongkot wradin papak |
pucuk lancip radi gèpèng wujudipun |
dene agêng panjangira |
dinugi kang nguwawèni ||

35. Kang nama kajêng kocoran |
panêgornya tan tinêrês rumiyin |
maksih gêsang angrêmbuyung |
gya tinêgor kewala |
patrap-patrap panêgor pangrêsbasipun |
pamrèjèng sasaminira |
kadi kang kasêbut ngarsi ||

Jilid 3 - Kaca : 213

36. Mung wusing dadya gêbingan |
gya kinêthok ginambang tharik-tharik |
kadi ambèn isthanipun |
nèng panggonan kang banar |
laminipun tigang wulan para langkung |
punika sampun prayoga |
kaangge parabot panti ||

37. Yèn kajêng badhe baita |
tuwin wuwung talang sasaminèki |
panggènan pamênthèngipun |
kang asrêp myang keyuban |
laminipun ugi tigang wulan langkung |
sanadyan kajêng kocoran |
sagêt awèt sawatawis ||

38. Mangkya bab sirap winarna |
naminipun wontên sakawan warni |
sawarni Dumba rannipun |
wiyarnya ing ukuran |
kalih-têngah kaki sapanginggilipun |
panjang wiwit ukur tiga |
kaki sapanginggilnèki ||

39. Kalih sirap Gupe rannya |
lawan Dumba gêng panjang botên sami |
ukur awit wiyaripun |
satunggal kaki minggah |
panjang kalih satêngah kaki ingukur |
minggah dumugi ukuran |
kirangipun tigang kaki ||

40. Tiga nama sirap Dhara |
wiyaripun pitung êdim manginggil |
dene ukur panjangipun |
pan kalih kaki minggah |
catur sirap gêdhong dene wiyaripun |
namung sêkawan dim minggah |
panjang gangsalwêlas êdim ||

41. Kajêng kang kadamêl sirap |
 tinartantu awèt tan nguciwani |
 têtêrsan ingkang burus |
 manawi bangsa ngandhap |
 tiyang alit purun damêl sirap wau |
 saking glinggang saha brungkah |
 manawi pundhutan aji ||
42. Tuwin para luhur samya |
 kêdah nêgor saking têtêrsan tuwin |
 nêgor ingkang taksih idhup |
 piliyan ugi ingkang |
 burus mulus nir cacat saurutipun |
 patraping panyigarira |
 sampuning rêbah kang uwit ||
43. Pinilih kang tanpa cacat |
 sêrat burus kadi kasêbut ngarsi |
 ginêthak sasishipun |
 sapanjanging kang sirap |
 dipun-ancas angiras kadamêl lancur |
 gêthakan gya kaanjingan |
 paju lajêng dèn-gandhèni ||
44. Paju kang kapara kathah |
 patrapipun kapara krêp prayogi |
 mila makatên lirisipun |
 urut sêrating wrêksa |
 saha botên pêcah nalisir myang rêmuk |
 yèn wus dadya balèbèkan |
 gya rinimbasi dèncalonni ||
45. Wangun sirap sakarsanya |
 nanging taksih kandêl wujudirèki |
 kinèndêlkên tigang têngsu |
 lajêng pinacas dadya |
 botên kangge bilih manahipun katut |
 watak ngulèt myang bènthètan |
 apês mandhêlong ngowani ||
46. Manawi kajêng kocoran |
 patrap ingkang panggarap kadi ngarsi |
 ananging pan lêtêsipun |
 kêdah kalih rambahan |
 sasampuning lêtêm sapisan punika |
 karimbasi dènalitèna |
 lajêng kalêtêpkên malih ||
47. Laminipun tigang wulan |
 sampun kirang para langkung prayogi |
 awit bilih kirang dangu |
 badhe adamêl cuwa |
 ngulèt ngelo mandhêlong utawi rêmuk |
 tamat pangolahing wrêksa |

Jilid 3 - Kaca : 214

Kinanthi praboting panti ||

225. Kinanthi

1. Sayogi sumrêp rumuhun |
nama miwah manggènnèki |
paraboting griya-griya |
kalawan manggènnirèki |
supadosipun uninga |
silahing dhapuring panti ||
2. Ingkang nama Saka-guru |
punika sakanirèki |
guru de kang winastanan |
guru Pamidhangan yêkti |
Saka-pananggap sakanya |
Balandar pamanggapnèki ||
3. Saka èmpèr sakanipun |
Balandar èmpèrirèki |
Saka paningrat sakanya |
Blandar paningrat puniki |
Saka-taratag sakanya |
blandar tratag manggènnèki ||
4. Saka goco sakanipun |
Balandar pananggap tuwin |
Èmpèr paningrat taratag |
nèng pojok manggènnirèki |
dene ingkang nama Cagak |
sasaka kang botên sami ||
5. Tanapi tan turut runtut |
lan Blandar pangêrètnèki |
Bênthung punika sakanya |
duduring gajah utawi |
barunjunging joglo griya |
manjing nèng lumajangnèki ||
6. Kang sarta saka ing lambung |
Srêntên saka alit gilig |
nyanggi Blandar pangêrètnya |
tumumpang nèng sunduk kili |
de Dhanyang saka kang mayat |
angsal ingkang dèn-dhanyangi ||
7. Ingkang winastanan Êsuh |
kuningan sasaminèki |
tumrap ing bongkoting saka |
kang tumumpang umpaknèki |
umpak lungguhing kang saka |
saking sela kang prayogi ||
8. Saking banon saking kayu |
kange umpak ugi kenging |

Jilid 3 - Kaca : 215

- ingkang winastan Balandar |
 kajêng panjang kang sinanggi |
 ing saka wau dene kang |
 nama Pangêrêt puniki ||
9. Panyêlaking blandaripun |
 anyathok lan blandar dhamis |
 kang ran Guru-pamidhangan |
 blandar pangêrêtirèki |
 brunjungipun joglo wisma |
 ingkang ing ngandhap pribadi ||
10. Dhadha-pêksi kang winuwus |
 pangêrêt kang manggèn mungging |
 satêngahing pamidhangan |
 kang ran Sunduk nêng ngandhaping |
 Midhangan pamanjang bênggang |
 kaliyan Balandarnèki ||
11. Trap miring manjing sakèku |
 ingkang winastanan kili |
 sangandhaping pamidhangan |
 gathuk sami sunduk ngarsi |
 kalawan pangêrêt bênggang |
 miring manjing saka ugi ||
12. Kang nama Ganja puniku |
 sopakaning saka mungging |
 nginggil sunduk katumpangan |
 Guru kaliyan kang nami |
 ingkang ugi Pamidhangan |
 Guru-pamidhangan sami ||
13. Kang nami Tumpang puniku |
 balandar pangêrêt inggih |
 tumumpang ing pamidhangan |
 ingkang winastan Panitih |
 Tumpang ing wêkasanira |
 kang anèng nginggil pribadi ||
14. Tumpangsari kang winuwus |
 Panitih nir tumpangnèki |
 yèku pamidhangan mulya |
 tinumpangan ing Panitih |
 dumados amung balandar |
 Pangêrêt asungsun kalih ||
15. Kang ran Ulêng godhagipun |
 pamidhangan tinêngahi |
 dene Dhadha-pêksi ika |
 kang nami Singup winarni |
 Tumpang ingkang nêng lèbêtnya |
 Ulêng kang kasêbut ngarsi ||

16. De Lotèng balabag alus |
ninggil pangêrêt (ng)gènnèki |
wiyar sapanjanging blandar |
saha Pangêrêt-irèki |
mangkya kang aran Ga-iga |
yèku kajêng ingkang nyanggi ||

Jilid 3 - Kaca : 216

17. Ing bababag amiturut |
ujuring pangêrêtneki |
dene kang nama Cathokan |
anjing-anjinganirèki |
ing balandar akaliyan |
Pangrêt pucuk bongkotneki ||

18. De Gimbal langkungannipun |
Cathokan balandar tuwin |
pangêrêt sasaminira |
Cacathokan naminèki |
panjangnya sami kalawan |
kandêle kang dèn-gimbali ||

19. Kang ran Payon sasabipun |
êmpyak twin usuking panti |
kang nami Brunjung punika |
êmpyakipun joglo panti |
ingkang ing nginggil piyambak |
nulya ngandhapipun sami ||

20. Pananggap pyak ngandhap Brunjung |
de èmpèr êmpyaking panti |
sangandhapipun pananggap |
kang nami Paningrat yêkti |
êmpyak ngandhap èmpèr (ng)gènnya |
utawi èmpèr mékasi ||

21. Kang nama Gajah sadarum |
êmpyak ingkang dèn-èmpèri |
ingkang ing nginggil piyambak |
mung griya joglo pribadi |
gajahipun winastanan |
Barunjung kasêbat ngarsi ||

22. Kang ran molo kajêng mujur |
ingkang ing nginggil pribadi |
yèku kang winastan Sirah |
kang nama Andêr cagaking |
Molo yèn joglo tumumpang |
manjing dhatêng Dhadha-pêksi ||

23. Bilih limasan myang kampung |
tumumpang mring pangrêt manjing |
kang ran Dudur iku ingkang |
pucuk nyanggi Molonèki |
ngandhap tumumpang pojokan |

balandar pangêrêtnèki ||

24. Kang ran Sirah-gada yèku |
molo gilig amandhiri |
manggènya ing masjid langgar |
kang nami Bungkak wuwunging |
molonipun joglo wisma |
utawi limasan panti ||
25. Mangkya ingkang aran Wuwung |
nutupi sirap sakêdhik |
tumumpang Dudur prênahnya |
kang ran Kopyah wuwungnèki |
sirahing gada punika |
ran Mastakamênur-nèki ||
26. Kang nami Topèng puniku |
balabag kang nèng pucuking |
kêjèn ing Dudur tumumpang |
gathukan Molonirèki |
katumpangan myang kanjingan |
pucuking usuk kang nginggil ||
27. Êmprit-gantil kang winuwus |
Dudur kang dhèmpèt puniki |
kang kiwa manjing Topèngan |
têngên manjing molonèki |
Blandèr-kêndhit kajêng panjang |
ing têngah papayonèki ||
28. Kang nami Cukit puniku |
usuk sasambêtan mungging |
ing balandar kang pungkasan |
dene ta kang nami Tarib |
balabag miring kang tumrap |
ing usuk pungkasannèki ||
29. Kang ran Gunting ugi usuk |
manjing ing topèngan yèkti |
ingkang nama Tadhah-êlas |
blabag panjang manut maring |
sapanjanging payonira |
lir topèng patrapirèki ||
30. Kang nama Usuk-pinayung |
manjing ing takir myang manjing |
molo urut ing ujurnya |
dudur kang kasêbut ngarsi |
de Usuk-rigêrèh aran |
usuking serongan panti ||
31. Inkang pucuk manjing dudur |
Usuk-panêrus puniku |
sawarnining usuk ingkang |

Jilid 3 - Kaca : 217

- pungkasan ngandhap kinancing |
kang sami Usuk-pangarak |
ingkang botên dipun kancing ||
32. De Usuk-dhadhan winuwus |
manjing ing topèngan inggih |
andêdêl manjing topèngnya |
ingkang nama Usuk-aling |
tumrap ing nginggil piyambak |
patrapipun kajêng miring ||
33. Usuk-dhêmpèlan puniku |
tumrap bongkot dudur nênggih |
tumumpang maring balandar |
kinarya panjangkêpnèki |
usuk-ri-gêrèh supaya |
angsal petang kang prayogi ||
34. De Usuk-pandêdêl yèku |
usuk kang kaprênah mungging |
ing têngah jèjèr kalawan |
usuk jêjêg atrapnèki |
nanging datan mayat kadya |
usuking sanèsirèki ||
35. Usuk-lorog yèku usuk |
cêlaking dudur (ng)gènnèki |
kang nama Takir punika |
ingkang kaanjingan dening |
bongkoting usuk sadaya |
de Takir-gamblok puniki ||
36. Kang kanjingan usukipun |
usuking pananggap tuwin |
usuk èmpèr myang paningrat |
angrangkêpi ponang takir |
dene kang nama Lumajang |
kang kanjingan usuknèki ||
37. Usuk-pananggap puniku |
myang Usuk-èmpèr utawi |
Usuk-paningrat kaotnya |
akaliyan gamblok-takir |
patraping kajêng malumah |
ngamplok sangandhaping takir ||
38. Purus-pathok kang winuwus |
purusing saka kang manjing |
maring pangêrèt balandar |
de Purus-sanggan winarmi |
pupurusing saka ingkang |
manjing ing ganjaning panti ||

39. Dene Purus-oyot yèku |
 purusing saka kang manjing |
 maring sawarnining umpak |
 de Purus-èstrènan nênggih |
 purusing sunduk punika |
 mangkya kang nama Purus-kip ||
40. Punika badaning sunduk |
 kang manjing sasakanèki |
 kang ran Kêli pupurusnya |
 sunduk-panylak purusnèki |
 kang ran Jabung purusira |
 sunduk kang têngah (ng)gènnèki ||
41. Kang nami Warayang yèku |
 purusira dhadha-paksi |
 manjing marang pamidhangan |
 patil Sapit-urang nênggih |
 pupurusing Takir lambang |
 manjing saka bênthungnèki ||
42. Kang nami Gadhing puniku |
 pupurusira kang takir |
 manjing ing Pupurus-êbam |
 têtanging pojok dumadi |
 adu-mancung basanira |
 ang-Gambuh ingkang gumanti ||

226. Gambuh

1. Sapit-urang winuwus |
 bongkot utawi ing pucukipun |
 kajêng ingkang kaclèrèng kanjingan miring |
 purus utawi puniku |
 kakancingan adon-adon ||
2. Kang nami Cirik-purus |
 ingkang dudur manjing molonipun |
 kang nama Bam purusing dudur kang manjing |
 ngandhap bengkok wujudipun |
 umanjing ing takir maron ||
3. Inggang winastan Bukur |
 utawi Kruwingan wistanipun |
 purus dudur ingkang ngandhap butul takir |
 kang mandhukul nama Bukur |
 nama Kruwingan kang krowok ||
4. Kang nama Pèthèk yèku |
 purus alit ingkang manjing purus |
 utawine punika kaangge ngancing |
 kang ran Kathèk gèpèng purus |
 kangge (ng)gathukakên gèbyog ||
5. De têtêsan puniku |
 purus namung sasisih satuhu |

kang winastan Kêlam-gapit mung sasisih |
mangkya kang nama Tambu ku |
tadhah sabarang kemawon ||

6. Sasanggan patrapipun |
tumèmplèk ing sasaka puniku |
myang tumèmplèk blandar turut dudurnèki |
Tadha prit-gantil winuwus |
kancing topèng angsal molo ||

Jilid 3 - Kaca : 219

7. De Tadha takir yèku |
kancing ingkang takir apikantuk |
Takir-gamblok sarta lumajang pakolih |
ingkang nami Tadha-jantur |
kancing takir lambang manggon ||

8. Kang nami Bèji yèku |
kancing usuk gilig sami mênthul |
ingkang sami bibis wêsi tutupnèki |
pakunipun punang wuwung |
tumancêp dudur myang molo ||

9. Kang ran Ura-urèku |
dug utawi tosan tangsulipun |
ing lumajang ginandhèng kaliyan takir |
angsal ing blandaripun |
utawi panitih manggon ||

10. De Togog sanggan yèku |
pathoking kang dudur-gajahipun |
ingkang nama Togog-jalak pathoknèki |
sakèhing tumpang myang singub |
Togog-kancing kacariyos ||

11. Pathoking sakèh usuk |
karan Sindik rarangkêpanipun |
kancing tuwin abên-abênan kang sami |
rênggang rapêt têmahipun |
tan wontên katon sumrowong ||

12. Kang nami Patil yèku |
kancing gilig nèng lêbêting kayu |
ingkang nama Êrèng gèpèng myang pêsagi |
panjangira amiturut |
sapanjanging ponang payon ||

13. Tinrapan sirapipun |
ingkang nami Rèng-kruwing puniku |
kang sasisih mawi waton prêlunèki |
nutupi bêbongkotipun |
sirap kang minangka payon ||

14. De Êrèng-kisi yèku |
êrèng alit tumumpang rèng agung |

kangge anangsuli sirap kang supadi |
datan katingal kang tangsul |
saking sangandhaping payon ||

15. Kang ran Rèng-plipit yèku |
rèng tumumpang blabag plisiripun |
anrangkêbi êrèng kang ngandhap anyanggi |
sanggiting kakêtêbipun |
nambahi sae pitados ||
16. Rèng-alis-alis yèku |
rèng tumumpang lumajang myang dudur |
tumumpang ing takir kêtêp kang ngênggènni |
Rèng-gindhong tumumpang dudur |
utawi tumumpang molo ||
17. Kang nama Kêtêp yèku |
sirap pinapak ingkang dumunung |
ngandhap pyambak de Kêtêp-gendhong puniki |
tumrap nginggil sirapipun |
kawitan nginggil pribados ||

Jilid 3 - Kaca : 220

18. Kang nami Pyan winuwus |
blabag tumrap sangandhaping usuk |
utawine sanginggile usuk (ng)gènnèki |
dene wiyar panjangipun |
sawiyar panjanging payon ||
19. Tutup-keyong puniku |
tutuping pyak griya dhapur kampung |
mangkya ingkang winastanan Patang-aring |
blabag kêrêp jèjèr gathuk |
ling-aling patanèn sênthong ||
20. Dene kang nama Langkung |
langkahaning kori sadayèku |
ingkang nami Tèbèng blabag pinggir kori |
Gêbyog blabag jèjèr gathuk |
papagêring wisma manggon ||
21. De Tlumpah kajêng mujur |
lênggahing kang pagêr gêbyog wau |
kang ran Kopyah kajêng mujur kang ngêkêbi |
gêbyog ing nginggil (ng)gènnipun |
kêkah wêwah asri tinon ||
22. De kang ran Topèng-jamur |
blabag ciyut ingkang dadya tutup |
sambunganing gêbyog kang kasêbut ngarsi |
ingkang nama Janur-iring |
tutup inêp kori-kupon ||
23. Inkang nama Lis-payung |
Lis-kopyah ing patangaring wau |

- ingkang nami Inêp blabag tutup kori |
 Inêp-tangkêp inêpipun |
 ing kori namung sawiyos ||
24. De Kupu-tarung wau |
 inêp-kori kalih cacahipun |
 Inêp-lêmpit inêp langkung saking kalih |
 ingkang nami Sêlèng yèku |
 purusing inêp sayêktos ||
25. Mangkya Srisig winuwus |
 balabag kang kinarya puniku |
 tamping siti sauruting griyanèki |
 kang nama Slorok-trêmbuku |
 kancing inêp apitados ||
26. Kang nama Kêpêl yèku |
 kancing inêp ing têngah myang luhur |
 de kang nama Candhela saingga kori |
 naming alit wujudipun |
 ing pamasang (m)bêdhah gêbyog ||
27. Pinantês manggènipun |
 mrih padhange ing wisma puniku |
 mangkya gantya praboting gêdhogan tuwin |
 Kandhang maesa myang lêmbu |
 naminipun winiraos ||
28. Palon ingkang rumuhun |
 Saka-gêdhogan myang kandhang wau |
 kang ran Palang pagêr gêdhogan kang manjing |
 Palon saka kasbut ngayun |
 rênggang mung ywa nganti (m)brobos ||
29. Kang ran Wayang puniku |
 pipi-kori gêdhogan puniku |
 ingkang nama Sarak palanging kang kori |
 dene Pacêl kancingipun |
 salarak supados bakoh ||
30. Sunduk-kili sanggannyung |
 nyanggi gêdhongan jrambahipun |
 ingkang nama Tarataban galarnèki |
 gêdhogan ing ngandhap kêmput |
 myang margining mlêbêt miyos ||
31. Blandar-kiping puniku |
 langkunganing blandar pangrêtipun |
 saking Palon ing ngarsa miwah ing wuri |
 kang nama Koplok puniku |
 ka-anjingan palang manggon ||
32. Kang nama Tarib yèku |
 blabag ingkang dadya tutupipun |

Jilid 3 - Kaca : 221

gulu mêlêt myang ling-aling talangnèki |
kang nama prabot wus putus |
Asmaradana gumantos ||

227. Asmaradana

1. Dhapuring griya winilis |
ugêr mung warni sakawan |
sawiji ran dhapur Joglo |
kaliye dhapur Limasan |
dhapur Kampung tiganya |
dene ta sakawanipun |
dhapur Masjid wasthanira ||
2. Dhapur Joglo pinarinci |
wontên wiwijanganira |
warni pitu pratelane |
sawiji Joglo-kêpuhan |
dwi warni Taraju-mas |
katri warni Lambang-gantung |
utawi Pangrawit rannya ||
3. Catur Joglo-wantah nami |
kalima Joglo-cêblokan |
kanênêm Tawon-boni-ne |
Sêmar-tinandhu saptanya |
de sadaya punika |
kalih warni wangunipun |
nanging warni botên ewah ||
4. Kalamun ujurirèki |
kinarya kapara panjang |
kapara inggil sakane |
dados inggil dèdêgira |
payonira kapara |
ngadêg basane tumurun |
katêmbungkên nèm ika ||
5. Balungan kandêl rêspati |
yèku ran wangun Lanangan |
dene manawi ujure |
kapara cêlak sêmbada |
sakanya ugi cêlak |
dados andhap dèdêgipun |
papayon kapara nadhah ||
6. Katêmbungkên sêpuh yêkti |
para tipis balungannya |
yèku wangun Èstri ranne |
utawi Daringan-kêbak |
mangkya kang kawursita |
anênggih parobotipun |
Joglo Padaringan-kêbak ||

7. Ukuran ingkang kinardi |
waton guru pamidhangan |
yèku blandar pangêrête |
brujung kang ngandhap piyambak |
sadaya babalungan |
utawi parobotipun |
griya sanès-sanèsira ||
8. Agêng alit sami ugi |
mirit saking pamidhangan |
kang saupami panjangè |
pamidhangan kakalihnya |
mitulas kaki samya |
sadasa dim wiyaripun |
wolung êdim kandêlira ||
9. Panylak pamidhangan kalih |
panjang dwiwlak kaki samya |
wiyar sadasa êdimè |
wolung êdim kandêlira |
wasana prabot wisma |
piridannira puniku |
ugi botên tilar petang ||
10. Mangsuli parobotnèki |
Joglo Padaringan-kêbak |
sakawan saka-gurunè |
sunduk-kili kalih samya |
dhadha-pêksi satunggal |
de tumpang-lumajangipun |
wontên nênm cacahira ||
11. Tumpang-panitih kakalih |
nênm tumpangnya panyêlak |
panitih panylak kalihè |
singup pamanjang nêmbêlas |
singup panylak nêmbêlas |
dwi blabag tutuping singup |
andêr molonya nyatunggal ||
12. Catur suhing sakanèki |
takiring brunjung pamanjang |
apan kakalih kathahè |
dwi takir brunjung panyêlak |
usuk dèdêl sakawan |
tigangdasa nênmipun |
kathahè usuk pangarak ||
13. Usuk lorog catur iji |
dudurnya ugi sakawan |
kêjèn kiwa myag têngênne |
kalih usuk dèdêlira |
usukipun pangarak |
sadayanya wolulukur |

usuke lorog sakawan ||

14. Rèng barunjung ngajêng-wingking |
dwi alis-alis takirnya |
nêmlikur êrèng pènèke |
dwi alis-alis molonya |
rèng kêjèn kering-kanan |
dwi rèng alis-alisipun |
rèng pènèk dwidasa astha ||
15. Sirap barunjungirèki |
dwidasa dim panjangira |
kawanwêlas dim wiyare |
ingkang saêdim kandêlnya |
cacahira ingetang |
apan nênematus langkung |
sakawandasa titiga ||
16. Wuwung bungkaknya satunggil |
palisire wuwung bungkak |
sakawan iji cacahé |
wuwung barunjung sakawan |
palisirira astha |
paku-bibis bungkak wau |
mung kakalih sampun cêkap ||
17. Paku-wuwung brunjung nênggih |
cacahipun kalihwêlas |
kancing bèji barunjunge |
sadasa iji cacahnya |
tadha têr barunjung lawan |
lumanjang pananggapipun |
kathahipun pan wolulas ||
18. Ura-ura brunjung saking |
tosan kathahnya nêmbêlas |
togog sanggan sakawanne |
togog-jalak kawandasa |
tamat parabotira |
barunjunging wisma dhapur |
Joglo Padaringan-kêbak ||
19. Pananggap myang èmpèrnèki |
sadaya parabotira |
panjang lamun winiraos |
mênggah ewahnya dumadya |
dhapur joglo sanèsnya |
inggih makatên nak-bagus |
lah mugè kapingênâ ||
20. Dwi warni manawi mawi |
pangêrêtipun titiga |
sasaka nênem cacahé |
èmpèrnya mubêng atêpang |

Jilid 3 - Kaca : 223

turut lan jubungira |
(ng)gih punika wastanipun |
dhapur Joglo Taraju-mas ||

21. Tri warna manawi mawi |
lambang gantung myang payonnya |
apan mawi binênggange |
kaliyan payon pananggap |
papayon èmpèr bênggange |
lan payon pamanggap wau |
pojokipun mawi saka ||
22. Bênthung manjing dudur sami |
sawarnining babênggangan |
mawi tinutup blabage |
lawan mawi tumpang gangsal |
mawi singup myang ganja |
yèku griya joglo dhapur |
Pangrawit satuhunira ||
23. Kacatur manawi mawi |
tumpangipun cacah gangsal |
kalawan mawi singupe |
atanapi mawi ganja |
saha takir lumajang |
ingih punika rannipun |
griya dhapur Joglo-wantah ||
24. Gangsalipun kang winarni |
manawi lugas kewala |
tanpa sunduk myang kiline |
saka pinêndhêm akêkah |
utawi sinung umpak |
kang makatên wastanipun |
dhapur Joglo Cacêblokan ||
25. Kanêm ukuran pasagi |
saha mawi sirah gada |
lir andêr gangsal tumpange |
mawi singup lan lumajang |
kang sarta mawi ganja |
kang makatên wastanipun |
Joglo-tawon-boni nyata ||
26. Kasapta pupungkasannèki |
manawa pangêrêtira |
namung kakalih cacahé |
ugi kakalih kang saka |
nèng têngah pangrêt (ng)gènyanya |
yèku griya Joglo dhapur |
Sêmar-tinandhu namanya ||
27. Mangkya gantya kang winarni |
dhapuring griya Limasan |
sadasa warni wijange |

satunggal Limasan Mudha |
kakalih Sinom rannya |
titiga Bapangan-ipun |
Kalabang-nyandêr sakawan ||

Jilid 3 - Kaca : 224

28. Gangsal nama Traju-rukmi |
nênêm Gajah-ngombe nama |
Gajah-mungkur kapitune |
wolu nama Pacul-gowang |
Sêmar-tinandhu sanga |
kasadasa warninipun |
ran Limasan Sarotongan ||
29. Mangkya ta ingkang winilis |
prabot miwah ukurannya |
griya dhapur Limasanne |
guruning ukuran samya |
mirid saking balandar |
kalawan pangêrêtipun |
dene prabot sadayanya ||
30. Yèku namung mên dhêt saking |
pantêse kang wawangunan |
ingkang ulun-pratelakke |
amung paraboting Gajah |
dene parabotira |
pananggap myang èmpèripun |
kapanjangên yèn winêdhar ||
31. Blandar guru kalih iji |
ênêmlikur kaki panjang |
nyadasa êdim wiyare |
wolung êdim kandêlira |
pangêrêt sakawannya |
dene ukur panjangipun |
nênêmbêlas kaki samya ||
32. Wiyar anyadasa êdim |
molung êdim kandêlira |
Tumpang-sari pamanjange |
kalih iji dene Tumpang |
sari mangka panyêlak |
ugi kalih cacahipun |
andêr dwi molo satunggal ||
33. Saka-guru wolung iji |
sunduk pamanjang godhagan |
ing têngah kalih cacah |
catur sunduk kering-kanan |
sunduk panyêlak godhag |
ing têngah panyêlakipun |
kakalih kering myang kanan ||

34. Takir-gajah pamanjang dwi |
 dwi takir gajah panyêlak |
 wolu suh saka-gurune |
 umpak saka-guru astha |
 kawanwlas togog jalak |
 tadha tirta gajahipun |
 lumajang miwah pananggap ||
35. Sadaya wolulas iji |
 bèji dwiatus dwiwêlas |
 ura-ura barunjunge |
 saking duk cacah wolulas |
 kakalih bibis bungkak |
 santining gajah puniku |
 kathahipun tigangdasa ||
36. Usuk gajah ngajêng wingking |
 kalih usuk pandédêlnya |
 usuk parakan gajahe |
 sèkêt-ênêm cacahira |
 usuk lorog sakawan |
 duduring kang gajah catur |
 usuk kêjèn kiri-kanan ||
37. Usuk pandédêl kakalih |
 dene usuking pangarak |
 tigangdasa-nênêm kèhe |
 usuk lorognya sakawan |
 rèng gajah wuri-ngarsa |
 êrèng plipis takir namung |
 kalih iji cacahira ||
38. Rèng pènèk tridasa kalih |
 êrèng plipit molonira |
 apan kakalih cacahira |
 êrèng kêjèn kering-kanan |
 rèng plipis takirira |
 mung kakalih cacahipun |
 êrèng pèsèk tigangdasa ||
39. Rèng plipis molo kakalih |
 sirap barunjung kathahnya |
 dwitus saptadasa dwine |
 siraping kêjèn cacahnya |
 dwiatus tri dasastha |
 sami agêng panjangipun |
 ukur panjanging kang sirap ||
40. Kalih kaki pitung êdim |
 langkung tiga kapara pat |
 dene ukuran wiyare |
 kalihwlas êdim satêngah |
 saêdim kandêlira |
 togog pêthokipun catur |

Jilid 3 - Kaca : 225

jangkêp paraboting gajah ||

41. Mênggah ewah dadosnèki |
dhapur limasan sanèsnya |
lah punika pratelane |
bilih takirnya lumajang |
myang mawi èmpèr têtang |
punika ingkang sinêbut |
Limasan Sinom wastanya ||
42. Manawi panjangirèki |
balandar langkung saking kat |
tikêl lawan pangêrête |
nama Limasan Bapangan |
manawi pangêrêtnya |
langkung sakawan puniku |
Klabang-nyandêr namanira ||
43. Manawi pangêrêtneki |
cacahipun namung tiga |
taraju-êmas wastane |
de manawi èmpèrira |
muhung sisih kewala |
punika Limasan dhapur |
Gajah-ngumbe namanira ||
44. Manawi brunjungirèki |
ingkang sasisih tinrapan |
ingkang nama tutup-keyong |
kêjèn ing sasisihira |
tan mawi ing èmpèran |
punika Limasan dhapur |
Gajah-mungkur namanira ||
45. Manawi amung sasisih |
kering utawi ing kanan |
ingkang pinasangan èmpèr |
dhapur Pacul-gowang rannya |
bilih dwi pangêrêtnya |
saka kakalih puniku |
nèng têngah pangêrêt (ng)gènnya ||
46. Punika kang dènwastani |
Sêmar-tinandhu dhapurnya |
pungkasan bilih brunjunge |
ingkang sasisih timrapan |
tutup keyong kewala |
kêjèn ing sasishipun |
dipun èmpèri titiga ||
47. Inggang botên dènèmpèri |
amung ingkang akaprênah |
sangandhaping tutup keyong |
punika ingkang winastan |

Limasan Sarotongan |
titi limasan kang dhapur |
sêkar Mêgatrüh winarna ||

228. Mêgatrüh

1. Ulum mêdhar dhapure kang griya Kampung |
wontên wiwijangannèki |
warni sanga kathahipun |
sajuga Kampung Nom nami |
kalih Sarotongan manggon ||
2. Kampung dhapur Dara-gêpak tiganipun |
Jompongan sakawannèki |
gangsale Dirada-nginum |
Pacul-gowang kanêmnèki |
kasapta Sêmar-tinandhon ||
3. Kawolune Tarajumas punang dhapur |
Gêdhang-slirang sanganèki |
praboting gajah cinatur |
kang dadya gurunirèki |
ukuran sadaya prabot ||
4. Mirit saking balandar pangêrêtipun |
de prabot sanèsirèki |
mung mên dhêt pantêsing wangun |
de prabot èmpèrirèki |
kapanjangên yèn kacriyos ||
5. Blandar ingkang darbe ukur panjangipun |
kawwadasa tiga kaki |
sadasa dim wiyaripun |
de kandêlnya nêlung êdim |
pangêrêt sakawan maton ||
6. Nigalikur kaki yèku panjangipun |
wiyarnya nyadasa êdim |
nêlung êdim kandêlipun |
mênggah molonya satunggil |
andêr sakawan mirantos ||
7. Wolu iji apan sakanipun guru |
sunduk blandar gurunèki |
nênêm iji cacahipun |
kêli godhag têngah kalih |
kêli kiwa-têngên jumbôh ||
8. Usuk gajah ngajêng wingking kathahipun |
wolungdasa wolu iji |
usuk aling gajah catur |
plisir bungkak catur iji |
wuwung bungkaknya sawiyos ||
9. Tutup keyong kalih iji cacahipun |
wolu umpak sakanèki |

êrèng ngajêng miwah ngayun |
kawandasa catur iji |
rèng dwi plisir takir manggon ||

Jilid 3 - Kaca : 227

10. De sirapnya ing wingking lawan ing ngayun |
kalih-èwu langkungnèki |
satus kalihwlas puniku |
panjangipun ngalih kaki |
dene kandêle kang bongkot ||
11. Satêngah dim satunggal êdim ing pucuk |
wiyarnya nyatêngah kaki |
suh saka-guru wowolu |
nênêm kathahipun takir |
bibis bungkak catur wiyos ||
12. Santên tigangdasa iji cacahipun |
de ewahe dhapurnèki |
griya kampung sanèsipun |
punika dipun nastiti |
mangkya ulun acariyos ||
13. Bilih pangrêt langkung saking cacah catur |
punika kang dènwastani |
Kampung Sarotongan dhapur |
bilih mubêng èmpèrnèki |
Kampung Dara-gêpak yêktos ||
14. Bilih pangrêt mung kalih ukuran kubuk |
punika naminirèki |
Kampung Jompongan satuhu |
yèn èmpèr namung sasisih |
nama Kampung Gajah-ngokop ||
15. Bilih têngèning kanang barunjung |
pan namung salah satunggil |
kang dèn-èmpèri puniku |
sasishipun tan mawi |
Kampung Pacul-gowang yêktos ||
16. Yèn pangêrêt namung kalih cacahipun |
sasaka ugi kakalih |
nèng têngah pangrêt dumunung |
yèku ingkang dèn-wastani |
Sêmar-tinandhu wus manggon ||
17. Bilih namung titiga pangêrêtipun |
nama Kampung Traju-rukmi |
dèn manawi payonipun |
ponang gajah mung sasisih |
nama Pisang-slirang pantog ||
18. Gantya dhapuring griya Masjid winuwus |
wontên wijangipun malih |

kang satunggal nama Tajug |
dhapur Langgar kalihnèki |
praboting masjid kacriyos ||

19. Kang winarna ugi namung prabotipun |
barunjunging griya masjid |
pananggap myang èmpèripun |
prabotnya datan winilis |
mindhak katulên sayêktos ||

20. Blandar kalih ugi kalih pangrêtipun |
de ukuranira sami |
dados pasagi kang wangun |
panjang amitulas kaki |
langkung wolung dim anapon(?) ||

Jilid 3 - Kaca : 228

21. Wiyarira nyadasa êdim sadarum |
kandêlipun nêlung êdim |
kalih dhadha-pêksinipun |
andêrnya bulêt satunggil |
sirah-gada bulêt swiyos ||

22. Amastaka satunggal bulêt puniku |
de mênuripun satunggil |
kadi nanas punang wangun |
sakawan dudurirèki |
takir brunjung catur pantog ||

23. Saka-guru bulêt sakawan puniku |
umpaknya sakawan iji |
ananging wangunannipun |
bulêt turut sakanèki |
kadidene jêram kêprok ||

24. Pan sakawan sunduke kang saka-guru |
lis payung sakawan iji |
de sunduking saka-guru |
ngandhap lumajang (ng)gènnèki |
pan namung sakawan kêthok ||

25. Tarip catur ura-uraning barunjung |
saking duk kalihwlas iji |
dene bèjining barunjung |
kalêbêt pananggapnèki |
pan stus sadasa kêthok ||

26. Usuk brunjung sakawan têbak sadarum |
pan dèdêlnya wolu iji |
sèkêt nêm pangarakipun |
usuk lorog wolu iji |
rèng brunjung sakawan têbok ||

27. Rèng palipis takir kathahipun catur |
rèng pènèk kathahirèki |

apan wolungdasa wolu |
rèng lis-alis molonèki |
catur têtak lawan kèthok ||

28. Sirap brunjung kèhnya apan wolungatus |
sawidak sakawan iji |
panjang kalih kaki langkung |
gangsal dim de wiyarnèki |
sakaki dwi êdim pantog ||
29. Wuwung brunjung sakawan iji kèhipun |
palisirnya wolu iji |
nêmbias paku bibisipun |
titi prabot brunjungnèki |
dhapur Tajug kacariyos ||
30. Pan ewahing dhapur mangkya kang winuwus |
ingkang manawi tan mawi |
pananggap mubêng puniku |
saha gathuk payonnèki |
yèku nama Langgar yêktos ||
31. Dene griya Jawi sanès-sanèsipun |
kajawi kang kasbut ngarsi |
kadosta Gêdhogan Lumbang |
Kandhang Gandhok myang Sarambi |
Paringgitan griya Pawon ||
32. Regol Bangsal Topèngan sasamènipun |
yèku mung wijanging nami |
lawan mirid parlunipun |
nanging pamêndhêtirèki |
ing dhapur botên marojol ||
33. Saking paugêran kang kasêbut ngayun |
mênggah dhapur-dhapur panti |
pêperangan kanggenipun |
myang lênggah manggènnirèki |
ing saèstunipun seos ||
34. Ingkang kagêm dalêmipun sang aprabu |
Limasan Sinomirèki |
kang kagêm pandhapiipun |
winastan Joglo Pangrawit |
kang kagêm pringgitan katong ||
35. Yèku Joglo Kêpuhan muhung barunjung |
pananggap èmpèr tan mawi |
ingkang kagêm para luhur |
dalêm sapandhapièki |
kathah sami dhapur Joglo ||
36. Ingkang kangge tyang alit tuwin priyantun |
lah punika warni-warni |

Jilid 3 - Kaca : 229

griya myang pandhapinipun |
sasênêngira pribadi |
Limasan Kampung myang Joglo ||

37. Sadayèku kang nama awisan namung |
griya dhapur Sinom yêkti |
kang kagêm sang prabu wau |
tuwin kari ingkang mungging |
ngandhap pangêrêt kacriyos ||
38. (ng)Gih punika ingkang nama kêjèn têrus |
samantên wau manawi |
mawi kêjèn griyanipun |
namung kakalih puniki |
giris awisan sayêktos ||

229. Girisa

1. Kimas Cêbolang duk myarsa |
gotèke Kyai Dikara |
dhapur myang praboting wisma |
kalangkung eraming nala |
tan bisa sumambung sabda |
labêt katêmbèn uninga |
dadya alon aturira |
dhuh sang minulya ing wana ||
2. Labêtipun dèrèng wikan |
babasan tanpa paitan |
mila ulun langkung kewran |
badhe sumambung aturan |
èwêt botên darbe gaman |
panyuwun-ulun yèn dhanggan |
supados ywa katanggêlan |
katrangêna babarpisan ||
3. Ki Dikara sukèng driya |
miyarsa manising sabda |
nulya nglajêngkên carita |
anggèr mênggah wawatonna |
ukur panjang cêlakira |
midhangan pamanjang saka |
pamidhangan panyêlaknya |
griya dhapur Joglo ika ||
4. Balandar pangrêting griya |
kang Limasan dhapurira |
balandar pangêrêtira |
griya Kampung dhadhapurnya |
sarta blandar pangêrêtnya |
griya dhapur Masjid ika |
ingkang minangka gurunya |
utawi turutannira ||

Jilid 3 - Kaca : 230

5. Balungan sapanunggalnya |
 lir upami kasbut ngarsa |
 botên ngêmungkên punika |
 ngangkah pantês myang sêmbada |
 saening warni santosa |
 ananging ta wontên uga |
 pangangkah malih kacrita |
 sagêt (n)jalari prayoga ||

6. Karêjêkên myang raharja |
 ing pangangkah pamêndhêtnya |
 saking papetangannira |
 ukuran panjang cêlaknya |
 pamidhanganing kang griya |
 tuwin blandar pangêrêtnya |
 mawi ngêl-ungêlan panca |
 punika pratelanira ||

7. Petang satunggal Sri rannya |
 petang kalih Kitri nama |
 petang tiga Gana nama |
 sakawan Liyu rannira |
 gangsale Pokah punika |
 dene manggènne kalima |
 saèstune beda-beda |
 lah punika kamirêngna ||

8. Manawi adamêl griya |
 yèku ingkang wus kalimrah |
 katêmbungakên ing kathah |
 dalêm griya wingking omah |
 dèn-ênggènni dalu rina |
 myang mawi patanèn ika |
 sênthong pagêdhongan mawa |
 ukuran pangetangira ||

9. Panjanging kang pamidhangan |
 utawi blandar pangrêtnya |
 kêdah ingkang ukurannya |
 kacêngklong anggansal-gangsal |
 kaangkah kantun satunggal |
 saupami panjangira |
 balandaring ponang wisma |
 nêmlikur kaki punika ||

10. Kacêngklong gangsal ping gangsal |
 utawi salangkung kakya |
 kantun sakaki etangnya |
 makatên ugi upama |
 panjanging pangêrêtira |
 nêmbêlas kaki punika |
 kalong gangsal kaping tiga |
 utawi gangsalwlas kakya ||

11. Etangnya kantong sajuga |
 dhawah Êsri namanira |
 punika lênggahing griya |
 dene yèn karya Pandhapa |
 (ng)gih punika wisma ngarsa |
 ingkang wus kalimrah kathah |
 tan dèn-(ng)gènni dalunira |
 patanèn sênthong tan mawa ||
12. Parlunipun namung kanggya |
 anampèni tamu priya |
 myang utusan sasaminya |
 punika pamanjangira |
 pamidhangan utawinya |
 balandar pangêrêtira |
 kêdah ingkang ukurannya |
 kacêngklong ing panca-panca ||
13. Kantun kalih kaangkaha |
 kados ta upaminira |
 panjangipun pamidhangan |
 pamanjang utawi blandar |
 pitulas kaki punika |
 kacêngklong gangsal ping tiga |
 utawi gangsalwlas kakya |
 kantong etang kalih kakya ||
14. Myang upami panjangira |
 pamidhangan panyêlaknya |
 utawi pangêrêtira |
 kalihwlas kaki punika |
 manawi kacêngklong lima |
 ping kalih dados sadasa |
 kantunipun kalih kakya |
 dhawah Kitri etangira ||
15. Manawi akarya wisma |
 Gandhok punika trêpira |
 nèng kiwa têngênning wisma |
 kalimrahannya kinarya |
 rimatan parluning griya |
 sêkul ulam sasaminya |
 kalawan pirantos têdha |
 myang unggyan pangulahira ||
16. Yèn panjanging pamidhangan |
 utawi blandar pangrêtinya |
 kêdah ingkang ukurannya |
 dipun cêngklong lima-lima |
 sagêta kantong titiga |
 saupami panjanging kang |
 pamidhangan panjangira |
 utawi balandarira ||

Jilid 3 - Kaca : 231

17. Kawandasa tiga kaki |
 cinêngklong gangsal ping asthi |
 kantunipun tigang kaki |
 makatên ugi upami |
 panjanging midhangannèki |
 panyêlak pangêrêt nami |
 wontên ticalikur kaki |
 ingkang punika manawi ||
18. Kalong gangsal ping sakawan |
 ugi kantun tigang kakya |
 petanganing kang ukuran |
 kang kacêngklong gangsal-gangsal |
 saèstunya kantong tiga |
 winastanan dhawah Gana |
 rèh limrah myang manggènnira |
 gariya Gandhok punika ||
19. Kêdah Kampung dhapurira |
 milanipun kang minangka |
 upami wawatonnira |
 kadi kang kasêbat ngarsa |
 panjanging balandar griya |
 kadhapur kampung kinarya |
 kawandasa tiga kakya |
 pangrêt ticalikur kakya ||
20. Supados bilih sinuda |
 gangsal-gangsal kadi griya |
 Limasan Joglo punika |
 sagêta kantong titiga |
 dados dhawah etang Gana |
 yèku Gandhok manggènnira |
 kêdah petang dhawah Gana |
 mangkya gantya winursita ||
21. Manawi Masjid punika |
 panggènan nêmbah Hyang Suksma |
 etanging ukurannira |
 blandar pangêrêtnya samya |
 kantunipun pan titiga |
 utawi dhumawah Gana |
 lir Kampung ingkang kinarya |
 griya Gandhok kasbut ngarsa ||
22. Saupami kang minangka |
 wawaton balandarira |
 lawan pangêrêtnya samya |
 panjangipun pan kinarya |
 molulas kaki sinuda |
 gangsal-gangsal kaping tiga |
 kantong tiga dhawah Gana |
 punika Masjid manggènnya ||

Jilid 3 - Kaca : 232

23. Kajawi kang wus kawêdhar |
 ing ngajêng angandhar-andhar |
 jangkêping etang binabar |
 ukur pamidhangan blandar |
 lawan pangêrêting griya |
 yèn kacêngklong panca-panca |
 kantong sakawan punika |
 dhawah Liyu namanira ||
24. Bilih kantunipun panca |
 utawi têlas punika |
 dhawah Pokah namanira |
 mangkya ingkang ginupita |
 manggèning etang punika |
 kajawi kang kasbut ngarsa |
 wus mupakat sakèh jalma |
 tumrap griya sanèsira ||
25. Manawi griya Pringgitan |
 utawine Pasanggrahan |
 dhawah Kitri kang prayoga |
 sami kalawan Pandhapa |
 bilih Langgar lawan griya |
 Pawon Kandhang rajakaya |
 tanapi Gêdhogan kuda |
 dhawah Gana kang prayoga ||
26. Dadya Gandhok saminira |
 manawi iyasa griya |
 Regol myang Pasowanannya |
 tanapi Bangsal punika |
 dhawah Liyu kang prayoga |
 bilih damêl Lumbung lawan |
 panggènan kang Parimatan |
 dhawah Pokah manggènnira ||

230. Mijil

1. Wus kawijil ukuraning panti |
 têlas winiraos |
 Mas Cêbolang rumêsêp ature |
 mênggah têngês myang pikajêngnèki |
 petanganing panti |
 kang kasêbut ngayun ||
2. Ki Dikara wangsulannya aris |
 jarwa kang gumathok |
 ulun dèrèng uninga èstune |
 amung saking ing pangintên mami |
 punika manawi |
 pikajêngannipun ||
3. Pan minangka pangajap pamuji |
 kasaenan yêktos |
 kados têngbung Sri yèku têngêse |

Jilid 3 - Kaca : 233

- maring pangan utawi manawi |
lêrêsipun Êsri |
têgêsnya winuwus ||
4. Rajabrana padhang kamulyan-di |
pramila dumados |
manggènnipun etangan griyane |
kang utama kadhawahkên Êsri |
pangajap utawi |
ing pamujinipun ||
5. Kang supados ingkang angênggènni |
sagêda dumados |
nora kirang bukti rijêkine |
miwah sugih arta barana-di |
kamulyan pinanggih |
padhang tyas rahayu ||
6. Têmbung Kitri têgêsnya winarni |
tanêman kinaot |
bokmanawi kapêndhêt ayome |
pikajênge ingkang angênggènni |
dèn-ajap pinuji |
asrêp têntremipun ||
7. Asrêping tyas aring ingkang dhiri |
tan sarang sayêktos |
ing rijêki miwah sasamine |
cêkkipun ingkang angênggènni |
sagêd sênêng aring |
sêgêr myang rahayu ||
8. Têmbung Gana gatra têgêsnèki |
kajênging suraos |
ing pangajap saha pamujine |
sagêt isi sarta lumastari |
lir èsthining ati |
kang darbe wismèku ||
9. Têmbung Liyu lêsah têgêsnèki |
kajênging suraos |
aywa nganti (n)darbèni dayane |
kapurunan sasaminirèki |
mring kang darbe panti |
kumambang sakayun ||
10. Têmbung Pokah pikajênge nênggih |
saking botên amot |
kêbak brana arta rijêkine |
ing pangangkah kalawan pamuji |
binabarkên taksih |
kêbak malah wuwuh ||
11. Sampun tamat nanging wontên malih |
kêdah winiraos |

babalungan griya cathokane |
utawine (n)jing-anjingannèki |
apan kédah mawi |
cinorèk sadarum ||

12. Myang ginêthêk ing tatah waradin |
dhapur seos-seos |
warni catur punika namane |
Nara-sunya Gandheya Nurwitri |
Byabya jangkêpnèki |
dene parlunipun ||

Jilid 3 - Kaca : 234

13. Pan kinarya tatêngêr supadi |
tan kalintu ênggon |
cêcathokan myang (n)jing-anjinganne |
wontên ingkang nganggêp anggadhahi |
angsarnya prayogi |
ingkang manggèn tulus ||

14. Cacah catur dene tumrapnèki |
wontên badan manggon |
pamidhangan blandar pangêrête |
saka sunduk tumpang singup kiki |
sasaminirèki |
balungan kang agung ||

15. Sami anèng cakêt cathokaning |
warni kédah jumboh |
(n)jing-anjingan kang dadya kancuhe |
upamine saka dèn-têngêri |
Nara-sunya ciri |
blandar pangrêtipun ||

16. Pamidhangan sunduk miwah kili |
kang pancèn cumathok |
kaanjingan purusing sakane |
ugi kédah mawi dèn-têngêri |
Nara-sunya sami |
sapiturutipun ||

17. Lênggahipun têtêngêr winarni |
lèr-wetan kacriyos |
Nara-sunya puniku corèke |
kidul-wetan Ganeya nglênggahi |
kidul-klèn Nurwitri |
lèr-kilèn Bya-bya nung ||

18. Nadyan panti ngidul ajêngnèki |
ngalèr-ngetan ngulon |
kang tatêngêr tan ewah ênggènne |
saupami wontên griya mawi |
saka catur sisih |
pangrêt ugi catur ||

19. Inkgang cêlak klawan prênahnèki |
ing lor-wetan pojok |
Nara-sunya ugi tatêngêre |
ingkgang cêlak kidul-kilèn mawi |
tinêngran Nurwitri |
sapiturutipun ||
20. Dene griya kang saka nêm sisih |
twin wolu kacriyos |
pangêrêtnya sami lan sakane |
tumrap ingkgang tatêngêrirèki |
ugi kadi ngarsi |
tan na bètênnipun ||
21. Sapintêna kèhing sakanèki |
lan pangêrêt jumboh |
ing tatêngêr kabage kalihe |
kang sapalih nunggil tatêngêring |
lèr wetan puniki |
kang sapalihipun ||
22. Èstu nunggil tatêngêrirèki |
pojok kang lèr-kulon |
lah makatên ugi sasisihe |
ingkgang kidul-wetan têngêrnèki |
Gandheya sasisih |
myang Nurwitri-nipun ||
23. Dene têngêr ingkgang tumrap mungging |
andêr miwah molo |
patrap ugi tan ana sanèse |
kadi ingkgang kasêbut ing ngarsi |
ananging sarèhning |
molo dunungipun ||
24. wontên têngah lèrês ingkgang pasti |
pan kinarya kaot |
sawatawis bineda patrape |
botên pajêg rahi mènçèng kèdhik |
saupami pasti |
ngidul ajêngipun ||
25. Sêmu ngajêngakên ing pojoking |
keblat kidul kulon |
tinêmbungkên malumah pantine |
molo mujur ngilèn sêmunèki |
mangalèr sakèdhik |
wetan sêmu ngidul ||
26. Inkgang kilèn kèdah dèn-têngêri |
Bya-bya wus pinathok |
kados saka ingkgang èlèr-kilèn |
ingkgang wetan Ganeya pinasthi |
kadi sakanèki |

Jilid 3 - Kaca : 235

ing kang wetan kidul ||

27. Griya majêng mangidul upami |
sêmu madhêp mojok |
ing kang wetan mangkurêp sêmune |
molonipun ngilèn ujurnèki |
sêmu ngidul kêdhik |
dene patrapipun ||
28. Sisih wetan ngalèr sêmunèki |
ing kang sisih kulon |
tinêngêran Nurwitri yêktine |
kadi saka kidul-kilèn sami |
wetan dèn-têngêri |
Nara-sunya tamtu ||
29. Kadidene saka ing kang mungging |
ing lèr-wetan jumboh |
awit molo wetan para ngalèr |
wontên dene bilih ponang panti |
pajêg ajêngnèki |
mangalèr mangidul ||
30. botên sêmu majêng pojok kalih |
wetan tuwin kulon |
waton mawi tan winênangake |
nir prayogi saèstu (n)jalari |
apêsing kang dhiri |
cilakanya muput ||
31. Ringkêsannya pojok keblat suci |
ing salah sawiyos |
pundi ing kang kapara cêlake |
yèku kangge wawatonnirèki |
têtêngêr kang mungging |
babalungan agung ||
32. Sampun pantog sêsêrêpan-mami |
babasan sok-glogok |
mung puniku si bapak glèthèke |
èstu botên wontên malih-malih |
sadarmi naluri |
criyose luluhur ||
33. Mas Cêbolang aturira aris |
sru panuwuningong |
têmbe bilih kinuwusakake |
sagêd damêl griya èstu mawi |
patrap petangnèki |
kadi kang dhumawuh ||
34. Namung petang kaki lawan êdim |
ulun dèrèng ngrêtos |
Ki Dikara alon wangsulane |
têka lèrês yèn dèrèng udani |

etang kaki êdim |
dèrèng patos ngumum ||

28 XII. Lampahipun Mas Cêbolang kanthi para santrinipun dumugi ing dhusun Têmbayat, kapanggih Modin Ki Sahabodin. Mas Cêbolang kaêtêrakên Ki Modin jiyarah ing pasareyanipun Pangeran Pandhanarang lan pasareyanipun Sèh Domba ing rêdi Cakaran. Ing Pasareyan Têmbayat lan Cakeran wau Mas Cêbolang uluk salam, têka kapingrêng wangsulanipun, andadosakên eramipun Ki Modin. Mas Cêbolang nêrangakên maksud lan maknanipun "salam". ... kaca 240-244.

Jilid 3 - Kaca : 236

35. Dhawuhdalêm (n)jêng sri narapati |
kang supados maton |
rèhning pêcak tindak myang dhêpane |
nyari têbah èstu botên sa |
-lajêng dènparingi |
ukuran puniku ||
36. Asalipun saking Ngatasangin |
pangandika katong |
etung iki ingsun-gadhuhake |
marang bocahingsun Kalang-(n)dhagi |
Gowong lawan malih |
bocah Juru-ukur ||
37. Bilih parêng ulun nyuwun uning |
Ki Dikara gupoh |
ngambil kakènan gya sinungake |
myang sung wikan garisan tês sêtrip |
radi wiyar êdim |
dene etangipun ||
38. Rolas sêtrip punika saêdim |
rolas dim anapon |
pan sakaki de rolas kakine |
dèn-wastani sacêngkal winilis |
tatêngêr kang mungging |
ing papadon catur ||
39. Warnipun lah kadi puniki |
Mas Cêbolang anon |
Ki Dikara sarwi mêdharake |
pojok catur sami dèn-jagani |
jawata nyatunggil |
dene naminipun ||
40. êlèr-wetan Pritanjana nami |
kidul wetan pojok |
Hyang Kuwera dene kidul-kilèn |
kang rumêksa Sang Hyang Maha yêkti |
lèr-kilèn mungkasi |
Hyang Siwah jujuluk ||

41. Kacarita sampun gangsal ari |
 dènnira nèng ngranggon |
 lulang kidang sampun tinrapake |
 kalowongan tarêbang kakalih |
 panggarape apik |
 swarane jumêngglung ||
42. Sinungakên mring tamunirèki |
 punika wus dados |
 myang santake mirantos kalihe |
 mangke ratri wawi dèn-enggali |
 tarêbang tinampi |
 sang anom panuju ||

231. Sinom

1. Diwasaning diwangkara |
 ing ngranggon wus dènbersihi |
 dilah colok sinulêdan |
 badhe sasêgah miranti |
 Ki Dikara wus linggih |
 kupêng lawan tamunipun |
 Mas Cêbolang kalawan |
 Nurwitri trêbang sinandhing |
 Ki Saloka Palakarti Kartipala ||
2. Ki wisma alon tatanya |
 èstu ulun dèrèng uning |
 gêndhèng gêndhinging kang gangsa |
 lan têrbang punapa sami |
 Mas Cêbolang lingnya ris |
 radi wontên sanèsipun |
 rumuhun ulun tanya |
 dhumatêng Kyai Cêndhani |
 ingkang manjing gêndhing tarêbang slawatan ||
3. Randha-nurut Lêmpang-jawa |
 Pêtung-wulung Kudhup-turi |
 Montro myang Lêmpang-gariyah |
 Sontoloyo Bango-mati |
 Bayêm-tur Tunjung-adi |
 Ronge-ronge Carang-gantung |
 Gandrung-binangun Linggang |
 Rujak-sêntul Kêmbang-katis |
 Srundèng-gosong Cangkêlèk Ranumênggala ||
4. Sohayung Bujang-dalêman |
 Lare-angon Lompong-kèli |
 Glele Sêkar-gadhung-Jawa |
 Kidung-kidung Salobog-i |
 Gêndheo Popok-kèli |
 Jalèdrèse Topèng-arum |
 Kinjêng-trung Paman-paman |
 Glatihik-bolong Lunggadhung pil |

Jilid 3 - Kaca : 237

5. Gêndhuk-gêndhuk Kayun Wisma |
Tokung-tokung Pawèh Slisir |
Tunggu-jagung sampun têlas |
sadaya apan winilis |
kawandasapapat aming |
samangke saèstunipun |
kathah kang dèrèng lêbda |
tuwin supe lagunèki |
uran-uran sênggakan kathah kalepyan ||
6. Ki Dikara rênèng driya |
wawi anak dikawiti |
Mas Cêbolang tandya buka |
kanang Sêkar-gadhung-Jawi |
têrbang agêng nibani |
kadya êgong bêm mangguguk |
têrbang alit kosêkan |
binarung swara dumêling |
barunganne kadi ta ingkang winahywa ||
7. Atapa jroning sarira |
sadina-dina gung brangti |
datan nana katingalan |
sarirane dèntangisi |
tansah dèneling-eling |
solahing raga dènetung |
margane anèng donya |
ciptaningsun lir angimpi |
kêmang irêng uripku saking sihira ||
8. Marmaningsun anèng dunya |
dhapur sira ngandikani |
tansah ing raga winangwang |
among winong sih-ngasihi |
tansah sih asinung sih |
karsanira among kayun |
jabèng jro jati suksma |
wêlatung wijil Mêrapi |
tingalingsun sirna dening tingalira ||
9. Yèn tan ana ananira |
mangsa ana ing dumadi |
solahingsun solahira |
tan kêna kari myang dhingin |
tunggal sapati-urip |
punapa ta rupanipun |
lamun dera tilara |
gununge wong Majapait |
kawruhingsun sirnane kawikanana ||
10. Yèn ta sira anampika |
sisikuning raga iki |

datan wande anèng nraka |
jahanam kang sunlêboni |
sanadyan na dhasaring |
kawah Candramuka iku |
barêng kalawan sira |
kasêktèning pra maharsi |
raga-raga kuwawane ing pangwasa ||

11. Apa ing sasolahira |
ingsun iki aja kèri |
sanadyan mora pyuyika |
tan na tolèh lara-pati |
sakarsa mamaèsi |
saking sira marganingsun |
wulu-ningsun salêmbar |
apan sira kang (n)darbèni |
tranging nala karsaningsun karsanira ||
12. Yèn ta sira amisesa |
karsanta jroning karonsih |
tunggal saraga-jiwa |
tunggaling karsa pinanggih |
wus lali anak-rabi |
sandhang-pangan ora ketung |
sampun saekapraya |
srênging karsa sun-aranni |
kupingingsun sirna dening panarima ||
13. Piyarsakêna kawula |
sasambat ing lara pati |
nora nama nambanana |
yèn lara kandhuwan wingit |
sun lèlipur ing gurit |
sah sing kawula lawan usul |
prandene nora waras |
dhêle kang cinandu rêsmi |
kang sun-ucap tan adoh kalawan sira ||
14. Tansah angura pralambang |
surate sawiji-wiji |
kalangênan karasikan |
jroning jinêm aliron sih |
sun nêdya êtoh pati |
yèn maleca malih kayun |
sampun aliru wastra |
landhêsaning ani-ani |
ana ora ingsun mapan saking sira ||
15. Saya nglangut laras-mara |
lir palwa kentir ing angin |
sampun na tilar salira |
tan ana sinêdyèng ati |
wilangan tusing ngênting |
kadi sarah mungwing laut |
mingkêt tanapi obah |

pondhoh cêngkir sun-wastani |
sak-polahe tan lyan polahe sagara ||

16. Umbak karêm ing sagara |
anane datan kakalih |
kang ingaranan sagara |
dèn-kêna dera nampèni |
lir uyah tibèng tasik |
ing tanpa ywa salah surup |
yaiku kang sinedya |
pilih ingkang nguningani |
iya iku kang wus rohyating dumadya ||
17. Sabên wus dhawah gong nulya |
Kartipala Palakarti |
kalawan Kyai Saloka |
katri sarêng anyênggaki |
rêmpêg lir swara siji |
êgong yong-geyong amoyung |
sêsêgan sawatara |
kinêndhon iramanèki |
Sêkargadhung wus suwuk sèlèh tarêbang ||
18. Ki Dikara suka-rêna |
èstu sajêg-kula urip |
sa-Allah sawêg punika |
mirêng kang kadya puniki |
têka datan (m)bêrbêgi |
wijang swara têrbang dhaup |
bilih santri slawatan |
swara umyung ngêlik-ngêlik |
nganti êrak tan cêtha têrbang brung-brungan ||
19. Nahan ta sakèhing Kalang |
kang nèng wana têbih-têbih |
bawahe Kyai Dikara |
dupi mirêng swaranèki |
tarêbang mawa sinngir |
pra samya dhatêng asêlur |
miwah (m)bêkta wowohan |
pala-sandhung warni-warni |
atanapi pala-pêndhêm lan kasimpar ||
20. Dèrèsan arèn siwalan |
daging kidang sangsam aking |
wis pinarnah lungguhira |
ki wisma gupuh (m)bejani |
marang ing tamunèki |
lah punika kanca-ulun |
pra abdidalêm Kalang |
kang sami wismèng wanadri |
para Kalang lawan tamu sampun têtang ||

Jilid 3 - Kaca : 239

21. Babêktane wus tinata |
 nèng têngah saingga wukir |
 samya nadhah sasukanya |
 Mas Cêbolang lan Nurwitri |
 nyandhak tarêbang malih |
 mungêl gêndhing Kidung-kidung |
 binarung apalannya |
 kalima datan sarênti |
 ana Kalang mênçul (n)jogèt (m)bari sila ||
22. Kidung-kidung salondopan |
 kawi doro tonjok ênting |
 obah dhadha-dhadha êntap |
 pacak-gulu cake dupi |
 dangu ing sawatawis |
 sinêsêkkên tandya suwuk |
 karênan sakèh Kalang |
 nungsung warta mring ki panti |
 pintên dalu anggènipun tarêbangan ||
23. Ki Dikara mèsêm lingnya |
 amung saratri puniki |
 rèh wus sawatara dina |
 ayun bidhal benjing-enjing |
 maring ing Pranaragi |
 prêlu atalabul ngèlmu |
 Kalang goyang kapala |
 dhuh anggèr (m)bok inggih-inggih |
 ywa kasêsa wontêna ngriki sacandra ||
24. Kula kang jagi rumêksa |
 rahayuning kanang dhiri |
 myang ngawontênkên sasêgah |
 tumuntur mring Pranaragi |
 Cêbolang lingira ris |
 saklangkung panuwun-ulun |
 inggih benjing kewala |
 mantuk-kula tamtu kampir |
 datan lami wontên nagri Pranaraga ||
25. Sadalu dènnya têrbangan |
 dupi wanci pajar gidip |
 sata kaluruk sauran |
 miwah swaraning kang paksi |
 mrak manguwuh dumêling |
 sung peling kang arsa nglangut |
 nuli sira mangkata |
 ywa kalamèn nèng wanadri |
 isih dawa mungguhing lalakonnira ||
26. Kèndêl dènnya tarêbangan |
 Cêbolang sarewangnèki |
 wus pamit mring Ki Dikara |
 mring pra Kalang kang manggihi |

asung puja basuki |
kang sinung ling samya (n)dhêku |
mêdhun saking planggrongan |
Ki Dikara têtah margi |
Kalang-kalang (ng)garubyuk ana ing wuntat ||

27. tarêbang dwi kang ambêkta |
Kartipala Palakarti |
Kalang sawiji anyêlak |
mring Cêbolang lan Nurwitri |
prayogi sinung nami |
tarêbang kakalih wau |
kang agêng Mangunarja |
ingkang alit Mangajapsih |
Mas Cêbolang sukèng tyas mangayubagya ||
28. Lampahe praptèng trataban |
pra samya andum basuki |
pra Kalang wangsul ing wana |
lam-lamên duk wau ratri |
muji nuline bali |
sigêg pra Kalang kang mantuk |
nahan ta lampahira |
Cêbolang sarewangnèki |
mahawan ring pagagan sêtrèn têtalan ||
29. Nurut margi padhusunan |
ngambah ardi alit-alit |
prapta ing ardi Têmbayat |
miyat masjid alit cèkli |
wingit singit rêspati |
Cêbolang sarewangipun |
manjing srambi kapanggya |
lan Ki Modin saha Bodin |
wus tinanya nama pinangka myang sêdya ||
30. Mas Cêbolang apratela |
kalawan tatanya aris |
kula nyuwun sasêrêpan |
sintên kang sinambating sih |
ngriki dhusun ing pundi |
dene harjane kalangkung |
jalu èstri ngibadah |
dalah lare alit-alit |
sanggèn-ênggèn samya ngabêkti ing Allah ||
31. Ki Modin alon lingira |
kula Modin saha Bodin |
riki ingaran Têmbayat |
lêrês andika mastani |
sênênning dhusun kèksi |
nguni kang awit dhudhukuh |
kyatingrat Sunan Bayat |
duk dèrèng jumênêng wali |

32. Asal saking ing Samarang |
sugih singgih anglangkungi |
anyakabat (n)Jêng Suhunan |
Kalijaga dèn-dhawuhi |
martapi anèng riki |
dene masigid di-luhung |
criyose tiyang sêpah |
saking Mèkah asalnèki |
ingkang pangandika Sunan Kalijaga ||
33. Sunan Bayat sakaliyan |
dumugi praptaning jangji |
sumare ardi punika |
wontên sabatnya satunggil |
Sèh Dumba awawangi |
wafate sumare gunung |
Cakaran cakêt Bayat |
kang katingal saking riki |
paran karsa kula sagah ngatêrêna ||
34. Inggih kakang yèn kalilan |
kula ayun mangastuti |
muhung jiyarah kewala |
nahlilakên kang suwargi |
nyuwun sawab basuki |
lêstarining lampah-ulun |
Ki Modin tansah nyawang |
marang ingkang nêmbe prapti |
cahya wênês bagus jatmika prasaja ||
35. Ngunandika jroning nala |
kimase pangiramami |
dudu santri nyêgobangan |
cahyane nguwung nêlahi |
wasana wacana ris |
punika langkung panuju |
punapa sapunika |
punapa bakda Ngisai |
Cêbolang ngling prayogi bakdaning Ngisa ||
36. Tan cinatur dènyya wêkdal |
paragat wêktu Ngisa-i |
Ki Modin miranti dupa |
Cêbolang sarowangnèki |
wus kerit cêlak margi |
anon pakuburan agung |
ing dagan ngilak-ilak |
Nurwitri tatanya aris |
sintên ingkang sumare kubur punika ||
37. Lah niku (ng)gèr garwanira |
(n)Jêng Sunan Têmbayat nguni |

kathah kang samya jiyarah |
nênêpi nyunyuwun sugih |
lajêng lampahirèki |
prapta pasareyanipun |
(n)Jêng Sunan ing Têmbayat |
anèng (n)dagan sadayèki |
Mas Cêbolang asung salam mirêng swara ||

38. Tètèh cêtha winangsulan |
sadaya samya miyarsi |
Ki Modin goyang kêpala |
sangsaya ing kurmatnèki |
tutug dènnira tahlil |
wawi kakang samya mundur |
mring makame Sèh Dumba |
kang nèng ing Cakaran wukir |
lumaksana Ki Modin lumakyèng ngarsa ||
39. Praptèng kubure Sèh Dumba |
anèng (n)dagan dèrèng linggih |
Mas Cêbolang asung salam |
uga na swara mangsuli |
anjawab salamnèki |
nulya nèng daganirèku |
nutug dènnya tahlilan |
pragat wangsul mring masigid |
Kyai Modin pamit ayun marang wisma ||
40. Mèndhêt sêgah sawontênnya |
Cêbolang datan marêngi |
kakang sampun susah-susah |
sarèhning wus têngah ratri |
damêl susahing batih |
mangke sabibaring Subuh |
ulun lajêng kewala |
dhumatêng Wanakartèki |
Kyai Modin (n)dhêku gya (ng)gêlari glaran ||
41. Bantal dhumpal wus tinata |
dilah jodhog mêlik-mêlik |
ontongan klobot myang sata |
mênyan madu sakêmiri |
nèng kêba dèn slêmpiti |
pangot ngiras kangge (m)bêsut |
lantingan kêbak toya |
sumangga sawontènnèki |
sami êsês miwah ngunjuk toya tawa ||
42. Kang sinung ling samya rahab |
nyêbrak kalobot (m)bêsuti |
lininting winoran mênyan |
kang ngorong nglangga ing kèndhi |
nikmat tumrapping dhiri |
sênêng tèntrêm nir ing rapuh |

Jilid 3 - Kaca : 242

sadaya suka-rêna |
gumrumung sajroning masjid |
Ki Abodin angling marang tamunira ||

43. Kala wontên pasareyan |
sakalangkung eram-mami |
pun adhi atur sasalam |
têka wontên kang mangsuli |
nèng ardi Bayat tuwin |
nèng ardi Cakaran wau |
awit salami kula |
dèrèng nate amêningi |
lalampahan kang mirid kadi punika ||
44. Punapi ta karananya |
Mas Cêbolang amangsuli |
sawêg pinuju kewala |
botên wontên kêdhah-kêdhih |
amung pratandha luwih |
sakalihe kang wus marhum |
bokmanawi punika |
iribane kang nêtêpi |
nora mati kewala ngalih panggonan ||
45. Sèh Bodin goyang kêpala |
adhi ing saèstunèki |
toh sabên ari angucap |
asung salam myang mangsuli |
ananging amung angling |
tan uninga kajêngipun |
pun adhi bilih wikan |
pyarogi winêdhar angling |
paring sawab mring ulun punggung Asmara ||

232. Asmaradana

1. Mas Cêbolang lingira ris |
pamanggih-ulun piyambak |
kilap têtêmên myang lêpate |
miwah kacondhongan karsa |
botènipun sumangga |
kojahe santri ngaluyug |
asring ngêpotakên wêkdal ||
2. Tiyang ingkang dhatêng angling |
dhumatêng kang kadhatêngan |
asalamu ngalaekom |
jarwa wilujêng kawula |
tumrape ing sampeyan |
ingkang kadhatêngan muwus |
wa ngalaekumu-salam ||
3. Wardinipun kula inggih |
makatên ugi tan sisah |
sanadyan wilujêng ingong |

tumrap ing atas sampeyan |
dyan talêkêman asta |
wontên ingkang botên namung |
sami wicantên kewala ||

4. Kang mawi gathuk astèki |
punika tumrap kang samya |
têpung lajêng samya jagong |
twin pinanggih dêg-dêgan |
mrih lèkêtkên sasanak |
asih sinihan satuhu |
anambahi kasantosan ||
5. De kang tan gathuk astèki |
tumrap sami saking têtah |
cêkap sung salam kemawon |
tan mawi têtêman asta |
wardine têtambung salam |
punika slamêt rahayu |
manjing dhatêng kasantosan ||
6. Pikajêngipun winarni |
tyang kang dhatêng uluk-salam |
sèstu anyantosakake |
saha ngêgungakên urmat |
maring kang kadhatêngan |
wangsulan mungalaekum |
pan kosokwangsul kewala ||
7. wontên malih rasanèki |
wardine salam raharja |
wujud gêsang umuringong |
mangka sipating agêsang |
tuwin umur punika |
mung satunggal èstunipun |
tan kenging bilih kabagya ||
8. Ing ngriku lajêng kabagi |
ruruba katur ing liyan |
apan têtêlas saèstune |
nanging margi saking satya |
lêgawaning wardaya |
Allah ingkang Maha Agung |
(m)barêngi kula sung salam ||
9. Maringi lintu basuki |
umur kalangkung utama |
katimbang lawan umure |
ingkang rinubakkên liyan |
kados mandar santosa |
dene kang rinuban wau |
upami wilujêngira ||
10. Dèrèng rinubakkên yèkti |
kang mangka angsal tambahan |

èstu mindhak santosane |
nadyan wus kinarya ruba |
sarèhning Maha Nasa |
sampun amaringi lintu |
langkung sae myang santosa ||

11. Inggih sangsaya mêtewahi |
sangêt kêkah kuwatira |
mênggah ta katêrangane |
sadaya muhung minangka |
jalaran kang Kuwasa |
anggènnipun badhe asung |
ganjaran myang kadrajan ||

12. Dhumatêng kawulanèki |
kang tumrap Êdating Allah |
pribadi kang boya katon |
dene kang samya tumitah |
sarana kadhawuhan |
apan sami kinèn uluk |
-salam miwah jawat-asta ||

13. Pan sami siniyan ing sih |
sintên kang mituhokêna |
saparentahing Hyang Mason |
èstu amangguh kabêgjan |
kang agung tumrap dunya |
tanapi ngakeratipun |
mila sami ngistokêna ||

Jilid 3 - Kaca : 244

14. Liring dhawuhing Hyang Widdhi |
ing Kur'an sampun kaênas |
tangèh kalamun macêthot |
Ki Abodin lon lingira |
mugi kawêdharêna |
inggih kakang èngêt-ulun |
rapale kadi punika ||

15. Ya ayu haladinna-ni |
amanu kinakiyitan |
bitakiyatin pa kiye |
biak anu min alawan |
auratuha tamat |
maknanipun rapal wau |
èh eling-elingên poma ||

16. Umat mukmin sadayèki |
kala sira tanpa ruba |
lan sadhengah rurubane |
iya iku kaslamêtan |
myang maujud sabarang |
nuli malêsa sirèku |
kalawan ganti ruruba ||

17. Inkgang sakira ngungkuli |
 lawan rurubaning liyan |
 utawa ambalèkake |
 ing satimbange kewala |
 dene ta kukumira |
 tyang mung ruruba salamu |
 tuwin sadhengah ruruba ||
18. Amung sunat yêktinèki |
 de kang ingulukan salam |
 wajib asung wangsulanne |
 nanging wajib kiyapah |
 sanepane mangkana |
 upami tyang kathah kumpul |
 wontên ingkang uluk-salam ||
19. Salah satunggal mangsuli |
 wus nir kasipatan dosa |
 kang tan sung wangsulan kabèh |
 cêkap satunggal kewala |
 dene ta wawangsulan |
 kang ngungkuli rurubèku |
 amung makatên kewala ||
20. Upami rurubanèki |
 asalamu ngalaekam |
 wangsulane kang kinaot |
 wa ngalaekumssalam |
 wa rahmatulahi wa |
 -barakatuhu puniku |
 utamining wawangsulan ||
21. De kang mung stimbangnèki |
 salamu ngalaekum |
 wa ngalekumu salame |
 cêkak makatên kewala |
 manawi kang ruruba |
 barang ing sawujudipun |
 puniku winalêsana ||
22. Klawan barang kang ngungkuli |
 utawi satimbangira |
 yèn tan sagêd malêsake |
 ingkang sami wujud barang |
 puniku winalêsa |
 lan suka narimèng kalbu |
 tuwin pamuji raharja ||
23. Punika langkung utami |
 katimbang winalês barang |
 kang timbang lan rurubane |
 apan ta namung punika |
 ing sasêrêpan kula |
 Sahabodin manthuk-manthuk |
 sa Allah sawêg punika ||

29 Salajêngipun Ki Modin nyariosakên sêjarahipun Ki Gêdhe Pandhanarang wiwit taksih dados bupati Sêmarang engga manjing dados muridipun Kangjêng Sunan Kalijaga, kadhawuhan tilar praja dèdunung ing Têmbayat. Ing margi kabegal, nêdahakên ingkang mbêkta bandha garwanipun kasimpên ing têkênipun. Sasampunipun Nyai kabegal, lajêng dhatêng begal sanèsipun nama Sambangdalan. Dipun wangsuli bilih Ki Gêdhe Pandhanarang botên mbêkta barang pangaos, sang begal nekad tansah bêngok-bêngok. Wêkasan kasabda kados "menda" lan saèstu dados menda, têrus ndhèrèk dumugi Têmbayat, kadhawuhan ngangsu ngisèni kolah. Saking sêtyanipun nêtêpi dhawuh, wêkasan dening Sunan Kalijaga karuwat wangsul dados manungsa, kaparingan nama Sèh Domba. Ingkang jumênêng ing Têmbayat sapunika putranipun Ki Gêdhe Pandhanarang, kasêbut Pangeran Têmbayat. ... kaca 245-253.

Jilid 3 - Kaca : 245

24. Uninga suraosnèki |
 sasalaman jawat-asta |
 toh ing sabên dintên kangge |
 nanging pamanggihing manah |
 mung saking kalimrahan |
 botên nyana yèn kadyèku |
 jinèrèng angandhar-andhar ||
25. wontên malih ri riyadi |
 bakdane wulan Ramêlan |
 ugi sami marlokake |
 pupanggihan sasalaman |
 manawi tan pinanggya |
 cêkap akintun kinintun |
 kintèki mawi sinêrat ||
26. Minangka wawakilnèki |
 silatulrahmi rayadya |
 lah kadi pundi kajênge |
 Mas Cêbolang lon lingira |
 silatulrahmi iku |
 têngsipun apan nyambung |
 katrêsnan trusing wardaya ||
27. A la dalah manggih malih |
 adhi botên pisan-pisan |
 yèn gunggung amrih pakolèh |
 nitik antaraning budya |
 sanès santri walaka |
 rapal makna murat putus |
 suraose wus tan kewran ||
28. Sanès têtêmbungan santri |
 kédale wong ahli-praja |
 dhèmês luwês tan tumpangso |
 punapi sampun angambah |
 ing nagri Ngèksiganda |
 Mas Cêbolang lingira rum |

sampun nanging mung sakêdhap ||

29. Kakang kula nyuwun uning |
(n)Jêng Susunan ing Têmbayat |
saking ing pundi asale |
dene gung karamatira |
sokur bilih miyarsa |
lampahane duk rumuhun |
ing nalika sugêngira ||
30. Sahabodin amangsuli |
criyose swargine bapa |
makatên lalampahane |
pangagêng nagri Samarang |
Ki Gêdhe Pandhanarang |
bangsanipun bandha-bandhu |
bèr donya tan siya-siya ||
31. Tiyang mardagang sanagri |
[...] |
Sêmarang ngêmplang nora rinèwès |
kawarna-a Kangjêng Sunan |
Kalijaga wus wikan |
yèn badhe wali linuhung |
ngèlmu dèrèng tinarbuka ||
32. Ki Gêdhe cinoba nuli |
(n)Jêng Sunan mindha kawula |
sade kambêngan karyane |
nanging jroning alang-alang |
dinèkèkau buntêlan |
slangkung kèthèng kathahipun |
(n)Jêng Sunan nulya mring pasar ||
33. Ki Gêdhe winuwus malih |
lumampah dhatêng ing pasar |
angungak saliring wudhon |
[...] |
nulya mring Kangjêng Sunan |
pira rêgane sapikul |
paman alang-alangira ||
34. (n)Jêng Sunan aturira ris |
rêgane kambêngan kula |
inggih mung salawe kèthèng |
botên kenging dipun anyang |
yèn botên papajêngan |
inggih kula bêkta mantuk |
Ki Gêdhe gumujêng suka ||
35. Wuwuse asêmu manis |
pathok bangkrung sira paman |
lah sun-têmpuh sarêgane |
payo sira atêrêna |

Jilid 3 - Kaca : 246

- marang ing wismaningwang |
 Ki Gêdhe nulya umantuk |
 (n)Jêng Sunan ngrêmbat kambêngan ||
36. Wus prapta ing wismanèki |
 Ki Gêdhe ambayar uwang |
 kathahe salawe kèthèng |
 pan sarwi angling wawêkas |
 paman adol kambêngan |
 lamun akèh tunggalipun |
 sun tuku kabêh atêrna ||
37. (n)Jêng Sunan aris nauri |
 inggih kyai benjing-enjing |
 kula ngatêr kambêngane |
 Kangjêng Sunan nulya kesah |
 Ki Gêdhe prentah karya |
 wuwunge gêdhoganipun |
 alang-alang gya ingudhal ||
38. Kinarya wuwung udani |
 buntêlan yatra nèng têngah |
 salangkung kèthèng kathahe |
 katur marang Ki Dipatya |
 kambêngan isi arta |
 Ki Dipati aris muwus |
 iki artane si paman ||
39. Binuntêl dene akèri |
 anèng jroning alang-alang |
 baya lali paman kae |
 wus pinasthi bêgjaningwang |
 têtuku tan kelangan |
 ing dalu datan winuwus |
 injange ingkang winarna ||
40. Ki Gêdhe Samarang linggih |
 anèng ing dalêm pandhapa |
 ingayap pawongan akèh |
 Ki Dipati arsa dhahar |
 kinarya sasapan |
 dhaharan wus munggèng ngayun |
 ngadhêp wedang tinepasan ||
41. Kang namur-kawula prapti |
 (n)Jêng Susunan Kalijaga |
 sarwi mikul kêmbe ngane |
 ngirit marang plataran |
 dening kang jagi lawang |
 Ki Dipati priksa muwus |
 lah paman age linggiha ||
42. (n)Jêng Sunan alon alinggih |
 ngèmpèr kidul prênahira |
 sarwi ngadhêp rêmbatanne |

ngêntosi dènnya sarapan |
Dipati ing Samarang |
wus linorod ambêngipun |
kanthi lorod sasapan ||

Jilid 3 - Kaca : 247

233. Kinanthi

1. Ki Dipati ngandika rum |
dhatêng kang amindha kuli |
esuk tèmên (ng)gonmu prapta |
wismamu apa tan têbih |
kang namur-lampah ris mojar |
inggih têbih wisma-mami ||
2. Ngardi Jabalkat rannipun |
Ki Dipati angling malih |
dene adoh wismanira |
lah ngêndi pondhokirèki |
tan mawi pondhok kawula |
(n)duduk saking wisma enjing ||
3. Ki Gêdhe gawok kalangkung |
miyarsa aturing kuli |
aglis dènnya ngambil arta |
salawe kèthèng kèhnèki |
ingulungkên wus tinampan |
(n)Jêng Sunan angling mlas-asih ||
4. Bilih kaparêng ing kalbu |
kawula anyuwun ngêmis |
inggih salila sampeyan |
karêpa maring Hyang Widdhi |
Ki Dipati ngambil arta |
sakèthèng nguncalkên aglis ||
5. Maring (n)Jêng Sunan linuhung |
tibèng jobin anèng ngarsi |
sang mindha alon lingira |
ulun tan angêmis picis |
tangèh rêmên donyabrana |
yèn parêng panyuwun-mami ||
6. Ungêling bêdhug masjid gung |
Ki Dipati ngucap bêngis |
lêngguk tèmên paman sira |
tan rêmên bandha sakèpèng |
iku gêmpaning reyal |
reyal gêmpaning rukmi ||
7. Mung (n)jaluk unining bêdhug |
mangsa bêdhug antuk anggris |
sang pindha kuli lingira |
ywa makatên Ki Dipati |
tan sae dintên akirnya |

ywa mangeran dunya picis ||

8. Dados brahala satuhu |
nir manggih swarga linuwih |
wong mangeran marang dunya |
pêtêng tumêkaning takdir |
kaalingan ing brahala |
tangèh antuk swarga jati ||
9. Jênênging kita satuhu |
anèng donya boya lali |
pinasthi umantuk marang |
ajal rahmating Hyang Widdhi |
kêkêl nèng ngriku kewala |
paran yèn datan pinikir ||
10. Têbih kapengin katèngsun |
sugih dunya lir dipati |
ngapirani têmberira |
yèn antuk swarga linuwih |
mulya-mulyaning kawula |
barang kang cinipta dadi ||
11. Nèng dunya upaminipun |
anggaota pitung warsi |
pan taksih kenging winilang |
de (ng)gaota nèng swarga-di |
sagacrokan mas sasingkal |
sumangga ingkang pamanggih ||
12. Ki Dipati mèsêm muwus |
(ng)gadêbus si paman iki |
kaya wong wus wêruh swarga |
lamun wêruha sirèki |
boya adol alang-alang |
lan boya anêmbung ngêmis ||
13. Pasthi krasan nèng swarga-gung |
(n)Jêng Sunan aris mangsuli |
yèn manira rêmên êmas |
nora susah angruwati |
anggêdhug mangsa danguwa |
ngambil êmas saking siti ||
14. (n)Jêng Sunan dyan nyandhak pacul |
mring plataran macul siti |
sagacrokan nulya dadya |
mas sasingkal agêngnèki |
ingulungkên mring Dipatya |
lah niki rukmi swarga-di ||
15. Pinaringkên mring sirèku |
nulya mudhun Ki Dipati |
tumingal êmas sasingkal |

Jilid 3 - Kaca : 248

- mancorong kèh tunggilnèki |
anjêngêr tan sagêd ngucap |
ing tyas sakalangkung ajrih ||
16. Êmas winangsulkên gupuh |
mring siti wus tan katawis |
Ki Dipati saya wêwah |
ajrih asih trusing galih |
cinandhak ki namur-lampah |
kinanthi minggah pandhapi ||
17. Ingaturan jajar lungguh |
ngrarêpa umatur aris |
niti warti tatakrama |
nuwun gunging pangaksami |
saking sangêt kalêpatan |
angina samèng dumadi ||
18. Ing mangke kiyai ulun |
asrah jiwa-raga yêkti |
kawula angèstupada |
anglampahi ing satuding |
sakit praptamirèng pêjah |
sumangga ing asta kalih ||
19. Amung ing panuwun-ulun |
tumuntên tampiya kang sih |
èwêting tiyang tumitah |
manawi kasêlak lalis |
(n)Jêng Sunan marwata-suta |
pangandikanira manis ||
20. Yèn tèmên-tèmên sirèku |
arsa (ng)gêguru mring mami |
manira nêdha pratandha |
patang prakara kèhnèki |
ngibadaha salaminya |
angadêgna iman sukci ||
21. Lan nginguwa santri kaum |
Islama wong sak-Sêmawis |
mulyakna bêdhug lan langgar |
dene ingkang kaping kalih |
(n)dika jakat lawan lila |
wit dunya akèh pan wajib ||
22. Jinakatakên puniku |
dimurwatta lawan adil |
lawan kaping tiganira |
kêdah sumingkir sakalir |
kadunyan myang kawiryawan |
kang dadya bancanèng pati ||

23. Wasana kang kaping catur |
kesah sing wismanirèki |
anuntumakên bêdhiyan |
mring wismaning gurunèki |
yèn tèmên yun puruita |
(n)dika maring jênêng-mami ||
24. lajêng nusula maringsun |
maring ing Jabalkat wukir |
Ki Gêdhe aris aturnya |
ing pundi pêrnahing wukir |
lan tuwan sintên sinambat |
(n)Jêng Sunan mèsêm lingnya ris ||
25. Tanah Têmbayat puniku |
Sèh Malaya aran-mami |
(n)Jêng Sunan wusing ngandika |
linggar mentar tan kaèksi |
Ki Gêdhe dumadya rimang |
datan anyana samênir ||
26. Katêkan wali panutup |
ginagas saya ngranuhi |
pupuntonaning wardaya |
pan arsa tumulya maring |
asrama arga Jabalkat |
ketang dhawuhe sang yogi ||
27. Ki Adipati dyan kondur |
pinanggih garwa myang siwi |
mêdharkên ing karsanira |
dènnya yun mahas ngasêpi |
mituhu tuduh minulya |
rajabrana gya winaris ||
28. Mring garwa myang putranipun |
kadang warga miwah abdi |
tanapi sudhiya jakat |
mring sanggyaning pêkir miskin |
praja pinasrahkên marang |
ing ari kinèn mandhiri ||
29. Myang nêtêpkên dhawhipun |
wawêling (n)Jêng Sunan Kali |
adan pamit mring pra garwa |
tanapi putra myang ari |
garwa kang sêpuh priyangga |
lumuh tinilar ing laki ||
30. Kêdah tumut ing sapurug |
prasêtya sabaya-pati |
tuluse mangèstupada |
ing donya praptaning akir |
Ki Gêdhe kalintang wêlas |

panyuwunne dèn lilani ||

31. Ngandika dhuh sang (m)bêg sadu |
nyai yèn mèlu mring mami |
aywa sira (ng)gawa brana |
wêwalêre sang ayogi |
wit iku dadi brahala |
mamêtêngi jaman lalis ||
32. Lamun sira adrêng mèlu |
salinna busana putih |
kang garwa matur sandika |
mulya sira Ki Dipati |
amangagêm sarwa pêthak |
wusing atus amamêling ||
33. Tumindak risang nahên kung |
pribadi tan mawi dasih |
sumêdya amati-raga |
lastari dènnya lumaris |
Nyai Gêdhe atut-wuntat |
panganggone sarwa putih ||
34. Wuluh gadhing têkênipun |
ingisenan sosotya-di |
miwah lantakan kancana |
kêbak ingkang wuluh gadhing |
ngati-yati pangrêksanya |
pakèwête wong lumaris ||
35. Tan weca ing kakungipun |
angodhol wontên ing wingking |
ajrih lamun kauningan |
(ng)gènnya (m)bêkta barana-di |
mring laki sang adipatya |
sangêt dènnira malêri ||
36. Kang raka apan wus (n)dulu |
isine kang wuluh gadhing |
ananging api tan wikan |
kêbat dènnira lumaris |
kang garwa (ng)grèndhèl tinilar |
repot labêting pawèstri ||
37. Lêpas kalih lampahipun |
kapungkur nagri Samawis |
praptèng wana tarataban |
lan dhusun radi kapering |
Ki Gêdhe ing Pandhanarang |
kapêthuk tyang ngadhang margi ||
38. Titiga anèng dêlanggung |
ambêbêgal karyanèki |
ngandhêg risang (n)don lumampah |

Jilid 3 - Kaca : 250

- hèh paman mandhêga dhingin |
aku (n)jaluk angsal-angsal |
Ki Gêdhe aris nauri ||
39. Tan (ng)gêgawa lakuningsun |
yèn sira kurangan bukti |
wuri ika rabiningwang |
anggawa barana adi |
nèng têtên wuluh wadhahnya |
rêbutên kang wuluh-gadhing ||
40. Aja (ng)gêpok awakipun |
dènkêna kang wuluh-gadhing |
pasthi tuwuk tyang titiga |
Ki Gêdhe lajêng lumaris |
katri begal wus samêkta |
prayitna ngadhang nèng margi ||
41. Nyai Gêdhe nulya langkung |
têtênne rinêbut kêni |
Nyai Gêdhe gya lumajar |
anangis nututi laki |
Kyai Gêdhe tulungana |
tyang titiga salah kardi ||
42. Katêlah karaning dhusun |
Salahtiga praptèng mangkin |
ya ta wuluh dyan pinêcah |
èstu isi barana-di |
dinar jêne lalantakan |
tri begal suka tan sipi ||
43. Pinara tiga wus rampung |
nulya wontên dhatêng malih |
aran Kyai Sambangdalan |
kasèp tan mèlu dèn-dumi |
winartan marang kang angsal |
iku tututana aglis ||
44. Têtênne kang lanang durung |
kêna dak-rêbut wong katri |
lagi kang wadon kewala |
kang lanang lumaku dhingin |
gugup wau Sambangdalan |
nututi ingkang lumaris ||
45. Nahên ta ingkang lumayu |
anututi marang laki |
têbih dènnira kacandhak |
Nyai Gêdhe asru nangis |
sasambate amlasarsa |
baya lali marang mami ||

Jilid 3 - Kaca : 251

46. Adarbe rabi wakingsun |
 nora karsa anulungi |
 tega t m n nilar ingwang |
 Ki G dhe amuwus aris |
 yayi tan mituhu w kas |
 silip anggawa sotya-di ||
47. Majade mangsa dha w ruh |
 n ng sajroning wuluh-gadhing |
 suprandene kaw ruhan |
 mung t k nnira pinilih |
 lah wis sira narima-a |
 wong pinundhut mring kang kardi ||
48. Lah payo an nga ngayun |
 ingsun kang lumaky ng wuri |
 nulya laj ng lampahira |
 ucap n ingkang nututi |
 Sambangdalan nulya prapta |
 angr but t k nnya cis ||
49. Wus sinungk n t k nnipun |
 kayu sandhang tanpa isi |
 tinampik nulya tinampan |
 t k n wangsul mring dipati |
 ki Sambangdalan angucap |
 paman (n)jaluk olih-oli |
50. Ki G dhe nulya amuwus |
 ingsun nora olih-oli |
 Sambangdalan pan am ksa |
 minta dinar lan r tna-di |
 y n tan suka ingsun r bat |
 ywa nganti ingsun-g bugi ||
51. Kyai G dhe malih muwus |
 andalarung sira iki |
 kaya w dhus amb kira |
 tan ng j p ujaring jalmi |
 Sambangdalan malih warna |
 w dhus dumba g ng ainggil ||
52. Ki Dipati awas (n)dulu |
 y n kang begal malih warni |
 langkung jrih laj ng lumampah |
 punang dumba anututi |
 tan uning y n malih warna |
 maksih ngucap kadi jalmi ||
53. Nulya nyabrang l p n agung |
 tan sag d ngad g n ng warih |
 lawan wruh wayangannira |
 angrasa y n malih warna |
 nulya nangis asrah tobat |

234. Dhandhanggula

1. Kyai Gêdhe dènnira lumaris |
sampun prapta ing tanah Têmbayat |
mênggah wukir Jabalkat-e |
amanggih dhusun agung |
datan wontên lèpèn myang prigi |
lan manggih masjid pelag |
alit wingit bagus |
nèng ngriku dènnya dhadhêkah |
wukir Jabal satètès tan ana warih |
Sambangdalan ngawula ||
2. Miminta sih mulyaning kang warni |
sinung karya ngisèni padasan |
tan tinutup pancurane |
datan linilan turu |
lamun dèrèng (m)bludag kang warih |
padasan êncèhika |
gêngnya tigang prangkul |
sapanggayuh inggilira |
rintên dalu tan kèndêl dènnya ngisèni |
pangambile kang toya ||
3. Tumurun ring lèpèn radi têbih |
pinarantèn pambêktaning toya |
mituhu ing saprentahe |
awrate ing panuwun |
mantuk angsal jalma sajati |
ing tèmbe wus sinêdya |
lajêng angguguru |
wus sapta ri nèng Jabalkat |
tanpa nendra muhung ngangsu rina wengi |
padasan nora kêbak ||
4. Nulya rawuh (n)Jêng Susunan Kali |
têtêkên cis lênggah sela gilang |
Ki Dipati lan nyaine |
mangaraspada gupuh |
Sambangdalan (n)dhèrèk ngabêkti |
(n)Jêng Sunan angandika |
dene iku wêdhus |
bisa ngucap tatajalma |
paranbaya kang dadi purwaning nguni |
pun Dumba matur nêmbah ||
5. Borong angga sumangga sang yogi |
(n)Jêng Suhunan aris angandika |
bênêr aturira jêbèng |
mula sira dèn-kawus |
tobata ring Kang Maha Sukci |
minta-a pangaksama |
nir ing cintrakamu |

jatining tuhu manungsa |
ya muliha marang asalira jalmi |
sabdaning wali-tama ||

6. Sambangdalan cintrakanya wus nir |
mulya jati jatining manungsa |
sumungkêm pada pamase |
sukanya tan cinatur |
Sunan Kali têkênnya êcis |
dinudut nulya mêdal |
toya wêning mancur |
kinèn anambaki sarya |
blumbang alit lêstantun ngantos samangkin |
sabdaning wali mulya ||

7. Datan kenging lokak kanang warih |
nadyan nuju ing mangsa katiga |
botên suda ing wêdale |
karamat wali luhung |
Sunan Kali ngandika malih |
dhumatêng Ki Dipatya |
ing samêngko kulup |
wus manjing wali nujêmba |
ingsun asung kakasih sira samangkin |
Pangeran ing Têmbayat ||

Jilid 3 - Kaca : 253

8. Ngislamêna sakathahing jalmi |
ingkang isih nut agama lawas |
lawan têtêpa nèng kene |
wruhanta masjid iku |
têka Mêkah asalirèki |
angadêgna Jumuwah |
lan maninge kulup |
Sambangdalan mantêp sêtya |
apuranên sakèhe dosanirèki |
dadiya sabatira ||

9. Ingsun asung aran ing samangkin |
Sambangdalan jênênga Sèh Dumba |
nêmbah sandika ature |
wasana kalihipun |
Kangjêng Pangran lan sabatnèki |
kalihe gya winêjang |
sampunne kacukup |
Sunan Kali tan katingal |
lah punika criyose bapa ing nguni |
Jêng Pangran kang wus swarga ||

10. Mas Cêbolang miwah catur santri |
suka-rêna miyarsa carita |
Cêbolang alon dêlinge |
mênggah samangkenipun |
kang jumênêng wontên ing ngriki |
adhi (ng)gih putranira |

- ingkang sampun marhum |
 nama ugi (n)Jêng Pangeran |
 ing Têmbayat lumastari kadi nguni |
 ngluluri kang wus swarga ||
11. Mila botên têdhak maring masjid |
 kala wau sabakdaning Ngasar |
 wontên dhatêngan tingale |
 priyantun ing Mantarum |
 sampun ciklu tan mawi kanthi |
 padatan kang mangkana |
 amung Kyai êmpu |
 Anom Dhatuk ing Mataram |
 Mas Cêbolang èngêt pangandikane Ki |
 Ajar Kapurun arga ||
12. (n)Jêng Pangeran ing Têmbayat sami |
 lawan Panêmbahan ing Kajoran |
 pan samya winênangake |
 amêjang ngèlmi luhung |
 têrang saking dhawuh narpati |
 locitaning wardaya |
 pama sesuk-esuk |
 ulun sowan (n)Jêng Pangeran |
 kabênêran pinanggih Kinom Mantawis |
 wasana lon lingira ||
13. dhatêng ulun ing Têmbayat riki |
 padatan kang sampun kalampahan |
 punapi inggih angangge |
 linapurkên (n)Jêng Ulun |
 Sahabodin saha nauri |
 tamtu atur uninga |
 pancèn kala wau |
 pangangkah bilih (n)Jêng Pangran |
 têdhak Mahrib (ng)gènulun ngaturi uning |
 wasana datan têdhak ||
14. botên wande ulun dèndukani |
 wit katamuan tan atur uninga |
 Cêbolang alon dêlinge |
 aksamanta kang agung |
 ulun dadya jalaran runtik |
 ing dintên benjing-enjing |
 bilih kakang lapur |
 ngiras mamitakên pisan |
 kula ngantos wontên ing srambi rumiyin |
 ki marbot suka-rêna ||

30 Sang Pangeran paring katrangan dhatêng Ki Sahbodin bab wilujêngan tiyang pèjah sarta kawontênanipun mayit sasampunipun 3 dintên, 7 dintên, 100 dintên, mêngdhak sapisan, mêngdhak 2 taun lan 1000 dintên. ... kaca 254.

15. Langkung atut karsanipun yayi |
wawi sami sare saliyêpan |
lumayan tulak aripe |
dhuh kakang sampun tanggung |
bêdhug katri kirang sakêdhik |
prayogi natas pisan |
antuk sunatipun |
kula nyuwun sasêrêpan |
rèhning mratah tiyang ajal dènslamêti |
tan wrin pikajêngira ||
16. Inggang makatên punapa inggih |
amung saking padatan mupakat |
punapa wontên watonne |
Sahabodin lingnya rum |
dhawuhipun Kangjêng Kiyai |
hèh Bodin rèhning sira |
wus kalêbu kaum |
kêrêp diundang kondangan |
kinèn andongani ambêngan sakalir |
mumule myang slamêtan ||
17. Lamun ana kang tanya dununging |
slamêtanne jalma kang wus lena |
kawit gêblag tumêkane |
ing sèwu dinanipun |
kadiparan jawabirèki |
atur kula padatan |
(n)Jêng Pangran sru (ng)guguk |
wasana alon ngandika |
hèh Abodin sirèku kudu udani |
mangkene jawabira ||
18. Waton Kitab lan Tanajul-tarki |
mulane wong mati dèn surtanah |
amrênahakên jisime |
kalawan ulêsipun |
myang angingsêr tanahirèki |
kang mau ana ngalam |
-sahir dunungipun |
samêngko wus salin ana |
alam-kabir langgêng kahanannirèki |
mulih mring asalira ||
19. Wong amati dèn-têlungdinani |
nyampurnakkên kang patang prakara |
apan anasir aranne |
bumi we angin latu |
de slamêtan pitunge ari |
karêpe nyampurnakna |
kulit miwah wulu |
mula dèn-patpuluh-dina |
iku apan nyampurnakkên gawan saking |
bapa tanapi biyang ||

20. Rupa gêtih sungsum lawan daging |
myang jêrowan kuku rambut tulang |
jangkêpe wolu otote |
mulane satusipun |
ari mawi dipunslamêti |
sampurnane kang sipat |
badan wadhag iku |
slamêtan pëndhak sapisan |
iku sampurnaning kulit lawan daging |
miwah jêrowanira ||

31 Mas Cêbolang tuwin para santrinipun kasowanakên Pangeran Têmbayat ingkang sawêg lalênggahan kalihan tamunipun ingkang sampun yuswa, wasta Kinom, abdidalêm êmpu ahli tosan aji, putra kapenakanipun Sunan Kalijaga. Êmpu Kinom nêrangakên bab dhuwung: têngêsipun têngbung dhuwung lss., bab ricikanipun, dhapuripun dhuwung lan watakipun, sakalangkung kathah ananging wijang. Pangeran Têmbayat nêrangakên: bab Sangat Nabi, petangan Tatal, dintên sae lan awon. ... kaca 255-271.

Jilid 3 - Kaca : 255

21. Salamêtan pëndhak kaping kalih |
sampurnane kaanan sadaya |
kulit gêtih sasamine |
amung kari babalung |
mula nganggo sinèwu ari |
iku apan pungkasan |
nyampurnakkên sagung |
ganda atanapi rahsa |
wus nir rasa kalawan gandanirèki |
sèwu dina sanyata ||
22. Curiga dipisah wrangkanèki |
ora ana criga manjing wrangka |
wrangka manjing curigane |
lan mungguh ananipun |
kanang Kitab Tanajul-tarki |
Adam-sarpin basannya |
mangkono bae wus |
nanging ing salaminira |
dèrèng wontên ingkang pitakèn mring mami |
sawêg adhi punika ||
23. Ulun alimanan rèh wus wanci |
natab bêdhug lah kakang sumangga |
ki modin anatab age |
dhêng dhêng dhêng nulya mudhun |
mring patirtan lan tamunèki |
maring lèpèn (m)bêbucal |
wênèh samya adus |
wussing ngambil toya kadas |
minggah malih mring masjid amuji tasbih |
Nurwitri tandya adan ||

24. Bakda adan dyan sunat Subêkti |
 bakda sunat Ki Saloka kamat |
 gêmlonggong agêng swarane |
 paragat wêktu Subuh |
 Ki Abodin lingira aris |
 sami kantun pinarak |
 kula lajêng lapur |
 saha mamitakên pisan |
 kang sinung ling (n)dhêku ki modin lumaris |
 nahan Pangran Têmbayat ||
25. Lagya lênggah lan tamunirèki |
 Kiyai Nèm êmpu Ngèksiganda |
 sadalu tan ana sare |
 anèng ing dalêm pungkur |
 ki Abodin lajêng mangarsi |
 makidhupuh anyêmbah |
 (n)Jêng Pangran andangu |
 Bodin sapa ingkang adan |
 lawan kamat ing mau waktu Subêkti |
 apa ta santri anyar ||
26. Sahabodin nêmbah matur aris |
 amba nyuwun gung-gunging duduka |
 tur uninga sawêg mangke |
 kala wingi pukulun |
 wanci sêrap wontên têtami |
 gangsal jalêr sadaya |
 kang satunggal bagus |
 têmbirang nama Cêbolang |
 rencang catur nama Saloka Nurwitri |
 Plakarti Kartipala ||
27. (m)Bêkta trêbang ngakènipun santri |
 saking Kêdhu tambuh kang pinarak |
 nyuwun pamit ing samangke |
 nglajêngakên ngaluyug |
 dèrèng bidhal kèndêl nèng srambi |
 (n)Jêng Pangran mèsêm lingnya |
 sêmbrana sirèku |
 wingi kathik nora kandha |
 apa ingkang adan kamat mau enjing |
 nuwun inggih bêndara ||
28. Kiyai Nom anambungi angling |
 yayi ulun inggih sampun têtang |
 dhatêng kalima santrine |
 lami anèng Mantarum |
 wus kulina kalawan mami |
 Cêbolang jatnira |
 atmajêng sang wiku |
 Akadiyat Sokayasa |
 apaparab Sèh Anggungrimang samangkin |

Jilid 3 - Kaca : 256

manjing wali nujêmba ||

29. Winêdharkên kalanira nguni |
Mas Cêbolang duk anèng Mantaram |
(n)Jêng Pangran sru andikane |
Sahabodin dèn-gupuh |
timbangana kalima santri |
ingsun ayun pinanggya |
Bodin nêmbah mundur |
wangsul ngirid santri gangsal |
Mas Cêbolang praptèng ngarsa mangênjali |
mangraub dalamakan ||
30. Santri catur tumuntên ngabêkti |
makidhupuh lir konjêm pratala |
(n)Jêng Pangran alon dêlinge |
kulup padha rahayu |
satêkamu ing dhepok-mami |
lawan sarowangira |
kang sinung ling matur |
saking pangèstu paduka |
kula miwah sakanca sami basuki |
barkah-dalêm (n)Jêng Pangran ||
31. Kiyai Nom aparing pambagi |
myang ngandika kulup ora nyana |
lamun katêmu ing kene |
sira saka Mantarum |
sabanjure marang ing ngêndi |
Ki Cêbolang anêmbah |
dhumatêng Kêpurun |
sowan Ki Ajar Sutiksna |
tan na lami wontên Kêpurun dyan maring |
ing Candhi Parambanan ||
32. Aningali sanggyaning kang candhi |
myang pinanggih Kiyai Karsana |
minangka jurukuncine |
namung sipêng sadalu |
enjing bidhal lajêng dumugi |
karajan ing Kajoran |
naib ulun jujuk |
kang anama Ki Martaka |
sarêng enjing sinowankên Kangjêng Kyai |
minulya ing Kajoran ||
33. Panêmbahan sru parênging galih |
radi lami ulun nèng Kajoran |
ngantos rumêntah asihe |
aparing nugraha gung |
kawruh suci jati piningit |
sabên ratri datan sah |
nèng ngarsaning wiku |
langkung ing samadya candra |
ulun mundur saking Kajoran dumugi |

34. Anèng wana kadalon dyan mampir |
ing planggrongan kapanggih kalawan |
Ki Dikara paparabe |
abdidalêm sang ulun |
lurah Kalang griya wanadri |
kalangkung dènya trêna |
ngantos amba sinung |
tarêbang wacucal kidang |
sanjangipun amrih ywa sangsoyèng margi |
gampil pados sipêngan ||
35. Undur-ulun saking ing wanadri |
lumastantun sakeca ing lampah |
kalawingi sabakdane |
Ngasêr-i langkung rawuh |
lambat-lambat ulun udani |
ardi alit rêspatya |
kawuryan ngunguwung |
katarik kêncênging manah |
dyan sumêngka rawuh sayah lêsa ênir |
pikantuk rahmattolah ||
36. Ulun lajêng kèndêl ing surambi |
masjid alit adi langkung pelag |
amba tuwin sadayane |
sami karaosipun |
ing tyas ayêm têntrem sakalir |
anrus nikmat mupangat |
silastuti mungkul |
lajêng pinanggih kalawan |
Sahabodin sabakdanipun Ngisa-i |
ulun lajêng jiyarah ||
37. Astananya risang luhung swargi |
kang wus antuk rahanting Pangeran |
(n)Jêng Pangrap ing Têmbayate |
bakdaning tahlil laju |
mring Cakaran jiyarah ugi |
astananya Sèh Dumba |
bakda tablil wangsul |
ing masjid sadalu pisan |
tan anendra ginêm kalawan ki modin |
gotèkkên lalahanan ||
38. Pangran Bayat angandika aris |
basane ya nora abêbakal |
sira kasasar marene |
yêktine ri katèngsun |
ko -sipêngi kang nganti lami |
ing kene lan Kajoran |
tan na seosipun |
sira wus umanjing siswa |

-nira kakang Panêmbahan Rama adi |
ya uga putraningwang ||

39. Dhuh ki raka raosing tyasmami |
mring Cêbolang lajêng asih trêсна |
tan mantra kapanggih nêmba |
Mas Cêbolang andhêku |
mangênjali umatur aris |
dhuh sang kalêngkaningrat |
sabda kang dhumaruh |
kalangkung kalinggamurddha |
borong angga sumanggêm ing lair batin |
sakarsa lumaksana ||

Jilid 3 - Kaca : 258

40. Nahan dènnya pinarak wit enjing |
têkèng wanci manjêring baskara |
gumrênggêng dhrêdhêg bêdhuge |
pangran ngandikèng wadu |
hèh cah wadon ladèkna aglis |
dhahar saananira |
kang kinèn wus mundur |
prapta ambêkta rampadan |
dyan tinata liwêt lêmês akas gurih |
golong tumpêng mêngana ||
41. Jangan mênir pêcêl ulur-pitik |
brambang kunci sambêl sinantênan |
brambang jae santên tempe |
cupang sambêle jagung |
dhêdhakohan sambêl-kêmiri |
asêm sambêl lethokan |
plapah sambêl-kukus |
untub-untub sambêl-brambang |
loncom jenggot bobor bubuk-dhêle jêmprit |
bênce sambêl kaluwak ||
42. Padhamara kranggeyan (m)bok-jêmprit |
lodhoh-pindhang telya sambêl-bawang |
gudhêg sambêl-gorèng cuwèr |
lumbu sambêl-cêmpaluk |
sambêl-jêrampêcêl myang manggis |
bubuk wihijèn kacang |
dhêle sambêl-windu |
uyah-gorèng bumbu-pala |
sambêl-gocèk sambêl jae sambêl-kunci |
sambêl-cabe ijêm bang ||
43. Pêcêl-kacang iso kêmbang-turi |
dewa-daru lêmbyung thokolan |
ingkung jlegor rên cangkringe |
gudhang-têmu poh gêndruk |
ronning kêncur tarantang ririh |
boros gundha-wèwèhan |
nyemok gudhang-êbung |

pêncok-suru diyèng mudha |
cabuk gêmbrot bêbothokira sêmayi |
gadhonne kendho urang ||

44. Bongko pelas garangasêm-pitik |
asêm-asêm êntun kapri brambang |
sundêl-lemên sêkar-tungkèng |
bêbubus ayung-ayung |
gêcok sêtop tomis mawarni |
kuluban ceme mudha |
acar pondhoh timun |
lombok jêmprit brambang bawang |
lêlalaban kêkêcambah gudhe kêmangi |
myang ulam warna-warna ||

45. Wus miranti panataning bukti |
Pangran Bayat alon angandika |
Cêbolang barênga bae |
anadhah padha kêmbul |
dimèn enak (ng)goningsun bukti |
kang sinung ling manêmbah |
mangke kewala wus |
ulun manadhah lorodan |
nora kêna kulup payo barêng bukti |
ngurmati (n)jêng ki-raka ||

Jilid 3 - Kaca : 259

46. Katiganya wus samya wawanting |
nutug rahmat akêmbul-bujana |
wus linorot sadayane |
dharan lumadyèng ngayun |
babasahan mawarni-warni |
atanapi woh-wohan |
santrinira catur |
sarêng manadhah lorodan |
langkung sêngkut bêtèke mêngtas kalantih |
tuwuk sadayanira ||

47. Wussing nadhah pangangsêging bukti |
ingancaran aso mring pondhokan |
Cêbolang nunggil pondhoke |
lan Kinom ing Mantarum |
siyangira datan winarni |
daluh bakdaning Ngisa |
(n)Jêng Pangran lan tamu |
Kiyai Nom Mas Cêbolang |
pinarak ing sanggar palanggatan katri |
Jurudêmung (n)Jêng Pangran ||

235. Jurudêmung

1. Kakang êmpu Ngèksiganda |
nguni wus mêdhar pitutur |
dhawuhipun sang linuhung |
(n)Jêng Suhunan Kalijaga |
masalahing kanang dhuwung |

- prabot dhapur busananya |
makna murad rahsanipun ||
2. Arinta radi kalepyan |
mênggah urut-urutipun |
satêmah dhompo tumpang-suh |
Kinom mèsêm angandika |
tiyang sanès wajibipun |
layak bilih kasupènna |
inggih ki raka pan namung ||
3. Saking pamanah kawula |
rèhning tinitah tyang sêpuh |
bilih kasandhang-kasandhung |
wontên ingkang atêtanya |
pramila panyuwun-ulun |
kaparênga mêdharêna |
rinaos suraosipun ||
4. Cêbolang langkung thêk-thêkan |
rèhning nguni dèrèng sinung |
katingal pasêmonipun |
manganti wêdharing sabda |
Kiyai Nom ngandika rum |
atut yayi pamintanta |
kinarya cacagak lungguh ||
5. Saking pangandikanira |
(n)Jêng uwa ingkang Sinuhun |
Kalijaga sudibya nung |
prayogine kinawitan |
kang supados urut-urut |
Cêbolang antuk tambahan |
kang sinung ling sukèng kalbu ||
6. Pinurwa kang aran ganja |
punika kang luwih luhur |
satuhu tuhune amung |
Allah Subkanna Tangala |
tutuping Allah (n)Jêng Rasul |
Nabi nayakèng bawana |
kakasihira Hyang Agung ||
7. Mangka nglahirkên tandhanya |
Gusti lan kawulanipun |
lorone sawujud |
lamun ingaran satunggal |
lan kakalih èstunipun |
ingaran ro kadiparan |
pan sawiji jatnipun ||
8. Sirah-cêcak kang winarna |
satuhune Betal-makmur |
sirahe manungsa iku |

Jilid 3 - Kaca : 260

- wêrdine sasananira |
 parameyan wijilipun |
 kaèngêtaning manungsa |
 tan liyan saka Betal-makmur ||
9. Tikêl-alis ginupita |
 nêpsu tri prakara èstu |
 Darana ingkang rumuhun |
 mila kaping kalihira |
 Maklum kaping tiganipun |
 yèku nêpsuning kang manah |
 Maknawi sukci rahayu ||
10. Kêmbang-kacang maknanira |
 Gunung Tursina satuhu |
 kang ngawruhi lakunipun |
 lumêbu myang mêdalira |
 ing napas kang mêtu ngirung |
 dadya tandhaning kawula |
 lawan Gustinira iku ||
11. Lambe-gajah kang winarni |
 iku ta sajatinipun |
 pan Lesan kita satuhu |
 Insan-kamil dunungira |
 pangandikaning Hyang Agung |
 asipat rupa sanyata |
 yèku sabda Kun paya-kun ||
12. Mangkya grènèng wujudira |
 aksara dha[...] dha satuhu |
 myang aksara ma[...] punika |
 wêrdine panggonan pêjah |
 nèng jroning dhadhanirèku |
 mokal kalamun mêdala |
 ngaurip kalamun lampus ||
13. Gandhik apan têngêsira |
 punika woding jêjantung |
 ingkang kawasa satuhu |
 mahanani dumadiya |
 ing carêming manungsèku |
 datan liyan asalira |
 yèkti saking jantung mau ||
14. Sogokan ingkang winarna |
 manjing purusing jalmèku |
 ambuka warananipun |
 punang hawa nawa sanga |
 tingal karna lawan irung |
 tutuk tanapi jalêran |
 kanang sulbi jangkêpipun ||
15. Bawang-sabungkul winarna |
 baga purana satuhu |

Betal-mukadas punika |
omah (ng)gonning pasuciyan |
Sraweyan gantya winuwus |
iku wêrdine musibat |
kang karan sajatinipun ||

16. Karuwingan wardinira |
pawakan kita puniku |
kudu winangut aturut |
ingkang supaya prayoga |
Pasikutan kang cinatur |
wêrdi luwêsing manungsa |
tandang kita aywa kidhung ||

17. Lawan kudu sumurupa |
pasêmonne liyanipun |
mangkya Pèjètan cinatur |
iku driji jêmpol kita |
kang kawasa nyangga bakuh |
ing karya nglantari marang |
kauripan kita èstu ||

Jilid 3 - Kaca : 261

18. Wadidang ingkang winarna |
sikil kita wêrdinipun |
kang misesèng badan-ulun |
gantya Tunggakan winarna |
karêpe manungsa èstu |
pan ora kêna kasoran |
lumuh asor kudu unggul ||

19. Kèpèt mangkya pinarceka |
talapakan kita iku |
pat-upate manungsèku |
mangkya Jalèn wardinira |
urip-kita ywa kalimput |
tinartantu mulih sira |
maring Hong ing asalipun ||

20. Waja mangkya kang jinarwa |
iyèku aran babalung |
manjing kasantosanIngsun |
Wêsi iku daging kita |
sajrone nèng donyanipun |
sêrating wêsi winarna |
manjing ing kulitannipun ||

21. Mangkya Pamor ginupita |
iku otot bayunIngsun |
sajatine cahya Ênur |
-buwat kang gumilang gilang |
ana ing wadana mancur |
pratandhaning gêsang-kita |
sukci trus wêning satuhu ||

22. Pêsi ingkang tinarbuka |
 apan pusêr wêrdinipun |
 minangka kaanan tuhu |
 ing tyas sanubari kita |
 Kodhokan pungkasanipun |
 tandhaning pangrungu kita |
 kang patang prakara gadhug ||
23. Tamat ricikan curiga |
 yayi apan mung puniku |
 Pangran Têmbayat lingnya rum |
 ki raka ywa katanggêlan |
 mênggah dhapuring kang dhuwung |
 lah inggih kawêdharêna |
 sinantunan sêkar Pangkur ||

236. Pangkur

1. Kinom mèsêm lon lingira |
 de dhapuring curiga kang winarni |
 Tilam-upih kang rumuhun |
 makna pasêmonnira |
 murat jalma wadon dene rahsanipun |
 pamikire marang katga |
 dikaya mikir padêmi ||
2. Brojol makna karêpkita |
 muradipun ingkang sampun kawijil |
 rasa kang bisa sirèku |
 anggêmèni wicara |
 sadurunge kawêtu sinukmèng kalbu |
 aja lunyu ing pangucap |
 lunyu lonyot angacuwis ||
3. Jalak-tilamsari wanda |
 maknanira yèku tutup sayêkti |
 dene murade wong turu |
 mungguhing rahsanira |
 aja pisah lawan gêgamanirèki |
 wunguwa tanapi nendra |
 ing rina kalawan wêngi ||
4. Dhapur Jalak-dinding ika |
 makna kijab utawa aling-aling |
 murat têlung prakarèku |
 rahsaning ginupita |
 manungsèku kang mêsthi kudu anêbut |
 Allah kalawan Muhkamad |
 katrine Rasullolahi ||
5. Jalak-sungu tumpèng ika |
 maknanipun punika wadhah yakin |
 dene muwade winuwus |
 pan rijêkining Allah |
 ransanira manungsa ywa wancak kalbu |

Jilid 3 - Kaca : 262

tyas sumêlang yèn tan nadhah |
Allah tèmên murah asih ||

6. Jalak-ngore ginupita |
maknanipun ura nora sawiji |
murat pikir kang lumaku |
mungguh ta rahsanira |
manungsèku pan nora kêna kalimput |
sanalika bawarahsa |
pupuntoning barang pikir ||
7. Dhapur Sêngkêlat ginita |
maknanira yèku urubing ati |
murade patrap linuhung |
dene ta rahsanira |
ing sarina kalawan sawênginipun |
tangi lungguh mlaku nendra |
duga-duga aywa kari ||
8. Dhapur Carita punika |
makna ujar wangsit ingkang prayogi |
murat sumurup saèstu |
dene ta rahsanira |
kapintêran lan kagunan iku tamtu |
dijalari ing wong wrêddha |
mawa sabab sadayèki ||
9. Mangkya dhapur Sabuk-tampar |
maknanira kêncêng nora katawis |
murat luwih gawatipun |
rahsane kaluwihan |
pan tartamtu saka ing manahirèki |
pribadi tan paran-paran |
kanugrahaning dumadi ||
10. Dhapur Sabuk-intên ika |
maknanipun sosotya luwih adi |
murade atinirèku |
dene ta rahsanira |
kamulyaning manungsèku tinartamtu |
kudu anganggo sarengat |
tatakrama kang prêmati ||
11. Dhapur Sumpna winasna |
makna ngimpi dene muradirèki |
nahan têrang ingkang kawruh |
rahsa manungsa kédah |
darbe kira-kira prayoga ywa kantun |
watara ringa sujana |
siyang dalu dènkaèsthi ||
12. Kanang dhapur Carang-soka |
maknanipun nêpsune tangan kalih |
murade bakal puniku |

- dene ta rahsanira |
uwong iku bakal mijèkakên tamtu |
mulane babo ngagêsang |
arahên mijèni bécik ||
13. Dhapur Pandhawa winarna |
makna lima murade sumurup ing |
marga lilima satuhu |
rahsa patining jalma |
nora liya saka ri pasarannipun |
lilima Êpon kalawan |
Wage Kliwon Lêgi Paing ||
14. De Pandhawa-cinarita |
maknanipun wujud lilima yêkti |
murat wulange wong sêpuh |
rahsane kudu wikan |
êninging kang pancadriyanira iku |
dumadya sabar narima |
sumingkir angkarèng budi ||
15. Dhapur kyai Sêmar-bêthak |
makna ingkang pêtêng de muratnèki |
kang wus enak rahsanipun |
manungsa kawajiban |
kudu angupaya boga kang pakantuk |
ananging ywa cacah-cucah |
nglakoni panggawe nisthip ||
16. Dhapur Sêmar-tinandhu pan |
makna ingkang lawas pêtêngirèki |
murate darbe ngamalun |
rasa sabisa-bisa |
manungsèku jroning urip aywa suwung |
kudu adarbe rawatan |
ing ngèlmu amrih basuki ||
17. Dhapur Sêmar-angujiwat |
maknanira kang bungah kanthi eling |
murat pamicara tuhu |
rahsane ing sabarang |
karêping kang manungsa ywa grasa-grusu |
kanthiya panggalih padhang |
kang sarèh dadi patitis ||
18. Kang dhapur Pandhawa-rarya |
makna ati limang prakara yêkti |
murat abang irêng pingul |
jênar ijêm limanya |
rahsanira ngaurip ywa nganti korup |
marang ingkang panasaran |
limang prakara ing ngarsi ||
19. Sêmpana-blandhong winarna |
maknanira bênginging mripatnèki |

murad manêgês manêkung |
rahsa yèn darbe karsa |
manungsèku kudu tajêm tingalipun |
mênêp nir wardaya harda |
dumadyan-tuk kang kaèsthi ||

Jilid 3 - Kaca : 264

20. Sêmpana-kinjêng winarna |
maknanira anênggih jalma ngimpi |
murade saèstunipun |
apan ta seje jaman |
rahsanira manungsèku nora wurung |
ngambah marang ing kamuksan |
mantuk mring ajalirèki ||
21. Dhapur Condhong-campur nama |
maknanira amor utawa tunggil |
murat waskithaning kalbu |
rahsane kudu bisa |
angumpuli marang ing sabarang rêmbug |
aywa rêngkêng kang amêmbat |
nayana kang katon manis ||
22. Campur-bawur ginupita |
makna karêp dene murade pasthi |
rahsaning pan tinartamtu |
manungsa kudu jumblah |
condhong dhaup pikire lan Gustinipun |
lir campuring têmbaga mas |
kang dadya suwasa murni ||
23. Adhapur Pudhak-satêgal |
maknanira apan wujud sayêkti |
murad pangêrti puniku |
dene ta rahsanira |
pikiring kang manungsèku kudu-kudu |
gumêlar rasa nalika |
cedha yèn katêmu buri ||
24. Dhapur Carubuk binabar |
maknanira puniku apan siti |
murad momot bakuh pêngkuh |
dene ta rahsanira |
aja tampik ingkang dènarêpi amung |
marang ing bêcik kewala |
kang ala aja dènmohi ||
25. Dhapur Sadak kang kawêdhar |
makna kêncêng kumandêl kodratnèki |
dene muradira nêpsu |
mungguh rahsane poma |
sabên ari ywa kêrêp ngowahi wujud |
-ing kita warna priyawak |
krik imba sasaminèki ||

26. Kang dhapur Rara-siduwa |
 maknanira apan ênom sayêkti |
 dene murade puniku |
 kêrêp-kêrêp kalepyan |
 rahsanira poma ywa pisah sirèku |
 lawan garwa pakênira |
 manawa sira aguling ||
27. Dhapur Kêbo-dhèndhèng ika |
 maknanipun apan enak sajati |
 dene ta muratirèku |
 kang rumêsêp sanyata |
 rahsanira mangkya ta ingkang tinutur |
 bangkit sung enak kewala |
 maring sasamèng dumadi ||
28. Dhapur Putri-sinaroja |
 maknanipun punika amêpaki |
 dene murade sumurup |
 mungguh ing rahsanira |
 manungsèku awarna-warna satuhu |
 kang plêg padha nora-nana |
 mêthi ana seosnèki ||
29. Karna-tinandhing ingandhar |
 de maknane punika ingkang sami |
 murade panasing kalbu |
 rahsane sabên dina |
 kudu rêbut pangawikan tanpa rampung |
 datan nana kang kasoran |
 dènnira arêbut titih ||
30. Têbu-sauyun pungkasan |
 maknanira uriping nyawa iki |
 murade patrap linuhung |
 dene ta rahsanira |
 manungsèku kudu micara kang jujur |
 kang condhong padha rahsanya |
 ywa ngèyèl sabarang pikir ||
31. Kinom Mantaram ngandika |
 sampun jangkêp tridasa kathahnèki |
 dhapuripun ingkang dhuwung |
 angling Pangran Têmbayat |
 sampun cocog lawan kaèngêtan-ulun |
 mugi kêparêng mêdharna |
 busananing kanang kêris ||
32. Kinom mèsêm mêdharsabda |
 busananing curiga pinarinci |
 wujud Warangka rumuhun |
 iku kayu sanyata |
 têngbung Arab puniku jatining Kayun |
 sajaratil-yakin ingkang |

Jilid 3 - Kaca : 265

pasthi urip nora mati ||

33. Kang ingaran Godhong ika |
jiwanira loro-loroning tunggil |
Gusti lan kawulanipun |
kudu sa-abipraya |
kang ran Angkup têngêse kudu tuwajuh |
sumungkêm ngrasèng kawula |
tuwakup marang ing Gusti ||
34. Lapal wujud aran latha |
lalêthêking athi-athinirèki |
mangkya Ri-cangkring winuwus |
yaiku pundhakira |
dene ingkang ingaran Gandur iku |
pan dèdêg pangadêgira |
papêsthèn saminirèki ||
35. Kang ran Pêndhok jarwanira |
ingkang andhok tata kramanirèki |
Kandêlan têngbung kramèku |
wêrdine ing tyasira |
kudu ngandêl-kumandêl marang Hyang Agung |
gantya Kathèkan winêdhar |
panganti-antining Tokit ||
36. Mangkya Mèndhak têngêsira |
dèna bisa ngèndhakakên panggalih |
gantya Ukiran winuwus |
wêrdine tandhanira |
Gusti Maha Luhur kang ngluwihhkên sagung |
sawiyah kang ginunturan |
tartamtu tan kêna mukir ||
37. Tamat busananing katga |
dhawuhipun (n)Jêng Uwa Sunan Kali |
mênggah wujuding kang dhuwung |
praboting pangukirnya |
kawanlikur êbab kang wus ulun-galur |
tèblège ing badan kita |
ing lair tanapi batin ||
38. Sasampuning paripurna |
parincine jumênêng aran Kêris |
mula ran Kêris puniku |
sajatine kékêran |
ing ngèlmune tinartamtu kudu wêruh |
asli tinggalan wong tuwa |
wasiyat arannirèki ||
39. Mula kramane ingaran |
Dhuwung iku de lowung têngêsni |
Wangkingan kramane luhur |
nèng wingking panggènannya |

Jilid 3 - Kaca : 266

dene Kêris aran sangkêlat puniku |
ing sajati-jatinira |
kudu-kudu disêngkêlit ||

40. Dhapur Sabuk-intên ika |
panyêngklite kudu nêng sabuknèki |
dhapur Panimbal puniku |
ngawruhana carita |
inggang uwus tumimbal mring liyanipun |
dhapur Jangkung panganggenya |
kudu jinangkung dèn-eling ||
41. Dhapur Supana jinarwa |
kudu pana marang ala lan bêcik |
sabarang kang dipunrasuk |
gantya dhapur Pandhawa |
panganggene nêng têngahing badanipun |
dhuwung Bêniwir dikiyat |
ywa lèmèr pan tan sayogi ||
42. Titi dhawuhe (n)Jêng Uwa |
mung puniku tan wontên malih-malih |
kang manjing prabot salangkung |
manjing dhapur tridasa |
pan sawêlas manjing busananing dhuwung |
manjing katrangan sadaya |
sêkar Pocung kang gumanti ||

237. Pocung

1. (n)Jêng Pangeran Têmbayat sru sukèng kalbu |
manthuk-manthuk lingnya |
ki raka samangke inggih |
sampun èngêt ananging prayoginira ||
2. Rêhning ulun ngèlmu kêpèk basanipun |
tan kadi ki raka |
èngêtan turut patitis |
bêtèk ulun tinakdir dhasar supenan ||
3. Yèn ki raka kaparêng prayoginipun |
tinrap ing pèngêtan |
mupung wontên kang nyêrati |
pun Cêbolang ngiras kadamêl panancang ||
4. Supadose nêng Têmbayat radi dangu |
hèh kulup Cêbolang |
muga dhangana kang ati |
anulisi pangandikane ki raka ||
5. Kaya kang wus kawêdhar bab kêris mau |
Cêbolang manêmbah |
sandika darmi nglampahi |
nanging awon ngêri sêratan kawula ||

Jilid 3 - Kaca : 267

6. Mênggah ingkang dados kaparênging kalbu |
sastra Jawi Arab |
(n)Jêng Pangran ngandika aris |
lah tulisên ing sastra Arab kewala ||
7. Kiyai Nom angandika sira kulup |
bêgja kamayanan |
tambah kawruhira kaki |
kang sinung ling manêmbah sru sukaning tyas ||
8. Yayi Pangran kadiparan kajêngipun |
Sangat Kanabeyan |
nadyan sami Amad-nèki |
wontên ingkang pinilih tur pinilala ||
9. Amad wau sanadyan tatal rahayu |
botên pinilala |
ngupados Amat rijêki |
awit pêcak sawêlas pot mancêr surya ||
10. Pangran angling pancèn wontên kajêngipun |
bilih tan kalepyan |
sabarang kang Sangat Nabi |
watêkipun kadi ta ingkang winahya ||
11. Sangat Amat rangkêpanira Pitutur |
purnamaning surya |
pêcak salikur potnèki |
gathita sad tabuh astha êpotira ||
12. Watêkipun nênggih ing waktu puniku |
sring dèn-inèng jalma |
pinaido ing sasami |
tuwin asring jinagal sasaminira ||
13. Amat Pacak-wêsi rarangkêpanipun |
wit sêlikur pêcak |
têkèng pêcak sawlasnèki |
gathitastha satêngah sawlas potira ||
14. Watêkipun asring jinajal lalêmbut |
kalawan manungsa |
dènnira samèng dumadi |
milanipun dwi Amat tan pinilala ||
15. Sangat Amat-Rijêki rangkêpanipun |
wit pêcak sawêlas |
cêping bêdhug êpotnèki |
wit satêngah sawêlas bêdhug potira ||
16. Watêkipun keringan samèng tumuwuh |
sabarang istijab |
tan na manggih walangati |
mung puniku Amad ingkang pinilala ||

17. Sangat Amat Kalangan rangkêpanipun |
 wit manjêring surya |
 wanci andhap êpotnèki |
 tabuh dwiwas satêngah catur potira ||
18. Watêg nora kajèn kalaran tyasipun |
 Amat Tatal harja |
 andhap tumêkèng saratri |
 watêkipun sami kaliyan ing ngarsa ||
19. Jabarail Rijêki rangkêpanipun |
 purnamaning surya |
 pêcak salikur potnèki |
 gathita sad tabuh astha êpotira ||
20. Watêkipun sajroning dèrèng pot wau |
 rosa budinira |
 kandêl dhatêng samukawis |
 tyas santosa tan na tilar ing duduga ||
21. Jabarail Kalangan rangkêpanipun |
 wit salikur pêcak |
 pêcak sawêlas potnèki |
 gathitastha satêngah sawlas potira ||
22. Watêkipun jirèh mring sadayanipun |
 tanapi rumangsan |
 tampan-atèn ing sakalir |
 mila asring salah surup ing pamanggya ||
23. Jabarail Salamêt rangkêpanipun |
 wit pêcak sawêlas |
 cêping bêdhug êpotnèki |
 wit satêngah sawlas bêdhug êpotira ||
24. Watêkipun sinung kabêkjan sawêgung |
 darajading rosa |
 kinuwatakên ing Widdhi |
 wantu-wantu paringing Hyang Maha Nasa ||
25. Jabarail rangkêpanira Pitutur |
 wit manjêring surya |
 praptèng andhap êponèki |
 awit bêdhug satêngah catur potira ||
26. Watêkipun sinung dalajad wong agung |
 linuhurkên marang |
 sasama-samèng dumadi |
 lumastari sêpi kanang kara-kara ||
27. Jabarail Pacak-wêsi tatalipun |
 awit wanci ngandhap |
 praptèng purnamaning rawi |

Jilid 3 - Kaca : 268

- wit satêngah sakawan sadalu pisan ||
28. Watêkipun anggung kangèlan sakayun |
sabarang rêkasa |
tunadungkap ing pambudi |
wus dilalah têka tan ana kang gampang ||
29. Sangat Brahim Salamêt rangkêpanipun |
purnamaning surya |
pêcak salikur potnèki |
gathita sad tabuh astha êpotira ||
30. Watêkipun dènêla-êla wong agung |
ingeman ing kathah |
jalu èstri ngêmi-êmi |
solah tingkah sinung èngêt ing Hyang Suksma ||
31. Sangat Brahim rangkêpanipun Pitutur |
wit salikur pêcak |
pêcak sawêlas potnèki |
gathitastha satêngah sawlas potira ||
32. Watêkipun dilalah karsèng Hyang Agung |
sring-asring dènarah |
mring sama-samèng dumadi |
bilaine pamrihe aywa widada ||
33. Sangat Brahim Pacak-wêsi tatalipun |
wit pêcak sawêlas |
cêping bêdhug êpotnèki |
wit satêngah sawêlas bêdhug potira ||
34. Watêkipun apan ta satuhu sinung |
warising gaweyan |
kang murka-angkara budi |
wus dilalah karsaning Hyang kang mangkana ||
35. Sangat Brahim Rijêki rangkêpanipun |
cêp bêdhug witira |
praptèng andhap êponèki |
mancêr surya satêngah catur êpotnya ||
36. Wawatêke rosa ing bubudènipun |
myang sinung dalajad |
sapantêse gêsangnèki |
myang jumbuhing kalawan watêkanira ||
37. Sangat Brahim Kalangan rangkêpanipun |
awit wanci andhap |
praptèng purnamaning rawi |
wit satêngah sakawan sadalu pisan ||
38. Watêkipun sinung dalajad satuhu |
tansah kinèdhêpan |

Jilid 3 - Kaca : 269

- marang sasamèng dumadi |
ajrih asih ing lair batin rumêksa ||
39. Sangat Yusup Pacak-wêsi tatalipun |
purnamaning surya |
pêcak salikur potnèki |
gathita sad tabuh astha êpotira ||
40. Watêkipun nora sakeca satuhu |
gung siniya-siya |
tan ana kang wêlas asih |
rinèmèhkên marang ing sasama-sama ||
41. Sangat Yusup Rijêki rangkêpanipun |
wit salikur pêcak |
sawêlas pêcak potnèki |
gathitastha satêngah sawlas potira ||
42. Watêkipun sasolah-solahe patut |
pan dadi penganan |
nora nana kang ngewani |
sakèh jalma anganggêp dadya tuladha ||
43. Sangat Yusup Kalangan rangkêpanipun |
wit pêcak sawêlas |
cêping bêdhug êpotnèki |
wit satêngah sawêlas bêdhug potira ||
44. Watêk luhur kèdhêp ing parentahipun |
tan ana kang malang |
miturut sakalir-kalir |
tinampanan kalawan sukaning manah ||
45. Sangat Yusup Salamêt rangkêpanipun |
cêp bêdhug witira |
praptèng andhap êpotnèki |
mancêr surya satêngah catur potira ||
46. Watêkipun apan sinung donya agung |
myang rijêki kathah |
kuwasaning Hyang Linuwih |
sanak kadang samya sung sakuwasanya ||
47. Sangat Yusup Pitutur rangkêpanipun |
awit wanci Ngasar |
praptèng purnamaning rawi |
wit satêngah sakawan sadalu pisan ||
48. Watêkipun sasolahe nora patut |
pan anggung cinacad |
boya wontên kang nyondhonggi |
wus dilalah kwasaning Allah Tangala ||

Jilid 3 - Kaca : 270

49. Ngijrila Kalangan rangkêpanipun |
purnamaning surya |
pêcak salikur potnèki |
gathita sad tabuh astha êpotira ||
50. Watêkipun kathah rêncana tinêmu |
dumadya sandhangan |
tinartamtu (m)balenjani |
sayogyane siningkirana kewala ||
51. Ngijrila Salamêt rangkêpanipun |
wit salikur pêcak |
sawêlas pêcak potnèki |
gathitastha satêngah sawlas potira ||
52. Watêkipun kangelan barang kinayun |
(ng)gayuh-(ng)gayuh tuna |
tuna-dungkap ing pambudi |
miwah datan antuk sakèh kabêcikan ||
53. Ngijrila rangkêpanira Pitutur |
wit pêcak sawêlas |
cêping bêdhug êpotnèki |
wit satêngah sawêlas bêdhug potira ||
54. Watêkipun datan awon nora sarju |
mring sêdêkah karya |
tanapi dènsêdêkahi |
ing sasami asung makatên kewala ||
55. Ngijrailun Pacak-wêsi tatalipun |
cêp bêdhug witira |
praptèng Ngasri êpotnèki |
mancêr surya satêngah catur êpotnya ||
56. Watêkipun kêncêng tyas (n)darung (m)brêgundung |
tan darbe pangeman |
nir pamikir têmbe wuri |
wus dilalah duga prayoga katilap ||
57. Ngijrailun Rijêki rangkêpanipun |
awit wêktu Ngasar |
praptèng purnamaning rawi |
wit satêngah sakawan sadalu pisan ||
58. Watêkipun ing sabarang tindak-tanduk |
tan saranta ing tyas |
amrih bilaining janmi |
sampun tamat kang tan yoga tambahana ||

Jilid 3 - Kaca : 271

238. Gambuh

1. Kyai Nom lingira rum |
sawêg mangkya rakanta pikantuk |
pradikane kang winastan Sangat Nabi |

- mrih gampil pamilihipun |
ingkang prayoga linakon ||
2. Tanggal sapisan jumbuh |
jam sawêlas nêmbêlas salikur |
myang nêmlikur Amat Pitutur madyèki |
Yusup Salamêt linuhung |
punika tuhu kinaot ||
3. Tanggal ping kalih iku |
kalihwêlas pitulas rolikur |
pitulikur antuk Jabrail Rijêki |
Yusup Kalangan puniku |
Amat Slamêt yèn kabutoh ||
4. Tanggal tri myang asthèku |
tigawêlas wolulas trilikur |
wolulikur Ibrahim Slamêt madyèki |
de Yusup Rijêkinipun |
saèstu langkung kinaot ||
5. Tanggal ping pat nawèku |
kawanwêlas sangalas patlikur |
sangalikur Amat Rijêki prayogi |
ka-dwi Jabrail Pitutur |
Brahim Kalangan kabutoh ||
6. Tanggal lima sapuluh |
gangsalwêlas dwidasa salangkung |
tigangdasa Jabrail Slamêt utami |
Ibarim Rijêkinipun |
pan namung madya kemawon ||
7. Punapa sampun dhaup |
ngling (n)Jêng Pangran inggih sampun rujuk |
hèh Cêbolang panulismu babing Kêris |
iku kalamun wus rampung |
Sangat sambungna ing kono ||
8. Cêbolang nêmbah matur |
nuwun inggih sandika pukulun |
nahên sampun wanci Luhur radi akir |
Kinom maring pondhokipun |
Cêbolang sampun mirantos ||
9. Papan myang mangsinipun |
wus sinêrat Kyai Nom kang nuntun |
awit siyang tumêkèng ing wanci Mahrib |
ing dalunira linêmbur |
têngah ratri sampun dados ||
10. ênjang bakdaning Subuh |
sêrat katur Pangran sukèng kalbu |
ngandika lon kulup yèn panudyèng ati |
mêngko bêngi wêton-ingsun |

adate kang wus kalakon ||

11. Mancapat kadang karuh |
lawan santri gêng alit gumrubyug |
padha mreng kalawan eklasing ati |
têngah wêngi banjur kêmbul |
kêndhuri minangka sugoh ||

33 Kalêrêsan ing dintên wiyosanipun P. Têmbayat kawontênakên wilujêngan.
Kados adat kathah têtayang sami sowan. Mas Cêbolang sarencangipun
mitontonakên kasagêdanipun mawarni-warni, kalêbêt "sihir" ingkang damêl
eramipun tiyang kathah. ...
kaca 272-292.

Jilid 3 - Kaca : 272

12. (m)Bok iya sira kulup |
tarêbangan sung sênênging kalbu |
lagu Jawa pirabara dijogèdi |
lan ngêtokna sakarêpmu |
kang elok-elok tinonton ||
13. Apa pirantinipun |
anjaluka ywa nganggo pakewuh |
nadyan gawe tarub ingsun amarêngi |
Cêbolang nêmbah umatur |
nuwun sandika sadhawoh ||
14. Muhung sadêrmi ulun |
anglampahi sabda kang dhumawuh |
pan katungka Kyai Nom marêg mangarsi |
(n)Jêng Pangran mêdharkên kayun |
manadukara Kyai Nom ||
15. Amung panyuwunulun |
sabibaring parameyanipun |
kalilana ulun mantuk mring Mantawis |
Cêbolang sarencangipun |
(n)dumugèkkên dènnira (n)don ||
16. (n)Jêng Pangran mèsêm muwus |
dhuh ki raka karsa kang kadyèku |
sakalangkung prayogi rumêksèng wuri |
kalêjême sampun dhaup |
Cêbolang mundur wotsinom ||
17. Pinanggih santri catur |
mêdharakên dhawuhe sang wiku |
nulya sami tumandang anambutkardi |
damêl tarub dhapur kampung |
ngajêng pandhapa tan adoh ||
18. Balungan pring sadarum |
payon janur-kuning ijêm sêpuh |
saka blandèr ginubêt buntal sinêling |
runcèn blarak kêpoh nyamplung |

sabên pring sadêdêging wong ||

19. Si bale-kampung kêmput |
ingkang wetan sinung èmpèr kêmput |
panggènaning Cêbolang lan santrinèki |
klapa sajanjang gumandhul |
nèng têngahing kampung manggon ||
20. Klapa satabonnipun |
ginantung nèng balandar lèr pintu |
kidul pintu wetan kilèn samya katri |
sadaya sinungan wuluh |
tumancêp dumugi bathok ||
21. Tatarub ingkang ngayun |
sinung kadi gapura linuhung |
rina-rêngga sanginggil katiyu mawi |
runcèn jarak abrit pingul |
pinindha sastra Rab kaot ||
22. Mungêl wilujêngipun |
ingkang samya ningali sadarum |
panggarape wisma myang rarênggannèki |
wit injang tumêka bêdhug |
paripurna amirantos ||
23. Kang nyambutkarya amung |
Mas Cêbolang lan santrinya catur |
tan rêkasa sarèh tanduking kang kardi |
sakathahing bau dhusun |
dhêlêg-dhêlêg nyawang (n)dongong ||
24. Mancapat lima sampun |
mirêng warta lamun mangke dalu |
wiyosannya Kangjêng Pangran apan mawi |
lalangên tarêbang sinung |
langên-taya jalu wadon ||
25. Warta tumular kabur |
kang atêbih dupi samya ngrungu |
dyan umangkat anak rabi dènbêktani |
kang kamargèn gugup anut |
tumuntur samya yun anon ||
26. Ing wanci waktu luhur |
awit dhatêng tan na kèndhatipun |
kadi pasar tèmawon swaraning jalmi |
lagya umiyat ing tarub |
erame tan pèdhot-pèdhot ||
27. Mas Cêbolang mangayun |
mangênjali matur sampun rampung |
panggaraping tarub myang rarênggannèki |
utawi isarat-masrut |

Jilid 3 - Kaca : 273

sadaya sampun mirantos ||

28. (n)Jêng Pangran manthuk-manthuk |
kanthèn asta lan Kinom Mantarum |
mariksani tarub kang rinêngga asri |
sukèng tyas ngandika arum |
Cêbolang pamintaningong ||
29. Wong kang padha yun wêruh |
aywa nganti cêdhak lawan tarub |
lawan aja ana kang mungguh pandhapi |
tanapi agawe rusuh |
lanang wadon aywa awor ||
30. Nuhoni uninipun |
salamête kang nonton sadarum |
Mas Cêbolang ngawe kanca catur santri |
dhawuhkên timbalanipun |
(n)Jêng Pangran kang wus kawiyos ||
31. Tumandang santri catur |
ngulur lawe wênang ginancêng wus |
kawit padon paregolan kanan kering |
tumêka satêngahipun |
palataran sinung pathok ||
32. Salèring pathok wau |
sinung pathok rong dhêpa lêtipun |
ginancêngan lawe praptèng kidulnèki |
bale wangunan lêtipun |
sapta dhêpa sinung pathok ||
33. Lawe wênang ingulur |
ngetan ngilèn pantog cêpuri wus |
inggilira sawudêl dyan dènbandhuli |
cêngkir bluluk miri jêbug |
pinatut pating garendhol ||
34. Nurwitri muwus asru |
sanak-sanak èstri lawan jalu |
sanak èstri kang kilèn panggènnèki |
ingkang wetan sanak jalu |
kang sinung ling nulya manggon ||
35. Kang nêmbè dhatêng laju |
ingkang jalu mangetan sadarum |
èstri ngilèn dene ingkang caos bèkti |
myang batih kulawargèku |
kang jalu dènnira manggon ||
36. Nèng kiwa têngènipun |
myang ngajênging tarub wangunan gung |
ingkang èstri manggèn èmpèring pandhapi |
myang lère bale pinatut |

Jilid 3 - Kaca : 274

jalu èstri timpuh nglesot ||

37. Nabên ta wanci surup |
para santri mring masjid gumrubyug |
srambi bèntêt balèbèr plataran masjid |
(n)Jêng Pangran satamunipun |
maring masjid sakaloron ||
38. Cêbolang santri catur |
tan na kari samya atut pungkur |
praptèng masjid nulya samya toyastuti |
minggah maring srambi laju |
maos slawat alalagon ||
39. Bêdhug tinêmbang sampun |
Mas Cêbolang adan nganyut-anyut |
bakda adan sadaya sunat Mahribi |
rampung sunat kamat gupuh |
ing wêktu tan cinariyos ||
40. Nahan kang ayun (n)dulu |
bèntêt manggèn kang wus tinartamtu |
nuju panglong pêtênge angliliwati |
parandene tan na numbuk |
maring gawar katon mêlok ||
41. Sawênèh ana muwus |
priye kiye apa ta kaliru |
apa wurung ora sida bêngi iki |
nanging pasang rakitipun |
wèh giris kabèh kang nonton ||

239. Girisa

1. Sigêg ramening wicara |
kang samya wêktu wus bakda |
(n)Jêng Pangran ngandikanira |
hèh Cêbolang dhisikana |
lawan papat santrinira |
wus paring idi manira |
aywa pakewuh ing karsa |
pinarêngna ing Hyang Suksma ||
2. Nêmbah mundur Mas Cêbolang |
praptèng paregolan sigra |
cêngkir kalih kang ginantang |
anèng padon kering kanan |
sinulêt byar lir sasangka |
sorot nurut lawe wênang |
bluluk cêngkir kang ginantang |
kaampiran sorot padhang ||
3. Sumunar pindha sudama |
kagyat kang samya uninga |
lêjar sungkawe sirna |
alok surak umyung samya |

- pamuwuse warna-warna |
ana gèdhèg tutuk mênga |
wênèh nyablèki rowangnya |
eram sakèhing kang jalma ||
4. Plataran sawang lir siyang |
santri papat lan Cêbolang |
lumêbêt mring pambrukutan |
Pangran lan Kinom Mantaram |
saking masjid wus tumêdhak |
pra ngulama pamêthakan |
santri miwah kulawarga |
kêbut umiring sadaya ||
5. Praptèng jroning paregolan |
janjangan têngah wangunan |
sadaya wus sinulêdan |
murup lir dilah krompolan |
sunaring latu manampak |
klapa nyamplung miri jarak |
sarêng murupnya sumunar |
ting palêtik ting palênçar ||
6. Kang wor buntal pindhanira |
trangana katawêng ima |
ri kang pinêtha aksara |
sumorot mawarna-warna |
ijo rêta pita seta |
lir oncèn-oncèn sosotya |
mungêl asung salamêtnya |
kang samya mulat sadaya ||
7. Surak malih sakèh jalma |
saya eraming wardaya |
barung lawan ungêlira |
tarêbang binarung swara |
Tokung-tokung gèndhingannya |
Kyai Nom dupi miyarsa |
angguguk gumuyu suka |
Pangran Bayat atatanya ||
8. Ki raka gèndhing punapa |
lagune langkung sakeca |
yayi gèndhinge punika |
Tokung-tokung namanira |
wontên bambang saking arga |
nanging bambang pikun tuwa |
ting kathêmêk suku jaja |
bambang parêk lan maotnya ||
9. Pangran dyan lênggah pandhapa |
lawan Kinom Ngèksiganda |
ngulama wadu wandawa |
nèng kering kanan sumewa |
para èstri anèng ngarsa |

pinilih panggènnira |
wus tata sapantha-pantha |
nahên ta ingkang winarna ||

10. Kang pinatah langên-taya |
Mas Cêbolang buka swara |
arum wilêt lintas cêtha |
cingak kang samya miyarsa |
ri kang sêkar Madurêtna |
salendro pathêt manyura |
dhawah ing pada anulya |
gêndhing Kuwung-kuwung nulya ||

Jilid 3 - Kaca : 276

11. Mangkana kang ayun bêksa |
Nurwitri ngrasuk busana |
pindha dyah endah kang warna |
ing wanci rumajaputra |
gêmu ingkang payudara |
pinapantês kang busana |
tan ana ingkang kuciwa |
liringa galak mrakatya ||

12. Mèdal saking ing guthaka |
kadi sirna kinêdhèpnya |
ganda rum mananduk grana |
praptaning têngah pandhapa |
mêndhak mèsêm patrapsila |
mêpês nguncupakên asta |
horêg kang samya uninga |
kinira wadon sanyata ||

13. De pindha apsari swarga |
kang myat samya nahên brangta |
pangirane warna-warna |
apa si nèh rungèng desa |
apa ta rungèng nagara |
kapan ane (ng)gonne prapta |
de tan ana kang uninga |
baya nyeluman mas-rara ||

14. Kang apindha Wilutama |
nêmbah ngadêg kadi teja |
nulya jêjêr lan ambêksa |
malêtêr patayanira |
wiraga kèh cingkokira |
liringe apinda kilat |
sung ulat kang samya miyat |
mèsêm sumêbar warata ||

15. Gandrung-gandrung kang kataman |
nadyan ngulama pêthakan |
tangawut ambal-ambalan |
kaki-kaki myang somahan |
dhudha tanapi jêjaka |

ting balêkèr mrih kawuryan |
ngadhuh dhèdhèm sasingsotan |
wènèh (n)dongong carocosan ||

16. Ngêmpakakên pangasiyan |
karaos lamun kapadhan |
manthêlêng mathênthêng mapan |
nyuwara tanpa riringa |
mêngko yèn uwis bubaran |
dak mati yèn tan nganthiya |
dhuh-dhuh kalulut manira |
ywa ngêmbang pace ni sira ||

17. Kang sami anunggal karsa |
ewa mlengos muwus sora |
kok apik mung janji mênga |
kang liningan sangsayarda |
dènyya mêmanas sasama |
kang tyas butêngan gya kurdha |
cinêpêng gagithokira |
tinêkak mèh klêngêr tuwa ||

18. Plikikên pucêt rainya |
tumungkul tan sabawa |
kang tumambirang wayahnya |
manthuk-manthuk kadi beka |
ngêsês mrinding angganira |
kadi campuhing asmara |
gumlogok wêdaling rahsa |
mrêngèngès nguyuh badhama ||

Jilid 3 - Kaca : 277

19. Mak nyok kêmbroh sruwalira |
parandene isih beka |
manthuk-manthuk sru gambira |
kêmêng kapèpèt ing wastra |
kaku tyase gya liniga |
sêne ngêthuri ngarsanya |
misuh badhonge (m)bok dika ||

20. Tan ngêmungkên jalma priya |
kang samya kataman brangta |
sanadyan para wanita |
kasmaran maring kang bêksa |
sigêg kang mulat sadaya |
nahên ta ingkang winarna |
barunganing anung swara |
sinawung Mijil sêkarnya ||

240. Mijil

1. Kukuwunge ingkang anêlahi |
pramudita kaot |
kisma miyat supaya jayane |
ing ngalaga tejanira wingit |
amurwa mandra di |

ing kusuma luhung ||

2. Duhkitèng tyas sri maha narpati |
mangarang wirangrong |
kaoncatan ing tyas kararase |
mentar mènghêt pamêngkuning batin |
amung kang kalingling |
Insan-kamilipun ||
3. Kawirêjan amung kang kaèsthi |
mungkêt driyaningong |
tyase kadi tumuntur rasane |
sak tar kentar ing dalu umijil |
katonton rêsmining |
wulannya mawêlu ||
4. Lintang roro angapit rêngganing |
sasangka sri tinon |
rangu-rangu amirangrong rongèh |
miyat ing tranggana moring sasi |
ketang ri sang adi |
tyasira kumênuyut ||
5. Tyasira kadi kentir sumilir |
kadya mèsatingong |
sumiyut saking ing jro purane |
cumalorot pratistha nibani |
lor-wetanirèki |
saking doh kadulu ||
6. Sirêm-sirêm diwangkara riris |
arise sumorot |
mêrês rarasing wardaya kiye |
gêtêr-patêr sru munya mêlingi |
sasmitèng wiyadi |
aja anggung wuyung ||
7. Aliwêran ingkang kilat thathit |
amarwasèng panon |
prabawanira wong sru brangtane |
adan prapta maruta sumilir |
sang brangta muriring |
kêkês driyanipun ||
8. Apuyêngan ciptane ing ati |
gêtêr tyas sru kepon |
kanangsaya ri sang pinarjayèng |
rimang kapan baya ingsun iki |
anguswa rarasing |
puspitanirèku ||
9. Supayane iya ngusadani |
larasmaraningong |
singa wastra upama rêgane |

Jilid 3 - Kaca : 278

- basa nawala tumanên ugi |
suda-a ing ati |
laku kang tan sarju ||
10. Darmaita sujana amardi |
pangumbaring kawroh |
amrih marta ing driya wêkase |
kamranira ingkang awawadi |
amriha mudhari |
tyasira kang punggung ||
11. Bayêm harda tanaya madyaning |
Wiratha sang katong |
mari antêng brangta wiyogane |
apan datan sawatara manis |
rêngga satriya di |
Lesanpuranipun ||
12. Sêtyanana yèn mariya maring |
sira raganingngong |
tirtamaya marganya ginawe |
ninging driya pan datan angalih |
namung sira ugi |
kang tansah kadulu ||
13. Bayantaka satriya kang adi |
pinardikèng katong |
mati anglês raganingsun kiye |
yèn sira tan palimarmèng dasih |
pala rêta satri |
ya unggul jayèku ||
14. Sun bang-êbang bisa misesani |
ing lair myang batos |
sanadyan ana prapta pamane |
cobaning tyas pan aja kagimir |
dènmantêp ing ati |
dènêngkuh dènbakuh ||
15. Lalu mangsa panusuling jurit |
yèn kasepa babo |
ambantoni ing larasmarane |
jayèng toya putra Cêmpala di |
sapa baya ugi |
ngêjum tyasta wuru ||
16. Barat sirat pasewakan adi |
jro nayaka katong |
wus kapupus ing driya rasane |
amung nganti sihira kang asih |
made atma pamrih |
baea srênggarèku ||
17. Kangêningsun mapannora kêni |
yèn ririhna ingong |

sari seta iya apadene |
wong agung ingkang lagya cangkrami |
tan kapara ugi |
sih manira agung ||

Jilid 3 - Kaca : 279

18. Nata dewa kursi lawan sikil |
dênta ingkang kaot |
amung sira kang dadi paranne |
trêsna manira tan kêna ngalih |
trusing lair batin |
mung mring sira masku ||
19. Iramanya sêsêg sawatawis |
tan dangu ngandhêlong |
tandya suwuk kang ngabêksa lèngsèr |
lumêbêt ing guthaka rinêmit |
kang samya ningali |
lir tinilar lampus ||
20. Kiyai Nom atatanya ririh |
sintên ingkang gambyong |
Pangran Bayat mèsêm lon dêlinge |
pun Nurwitri kang amindha putri |
sintên kang mastani |
yèn puniku jalu ||
21. Akalipun Ki Cêbolang mamrih |
sukaning kang anon |
Kinom (ng)guguk dhasar bocah blatèr |
santri mènçul samubarang bangkit |
Ki Saloka mijil |
kang arsa anjantur ||
22. Saka papat nulya dèn kênthengi |
sadêdêging uwong |
lawe wênang tundha tri kênthênge |
kukurungan sawung dènbrukuti |
pinasang têngahing |
saka-guru catur ||
23. Panging klayu dhuwêt langsêp wuni |
samya katutan woh |
pan sinami saha sapanjange |
tinanêm ing bumbung êpring ori |
pinêrnahkên mungging |
ing papadon catur ||
24. Sawusira sampat amiranti |
sanggyaning kang prabot |
dupa ratus kumêlun kukuse |
gêndhing Pêtung-wulung dènsalahi |
slegrêng irêng pêtêng |
wulung godal-gadul ||

25. Ki Saloka nulya angurungi |
 pêthètan nèng pojok |
 gantya-gantya wus kawratan kabèh |
 duk binuka mindhak agêng inggil |
 wohe samya (n)dadi |
 ngrêmbaka ngrêmbuyung ||
26. Wangsul maring satêngah pandhapi |
 sêmbêt langking bagor |
 linorengan angus kunir (n)jêtte |
 linêbêtkên mring kurungan aglis |
 ingubêngan ping tri |
 matêg Alwasingu ||
27. Dyan binuka mêdal kanang langking |
 juaranthal malangkronk |
 nèng wit dhuwêt mamangsa uwohe |
 ngenak-enak nèng êpang amêthil |
 kurungan dènambil |
 Ki Saloka mundur ||
28. Singa lorèk nèng têngahing panti |
 tilêm anglêgorong |
 lutung miyat (n)jêpiping kupinge |
 lir likasan solahe anèng wit |
 mêre cumalêring |
 sima kagyat wungu ||
29. Duk umiyat lutung kang nèng uwit |
 dyan krura mangkorog |
 udakara agênge sagudèl |
 gora swara gambira ngajrihi |
 mangrangsang unggyaning |
 lutung mlembar gupuh ||
30. Nging tan bangkit amarojol saking |
 kênthêng lawe kaot |
 lutung mêre singa anggromame |
 wit sakawan lir kadrêsan angin |
 rontog wohe sami |
 adoh tibanipun ||
31. Kang samya non gègèr amalêncing |
 rêbut dhucung miyos |
 gundam-gundam lir kabur solahe |
 jroning (ng)gêndring èngêt kang angibing |
 nolèh dupi uning |
 sima lir kinurung ||
32. Samya wangsul gumarubyug sami |
 alok kêplok-kêplok |
 dhuku dhuwêt wuni klayu lèsèh |
 nèng plataran gupuh angambili |
 wrata sakèh jalmi |

Jilid 3 - Kaca : 280

sumyah angalêthus ||

33. Sima sayah mogok kêmpis-kêmpis |
lutung nyaut gupoh |
suku pungkur tugêl bêl kalihe |
kantun suku ngajêng gya lumaris |
lincak-lincak maring |
sangandhaping lutung ||
34. Nèng wit dhuku mlebar dènwradini |
sima kêlong-kêlong |
dyan sinaut suku kakalihe |
gumalundhung malumah angisis |
siyung mangap kadi |
guwa kang asirung ||
35. Lutung nèng pang sayah angathêmil |
wêweka tan paos |
êpang sêmpal si lutung tibane |
nèng tutuking sima angingkêmi |
bokong suku wuri |
ginigit wus rampung ||
36. Tangan lutung kakalih ing ngarsi |
nyangkrêm mata karo |
singa pêjah lutung kèsèr-kèsèr |
sênthuk-sênthuk luhira drês mijil |
kang samya ningali |
suka wlas kêlangkung ||
37. Sukaning tyas lutung unggul jurit |
baima macêthot |
wêlas maring lutung de sikile |
kari ngarsa kesodan lumaris |
napas mêmpis-mêmpis |
(m)barêbêl ingkang luh ||
38. Nulya ngamplok marang witing wuni |
dumadakan êsol |
mring wit dhuwêt nalika pinènèk |
dhuwêt rubuh lutung mancolot ring |
wit dhuku nguncati |
rêbah tandya lutung ||
39. Nèng wit klayu nèng paragak aring |
tan na dangu ruboh |
andhingini si lutung tibane |
kabubuh wit si lutung ngêmasi |
rubuh ingkang uwit |
nyrèmpèt dilah gantung ||
40. Rêntah siji ambyar têtah bêsmi |
wiwitan myang layon |
latu ngurêng dadya awu kabèh |

rinêsikan wus tan na labêtîng |
sagung kang ningali |
gumyah gumun ngungun ||

41. Micarèng tyas aku apa ngimpi |
apa wêruh yêktos |
yèn ngimpia gene gênah jèngglèh |
yèn wêruha lir nèng jro pangimpin |
satanginging guling |
tan na labêtipun ||

42. Tan wun ucapên kang niningali |
panggasing batos |
Pêtung-wulung suwuk samya lèrèn |
ngaring-arîng tan antara nuli |
Rujak-sêntul muni |
têrbang kalih duduk ||

241. Mêgatrûh

1. Iyêg gumarênggêng jalma kang (n)dudulu |
ngayun-ayun kang umijil |
sinêsêg gêgêndhingipun |
malahanira mranani |
Rujak-sêntul dhenok-dhenok ||
2. Ki Saloka mêdal nèng sor dilah gantung |
manggul tumbu kêbak isi |
ron apa-apa lan tanjung |
sri-gadhing mlathi kumuning |
sinuntak mring jrambah gupoh ||
3. Ingidêran kaping tri sawusnya kêmput |
ginêtak sakèh ron dadi |
pêksi mawarna gya mabur |
glathik pêking manyar êmprit |
têrik baranjangan bondhol ||
4. Kakalangan nèng jro wisma kadi mêndhung |
pênuh ngalèbèr mring jawi |
angalèmprèh ibêripun |
ambyuk marang kang ningali |
pêksi dinêkêpan gupoh ||
5. Maratani kang anon sadaya antuk |
kanang paksi warni-warni |
parandene nora surut |
kang anèng jro wisma maksih |
kadi mêndhung agumolong ||
6. Ki Saloka ngrogoh gagembolanipun |
ron nangka ron kanthil putih |
ginêtak kalihe mabur |
dadya lap-alap sawiji |
kang sawiji pêksi bontot ||

7. Alap-alap ngrampit pêksi kang lir nêndhung |
bebas minangsa wus gusis |
kantun bontot cucuk-cucuk |
anèng jarambahing panti |
sinaut lir swiwi bodhol ||

Jilid 3 - Kaca : 282

8. Alap-alap krodha nyambêr malih luput |
dhawah jarambah wus lalis |
angganira anggalêpung |
samênir tan ana kari |
pêksi bontot colot-colot ||

9. Ki Saloka Nurwitri gya mêdal gupuh |
(m)bêkta tumbu anglo kêndhil |
solèt silêp kêkêp wadung |
bontot cinêpêng wus kenging |
pinaragat wadung gacrog ||

10. Binubutan rêsik wulunya kinumpul |
têlih mindhol-mindhol isi |
pari wulu mênthik arum |
sinuntak nèng tangan kering |
dadya wos pêthak mancorong ||

11. Pinususan nèng tumbu toya dènêtus |
pêksi cinuci barêsih |
wulu kang kinarya kayu |
mêrgangah lir arêng sambu |
ulam pêksi lawan uwos ||

12. Linêbêtkên ing kêndhil tinutup gupuh |
Ki Saloka myang Nurwitri |
nakir ron pisang kaluthuk |
karya rêge agêng alit |
tan antara dangu dados ||

13. Latu sirêp liwêt tinumplak mring tumbu |
kumêbul angganda gurih |
tumusing bras tungtum arum |
tumbu bêk ing kêndhil maksih |
ulam paksi ting pêrkongkong ||

14. Takir tusan nracak agênge sabêruk |
sêkul satumbu winradin |
-nakên ing takir sadarum |
papak lambe dèntumpangi |
siji-siji pêksi bontot ||

15. Ki Nurwitri manêmbah cumadhong dhawuh |
(n)Jêng Pangran suka lingnya ris |
ing kêndhil bageyaningsun |
dene kang wus anèng takir |
bagènên mring lanang wadon ||

16. Wus binage kacukup sadayanipun |
tirah sinungakên maring |
rarya lit-alit kang (n)dulu |
(n)Jêng Pangran ngandika malih |
lah Bismilah payo kono ||
17. Amangana ya iku sasuguhingsun |
kamurahaning Hyang Widdhi |
supangate Kangjêng Rasul |
barêkahdalêm sang aji |
saanane aywa rikoh ||
18. Kang liningan manêmbah samya ngathêkul |
kraos nikmat sadayèki |
saupa tan ana kantun |
ulam tirah dèn-gadhoni |
anggajih daging (m)puk mopol ||
19. Lisah gaji anèng takir kêmplung-kêmplung |
kimpling-kimpling pindha warih |
mawa ganda radi arum |
dènyuyup tirah sakêdhik |
pra samya kinarya wisoh ||
20. Kang nèng kèndhil tinampèn madharan sampun |
bale-wangunan wus rêsik |
suwuk gèndhing Rujak-sêntul |
gumrênggêng swaraning jalmi |
gumunne tan winiraos ||
21. Mas Cêbolang lawan santrinira catur |
kèndêl samya ngaring-arang |
nyambi nyanyamikanipun |
Ki Saloka nulya mijil |
bêkta awu kang nèng anglo ||
22. Kang saisih panti-wangunan tinanggul |
awu inggile rong nyari |
pananggule wusnya kêmpul |
mèndhêt upih kang wus isi |
ron kangkung lêmbayung jlegor ||
23. Sinêbarkên anèng jrambah kang tinanggul |
upih pinarnah nèng pinggir |
anglo mungging têngah munggul |
rampunging panatanèki |
tarêbang ginêmyung gupoh ||
24. Buka Nasrun minalahi wa padikun |
wa karibun wa basirin |
ya Allahu wal mukminun |
dhumawah gong dènsêlani |
maos salawat gumolong ||

Jilid 3 - Kaca : 283

25. Alahuma salingala sayidinu |
Mukamad ya Allah mugi |
olèha rahmattu |
ing atasing Gusti kami |
(n)Jêng Nabi Rasul kinaot ||
26. Jarambahe wisma kang tinanggul awu |
byar katon lir pendah rawi |
têngahing rawa pupunthuk |
bayak ulam warni-warni |
baita timbo sawiyos ||
27. wontên jalma kaki-kaki kêmpong pikun |
kathok kalèt tatêkên pring |
tandya manumpak parahu |
kitêr wilah nganan ngering |
ulam nglobak amancolot ||
28. Milar bar bêr cumlorot lir jawah awu |
dhawah sawijining panti |
alok surak kang andulu |
rayahan samya mên dhêti |
tan cinatur sukaning wong ||
29. Ulam gusis baita kêlêm ing ranu |
ki kêmpong pikun ngêlangi |
manêngah praptèng pupunthuk |
napasira kêmphis-kêmphis |
ngathêthêr dhawah (ng)galoso ||
30. Angrakêkêl kadi-kadi ayun lampus |
kang samya myat (m)brêbêsmili |
dahat wêlas sarwi muwus |
mêsakke têmên si kaki |
mêngko gèk kabanjur layon ||
31. Mêdal malih pawèstri kêlangkung ayu |
candrane lir Prabasini |
tumrun saking ing swarga gung |
mungwing sasisihing rawi |
busana sarwa kinaot ||
32. Lir katoran mên dhêng-mên dhêng riwe mên tul |
rarywan satêpining rawi |
pasuryan ngusapan sampun |
pindha sasangka (n)dhadhari |
sumunar katon mancorong ||
33. Sila panggung asta kang kering pinangku |
asta kanan anyêpêngi |
panasar sarwi tumungkul |
kacaryan wêninging warih |
gandrung-gandrung kang samya non ||

Jilid 3 - Kaca : 284

34. Angacêmong ayu iki karo mau |
 sandhinge bêngis nambungi |
 dak ngene rak ayu mau |
 hus tamatna sing mêticil |
 waspadakna digêgojog ||
35. Kang sawiji rêngkêng ngalêm ayu iku |
 sijine adrêng mastani |
 ayu kang mêtû karuhun |
 gumêdêr wawanan angling |
 purêngên tabok-tinabok ||
36. Inggang mungging têtèping rawi panuju |
 asung liring pindha thathit |
 sumèntêg ngênani kalbu |
 kang udrêg kadi sinapih |
 cêp mênêng adhêlog-dhêlog ||
37. Sang dyah rara sakeca nèng têtèpi ranu |
 nulya ana jalma prapti |
 bajang kulit (n)jêruk-purut |
 ulês cêmêng lir minangsi |
 gundhul untu ngringih katon ||
38. Irung têtèmpak bathuk banyak kuping pêtut |
 netra lèkok janggut nyathis |
 gulu cêndhak pundhak mringkus |
 gigir wusu bokong nyanthik |
 nyêkathokan suku pekoh ||
39. Iga mêtèr bèkèl malênthi kang wadhuk |
 udêl bodong mathênthêng brit |
 pangucapè grawul-grawul |
 pègat-pègat nora dêling |
 satuhu ratuning awon ||
40. Kang umiyat mangkorog gagithokipun |
 bajang pekoh marêpêki |
 nèng pungkuring sang dyah ayu |
 muwus manis mêtakati |
 babo hyang-hyanging paturon ||
41. Sosotya nung inggang apradapa wungu |
 baya mirah mulat adi |
 dak rêmêt dadi sigêndhuk |
 têtaka eman anèng riki |
 nyawa wawi kula pondhong ||
42. Sang dyah nolèh sru kagyat tyasnya kumêpyur |
 (n)dharodhog uncat lumaris |
 si Pèkoh tansah tut-pungkur |
 saparannè tinut-wuri |
 sayah mlaku (m)brangkang kesot ||

Jilid 3 - Kaca : 285

43. Sang dyah nolèh si Pekoh sinabêt sampur |
kapisanan anggalinting |
kinira kabanjur lampus |
sang dyah alon lampahnèki |
tan dangu tangi si Pekoh ||
44. Sang dyah ayu dumunung sajroning ranu |
dumadya sangêt gung brangti |
wayang-wuyungan ing kalbu |
winawas datan kaèksi |
gandrung-gandrung dhêlog-dhêlog ||
45. Ngunandika yèn dak tututana (n)jêgur |
durung karuwan pinanggih |
mangka nglangi nora bêcus |
jêro bangêt rawa iki |
tiwas mati tan kapanggoh ||
46. Dhuh woding tyas dak anti têtèping ranu |
sokur yèn kapanggih urip |
sanadyan nungul wus lampus |
nora dadi cuwa mami |
dak êntas dak onthoh-onthoh ||
47. Angathêngkruk nèng pinggir rawi gya ngantuk |
rarenggotan wus gumuling |
ngalekar lir bathang buthung |
napas slêkêp kêmpis-kêmpis |
ngorok kêrot aWirangrong ||

242. Wirangrong

1. Nahan ta kang nandhang atis |
ngaringkêl anèng pupulon |
kagyat amiyarsa jumêgur |
pungun-pungun linggih |
we rawa lir kinucak |
katon ana lembak-lembak ||
2. Pawèstri ayu linuwih |
kampul-kampul kadi turon |
Ki Kêmpong makanjar gya anggêbyur |
inggal amurugi |
dupi cêlak cinandhak |
sinunggi ginawa inggak ||
3. Wus binêkta mêngtas maring |
pupunthuk kang pindha pulo |
sang ayu pinangku dènêlus-êlus |
katon durung lalis |
mindhak-mindhak sumringah |
garing busana tan owah ||

Jilid 3 - Kaca : 286

4. Ki Kêmpong ngungun tan sipi |
(n)domblêh ilêre narocos |

- katon sêmunira gandrung-gandrung |
 pupuji rip-urip |
 jati-jati waluya |
 dakpèk garwa sira rara ||
5. Parang jaja kang kapidih |
 sumêkan katon mancorong |
 Ki Pikun kasunar (n)jêngêr (n)jêthung |
 ri sang pindha lalis |
 jati-jati waluya |
 netranira rêm-rêm sata ||
6. Uninga nèng pangkonnèki |
 Kaki Pikun kêmpong perot |
 giyuh ing wardaya ngadhuh-adhuh |
 paran awakmami |
 têka nora kaya-a |
 karsaning Hyang Maha Nasa ||
7. Lalakone awakmami |
 nguni yun pinèt wong pekoh |
 iki têka ana tanganipun |
 wong wus kaki-kaki |
 rupane tan mandra-a |
 sapuluh kinapakêna ||
8. Kawula amung sadarmi |
 nglakoni karsèng Hyang Manon |
 pirangbara benjang mênèk sinung |
 kamurahan Widdhi |
 kamulyan suka rêna |
 ing dunya praptèng dèlahan ||
9. Sang dyah wungu mangênjali |
 ngraub pada matur alon |
 dhuh sang sihing dasih sunaningsun |
 pun patik andasih |
 sumangga ing sakarsa |
 Ki Kêmpong dupi miyarsa ||
10. Sukèng tyas nyebong kang lathi |
 ngadêg nyat ambêkan gamboh |
 nglètèr angidêri sang rêtna yu |
 gantya kang winarni |
 si Pekoh kang anendra |
 jênggirat tangi uninga ||
11. Sang dyah wus nèng punthuk sarwi |
 jinogèdan Kaki Kêmpong |
 tandya krodha mangkrak manabda sru |
 [.] |
 iku rak garwaningwang |
 kaki age parènèkna ||

12. Kaki Kêmpong eca ngibing |
binandhil sela tan anggop |
dangu-dangu kêna githokipun |
kagyat aningali |
ana wong salah rupa |
ala raratuning ala ||
13. Kèndêl dènnira angibing |
kêkêl kapingkêl kapoyoh |
saya asru krodha nyandhak gupuh |
mrang sakgêbung sarwi |
pinuja mantra dadya |
gagaman mawarna-warna ||
14. Waos balandaran tuwin |
panurung cebol lan pegon |
talêmpak panacak êcis limpung |
tinlorongkên aglis |
tibane pindha jawah |
sang dyah mire wus ampingan ||
15. Kaki Kêmpong angindhani |
kang ngênani putung methot |
tan ana tumama Kyai Pikun |
akêkêmu warih |
sinêmburkên mring mêngsah |
mêdal gagaman mawarna ||
16. Dhuwung lamêng pêdhang cundrik |
kudhi trantang arit bëndho |
lumarap pribadya wus cumundhuk |
badan kaèksi |
kataman ing gagaman |
mangkana kang sami miyat ||
17. Duk sang dyah (ng)gêbyur ing rawi |
jalu èstri arawat loh |
sawusira gêsang sukèng kalbu |
nanging wlas tan sipi |
kala Ki Kêmpong (m)bêksa |
gumuyu suka sadaya ||
18. Mangkya Kêmpong Pekoh jurit |
surak-surak alok-alok |
kêmpyanging tarêbang swara umyung |
samyã dibya sêkti |
Ki Bajang kang kataman |
gagaman sariranira ||
19. Tan ana sêlanirèki |
kinira ajur malopor |
kinirigkên ririh samya runtuh |
nulya dènuntali |
sakèh gagaman têlas |

Jilid 3 - Kaca : 287

eram ngungun kang umiyat ||

20. Ki Bajang manglung ing rawi |
nyêmbur mêtya-pi gumolong |
Ki Kêmpong kataman api murub |
sarira dadya-pi |
dahana ngalad-alad |
kumutug toyaning rawa ||
21. Sang dyah ayu kontrang-kantring |
toya rawi katon umob |
pupunthuking katon latu murub |
judhêg asrah Widdhi |
e Allah maringana |
pitulung mring kawlasarsa ||
22. Sirêp ingkang punang agni |
kawarna-a Kaki Kêmpong |
mandar salin warna bagus bêsus |
busana mantêsi |
lir pendah wukir sêkar |
(m)baranyak prigêl sarigak ||
23. Ngulati sang dyah pinanggih |
pinarpêkan dyan pinondhong |
sang dyah tan lênggana sukèng kalbu |
magut jurit malih |
Ki Bajang wimbuh krodha |
kalangkung bêtèring nala ||
24. Solahe anggigirisi |
ayun ngrukêt nora injoh |
kapalang ing ranu tandya mungkur |
nongkrong-nongkrong ngising |
gagaman gya lumarap |
angênèni mêngsahira ||
25. Ki Bajang atuding-tuding |
modar barêng sira mêngko |
yèn sira yuwana bëndhêtamu(?) |
tan wurung bilai |
ajur sawalang-walang |
nora mikatoni mata ||
26. Sang Bagus alon nauri |
tamatna matamu lêkok |
gamanmu tumiba kadi kapuk |
datan miyatani |
sanadyan garwaningwang |
malah kêmpling kaya mulat ||
27. Ki Bajang (n)jêtung ananging |
mingsêg-mingsêg wacana lon |
aku uwis tobat turun pitu |

Jilid 3 - Kaca : 288

- nyuwun pangaksama |
nanging kuwi mrènèkna |
dadi cihnaning aksama ||
28. Sang Bagus mèsêm lingnya ris |
dhuh babo wotding tyasingong |
paran karsanira rèh jinaluk |
yèn sira pancèn sih |
maring si rupa ala |
lah babo sira mronoa ||
29. Sang pindha dyah asung liring |
dyan tumungkul arawat loh |
mlasasih turira dhuh sang Bagus |
prasêtya pun patik |
gêsang tumêkèng lena |
tulusa mangèstupada ||
30. Samêndhang datan (n)darbèni |
nalimpang dhumatêng seos |
sang Bagus kataman ing sabda rum |
lathi dyah kang kadi |
manggis karêngat maya |
cinucup ingarasan ||
31. Manuara amalat sih |
swara arum mawèh lamong |
pra dyah kang umiyat anèm sêpuh |
miwah prawan akir |
kajumbuhan panggagas |
ngalêsêt ewah linggihnya ||
32. Ana ngadêg tan nasari |
bêtèke kabêlêt nguyoh |
têmah ilèn-ilèn sukunipun |
malêncing mring jawi |
pratisthèng gyan kang kiwa |
saya kagagas ing driya ||
33. Satêmah ngacêcêr mrinding |
ginagapan wus ambathok |
sweda ingkang têngah cinoplok |
pluk tlanakan kapidih |
sang rahsa tan drana |
mijil saking ing sasana ||
34. Megal-megol wênthat-wênthit |
ngêsês mèwèk-mèwèk (n)dhoko |
sawusira tuntas napas ngangsur |
kang ambathok lilih |
astanya wus linêcat |
gubras kumut ingusapan ||
35. Wênèh kêjêp netra kalih |
badan sakojur kumêjot |

nrêthêg (ng)gêgêt waja mêksa (m)brujul |
jibêg lawang kori |
mupruk karakêt sinjang |
pamisahe lon-alonan ||

Jilid 3 - Kaca : 289

36. Ana ingkang pringas-pringis |
mêlerok netranya karo |
tyasnya tarataban riwe kumyus |
tan sagêd ngawali |
sumêntor wêdalira |
(n)jingkat ngadhuh ngêsês sora ||
37. Nyablèk mring kang cakêt linggih |
kang cinablèk kapanujon |
netra rêm-rêm ayam lélêt idu |
gêgondhange salit |
nêdhênge kanikmatan |
(n)jumbul angling tobat-tobat ||
38. Mêdhot kênikmatan sirèki |
megal-megol tatanya lon |
lah ana pa sira gawe gummyur |
is-is (m)bok ya uwis |
èh-èh padha kawogan |
kalihe ngunjal uswasa ||
39. Kang tan sêdya dènsabili |
narêthêg githok mangkorog |
napase kumrangsang kêdhèp sungsun |
mathêm lathinèki |
kêjêr akêkerogan |
lidhah mele kacêmutan ||
40. Ginggang saking lungguhnik |
dalam sari dhara mêkrok |
mundri marawayan badan gumyus |
astanira kalih |
nèng wingking pindha tuwak |
ngulat-ngulèt trog-êntrogan ||
41. Wus lêga cape kang dhiri |
bokong ginarayang kêproh |
nyunyanggi narayang nyamuk-nyamuk |
(n)gligik nabda ririh |
mêngko gèk nacak sinjang |
tujune untune bogang ||
42. Ngacêproh satêmah risi |
(n)gènnya linggih megas-megos |
dupi kagarangan lir dènancur |
krakêt ngarsa wuri |
pambênggange lon-alonan |
kraos pêdhês sambat-sambat ||

43. De priya kang aningali |
tan pae lawan pra wadon |
lamun tan pinêkak jêntus ngayun |
kèh krura mawêrdi |
satêmah triwikrama |
lir taksaka yun mangsa ||
44. Kumêjot kèh kang kawijil |
sruning krura tan rinaos |
kagyat kang kataman nolèh pungkur |
pisuhe (n)dharidhit |
ngakak kang pinisuhan |
(ng)galêgês minta aksama ||
45. Hus wong kêcul ywa cariwis |
caturana dhewe gojog |
bêntèke anandhang lir puniku |
mila dènnya runtik |
glayêm-glayêm kewala |
milah rikuh kacipuhan ||
46. Tan wus ucapên ing tulis |
panggagase kang samya non |
Kinom ing Mataram tatanya rum |
lah sintên puniki |
Ki Kêmpong dadya nyanthas |
èstri ayu tiyang bajang ||
47. (n)Jêng Pangran wacana ririh |
ingkang pindha Kaki Kêmpong |
punika Nurwitri de dyah ayu |
pun Cêbolang yêkti |
dene ta ingkang pindha |
tiyang bajang pun Saloka ||
48. Angguguk Kinom Mantawis |
yayi kula pandung yêktos |
tuhu pun Cêbolang bagus mênçul |
samubarang wasis |
wus dawil ngèlmunira |
talênnyêking oliya ||
49. Sigêg kang rarasan angling |
gantya kang (n)jantur kacriyos |
sang rêtna kang tansah rinungrum |
nêmbah matur malih |
dhuh babo kasirnakna |
si lêthêg ratuning ala ||
50. Dhuh woding tyas ywa kuwatir |
mungguh sirnane si Pekoh |
sang Bagus gya musus astanipun |
tan dangu gya mijil |
lawa gêng wujud wangwa |

Jilid 3 - Kaca : 290

ginêtak mamprung saksana ||

51. Tumèmplèk rainirèki |
si Bajang kagyat ambêngok |
lawa wus cinandhak binanting prus |
ajur pulih malih |
mêrngangah ngalad-alad |
mamprung tan nêdya mundura ||

243. Durma

1. Lawa wangwa anyambêri ngering nganan |
cinandhak angendhani |
kêbêt suwiwinya |
kadi udan dahana |
bingung dènnira nyingkiri |
ngaub sor blandar |
lawa nèmplèk ing gigir ||
2. Kitêr malih mungsêr nèng bale wangunan |
lawa tansah nyambêri |
kang samya umiyat |
surak ambata rêbah |
Ki Bajang akontrang-kantring |
mêndhêm ing kisma |
sarira tan kaèksi ||
3. Lawa sirna manjing ngandhaping pëndhêman |
Ki Bajang pongah-pangih |
dahat tan kawawa |
ngolang-ngaling gya mêdal |
si lawa wus tan kaèksi |
aring napasnya |
suka ngidung ngrêrêpi ||
4. Kagyat (n)jola lawa tumèplêg kawêtnya |
mèkèh-mèkèh lumaris |
sambat biyang-biyang |
mlêtêr ngubêngi rawa |
lawa ngudhis-udhis silit |
nyangkrêm gantangan |
mijêt-mijêt kêmiri ||
5. Datan sakit Ki Bajang datan kuwawa |
anggêbyur maring rawi |
salulup ing toya |
lawa-wangwa wus uncat |
kêkêjêr nginggiling warih |
sabên Ki Bajang |
mênthungul dènencoki ||
6. Kawêkèn tyas datan nêdya mênthungula |
lawa-wangwa wus manjing |
ing dhasaring rawa |
kumukus ponang toya |

Jilid 3 - Kaca : 291

- mawalikan rawa api |
mulêg kukusnya |
Ki Saloka wus manjing ||
7. Mring guthaka tan nana ingkang uninga |
mangkana kang amungging |
satêngahing rawa |
tandya nitih baita |
lumban anèng rawa agni |
ingkang kaambah |
sirêp dumadya siti ||
8. Sakarongron mêngtas saking ing baita |
rawa tanapi agni |
tan nana labêtnya |
brêsih ingkang jarambah |
trêbang gobyog wus ngêndhoni |
ngandhêlong nulya |
suwuk dènsalawati ||
9. Alahuma salingala Sayidinna |
ya Nabi Mukhamaddin |
Nabi ngadadamma |
pingil mila salatan |
daimatan bi dawammi |
mulki la inna |
salawat kaping katri ||
10. Samya kèndêl ngaring-arang napasira |
minum tanapi nyamik |
kang anèng jarambah |
sang Bagus lawan sang dyah |
misah dènnira alinggih |
nata busana |
lir onèng wukirsari ||
11. Tandya buka Surung-dhayung gèndhingira |
kaliyê (m)bêksa manji |
tan ana kuciwa |
sanggyane kang uninga |
jalu èstri samya brangti |
wuyung kasmaran |
gandrung-gandrung makingkin ||
12. Angrêrantam mêngko kalamun bubarana |
mulih mring pondhoknèki |
dak cêgat ing marga |
parêng datan parênga |
ulun nyuwun lunturing sih |
usadèng rimang |
ing pamurunging lalis ||
13. Ing sakarsa dasihe nora suwala |
nahan mawarni-warni |
panggagasing driya |

mangkana kang umiyat |
manggèn tēbih aningali |
wuwung wismanyar |
kantar-kantar kang agni ||

14. Sangsayarda urubing kanang dahana |
sakèh ingkang udani |
mundur palarasan |
icir nora kasêsa |
wong kang miyat sampun nipis |
kantun kang pêrak |
katungkul aningali ||
15. Kang ambêksa sangsaya asung wigêna |
ngangsêg kang niningali |
wisma ingkang kobar |
anggêrêng agni wrata |
jumêthot balungan êpring |
wisma pambêksan |
apan wus dadya api ||
16. Kagegeran mêdal saking palataran |
gusis kang niningali |
kang anèng pandhapa |
èstri tanapi priya |
kathah ingkang amalêncing |
tansah kawangwang |
mring kang ambêg sang panji ||
17. Wus asirna datan nana labêtira |
puluh kadya ing nguni |
wanci tabuh tiga |
Pangran lan tamunira |
kondur maring panti wingking |
Cêbolang lawan |
santri catur umiring ||
18. Tatalênggah Cêbolang marêg ing ngarsa |
Kyai Nom ing Mantawis |
mêdharkên sukèng tyas |
manêmbah Ki Cêbolang |
kawula amung sadarmi |
alumaksana |
saèstunipun inggih ||
19. Saking barkah dalêm kang pinudyèng ngarga |
Têmbayat kang ngrênggani |
mèsêm (n)Jêng Pangeran |
arum mijiling sabda |
hèh Cêbolang rèhning uwis |
akasêmbadan |
kang dadya karsamami ||

Jilid 3 - Kaca : 292

20. Apa ingkang ingsun walêskên ing sira |
tan lyan pandongamami |
muga Kang Kuwasa |
aparinga raharja |
sabarang tindakirèki |
aywa was-uwas |
mapan ana kang kardi ||
21. Kyai Anom Mantaram alon lingira |
kulup ingsun ngamini |
yayi mangke wêkdal |
Subuh kapara awal |
bakdaning wêkdal Subêkki |
ulun aliman |
mantuk maring Mantawis ||
22. Rêhning nanggêl aluwung natasa pisan |
Cêbolang matur aris |
dhawuh kang dhumawah |
dhumatêng ing patikbra |
kalangkung-langkung kapundhi |
dados jêjimat |
nuwun bilih marêngi ||
23. Mangke ulun nyarêngi raka paduka |
sabakdaning Subêkki |
(n)dumugèkkên sêdya |
lawan sarencang amba |
(n)Jêng Pangran manthuk lingnya ris |
wawêkasingwang |
dènkumambang ing Widdhi ||

244. Maskumambang

1. Cinarita palajênge kang ningali |
mandhêg manguning tyas |
dupi noli marang wuri |
sirêp urubing dahana ||

34 7. P. Têmbayat maringi katrangan bab: fasik, munafik, kafir, najis, mêkruh, laelatul-kadar, kèndhuri malêm Idul Fitri, siyam ing wulan Bêsar lan kurban kekah. ... kaca 293-296.

Jilid 3 - Kaca : 293

2. Jalu èstri kang samya kataman wingit |
ciptanirèng driya |
kapasang yogantuk sêpi |
kasambadan ingkang karsa ||
3. Samya wangsul lampahira (n)dingkik-(n)dingkik |
supayane aywa |
kawanguran ing lyan jalmi |
pawadane warna-warna ||
4. Parandene mèh sadaya samya bali |
praptèng paregolan |

- kawuryan wus nyênyêt sêpi |
nir labête karameyan ||
5. Tyas kacuwan lon-lonan mantukirèki |
kiwa nyangking ulam |
tangan têngên nyêpêng pêksi |
sinambi araraosan ||
6. Ana ngalêm unine tarêbang kalih |
angalêm suwara |
angalêm jogèding èstri |
angalêm jogèding priya ||
7. Wênèh gumun singa lutung taru pêksi |
panutuning bêras |
tumêkèng matêng binagi |
myang ngungun baita rawa ||
8. Ana ingkang karantan-rantaning ati |
(ng)glêgês kaêngêtan |
ana kagagas ing ati |
ngonggo-unggo kabasmaran ||
9. Ênêngêna raraosaning kang jalmi |
agantya winarna |
kang anèng ing dalêm wingking |
mangênjali Ki Cêbolang ||
10. Alon matur rumakêt amamalatsih |
sasêmbèn lênggahan |
angêntosi pajar gidib |
ulun nyuwun sasêrêpan ||
11. Rêhning nate wicantên dènwicantêni |
nadyan dèrèng têrang |
suraos pikajêngnèki |
têka ing manah narimah ||
12. Nanging èstu dèrèng sumêrêp sayêkti |
pinèpètkên (ng)gronjal |
wangsulan bandha kadugi |
labêt dèrèng (n)tuk pitêdah ||
13. Mênggah têmbung pasèk munapèk myang musrik |
majusi maksiyat |
gidib lacut murtat kapir |
kapir ngindanas ngindalah ||
14. Kupur lalim batal karam mêkruh najis |
punika sadaya |
amba èstu dèrèng dêling |
pukulun paringa barkah ||
15. Sang Pangeran mêdhar sabda lingira ris |
kaki kawruhana |

mungguh patanyanirèki |
kasiling pamanggihingwang ||

16. Têmbung pasèk têngêse wong kang (n)darbèni |
tyas maido marang |
kabèh parentahirèki |
sarak Nabi kang minulya ||

17. Kadi kaum ingkang nora anêtêpi |
ing kwajibanira |
utawa jalma kang uning |
sarak Nabi tan linakyan ||

Jilid 3 - Kaca : 294

18. Dene têngbung munapèk têngêsirèki |
wong kang wus winarah |
kabèh parlu sunat wajib |
miwah mêkruh batal karam ||

19. Wus asanggêm têngên kaduga nglakoni |
wasana ing wuntat |
tan pisan-pisan nglakoni |
ngorakkên parentahing Hyang ||

20. Basa musrik jalma kang maido yêkti |
têngên ana Allah |
namung kudu mituruti |
kakêncênganing tyas dhawak ||

21. Banjur gawe Allah sasênêngirèki |
dene warnanira |
kang inganggêp Maha Sukci |
mawujud sadhengah-dhengah ||

22. Sarta nora manut timbalaning Widdhi |
ngorakkên Pangeran |
surasane basa musrik |
kang wus sinirik ing sarak ||

23. Lire ingkang basa majusi puniki |
wujud jalma kopar |
kang wus gêlêm anglakoni |
agama Islam minulya ||

24. Nanging misih darbe tyas kang nyulayani |
marang sarak ika |
gawe-gawe pialaning |
kang tinartamtu prayoga ||

25. Maksiyattu têngêse sakèh pakarti |
tatakalairan |
lawan ing patinirèki |
kang tan winênangkên sarak ||

26. Lah yaiku anggawe druhaka yêkti |
 aywa pisan-pisan |
 ngaurip nganti nglakoni |
 karêm mring sakèhing cêgah ||
27. Basa gidib samubarang kang tan yêkti |
 ing wicaranira |
 ngamandaka ujar lamis |
 agoroh bèngès tan papan ||
28. Têmbung lacut têngêse jalma kang uwis |
 nora babarpisan |
 nglakoni panggawe bêcik |
 basane wus langkah jidhar ||
29. Têmbung murtat têngêse punika jalmi |
 wani-wani ninggal |
 saka agamanirèki |
 Islam iku murtat rannya ||
30. Basa kapir têngêsipun kanang jalmi |
 kang tan purun ika |
 anglakoni ing agami |
 kang pakolèh maring sarak ||
31. Têmbung kapir ngindhanas têngèsirèki |
 nglakoni agama |
 nanging lyaning sarak Nabi |
 tan pakolèh mungguh jalma ||
32. Dene kapir ngindalah kapir kang asli |
 nglakoni sarengat |
 nanging tyas tan madhêp maring |
 ing Allahu wa Tangala ||
33. Basa kupur jalma kang tan purun yêkti |
 mulyakkên sanggyannya |
 Kur'an Kitab para Nabi |
 iya katunan rahsanya ||
34. Basa lalim wong kasasar tekatnèki |
 nora pisan-pisan |
 darbe kaèngêtan bêcik |
 iku lalim lungguhira ||
35. Têmbung batal pan nora bisa lêstari |
 apa kang kinarsan |
 ing saparlunya tan dadi |
 kudu bali winiwitan ||
36. Lire basa karam sakèhing pakarti |
 lair batin ingkang |
 wus winalêr ora kenging |

Jilid 3 - Kaca : 295

inganggo miwah tinêdha ||

37. Kumawani nrajang nir tingadurnèki |
labête kalingan |
dadya kalêbu ing ati |
iku karam kukumira ||
38. Basa mêkruh têngêse barang pakarti |
kang narajang sarak |
nanging amung cilik tipis |
iku mêkruh arannira ||
39. Basa najis rêrêgêt sukêr sakalir |
jiji sasaminyana |
ingkang nora angrêsêpi |
iku pan najis sadaya ||
40. Mas Cêbolang lêga tyase mangênjali |
sru pamundhiamba |
sabda jati kang kawijil |
kajawi saking punika ||
41. Ironing wulan Ramêlan kala marêngi |
malêm salikurnya |
trilikur salawe tuwin |
pitu sangalikul samya ||
42. Apan mawi kêndhuri-malêman inggih |
dumugining bakda |
kêndhuri riaya nami |
myang wardining Lêtulkadar ||
43. Atanapi siyam Bêsar kalih ari |
tanggal astha nawa |
sadasa bakdanirèki |
paran gatinang kang karsa ||
44. Pangran Bayat mèsêm angandika aris |
sasurupaningwang |
nalika Kang Maha Sukci |
paring nugrahèng Pangeran ||
45. Mring (n)Jêng Nabi Mukhamad ingkang sinêlir |
iya iku Kur'an |
malêm slikur wiwitnèki |
nêm jus tumuruning Kur'an ||
46. Têlulikur tumurun ênêm jus tuwin |
salawe jus rasa |
pitulikur nêm jus nuli |
sangalikul nêm jus purna ||
47. Dadi rambah ping lima tumurunnèki |
nêm sambahannya |
wus jangkêp tridasa jusi |

kalamolah nama Kur'an ||

48. Kêndhuri malêman ujube sami |
angaturi dhahar |
Kanjêng Nabi Mahkhamadin |
myang mulyakkên kalamolah ||
49. Laelatulkadri wardinipun ari |
wêngi kang utama |
panggonaning anampani |
kabêgjan saking Pangeran ||
50. Warni wujud kang saèstu nora mêsthi |
tibaning kabêgjan |
ana etung kang pinasthi |
wussing tridasa Ramêlan ||
51. Ariadi garêbêg Puwasa nênggih |
dina kang minulya |
mustajab apa kang dadi |
panyuwunipun kawula ||
52. Maring Allah ingkang sipat murah asih |
pramilanya samya |
ngabêkti pra luhur tuwin |
sasalaman mring sasama ||
53. Dene pitrah manjing jakating kang dhiri |
dènnira dumadya |
makluking Hyang Maha Sukci |
mula kudu linampahan ||
54. Pasa Bêsar kang saari ngarêp pati(?) |
kapindho tarwiyah |
kaping tri grêbêg nahari |
padha lan riadi Pasa ||
55. Mula kinèn padha pasa kalih ari |
awit tan kuwasa |
wulan iku munggah khaji |
mring Mêkah Masjidilkaram ||
56. Ingkang padha nglakoni ganjarannèki |
cinarita padha |
lawan ingkang munggah khaji |
nanging iku klêbu sunat ||
57. Ari Nakhar apan winênangkên yêkti |
anyambêlèh kurban |
wêdhus utawane sapi |
ngamal salèh anjingira ||
58. Yèn tan bisa kurban nêtêpi Nakhari |
dina tasrèk ika |

Jilid 3 - Kaca : 296

kalih dalu kalih ratri |
saka ari nakbar ika ||

59. Isih kêna asidhêkah karobanni |
ing garêbêg Pasa |
lawan garêbêg Bêsar-i |
surasane apan padha ||
60. Ri kang mulya mustajab apa kang dadi |
manyuwunng umat |
amung iku kawruhmani |
iki wus sêdhênge wêkdal ||
61. Aluwaran samya ngambil toyastuti |
Ki Nurwitri adan |
Mas Cêbolang angamati |
arahab kang sami wêkdal ||

245. Salisir

1. Salisir bakda Subêkki |
ing wanci saputing siti |
Kinom pamit mring sang yogi |
yayi kantuna basuki ||
2. Ki Cêbolang mangênjali |
kalilana anyarêngi |
raka paduka (n)Jêng kyai |
Pangran Têmbayat nganthuki ||

35 XIII. Mas Cêbolang tuwin para santrinipun nglajêngakên lampahipun tumuju Pranaraga. Saking katêbihan sumêrêp cahya nêlahi, nanging sarêng dipun cêlaki, cahya wau ical. Lajêng kapanggih Ki Wanakarta, muridipun Ki Pujangara ing Mataram, ingkang maringi sêsêrêpan warni-warni: ... kaca 297-299.

Jilid 3 - Kaca : 297

3. Kinom wussing sasalaman |
lampahnya alon-alonan |
Cêbolang ngaras dlamakan |
miwah santrinya sakawan ||
4. Wus lèngsèr saking ing ngarsa |
nèng (n)jawi regol ingantya |
sasarêngan lampahira |
dupi praptanirèng marga ||
5. Ingkang dumugi ing praja |
Kinom alon angandika |
lah kulup bage raharja |
muhung pangèstumanira ||
6. Cêbolang sasantrinira |
manêmbah nuwun aturnya |
sasowangan lampahira |

sigêg kang wangsul mring praja ||

7. Nahên ta ingkang winarna |
Mas Cêbolang lampahira |
tan ana kang sinangsaya |
yèn dalu rêrêp nèng desa ||
8. Wanci suruping Hyang Arka |
tan na dhusun kawistara |
sangêt rapuhing sarira |
kèndêl anèng ngara-ara ||
9. Nuju panglong ingkang candra |
abyor ingkang taranggana |
sumunar ing ngantariksa |
angrênggani jumantara ||
10. Nulya ana kawistara |
katingal saking mandrawa |
sumilak amawa cahya |
manthêr wêning tejanira ||
11. Cêbolang alon lingira |
kae padha tingalana |
kang mancorong mawa teja |
wangune cêlak kewala ||
12. Kang sinung ling aturira |
lêrês ingkang pangandika |
ulun katêmbèn uninga |
wawarnèn ingkang kadyeka ||
13. Lah ta payo pinaranan |
tandya mahawan lon-lonan |
labête taksih katoran |
wus prapta kang pinurugan ||
14. Tan ana kang kawistara |
apan namung siti mluwa |
kang sumunar mawa cahya |
tan dangu nir kang ujwala ||
15. Kantun sunaring sudama |
judhêg ing panggagasira |
nulya na jalma sajuga |
priya wrêdha suku jaja ||
16. Murugi panggemannira |
ingkang samya rêrêp sarya |
uluksalam kang miyarsa |
nolèh mangsuli salamnya ||
17. Anjawat tangan sadaya |
ki wrêdha asung pambagya |
ingkang katêmbèn kapanggya |

pun kaki anilakrama ||

18. Ing wingking pundi pinangka |
paran ta ingkang sinêdya |
sintên sinambating nama |
Cêbolang (n)dhêku turira ||

Jilid 3 - Kaca : 298

19. Ulun saking tanah manca |
ing Kêdhu santri walaka |
pun Cêbolang namakula |
rincang sakawan punika ||

20. Pun Nurwitri pun Saloka |
Palakarti Kartipala |
sêdya yun mring Pranaraga |
talabul agami mulya ||

21. Sarèhning pêkir sadaya |
dadya anggung kasangsaya |
mlampah sinambi ngupaya |
boga mrih kiyating angka ||

22. Kula gêntos nilakrama |
ingkang sinambating nama |
tuwin ing ngriki punika |
wana ing pundi wastanya ||

23. Karya eraming wardaya |
siti têka mawa cahya |
kawuryan saking mandrawa |
ulunparêki gya sirna ||

24. Ki wrêdha mèsêm lingira |
ing riki ran Wanakarta |
ranulun karaning wana |
inggi Kaki Wanakarta ||

25. Ki bagus bilih sêmbada |
mung tinimbang nêng ra-ara |
wawi mampir sudhungkula |
mangke ulun sung carita ||

26. Cêbolang matur sumangga |
sadaya (n)dhèrèk sakarsa |
Ki Wana lumakyèng ngarsa |
sadaya anèng wurinya ||

27. Sapraptinira ing wisma |
ingancaran mring pandhapa |
nèng salu nginggil mirantya |
glaran alus myang lèmpirnya ||

28. Ki Wanakarta lingira |
nyai nyai marenea |

- wus mēdal saking ing wisma |
nèng salu cakêt lakinya ||
29. Nyai aku nēmu tamu |
ki mau lagi panuju |
nèng têngah wana (n)dédulu |
kang sumorot kadi daru ||
30. Banjur dakajak marene |
anggêpên nak-putu dhewe |
Cêbolang iku namane |
kang papat padha rowange ||
31. Nyi wisma asung pambage |
wus mangsuli sadayane |
nyai wisma wangsul wisma ge |
wangsul (m)bêkta sugatane ||
32. Wedang jae lêgèn arèn |
gêmlong bëntul lèmpok durèn |
sêkul jagung canthèl jèpèn |
sambêl windu bubuk wijèn ||
33. Ayêm atine mênjangan |
gêndhon panjalin garangan |
age tawon sinapitan |
tigan ayam kakamalan ||
34. Rampunging panatanira |
ingancaran lah sumangga |
sêgahe tyang wontèn wana |
anggrah-anggrah tan mirasa ||
35. Muhung lumayan kinarya |
rêrêming kalantih samya |
tanggap kang sinungan sabda |
adan nadhah sasênêngnya ||
36. Apan tan sarêng kewala |
sabaya raos mirasa |
nikmat munpangat ing angga |
wus dumugi panadhahnya ||
37. Mas Cêbolang sung sasmita |
marang Palakartipala |
kadi batèh kalihira |
nyai wisma suka lingira ||
38. Pantèn bangêt dak-tarima |
salugune nora darbya |
babatèh saka sajuga |
kang kothong kae undurna ||

Jilid 3 - Kaca : 299

39. Bikut Palakartipala |
wus binêkta maring wisma |
nyai mundur nata kêba |
isi klobot kawung sata ||
40. Lawan tapsirih mirantya |
mêwahi nyamikanira |
binêkta marang pandhapa |
tanggap para tamunira ||
41. Wus samya udut myang mucang |
alon matur Mas Cêbolang |
kiyai datanpa rencang |
nèng wana mung sakaliyan ||
42. Mangsuli Ki Wanakarta |
pantèn ulun kala mudha |
wismèng nagri Ngèksiganda |
mitranya Ki Pujangkara ||
43. Akathah ing wulangira |
aji èsmu tuwin jaya |
padhukunan myang jampinya |
dilalah kabul sadaya ||
44. Dalu tanapi raina |
kathah ingkang sami prapta |
lami-lami saya harda |
tan kobêr ngising basanya ||
45. Lami-lami mindhak sêpuh |
èstune badan krêp rapuh |
yèn tan tumindaka ewuh |
damêl cuwa kadang karuh ||
46. lajêng rêmbagan lan nyai |
ayo mentar saking nagri |
ngupaya têntreming ati |
bêcik mahas ing ngasêpi ||
47. Ki Pujangkara nyondhongi |
kinèn dhadhêkah nèng ngriki |
parandene sanak nagri |
jalu atanapi èstri ||
48. Kathah kang samya (n)dhatêngi |
minta jampi dhatêng nyai |
tuwin tatanya mring kami |
wirasatipun pawèstri ||
49. Kang ayun kinarya rabi |
mêndhêt ing wêdalannèki |
pasaran kalawan ari |
myang warni-warni Kinanthi ||

36 Wataking wanita katitik dintên lan pêkênan lairipun. ...
kaca 300-306.
Petangan dintên sae adamêl sumur. ...
kaca 306.
Jangkanipun Kraton Mataram badhe pindhah ngantos tênggipun pindhah
dhatêng Kartasura. ...
kaca 307.

Jilid 3 - Kaca : 300

246. Kinanthi

1. Nurwitri megos mangayun |
tatanya ririh mrakati |
dhuh kyai panuwunkula |
mugi (n)dhangankên panggalih |
kaparêng paring sêrêpan |
mênggah wirasating jalmi ||
2. Piridan wêdalan wau |
rèhning ulun dèrèng rabi |
têmbe yèn wus darbe kajat |
ngupados ingkang prayogi |
bilih kaslêpêging karsa |
tyas narimah wus nyêrêpi ||
3. Ki Wanakarta lingnya rum |
thole pamintanirèki |
iku kalangkung prayoga |
wong anom nêtêpi wajib |
kang awrêda sung barêkah |
sakadare mrih prayogi ||
4. Ana dhawuhing Hyang Agung |
mring musanip kinèn nganggit |
wirasatirèng manungsa |
krana wong lanang puniki |
labête kênèng ganjaran |
saka baturing pawèstri ||
5. Manungsa wirasatipun |
mêtu saking wêtonnèki |
yèn Jumngah Pon wêtonnira |
tan sabar kaku kang budi |
sru wani maring wong tuwa |
lan nora sinungan sugih ||
6. Jumngah Wage wêtonnipun |
yèn bêcik luwih utani |
yèn ala ngluwihi ala |
granyah nging micarèng ngèlmi |
adhêmên panggawe ngiwa |
tan ajêg pikirirèki ||
7. Yèn maksih anyar anggunggung |
yèn wus lawas dènalani |
Jumngah Wage pan têrkadhang |

sandhungane larang siwi |
nanging sok sinungan donya |
jinurung rijêki eblis ||

8. Jumungah Kliwon puniku |
pantês yèn kinarya rabi |
pêpikiran rada lumrah |
mring wong tuwa asring bêkti |
nging rada wani wong lanang |
jinurung sugih rijêki ||
9. Têka pati marang kakung |
amituhu pituturing |
maratuwa kang prayoga |
lawan bêtah asêsirih |
sandhungane wong puniki |
padonne ambuntut-arit ||
10. Jumngah Lêgi wêtonnipun |
kang pasthi laki ping kalih |
pipikiran tan antêpan |
kêncêng ngarêp kêndho (m)huri |
lan takdirira Hyang Sukma |
kudu laki kaping kalih ||
11. Kang tan kapanggih ing laku |
pangiwane sok andadi |
anging karsaning Hyang Suksma |
lan lakine pêgat mati |
yèn ala ngluwihi ala |
yèn bêcik luwih utami ||
12. Jumngah Paing wêtonnipun |
imul watake ngaruwit |
saenan nora prasaja |
kêlire akarya bêcik |
ing lair têtah isinan |
dadya imul tan katawis ||
13. Arang kang mlêmpêng puniku |
kang wus kalêbu ing tulis |
iku padha apilêna |
nging kanthi kalawan takdir |
yèn wus pinasthi jodhonya |
cumadhong karsa Hyang Widdhi ||
14. Yèn Sabtu Pon wêtonnipun |
watêke anyudagari |
sabarang kang dipunrêmbag |
etunge kudu (n)tuk bathi |
antuk sih kalawan priya |
padune jantra lumaris ||

Jilid 3 - Kaca : 301

15. Lumuhan ing lairipun |
kabrabeyan jroning ati |
mamah marang bapa biyung |
mring kakung tan nganggo wêdi |
dhat-nyêng yèn karo wong lanang |
wani lan wêdi kèh wani ||
16. Wêton Saptu Wage iku |
watêke sok lêpas budi |
tur rada jrih sihing priya |
sumingkir karya kang juti |
sandhungane sok asusah |
lan kêrêp pêtêngan ati ||
17. Saptu Kaliwon puniku |
lumuhan sabarang kardi |
lan tampan nora prasaja |
mring lakine datan wêdi |
Sêtu Kliwon watékira |
rada jail ambêsiwit ||
18. Saptu Lêgi wêtonnipun |
kakonatèn sarta bêngis |
mamah maring bapa biyung |
nanging rijêkine mintir |
lan sinung awig wong ika |
sandhungane larang siwi ||
19. Saptu Paing wêtonnipun |
yèn bêcik luwih utami |
karêm marang ing ngèlmu kak |
ananging sapuluh siji |
ingkang pasthi watakira |
ingkang wêton Saptu Paing ||
20. Lumuhan nging dhêmên padu |
nora sabar nanging bêngis |
lawan anyudakkên drajat |
adat mring laki sru wani |
tan trima laki sapisan |
pasthi kudu kaping kalih ||
21. Têrkadhang laki ping têlu |
yèn tan mangkono kang pasthi |
kang lulus krama sapisan |
rada karêm marang ngèlmi |
nging takdirira Hyang Suksma |
lan lakine pègat mati ||
22. Wus ganêp wirasat Saptu |
gantya malih kang winarni |
kaki padha angèstokna |
kang wus kalêbu ing tulis |
kang wêton Akat punika |

23. Kakonatèn watêkipun |
padune ambuntut-arit |
jalukan nora weweyan |
nanging sangêt angikibi |
dhêmên nglong lumuh kelangan |
bèr bujakrama ing lair ||
24. Nanging karsane Hyang Agung |
rijêkine sinung mintir |
amung nora duwe basa |
dilalah drajate inggil |
krana Akat Paing ika |
nahase Hyang Odipati ||
25. Duk asalira kasiku |
dènnira Hyang Maha Tinggi |
ing dina Akat Paingnya |
yèn nora ibu ya rami |
wêton Akat Pon punika |
bêngis lawan kakuati ||
26. Bêkti laki watêkipun |
sabarang watak satiti |
lan bisa momong sudara |
Akat Pon watêke bêcik |
adate têka mlaratan |
rada bêgjane sathithik ||
27. Wêton Akat wage iku |
rêsikan sabarang kardi |
sumingkir karya kang ala |
kalawan bêkti ing laki |
yèn dédana nora prênah |
rada bêgjane sathithik ||
28. Wêton Akat Kliwon iku |
lumuhan sabarang kardi |
drêngki imul tanpa prênah |
satêmah kaku ing budi |
dhêmên panggawe mangiwa |
adoh bêgjane sathithik ||
29. Wêton Akat Lêgi iku |
watêke sok lêpas budi |
lawan mantêp nging lumuhan |
candrane rabiya malih |
gêdhe bêgjane wong ika |
ngunggahkên drajating laki ||
30. Akat wirasate sampun |
pilihên salah sawiji |
lamun ana ingkang nimpang |

saka ing wirasat iki |
iku ganjararing Suksma |
wijile sapuluh siji ||

247. Mijil

1. Wite bêcik dadine ajuti |
kang mêtù Sênèn Pon |
pan wus pasthi amindho lakine |
datan trima sapisan yèn laki |
kudu ngaping kalih |
tan cidra puniku ||
2. Lamun pinèt iriban sathithik |
lanang tuwin wadon |
suwe-suwe tan nana bedane |
iya lanang iya ta pawèstri |
dangu-dangu sami |
ya wirasatipun ||
3. Sênèn Wage bêgjane sathithik |
imbuh lantap dhoso |
nanging bisa momong wong tuwane |
rada bêkti nglaki sawatawis |
nging sandhunganèki |
rada dhêmên padu ||
4. Jêmbar budi tunggali kakalih |
de kang Sênèn Kliwon |
doyan mangan drêmba imul saèn |
rada kabluk sarta ambêsiwit |
kawirangan mintir |
wêdi marang kakung ||
5. Dene ingkang mêtù Sênèn Lêgi |
lêmês têka dhoso |
kêbrangasan arosa budine |
nora sukak kumpulan sasami |
kudu angungkuli |
barang kudu punjul ||
6. Rama ibu yèn luput tan wani |
yèn bènêr ambêkos |
lamun krama wêdi ing lakine |
pan jinurung bêgjane sathithik |
nanging tunggak-sêmi |
padon kêndho pungkur ||
7. Dene ingkang wêton Sênèn Paing |
padone angganthol |
lêmês luwês sugihan watêke |
lan keringan carobo ing bêcik |
nanging Sênèn Paing |
krêp pêtêngan kalbu ||

Jilid 3 - Kaca : 303

8. Dina Sênèn wus têlas tiniti |
dèneling sutèng-ngong |
Salasa Pon kang winuwus manèh |
yèn wanodya rada bêkti nglaki |
sandhungane mintir |
lilan cangkêm karut ||
9. Sinung awit tur pikire bêcik |
miturut sapakon |
tur angêmbang cêpaka watêke |
lamun kakung wêdi marang èstri |
yèn gung bêgjanèki |
sandhungan tan tutug ||
10. Slasa Wage wirasatirèki |
antuk sihing uwong |
kadya wuni iku upamane |
yèn andulu warnane kang wuni |
ithêng pan sêmu brit |
pinang (n)jêngkêrut ||
11. Kèh kapencut miyrsa dera ngling |
wruh sarane mlengos |
mring lakine sathithik wêdine |
sugih prentah bojane tan mintir |
lantap bêngis nanging |
nora pintêr padu ||
12. Ati gêdhe bêgjane sathithik |
awit saka dhoso |
dhêmên ngiwa wong iku watêke |
sandhungane kêrusakan pikir |
rada murka kêdhik |
padon kêndho pungkur ||
13. Têrkadhangan sok alarang siwi |
de Salasa Kliwon |
pan wus takdir Hyang Suksma karsane |
kudu-kudu laki kaping kalih |
kang tan ngaping kalih |
nuli pêgat lampus ||
14. Patrap sarèh dhoso jroning ati |
sabare kang katon |
adrêng darung yèn ana karsane |
bêkti laki wiwah rama wibi |
wasis acariwis |
wêkêl karyanipun ||
15. Dene ingkang mêtù Slasa Lêgi |
pikire lir botoh |
apan jêmbar budine wong kuwe |
kabrangan kawirangan mintir |
tur bêgjane kêdhik |

Jilid 3 - Kaca : 304

lumrah mring sadulur ||

16. Dene ingkang mêtù Slasa Paing |
watak bêngis dhoso |
sok sugiyan wong iku watêke |
reka blaba tur têmêne cêthil |
kawirangan mintir |
rada dhêmên padu ||
17. Dina Salasa titinya Paing |
gantya dina Rêbo |
yèn Rêbo Pon krêp pêtêngan atèn |
juwèh mênêng nora duwe uni |
lamun arsa muni |
lir gêlap kasandhung ||
18. Sandhungane sok alarang siwi |
yèn tumandang dhoso |
yèn ta rama ibu nora darbe |
pan jinurung rijêkine mintir |
padon (m)buntut-arit |
tan wruh ing sadulur ||
19. Rêbo Wage wawatêke bêcik |
nanging laki pindho |
pan keringan sapadha-padhane |
crobo nanging rada bêkti laki |
alila mring bukti |
barang cangkêm karut ||
20. Mung padone sok ambuntut-arit |
dene Rêbo Kliwon |
doyan mangan drêmbe imul salin |
lantap bêngis kawirangan mintir |
lumuh barang kardi |
Sinome sinantun ||

248. Sinom

1. Kunêng wau winuwusa |
wirasate Rêbo Lêgi |
kakonatèn nombok wirang |
mung pikire gêdhag-gêdhig |
rosa tandangirèki |
kurangajar sok (m)bêrgundung |
tan kêna dènampaha |
watêg wêton Rêbo Lêgi |
lamun bêcik ya bêcik lamun ala ya ala ||
2. Padone jantra lumakya |
wani wus tan wêdi rai |
lakune akèh mangiwa |
dene wêton Rêbo Paing |
lumuhan barang kardi |
drêngki marang ing sadulur |
saenan dhêmên ngiwa |

isinin lan sugih kêlir |
Rêbo titi sami dipunèstokkêna ||

3. Kêmis Pon watake ala |
lumuhan sabarang kardi |
drêngki kalawan sudara |
watêke tan kanggo laki |
jinurung marang ngeblis |
sandhangane dadya imul |
saèn nora prasaja |
dhêmên ngiwa wong puniki |
bisa sugih nanging nora bisa lawas ||

Jilid 3 - Kaca : 305

4. Kêmis Wage watêkira |
têrkadhang laki ping kalih |
yèn nora mindho lakinya |
iku kang ngluwihi bêcik |
yèn laki kang kaping kalih |
tan wurung rusak ngêlantur |
pasthi wurung dandanan |
yèn sapisan banjur dadi |
iku pasthi kêna ginawe sêbutan ||
5. Lamun bêcik wong punika |
nanging mring kakung awani |
lan wong tuwa iya lantap |
nging rosa budinirèki |
sabarang pintêr dadi |
barang kang cinandhak rampung |
sandhungane wong ngika |
padone kêndho ing wuri |
gêlêm ngiwa Kêmis Kliwon wite ala ||
6. Sok balaba nging isinan |
dhêmên nyêngkolong wuwusing |
nadyan dènujar-ujara |
yèn sapisan kaping kalih |
nora gêlêm mangsuli |
misih ngalah (n)dhêku-dhêku |
ping tiga ping sakawan |
misih dènujar-ujari |
lamun gêlêm nora kêna dènampaha ||
7. Lawan apilan wong ika |
sabarang ingkang kaèksi |
yèn wis wruh pan nuli bisa |
watêk karêm marang ngèlmi |
dene ta Kêmis Lêgi |
buta-arêpan wong iku |
lan gêdhe melikira |
sabarang watêk ngaruwil |
lan maninge lakune akèh angiwa ||

8. Padone akèh sing nakal |
dene wêton Kêmis Paing |
drêngki imul tanpa prênah |
pintêr kadhang larang siwi |
ananging bêkti nglaki |
bêtah ngaluwe wong iku |
wit tan duwe pakaryan |
gêlêm nglakoni kang nisthip |
Kêmis titi sami dènupamakêna ||
9. Sakèh darbe wêton ika |
tuwin kang amaca sami |
utawi ingkang miyarsa |
aja na kang kurang pikir |
kang antuk pêthèk bêcik |
ywa bungah lamun binagus |
iku têmbung loncongan |
ingkang antuk pêthèk jati |
aja duwe lara ati siningkirna ||
10. Inggang wani gêlêm ngiwa |
dipun pikira kang yêkti |
têtêmbungan gêlêm ngiwa |
iku akèh lirirèki |
angiwa nora siji |
mung yèn jina bae luput |
mapan tan warna-warna |
marmane dipunmangêrti |
wasamono iku duwèke wong ngêdham ||
11. Lamun ana ingkang nimpang |
saka ing wirasat iki |
aja age-age duka |
ya marang para musanip |
dènkawruhana dhingin |
kang nimpang wirasatipun |
ganjaraning Hyang Suksma |
pra musanip amung darmi |
witing ngripta saking karsaning Hyang Suksma ||
12. Ki Nurwitri sru karênan |
umatur langkung kapundhi |
botên mring èstri kewala |
dhatêng jalêr narambahi |
pangèstunta kang mugè |
angèngêtana sadarum |
myang suraosing wirasat |
kang awon myang kang prayogi |
kiyai ngling iya thole dènwaspada ||
13. wontên malih ulun myarsa |
mênggah tingkahe akardi |
sumur tuwin pêrnahira |
mawi ngupadosi ari |

Jilid 3 - Kaca : 306

- myang pêrnah kang prayogi |
 Ki Wanakarta lingnya rum |
 utamane ya mawa |
 etung dina kang prayogi |
 lan pêrnahe beda-beda angsarira ||
14. Pêrlune ngupaya dina |
 supaya wêtuning warih |
 bisa agung drês êtuknya |
 dene prênahe trêpnèki |
 watêg myang angsar milih |
 ingkang prayoga puniku |
 etungan ari apan |
 saka wuku kang lumaris |
 amiliha Wuku Landêp nuju dina ||
15. Sênèn Kliwon myang Salasa |
 Lêgi Kêmis Pon prayogi |
 Wukir ri Sênèn Paingnya |
 Warigalit Slasa Lêgi |
 Waragang-gung marêngi |
 ri Rêbo Wage panuju |
 Bala ri Kêmis Wagya |
 Wugu ri Jumuwah Paing |
 salah siji êndi kang kinarsakêna ||
16. Dene prênahe winarna |
 yèn lor bènêr êtrêpnèki |
 kinarya adus wong lara |
 lèr wetan padusan mayit |
 wetan bènêr basuki |
 yèn kidul-wetan trapipun |
 antuk rijêki karam |
 ingkang kidul bènêr trêpnèki |
 pan kinarya adus prihatin sungkawa ||
17. Yèn kidul-kulon trêpira |
 rijêki kalal (n)dhatêngi |
 kulon bènêr lwih prayoga |
 padusan pangantèn yêkti |
 lor-kulon amungkasi |
 padusan kalaran tuhu |
 pilihane etungan |
 kang wis kalakon prayogi |
 Insa Allah datan nana sangsayanya ||
18. Nurwitri nuwun aturnya |
 Mas Cêbolang matur aris |
 mênggah cahya kang katingal |
 saking mandrawa nêlahi |
 sarêng ulun-purugi |
 tan pantara dangu surut |
 paranta wahananya |
 kiyai bilih marêngi |

19. Ki Wanakarta duk miyarsa |
ririhi dènnira mangsuli |
duk ulun maksih nèng praja |
ginêm-raos lan kiyai |
Pujangkara amisik |
bilih ing praja Mantarum |
amirit saking jangka |
kantun kalih dègan aji |
tandya pindhah mangetan sakilèn Pajang ||
20. Mênggah trêpipun kang praja |
karsaning Hyang Maha Sukci |
samangke wus mawa tandha |
bilih wontên papan mawi |
cahya padhang nêlahi |
ing riku dumunungipun |
ulun kirang pracaya |
mangsuli kadi punapi |
mokal sangêt bilih botên lêstantuna ||
21. Rêh mangkya dlajading praja |
kawuryan rêspati wingit |
sarèh ruruh ing ukara |
krana met palupi sidik |
tan tilar silastuti |
sujana sarjana sarju |
mumudya mrih widada |
têntrêm ing sagung dumadi |
ascaryèng tyas karoban dening utama ||
22. Sang Prabu Wali Kalipah |
patih nayaka linuwih |
pra pangagêng tyas raharja |
panêkar mratah prayogi |
punika kang dumadi |
paliyase rêh rahayu |
mila mangkin andadra |
raharjaning kang nagari |
têmah suka sukur sanggyaning kawula ||
23. Katatangi ring sampurna |
para sang paramakawi |
kawilêt ing tyas ascarya |
kataman ing tyas majêrni |
dènnya ngupaya sandi |
sumaruna anarawung |
angimur manuhara |
met pamrih amrih pakolih |
dadya suka ing karsa manadukara ||
24. Kasok karoban ing warta |
babaratan ujar yêkti |

binudi dadya pangarsa |
puwara kathah nêmah |
ginilut anêtêpi |
kotaman dadya pangayun |
andhêdhêr kalêrêsan |
siniraman toya aring |
bilih tuwuh dadya kêmbanging nugraha ||

25. Wicara ran Nitisastra |
awawarah asung peling |
inggih ing jaman dupara |
kuwat dènnya mangun-jurit |
talêtuh praja tintrim |
têntrêm sakèhing tumuwuh |
kadiparan sagêda |
dursana nagri Mantawis |
saking nalar lêstantun salaminira ||

26. Ngandikanira ki Pujang |
para boya angèngêti |
khuluman ngalèi apan |
muhung Date Mahatinggi |
tan swuh salaminèki |
langgêng ing kaananipun |
bilih lampahing dunya |
nyakrapanggilingan pasthi |
lah sumangga tinitènan kalih nendra ||

37 Dasanama saranduning badanipun manungsa lss, sakalangkung kathah. Ugi dasanaming satokewan, sêsêbutaning ratu sarta abdidalêm sapangkat-pangkatipun. ... kaca 308-320.

Jilid 3 - Kaca : 308

27. Têranging pamyarsakula |
karantan-rantaning ati |
sampun samantên kewala |
yèn linajêngakên sirik |
kalawan tan prayogi |
bilih kawêdhar lyannipun |
sanès rembatan kula |
wadining (n)jêng sri bupati |
Mas Cêbolang matur sintên sri dipatya ||

28. Nggih punika sri narendra |
Mas Cêbolang matur aris |
têka nama sri dipatya |
punapa jujuluknèki |
sawêg nêmbè miyarsi |
Ki Wanakarta lingnya rum |
ing sêrat Dasanama |
nyrioskên nami sakalir |
nanging botên tamtu kathahe sadasa ||

29. wontên langkung wontên kirang |
 sadasa warni kang nami |
 Cêbolang malih aturnya |
 bilih kyai amarêngi |
 kang kasbut dasanami |
 winêdharêna sadarum |
 mèsêm Ki Wanakarta |
 inggih (ng)gèr langkung prayogi |
 muhung amung kèngêtanulun kewala ||
30. Namaning rambut punika |
 rema roma jata wèni |
 namaning sinom titiga |
 sinwan tarda arinata-ni |
 Namaning êndhas nênggih |
 sirah murda kumba ulu |
 mastaka utamangga |
 siwira pasuhunan-ing |
 namaning kang polo utaka sukara ||
31. Namaning unyêng-unyêng |
 munyung munyêng pundran pundri |
 utawi anama usran |
 Namaning (m)bun-(m)bun inggih |
 pasundhulan lan malih |
 nabyuka wuwunan pwuhun |
 Namaning rai muka |
 wadana nayaka tuwin |
 swa pasuryan danawasta naraupan ||
32. Aswataka lawan golaka |
 Namaning bathuk puniki |
 rattha danta paradinan |
 larapan watriya tuwin |
 thila watthawa bakli |
 nakya jangkêp sadasèku |
 namaning mata tingal |
 soca netra-aksa èksi |
 myang kecana aksi tanapi maripat ||
33. Namaning alis punika |
 imba siratmaya drêsthi |
 êning atanapi nahya |
 namaning idêp mung kalih |
 irpya wiruya nênggih |
 Namaning tlapukanipun |
 dyaraksa pakêjêpan |
 nitrama padhelan naming |
 warni gangsal De tadhah luh dwi namanya ||
34. Tarinjilan taritisan |
 Padon-mripat nama mung dwi |
 padaksi lawan sanira |
 Namaning ulat winarni |

- nitya nayana liring |
 naya wulat jaswa-nipun |
 Namaning pasu tiga |
 paswa salimba utawi |
 nayantara Namaning irung ginita ||
35. Grana narsika carsana |
 idhung tri namung puniki |
 namaning pipi julingha |
 pangarasan lawan malih |
 paya-paya jangkêp tri |
 Namaning kuping winuwus |
 talingan panalingan |
 karna pangrênga lan malih |
 kijih kêsèh padlingan De namanira ||
36. Woh kuping pani panoka |
 Namaning pilingan nênggih |
 piilisan salimuka |
 pindaka lawan pamiddhi |
 Namaning lambe lathi |
 talawya lan malhipun |
 wiwiruta wirusa |
 Namaning cangkêm winarni |
 panga tutuk jurama linga duhara ||
37. Namaning untu udata |
 waja dênta ungsa gigi |
 De namaning siyung drastha |
 anudaka jatha jêthis |
 dodaka De namaning |
 êbam bahêm wahma sampun |
 De namaning gusinya |
 gosya ngrima podata naming |
 Gantya namaning ilat lidhah myang jihwa ||
38. Namaning têlak lak-lakan |
 patlak jaludha mung katri |
 Namaning cêthak ludhaka |
 pakima pan amung kalih |
 Gorokan namanèki |
 padinan goludha gurung |
 jang-garma lwidha têngkran-nya |
 Namaning kang kalamênjing |
 kalanjura kalmasu lawan panglula ||
39. Namaning uwang wanggita |
 wêha wêgang De namaning |
 janggut dhahalu arluta |
 Namaning gulu puniki |
 tênggak-tênggêk jangga twin |
 lungaya lungkeya sampun |
 namaning tênggok arka |
 janggata tanggota aming |

namaning kang githok griwa jitha prastha ||

40. Namaning pundhak pujangga |
pamidhangan guwi nami |
Dene namaning sasalang |
sale-sale lawan malih |
[.] |
Mangkya namaning kang bau |
buja wahwa sikara |
baywa kalawan bahyi |
Namaning kang tangan asta aswa kasta ||

Jilid 3 - Kaca : 310

41. Langan rut lupun lungiyan |
Namaning cangklakan kalih |
namung kèlèk klawan goswa |
Namaning sikut winarni |
siku lunggiya tuwin |
lunggana De namanipun |
ugêl-ugêl mung tiga |
durung gudipa myang pantri |
Namaning kang èpèk-èpèk ugi tiga ||
42. Têpak têpaswa gumpita |
Dene namaning dariji |
racikan kalawan aswan |
jari anglingka anaming |
Warna catur jariji |
Namaning jêmpol winuwus |
pol-êmpolan tuita |
Namaning panuduh mung tri |
tuding tamuduhan kalawan panêdah ||
43. Namaning panunggul ika |
panalika ulujagi |
katiganipun panika |
Namaning dariji manis |
namika jri maduning |
Namaning jênthik winuwus |
ênthik-ênthik kalawan |
kalinglingan De namaning |
ingkang êtoh sêpahan amung punika ||
44. Namaning kuku kanaka |
tulangsa tumit lan makri |
Namaning brêngos winarna |
rahawis gumbala kumis |
Namaning godhèg kalih |
jambang jambira puniku |
Namaning jajenggotnya |
jèbrès daguyaya êbris |
Dene maning simbar-jaja jagamaya ||
45. Lan anama kiswa jangsa |
Namaning dhadha jaja twin |

pranaja jangsa kruradha |
naming susu puniki |
saridha tetya tuwin |
pahayudara pambayun |
lêmak santên tètèk-nya |
Naming kang pulung-ati |
kukulungan lêmbara De namanira ||

46. Wêtêng padharan hudara |
garba dhara dhandhun tuwin |
bandhuya Mangkya rannira |
wudêl tungtungnan nahabi |
pusêr umadya nênggih |
Naming lambung winuwus |
epya iring udaya |
Naming iga winarni |
rusuk tuwin jaringan namung punika ||
47. Naming têpak sanggata |
sangat watna waha lêmbi |
Naming gigir pêngkêran |
pugyahan adaddha tuwin |
jriha Mangkya naming |
ula-ula kang winuwus |
tanggola adodaya |
Naming bokong atasli |
bocong, wangkong wangku prasila wasmika ||
48. Dene naming walakang |
wadidang turwaka naming |
Naming silit punika |
jubur pantat lawan mèdi |
Mangkya naming pêli |
pajalêran pastapurusa |
lada gathèl purusa |
linggana, gathul Gumanti |
naming kang konthol gintungan landhuka ||
49. Palandhungan myang siraswa |
Naming pawèstrèn blêki |
has turuk hès pasti baga |
Naming kang itil krênti |
-ka karênta twin |
wanggaprana mung puniku |
Naming pupu paha |
supit tur Mangkya naming |
ingkang dhêngkul drêkuka jêngku jungkala ||
50. Jêngkalika Mangkya gantya |
naming sikil winarni |
suku sampeyan paduka |
kalipada jênung naming |
Naming polok nênggih |
padagsa padarakèku |

Jilid 3 - Kaca : 311

padaraksa Gumantya |
naming tungkak winarni |
jungkare lan saking lana mung punika ||

51. Namaning kang dalamakan |
wacakan kalajung tuwin |
kalapada talamakan |
pangkaja pana kang nami |
Nurwitri matur aris |
pênthil pringsilan myang jêmbut |
nami dèrèng kawêdhar |
thole sun durung mrangguli |
linajêngna sru kasmaran dasanama ||

249. Asmaradana

1. Namaning ati winarni |
galih praya wardaya tyas |
manah kalbi twas prana-ne |
ambêg sota cita sita |
hrêdaya lawan drana |
Gantya namaning kang jantung |
tungtut kalawan adnyana ||
2. Namaning rêmpele nênggih |
parung-parung pawawaddha |
Mangkya namaning usus-e |
igma kalawan pusdhara |
Namaning otot ika |
urat praddha an-gota mung |
Ranning bayu nadi waywa ||
3. Namaning balung tulang twin |
tosan walêngka saddhika |
Dene namaning sungsum-e |
saswasa sadis gagala |
Namaning dagingnya |
erat-dadwina iku amung |
naming gajih winarna ||
4. Lêmak widya kawalam ming |
Namaning gêtih ludhira |
marus ludhira, êrah-e |
Namaning kulit walulang |
turila cucal carma |
Namaning wulu winuwus |
arlan bulu lawan krîma ||
5. Namaning badan winarni |
angga, hrungka angga awak |
sarira wak langgana-ne |
langga wanda tubuh raga |
slaksana pasikêpan |
Namaning nyawa cinatur |
atma jiwa jwita suksma ||

6. Gantya namaning kang mani |
 rahsa rêta, sindu rêtna |
 manimaya myang pêjuh-e |
 Namaning kringêt swanita |
 aringêt myang erangga |
 riwe kardhaya arimut |
 Namaning kang êluh waspa ||

7. Namaning idu puniki |
 kêcoh ludhah lan tricaya |
 De namaning ambêgane |
 uswasa myang wayuwita |
 Namaning wawayangan |
 paryyana mayangga iku |
 kalayan graya luyana ||

8. Ranning andhêng-andhêng nênggih |
 karandhêng lawan witangga |
 tamat badan sasrandune |
 Namaning ratu winarna |
 narendra narèswara |
 endra narapati prabu |
 narèhismaka nararya ||

9. Narendra dipa narpati |
 nareaji naradipa |
 naranata myang narpa-ne |
 buminata bumipala |
 mangkubumi srinata |
 buhpalaka nareprabu |
 narpati dwipati dwita ||

10. Buhpati bupati sang sri |
 sitipati sri buhpala |
 nata sang nata rajane |
 maharaja susuhunan |
 sang siniwi pamasa |
 sang sri kangjêng dipa ratu |
 rana srindra naranata ||

11. Pangêmpyak sinuhun aji |
 Mangkya (n)jêng ratu namanya |
 paramaisi padmine |
 maisi narpaduhita |
 narpadwita duhita |
 pramèswari nrêpawadu |
 paramaisi dayita ||

12. Sarendra mahisipani |
 narèswari garini-nya |
 natadèwi, supadmi-ne |
 narendra-garini lawan |
 sri supadni swari-nya |
 natarèni supadni-ku |

prawara maisi miwah ||

13. Sriyodadi lêksiwati |
rajamaisi ratyan sang |
biniaji pungkasane |
Mangkya namaning pandhita |
rêsi suyati wikya |
mahayêkti mahawiku |
Mahayogi yatiwara ||

14. Dwijawara mahamuni |
maharêsi muniwara |
sidhawakya brahmana-ne |
maha pinundhi munindra |
sipa yogi suwara |
sunya sang mahêning yampu |
brahma-asidha yogindra ||

15. Wiku salya sidha yogi |
yati yogi yampuh tamat |
Namaning pujangga rêke |
kawirêja kawiradya |
kawiswara kawindra |
kwiwara mardawalagu |
sang akawi pramasastra ||

Jilid 3 - Kaca : 313

16. Mandraguna pramakawi |
pramabasa mardibasa |
lawan awicarita-ne |
sambegana nawung-kridha |
Namane kang santana |
wandu warga kula wadu |
wandawa kula wandawa wandu wandawa ||

17. Wanpawandu wandawèki |
kulya, duwa wandu-wanda |
kulawandu warêga-ne |
yadukula kulawarga |
kulawandawa lawan |
sanak sadhèrèk pan sampun |
Mangkya gantya namanira ||

18. Santana saking ing èstri |
bahangga wrêniwa wangsa |
wangsawrêni kulyandu-ne |
balasantana punika |
Gantya namaning putra |
tanaya atmaja sunu |
yyranak suta wêka ranak ||

19. Wêkaja sunyanan siwi |
ja syan kalawan anak |
Gantya namaning patih-e |
kyan mapatih mangkupraja |

natyardya mantrimuka |
rakyen mapatih puniku |
senapati adapatya ||

20. Nindyamantri mangkubumi |
najakawakra kalawan |
mantriwasesa pungkase |
De namaning senapatya |
dipati senanata |
pramugari natapupuh |
senadipa natayuda ||
21. Gantya namaning prajurit |
wira prawira sudhira |
wirayodha wadana-ne |
warayodha wirarodra |
sura suranggakara |
wara prawara dibyanung |
danuja sudibyayoda ||
22. Dibya widagda mungkasi |
Namaning tumanggung ika |
bupati myang wadana-ne |
najak jangkêp mung tiga |
Gantya namaning tiyang |
janma jalmi jalma manus |
uwong wang wyang sana nara ||
23. Namaning tanah winarni |
mandhala pradesa lawan |
ani wana De namane |
nagari nagara praja |
rajaddhi pura kutha |
radya rarjya raja pan wus |
Gantya namaning kang jagad ||
24. Rat-maramorêdya tuwin |
rat-kotama rat-pramawa |
rat-paramoditaya-ne |
pramotama pramosita |
myang pramosesaya |
rat-kartyawan malhipun |
pramodita prarosesa ||
25. Rat-wiryawan lawan malih |
pramosudha jagad-raya |
Namaning ênggèn jinènrèh |
loka pana syangsa unggyan |
swana sana astana |
Namaning bumi winuwus |
buhwahananda buwana ||
26. Bumi mandha ngandha bumi |
ngandha buhwana mandhala |

Jilid 3 - Kaca : 314

- bumi mandhala kisma-ne |
trimandha laya buwana |
tribawana bantala |
pratata gantya winuwus |
naming kang madyapada ||
27. Aripada marapati |
amradata swamanusa |
lawan amartyapada-ne |
narapada janmapada |
manungsapada lawan |
sajapada jangkêpipun |
madyapada mangkya mêdhar ||
28. Namaning dêlahan nênggih |
martyaloka janaloka |
muksapada triloka-ne |
lokabawana narahyang |
amaraloka lawan |
nirayapada puniku |
martyaloka swarapada ||
29. Namaning omah winarni |
rangka rangkang rangkal nasa |
yasa suyasa wisma-ne |
swawisma suwisma graha |
panti bale wangunan |
Namaning surya winuwus |
srêngenge arka raditya ||
30. Baskara aruna rawi |
suwandagni diwangkara |
kalandaragni hera-ne |
dinakara andakara |
matahari radeya |
Namaning wulan winuwus |
rêmbulan tanggal basanta ||
31. Sasangka kirana sasi |
lèk sitangsu têngsu candra |
sasadara De namane |
lintang bintang taranggana |
tranggane myang sudama |
naming langit winuwus |
wiyat jumentara tawang ||
32. Rahawismara wiyati |
nabasjaraya wang-awang |
antariksa de namane |
ardi girindra acala |
endra wukir aldaka |
parwata parsa argèku |
giri parwata, himawan ||

33. Namaning toya winarni |
banyu tirta warih gangga |
ranu tuban jahnawi we |
jahêning sindu udaka |
Namaning kanang wana |
alas wana wanadri-ku |
tarataban wanawasa ||

Jilid 3 - Kaca : 315

34. Wulusan rimba wanardi |
wanapringga wanantara |
wilahan lirang hutan-e |
Namaning angin winarna |
maruta samirana |
anila pracanda bayu |
barat pawana prahara ||

35. Bajra lesus sindhung mangkin |
Namaning jawah winarna |
udan jawêh riris srane |
drêsti surur sracap warsa |
Namaning gêni ika |
pawaka dahana latu |
anala awuhya brahma ||

36. Agni api lawan puyi |
De namaning kang sagara |
samodra jalanidhi-ne |
waudaya jaladhiyan |
waudadi hènawa |
waudadi tasik laut |
jaladri nadi hudaya ||

37. Gunadi kalawan jaddhi |
Namaning kadhaton pura |
purannya kênyapuri-ne |
antapura purantara |
puraka prasadarga |
tajya karatyan kadhatun |
dhatulaya kanyapura ||

38. Kaaji kadhatyan puri |
De ranning pra arum kênya |
adyah ing kênyapurine |
wara rèni warakênya |
warakami kadyaka |
trêhajya dalêm myang wadu |
rèni kamini wangayya ||

39. Wara kanyaka anak-bing |
warana mini wanudya |
wangadyahi wanita-ne |
wara-taruni, duhita |
panni rêtna wanita |
rètna dyah ika marmadu |

waraduhita dapita ||

40. Warakannya ungadyahi |
ytristri ratna arunidyah |
anak-bini ungadya-ne |
ngadyahi kalawan styah |
Namaning pasareyan |
pakasutan tilamarum |
papalingan palijêpan ||
41. Pakêjêpan jinêm-amrik |
patilêman pajungutan |
pakulèn tilam paturon |
gupit paprêman paturyan |
gulingan pakasuptan |
jinêmrums kalawan jungut |
De namaning papajangan ||
42. Pracangan patanèn tuwin |
mandhakiya pakasutan |
krobongan pagubahan-e |
namaning sanggar-planggatan |
pamidik pamidikan |
mandhakini De namèku |
balekambang yasakambang ||
43. Wismakambang mandhaini |
Namaning kang pamêlêngan |
pamursitan pasamadèn |
pahoman myang pahêningan |
pidikan sampun tamat |
Namaning lawang winuwus |
badra kadron dyaralaya ||
44. Dwarala wiwara kori |
pintu kontên dwari dyara |
Mangkya namaning kang golèk |
suppa pratima suwarna |
upadi srupa tima |
De punggawa namanipun |
pratiwa prattiwa batha ||
45. Partipa bala sumantri |
rasika ramye punggawa |
wadyabala tantra ranne |
baladika balagana |
waduaji kalawan |
wadyakosa arannipun |
batha brêtya wadyakuswa ||
46. Balakuswa brêtapati |
blaburbala balabyawan |
balakuswa wahanana |
balapati balakrama |

Jilid 3 - Kaca : 316

Dene namaning rencang |
sahaya, kawuntên batur |
patik dasih wadu hamba ||

47. Ulunan kawula-dasih |
manih-manih De namanya |
rencang èstri paricare |
pacara kakèr parêkan |
paridha carikan paridhara |
poricarika cèthi-ku |
uning-dalêm kaka-kaka ||

48. Gundêk kaka lawan manih |
Dene namaning kèngkènan |
utusan caraka gandhèk |
duta tuwin wimbasara |
De wadya pês namanya |
pratiwadama puniku |
brêtyadama-ning Sarkara ||

250. Dhandhanggula

1. Namaning kang sato-kewan nênggih |
satwa wrêgu atbana guhana |
wrêga grigu ataga-ne |
buswan wrêgana pasu |
dewauwa namanirèki |
tutuha hwa ha windra |
bruwar rêda lawus |
lowidha, lawan srikangga |
Namaning kang asu sona cika anjing |
sêgawon, swa, srênggala ||

2. Bugêl kuwata capira nênggih |
Namaning kang sawêr sarpa taksa |
-ka urar, naga-ne, |
antaga bujanggèku |
aliman myang nuwenda tuwin |
wisu lawan wiswaka |
ran ulêr winuwus |
prêtika urtta ratyaka |
krimimara Namaning iwak-loh nênggih |
mina mataya mayangga ||

3. Jita maswa mara tuwin hoti |
Namaning kang ece daki tyacya |
karaca myang kumirane |
Namaning cèlèng wijung |
andhapan wêg cêlêngan jubris |
waraha wwag sungkara |
durgangsa babwi-ku |
Gantya namaning kang cêcak |
cêcca wêcca srêpana cêrca myang murti |
De namaning cêkaklat ||

4. Cintaka myang trikaklak utawi |
 usaya De codhot namanira |
 labeka myang swarima-ne |
 condhot swatgoga-nipun |
 Namaning kang coro winarni |
 lipasa curyya wragna |
 karlaka puniku |
 Namaning cacing warcita |
 anwil lusi wrêjita miwah nauti |
 ranning rase winahywa ||

5. Gahandaka marwaga danuki |
 rasya lowa widada widarsa |
 Dene ta kêbo namane |
 miswa gomi andanu |
 sarawana maesa mundhing |
 danuka kartiwaka |
 sêtyaka karêbu |
 gopaka lawan badhakas |
 Namaning kang kucing mangkya kang winarni |
 mongsiya pusa pwasa ||

6. Kumawangga windula lindhiki |
 myang kucingha kalawan uriddha |
 Namaning kidang ing mangke |
 arina kênas ujung |
 myang sanggari asyana tuwin |
 walkasa awinangga |
 waulapan sampun |
 Namaning kancil sahasa |
 criga sasa makala palguna tuwin |
 marguna myang awika ||

7. Namaning kang kasturi winarni |
 rahawiddha padyaksa turila |
 Namaning kênthus ing mangke |
 kawandaka pêthangkus |
 gênthorang myang katyaka tuwin |
 kênthu miwah dumira |
 Namaning kang kuwuk |
 brewa griwa garêmusa |
 gapadula sêrêgampa grêdama twin |
 kuku kalawan grêdda ||

8. De namaning kêthèk kêra juris |
 kuthilapas rewanda wanara |
 palwaga gocara bêdhès |
 monyèt kuthila munyuk |
 kênas wre bruk palgosa kapi |
 Namaning kawuk dêksa |
 myang manyawakipun |
 sarira miwah wiyangga |
 Namaning kadhal umikaka tuwin |

Jilid 3 - Kaca : 317

karla didika bundhan ||

9. De namaning kodhok kang winilis |
pas canthuka wrêstija weyanga |
lawan wiyung De namane |
kapithing kang winuwus |
darika myang kathira tuwin |
patri kamitra Gantya |
kijing namanipun |
patna krêmisa lindhana |
Namaning kang kalabang ingkang winarni |
kanaba manggakala ||
10. Sigusapa sangkathasirsèki |
Namaning kang kalajêngking ika |
pracika myang wrêsika-ne |
wikatha karkalèku |
Namaning kê mangga winarni |
wwarmata kamamatsa |
kyaka umêngipun |
mwang gumênggêng De namanya |
kalong gingga gingguna karmana lêngkir |
De namaning kang kombang ||
11. Madukara sadpada pohali |
bramara myang lyali Madubrata |
Ranning kupu karmija-ne |
drupawa trijanipun |
Namaning kang kinjêng winarni |
kirada trawanggana |
trungka sadpadèku |
Dene namaning kang konang |
karlipa myang kardipta prawiku tuwin |
paryyana De namanya ||
12. Paksi dara kutu-kutu tuwin |
parpati myang andhara hambara |
De namaning trênggalunge |
wilangga trangglang-ipun |
manggrita myang, trambawa Dening |
namaning kanang tukang |
tutungka dakyèku |
limbo kandhuki jupwasa |
Mangkya gantya namaning kanang trênggiling |
tranggilo hola krêta ||
13. Taranggirwa arikta Gumanti |
namaning kang tikus karathika |
wênggong wênggyang musika-ne |
kulthaka britanipun |
myang jinaddha Gantya namaning |
têkèk basu thatmaka |
darnita walutru |
pêrcalung De namanira |

Jilid 3 - Kaca : 318

kanang tawon tusara wilata tuwin |
aksawata Gumantya ||

14. Namaning kang tinggi kang winarni |
marusukra kinggyana kindraka |
bangsarha Dene namane |
sapi andaka lêmbu |
andana myang gumarang tuwin |
nadarika iyata |
lahambana biksu |
gutara sunwata growa |
myang karwita Ranning simping sipi-sipi |
kima wringga kamura ||
15. Namaning kang sêmut barakithi |
tutsma turida lawan kasarya |
Dene namaning warak-e |
barkita durganggèku |
ascarrêma karthupa tuwin |
libra masdla panyula |
wahêndhê rêpan-ipun |
De namaning wêdhus menda |
badra waddha badrewana dumba kambing |
bajrowisa gandhoga ||
16. Apkendra myang ami De namaning |
ingkang wrêgul wurikta sababa |
baglana tuwin sêgêre |
De walang namanipun |
wancak wancal wancal tuwin |
kithika De namanya |
walangkapa-nipun |
cangkring dumrada sragita |
De namaning wrêna winata liplèki |
kalandaru grisawa ||
17. Tuwin nandha Mangkya namanèki |
ingkang lutung anjani kajura |
jonni krêsnandha budhêng-e |
krêsnangga wirukè-ku |
myang kanuki Mangkya namaning |
luwak wulik harwwaka |
Iwarddha byatatiku |
lêwis kyatbata witrindha |
Namaning kang landhak pangsyang êntir-êntir |
waragdhêg wirundisa ||
18. Sujika myang duryangga Gumanti |
namaning kang lingsang yungywing, kapwa |
waringga myang nokara-ne |
canana de namèku |
ingkang lawa labar cot sèri |
sembuka, lawan sopta |
De namaning lêmut |

Jilid 3 - Kaca : 319

- nyamuk rakaddha murinda |
 Namaning kang lalêr masika ladrèki |
 pastika myang srisa ||
19. Namaning kang lancêng kang winarni |
 wêlatana tungkara sungkara |
 De namaning pritgantil-e |
 gadhasih rês-rês cucur |
 tadhah-karsa tidharsa tuwin |
 wlasarês De namanya |
 prakutut winuwus |
 uka kiswara kitiran |
 Namaning kang prênjak tamu-yana tuwin |
 srimataka lawan hla ||
20. Namaning kang pitik ayam pitrik |
 ahyam sata kalawan kuraha |
 Dene namaning pênyune |
 masiran myang kurmèngku |
 kêtêm lawan kêtêmwang mangkin |
 Namaning jaran kapal |
 turangga kudèku |
 abapra aswa undhakan |
 parasita kalangkya wajik kalêngki |
 De namanya ||
21. Kang jalarang dya-rarang prihaha twin |
 dabrika myang singgara punika |
 Namaning jangkrik jogan-ne |
 mitsnaddha rinritèku |
 Namaning kang yuyu winarni |
 rakatha kalakatha |
 lawan karkathèku |
 kratdhika tuwin lartika |
 Namaning macan sardula kesari |
 arimong magadipa ||
22. Sima singa mangha margapati |
 arimba mong bragalba myang wragra |
 Namaning kang manjangane |
 sangsam jênggulan-ipun |
 rusah wrangga sangkula randhi |
 arusa lan manglada |
 Namaning mamananuk |
 kukila garudha kaga |
 garura myang garêlya sihinbra paksi |
 De namanipun mêrak ||
23. Wayuninda badhak lancur tuwin |
 kuwong cohung kalawan manyura |
 Namaning maliwis rêke |
 griwis silêman-ipun |
 cakrawaka cakarwa tuwin |
 cakrangga De namanya |
 mimi mithukèku |

imi-imi myang mindara |
amintuna Namaning gajah waniti |
dipangga brajamuka ||

24. Dirodana liman dwipa èsthi |
amatêngga diraddha samadya |
sasajang myang kunjana-ne |
gajaksa gathu-muthu |
lawan èsthi Gantya namaning |
garangan wlagra sapwan |
gitra katri namung |
Dene namaning kang gagak |
ajap-ajap kangga dhandhang ugi mung tri |
Gantya namaning gêmak ||

Jilid 3 - Kaca : 320

25. Puyuh kakali lawan manintir |
Namaning gangsir makri tistrasa |
myang tanghira de namane |
banthèng go angun-angun |
goh andaka jawiddha tuwin |
yawa gwaksa gawindra |
grina sawarèku |
Namaning bajing yawingga |
ikurita niyuninda panduba twin |
wasukka De namanya ||
26. Rikang bunglon bisawarna tuwin |
saputhata taruja kilasa |
lawan tanu De namane |
bajul Buwaya-nipun |
wubaya myang wayama tuwin |
walawaya wayura |
Namaning kang bulus |
wayangga lawan kurmanda |
myang wacungha welusa Dene namaning |
banyak angsa awija ||
27. Warangguru angsa De namaning |
ing kang bèbèk kambangan sakrita |
cakrama myang duwaba-ne |
Dhuh anak mung puniku |
kang kalêbêt ing dasanami |
Nurwitri lon atanya |
dupi namanipun |
kewan pêksi gagrêmêtan |
iwèn tuwin ulam-loh saminirèki |
winêdhar plêncat-plêncat ||
28. Lah makatên mung supados gampil |
wit nama kang sirah aksara ha[...] |
dumugi aksara ba[...] -ne |
mila pating palêncut |
Ki Nurwitri umatur malih |
sênggung kalawan lintah |

kang dèrèng kasêbut |
o inggih kula kalepyan |
ranning sênggung sahira sênggora tuwin |
lêngkasa lawan sriba ||

29. Namanira lintah ujêl nami |
Ki Nurwitri ririh aturira |
sranduning badan kang dèrèng |
winêdhar namanipun |
têlanakan jêmbut myang pênthil |
ki wisma mèsêm lingnya |
kula dèrèng mangguh |
sanès ingkang ulunrêmbag |
nyênyamikan lan wedang langkung mlasasih |
minta sinaruweya ||
30. Cacêngklungên dènnira manganti |
rêntahing sih mangayun rinahab |
lah suwawi ywa talangke |
mrih lêga manahipun |
suka ing tyas kang sinung angling |
tanggap samya mangrurah |
wedang nyamikipun |
nutug pakantuk manadhah |
nyai wisma mangarsa mangancarani |
êsês kalawan nigan ||
31. Ki Saloka udud datan apti |
muhung mucang apune kakehan |
mentol sabêton bibire |
narocos ngowèh idu |
adhuh nyai nyuwun usadi |
kiranging duga-duga |
apura dikladuk |
nyai wisma ngling dènenggal |
mamahana cêngkèh saking tigang siki |
sa Allah awaluya ||

38 Bab jampi sakit mawarni-warni, saking Nyai Wanakarta. Ugi bab dintên
ingkang sae namakakên jampi. ...
kaca 321-330.
Uran-uran bab watak-watak ingkang awon. ...
kaca 330-331.

Jilid 3 - Kaca : 321

32. Ing tapsirih wus ulundèkèki |
tanggap mênthêt cêngkèh wus dènmamah |
ngowe saras bênggore |
malêngèh lon amuwus |
sampun mantun raosing sakit |
mentol sabêton ical |
tan na labêtipun |
nuwun nyai yèn sêmbada |
rèhning ulun katêmpah sêpuh pribadi |

tan pantês Lonthang-lonthang ||

251. Lonthang

1. Lir kang anèm wajibe kêdah samêkta |
mênèk wontên sukêr sakite nèng marga |
sintên ingkang kajibah têngtu kang wrêdda ||
2. Mila bilih nyai kaparênging karsa |
ulun nyuwun sasêrêpan bab usada |
nyi wisma ngling punika langkung prayoga ||
3. Nanging sampun tinartamtokkên jodhonya |
namung kangge lantaran saèstunira |
saras botên saking kwasaning Hyang Suksma ||
4. Jampi bêtèr-êtis wontên kawan warna |
kang sawarna sêdhah kapanggih rosira |
bêngle dlingo ron ringin têngtu langya ||
5. Kang dwi warni êbungipun pisang Saba |
podhisari murmak dagi asêm krêsna |
apan sami binorèhakên sarira ||
6. Katri warni apan namung abên tiga |
têngtu kunir brambang binênêm punika |
ugi sami binorèhkên patrapira ||
7. Catur warni nanging dèn-unjuk punika |
bêras adas kunci mrica-kumukusnya |
brambang cabe gêngdhis sarêm sawatara ||
8. Jampi cantên mladheyan brit pamêndhêtnya |
sinosoga manginggil de abênira |
(m)pu kunir hêr wayu pinipis popokna ||
9. Jampi amêjahi cacing ron laosnya |
dlingo bêngle mungsi bawang sarêm sarta |
arêng-jati dèn-mamah cinêkokêna ||
10. Pamurunge cacar duk lagya panasnya |
dipun dusi landhaning kang pisang Saba |
kinurungan karanjang sasampunira ||
11. Siniraman kinêmat sariranira |
wusing garing binorèhan kang warata |
krokot adas-pulasari abênira ||
12. Jampi sarap apan wontên kalih warna |
godhong kawis kalawan kuliting bawang |
jêram pécêl bêngle pinipis jamokna ||
13. Kang dwi warni binorèhakên kewala |
kulit tigan ginêsêng lan lisah klapa |

Jilid 3 - Kaca : 322

- dlingo bêngle kadubang kinarya toya ||
14. Ing nalika (m)borèhakên mawi maca |
ayat Kursi la illa hu kumdu mugya |
ayal wala yaudu hu satamatnya ||
 15. Jampi racêg godhong katèpèng abênnya |
adas-pulasari tanapi barambang |
binênêma apèn atanapi sêcang ||
 16. Cinêkukkên maring larene punika |
ampasipun pinupukkên (m)bunbunannya |
adatipun racêg mëndhak gya waluya ||
 17. Jampi kuping wêrak(?) tuwa bawang seta |
pan winêjêt ingêngêt pinupuhêna |
dhatêng kuping kang kraos sakit punika ||
 18. wontên malih jampi kuping oyodira |
kang galagah adas-pulasari nulya |
pinipisa kang lêmbat pinupuhêna ||
 19. Kang sawarni malih jampi kuping ika |
bawang pêthak lawan kunir pinupuhna |
maring karna kang karaos tan sakeca ||
 20. Kuping ingkang (ng)ganda bacin usadanya |
ronning sênting lan mëndhang kunir mripatnya |
pinipis kang lêmbat nulya pinupuhna ||
 21. Jampi kopok kamladheyan sênting ronnya |
lawan kunir pinipis êbun toyanya |
pinupuhkên marang kang mêdal kopoknya ||
 22. Jampi kuping tuli sapta somah mrica |
oyot kelor rêmpêluning ayam krêsna |
lênga wijèn pinupuhkên kang tan myarsa ||
 23. Sarwi maca Palak Binas kaping tiga |
wontên malih godhong dhadhap srêp punika |
pinususa pinupuhkên kang tan myarsa ||
 24. Usadanya mripat kang lamur punika |
ron kacipir pinusus ing astanira |
pinupuhkên dhumatêng mripat kalihnya ||
- Jilid 3 - Kaca : 323
25. wontên malih jampi lamur uwohira |
turi rêta sarêm sawuku lawan |
lisah klêntik pinupuhkên patrapira ||
 26. Usadanya mripat mlêthus êmpunira |
kunir lawan jênene tiganing sata |
asêm kawak arêng jati pinupuhna ||

27. Usadaning mripat gatêl sarêm priya |
mung sawuku myang isining lêrak nulya |
dèn mamaha pinupuhkên kang karasa ||
28. Usadaning maripat sakit punika |
asêm kawak kunir pacing sidawayah |
toya tuli anulya pinupuhêna ||
29. Usadanya mripat malêtik jalaran |
saking cacar kang lagya enggal punika |
paku wêsi binakar kang ngantos rêta ||
30. Tinuruhan toyane kang jêram linglang |
kang sapalih inguyup de sapalihnya |
pinupuhkên marang kang malêtik sarta ||
31. Sabên ari winêwahan upa juga |
pamupuhe dèn-nuli-nuli ywa weya |
kang malêtik adatipun lajêng sirna ||
32. Jampi bèlèk duduhe jambe kang mudha |
myang babakan kayu jurang(?) adas-pala |
-sari lawan sunthi ingindêl toyanya ||
33. Pinupuhkên dhumatêng bèlèk punika |
kang wus klakyan ngêrês pêdhês gatêl rêta |
myang balêrêng sirna pulih kadi kuna ||
34. Jampi puyêng pulasari kapulaga |
myang kumukus tuwin bawang sawatara |
pinipisa lajêng inguyup kewala ||
35. wontên malih pinilisakên kewala |
oyoting jruk pêcêl jêbug sunthi mrica |
dlingo bêngle kang lêmbat pamipisira ||
36. wontên malih pilising puyêng punika |
namung kalih warni kumukus titiga |
myang lêmpuyang tigang iris pinipisa ||
37. Pilis puyêng kadadak lêgon laosnya |
myang warêsah babakaning têtumu krêsna |
lan sadhêgan (m)ponpon linawêt ing sela ||
38. Jampi watuk mpuning kunir traos rêta |
asêm-kawak toyanipun santên klapa |
inguyupkên padatan lajêng waluya ||
39. wontên malih jampi watuk lisah klapa |
kunci asêm-kawak nanging mawi donga |
Illa iya Allahu amung punika ||
40. Jampi watuk datan mêtal riyakira |
sunthi lawan oyod gandarosa krêsna |

41. Usadanya tiyang aluntak ludira |
lêmpuyang myang jêram linglang sarêm ika |
inguyupkên adatipun sring waluya ||
42. Kang sawarni malih sunthi bawang seta |
mung sabungkul jêram linglang toyanira |
inguyupkên asring akarya waluya ||
43. wontên malih triris bonggol pisang Saba |
godhong wringin têmu brambang asêm-lama |
lawan sarêm inguyup saras kang raga ||
44. Jampi sambang godhong kawis cabe tiga |
lawan ganthi masoyi kamukus samya |
linawêta amung dènuntal kewala ||
45. Kang sawarni malih ron waringin sarta |
babakannya myang awu pawon punika |
toyanipun tuli lajnêng inguyupna ||
46. Usadanya padharan (m)badhêdhêg ika |
kasèmbukan lampês sulangking abênnya |
tumar mungsi cabe-wungkuk amung tiga ||
47. Miwah laos tigang iris kathahira |
myang lêmpuyang tigang iris sadayanya |
pinipis kang lêmbat inguntal kewala ||
48. Usadanya padharan kang kraos bêngka |
dlingo laos pinipis wedang toyanya |
ingurapkên mring padharan kang warata ||
49. Bilih mulês punika usadanira |
sahang miwah êmpuning kang kunir-priya |
sinimbarkên ngarsa wuri kang warata ||
50. Yèn padharan kakên jampinipun eca |
kukuluban walikadhêp pinêcêla |
dyan dhinahar sampun mawi taha-taha ||
51. Jampi sakit wawratan ron api-api |
myang majakan pucuk miwah podhisari |
adal-adal cêmêng inguyupkên nulya ||
52. wontên malih jampi wawratan warnèki |
lêmpuyang tri iris sarêm arêng-jati |
dènmamaha ingêlêt toyanirèki ||
53. Bilih sakit wawratan-rah jampinèki |
adas enggal lawan oyoting kamrunggi |
inguyupkên lajêng pampêt adatnèki ||

54. Kang sawarni malih yèn wawratan gêtih |
asêm abrit brambang sarêm lisah-klapa |
dipun êpès binênêm nulya tinêdha ||
55. Jampinipun wawratan umbêl punika |
jêbug klapa binênêm de abênnira |
podhisari pucuk kêncur sidawayah ||
56. Myang cangkok kang sidawayah tinoyanan |
pathinira mêngah matêng kang lêmputyang |
inguyupkên tanapi kinarya sibar ||
57. wontên malih wawratan umbêl jampinya |
êmpu puyang binakar pucuk majakan |
podhisari pinipis inguyupêna ||
58. Usadanya tan-toyan datan-wawratan |
tri ris laos tri ris puyang mungsi tumber |
pan pinipis anulya inguyupêna ||
59. Yèn tan-ngêntut punika usadanira |
oyoting kang waluh lawan bawang seta |
jêram nipis pinipis inguyupêna ||
60. Jampi mêjên bluluk binênêm abênnya |
êmpu kunir podhisari jintên krêsna |
asêm kawak kêncur sarêm arêng-jatya ||
61. Kang sawarni jampi mêjên jintên krêsna |
podhisari majakan dwiwani samya |
dhinahara ingêlêt dalah ampasnya ||
62. Awawratan lênggêtan jampinira |
tanpa abên mung oyod kêncur kewala |
linolohkên adate nulya waluya ||
63. wontên malih lênggêdên usadanira |
oyod dilêm lawan jêbug pamipisnya |
ingkang lêmbat kinarya tapêl kewala ||
64. Usadanya sakit untu lah punika |
êrahipun sêmut lan gêndhis kalapa |
tinamakna ing untu kang tan sakeca ||
65. Ing nalika namakkên iki japanya |
adhi untu marênga si kakang untu |
kukuh-kukuh adat ical sakitira ||
66. Untu ingkang sangêt sakit usadanya |
bawang pêthak lawan asêm pinipisa |
kang alêmbat pinupuhna kang karasa ||
67. Ing nalika mupuhkên iki mëlira |
tangêt barang lara winor mung punika |

Jilid 3 - Kaca : 325

ingkang sampun sasakit lajêng waluya ||

68. Abuh ingkang tanpa sangkan usadanya |
asêm-kawak kayu-lêgi linawêda |
ingkang lêmbat anulya winêdhakêna ||
69. Bilih abuh sariranira sadaya |
jae tigang iris lawan oyodira |
wit rêmpêlas pinipis gya winêdhakna ||
70. Ugi abuh tanpa sangkan usadanya |
angkuping woh kudhu lan bras pitu nulya |
dèn mamaha sinêmburna kang warata ||
71. Abuh datan sagêd ngêlêt usadanya |
ron mên taos ron sênting ron mandhakakya |
abên nira miri adas bawang seta ||

Jilid 3 - Kaca : 326

72. Miwah sarêm kang lêmbat pamipisira |
winêdhakkên dhatêng kang abuh punika |
adatipun kang lir Balabag gya mulya ||

252. Balabak

1. Ki Saloka tanya malih mring ni wisma |
jampine |
ingkang tumrap dhumatêng jalêr kewala |
pedahe |
bilih wontên kawêdharêna |
saene ||
2. Nyai wisma mèsêm lah ngangkah punapa |
sarèhne |
tiyang sêpuh wus nir walangsangkêrira |
milane |
kula wêca usada mung tumrap priya |
clêmêde ||
3. Jampi apês lung pare tri punggêl lawan |
bênglene |
tigang iris pinipissa ingkang lêmbat |
nulya ge |
ingurukên dhumatêng dèdakarira |
wratane ||
4. Jampi pèluh lisah ayam cêmêng ingkang |
muluse |
dèn atêngi dene wawadhahira |
cupune |
bilih arsa sahwati dèn usapêna |
dakare ||
5. Lamun arsa amung nikmating wanita |
gajihe |
ayam cêmêng mulus dèn usap-usapna |

dakare |
ing nalika purusa ayun tumama |
mring hèsse ||

6. Loloh priya inguntal dimèn utama |
sahwate |
laos kunci sunthi kajêng lêgi mênyan |
madune |
wawrat ngawan-saga pinipis kang lêmbat |
lumêre ||
7. Ki Saloka kalangkung sukaning nala |
de olèh |
kawruh kèhing usada saking racikan |
warnane |
tanya malih punapa inggih wontêna |
jampine ||
8. Tumrap dhatêng ingkang sarasan kewala |
saene |
nyi wisma ngling inggih wontên wah prayoga |
tanduke |
mring sarira sakeca padharan lêga |
namane ||
9. Ya sadhêgan anton-anton gi-anggi-nya |
saene |
apan mawi binobot sadayanira |
pamrihe |
sagêt ajêg punika wawatonnira |
bobote ||

Jilid 3 - Kaca : 327

10. Adas wrat nêmlukur dhwit pulasarinya |
wawrate |
tigang dhuwit mungsi nêdhuwit wawratnya |
tumbare |
wawrat sangang dhuwit cabe tri dhuwitnya |
wawrate ||
11. Mrica wawrat sadhuwit kayu lêgènnya |
wawrate |
pitung dhuwit pala wawratnya sakawan |
dhuwite |
botor matêng ginorèng sangan wrat sakwan |
dhuwite ||
12. Kadhawunge ginorèng sangan kinipas |
wawrate |
kalih dhuwit wah kêncur sampun rinajang |
pinepe |
ngantya garing wawrat nêdhuwit kèhira |
nulya ge ||

13. Binubuk myang ingirigan kang alêmbat |
lajênge |
ginorèng sangan namung sawatara |
pamrihe |
bilih lami tan sagêd (n)jamur punika |
prêlune ||
14. Saupami badhe damêl kang akathah |
wawrate |
wêwahipun mirit kang kasêbut ngarsa |
malihe |
yèn adamêl sakêdhik sudaning wawrat |
lugune ||
15. Inggih mirit saking kang kasêbut ngarsa |
sudane |
kajampènan tiyang sêpuh katakêra |
kathahe |
mung satunggal suru agêng ingkang kêbak |
pinêrês ||
16. Bilih lare namung sapalihe wrêdha |
takêre |
lamun kagêm loloh barambang lêmpuyang |
wêwahe |
puyang mêngtah matêng dwi grigèh myang brambang |
kalihe ||
17. Bilih kagêm loloh cahabe lêmpuyang |
wêwahe |
cabe tiga iji kalawan lêmpuyang |
mêngtahe |
kalih grigah angêt kuwat mring sarira |
pamrihe ||
18. Kagêm loloh bêngdha laos wêwahira |
bêngdhane |
ingatêngan amung satunggal kalawan |
laose |
sapalihe (n)dhas-ayam mung tumrap wrêddha |
êkase ||
19. Kagêm jampi pêdhêtan wêwah bungira |
kelore |
tigang punggêl woh inggu dwi klungsu lawan |
jêrame |
-pêcêl namung sairis sunthi samanya |
klungsune ||
20. Bilih mêngcrèt brambang puyang êron sabrang |
wêwahe |
sadayèku pinipis sarêng sadhêkan |
ingombe |
amung bêngdha laos punika inguntal |

21. Mung pêdhetan ingombe kinarya dhasar |
 pedahe |
 ngêndhakakên kuwaya lawan usada |
 bêngange |
 yèn (m)bubucal murus têrkadhang mung lêga |
 wêdale ||
22. Loloh parêm ênèm anggi-angginira |
 warnine |
 adas pulasari kayu-lêgi pala |
 sarine |
 kêmbangpulu manis-jangan sidawayah |
 tumbare ||
23. Jintên irêng kumukus jongrahap murmak |
 daginge |
 cabe brambang saprantu kêncur kunirnya |
 tambahe |
 jêram pêcêl pinipissa mawi toya |
 [. . .] ||
24. Bilih kagêm loloh sêpuh parêm wêwah |
 ge-angge |
 pucuk ganthi pucuk pandhan widasari |
 cêngkèhe |
 jae kêling majakan mêsoyi mrica |
 mungsine ||
25. Pon-êmponnya wêwah bêngle têmulawak |
 puyange |
 pinipissa tinoyanan sawatara |
 kathahe |
 mudha wrêddha panginume wusnya nadhah |
 sêkule ||
26. Mangkya loloh sawanan racikanira |
 warnane |
 dlingo bêngle bawang inggu ragi lirang |
 adase |
 -pulasari kêmbang sumba tambar mungsi |
 palane ||
27. Kayu-lêgi kumukus sêntok mêsoyi |
 sarine |
 rasukangin cêngkèh pucuk kapulaga |
 karange |
 lawan botor kêdhawung ginorèng sangan |
 kalihe ||
28. Gya linawêt toyanira sawatara |
 kathahe |
 pangunjuke sontên ing sadèrèngira |

sêrape |
Sang Hyang Surya punika mung tumrap jalma |
sêpuhe ||

29. Mangkya loloh kalamun luntak ludira |
maliye |
watuk mawi ngêdalkên êrah punika |
warnine |
kawulipun panawar jambe rannira |
abênne ||
30. Adas pulasari ginodhog kinarya |
wedange |
pangombene yèn wus asrêp lan tan kêna |
angombe |
sanèsipun tumêkanira waluya |
lawase ||
31. Mangkya loloh kamatus kang nama rujak |
warnine |
traos abrit sagalindhing ingatêngan |
maliye |
tiga pêntil jram pêcêl sajêmpol asta |
agênge ||
32. Brambang abrit tiga iji lombok rêta |
isine |
binucalan dene kathahe dinuga |
pêdhêse |
pêntil jêram lombok brambang rinajangan |
nulya ge ||
33. Ingulêg nèng lèmpèr kang ngantos warata |
mukête |
gya binukti sasampuning kalêbêtan |
bojane |
tinêlasna sadaya ywa nganti tirah |
rujake ||
34. Dènnya loloh baladhêg tri ari ika |
etange |
ing kang kaping kalih jêramnya sakawan |
ping trine |
jêram gangsal sakèh loloh èstu mawa |
sarême ||
35. Sampun têlas mung punika kawruh para |
lolohe |
Saloka ngling kalangkung panuwunkula |
èstune |
warnaning kang anggi-anggi kèh kalepyan |
namane ||

Jilid 3 - Kaca : 329

36. Miwah kathah ulun kang dèrèng uninga |
wujude |
nyai wisma amêndhêt bothekannira |
nulya ge |
anêdahkên wujud tanapi namanya |
Silisire ||

253. Salisir

1. Sampun jinènrèh sadaya |
nyi wisma malih wacana |
tumanduke kang usada |
mrih istijab utaminya ||
2. Saèstu kêdah ngupaya |
ari wuku tigung dasa |
pinilih kang pratelakna |
asung usada waluya ||
3. Kêmis Lêgi wuku Sinta |
lênggahe anjampènana |
sakit maripat punika |
saèstu dadya waluya ||
4. Ngat Kliwon Tolu wukunya |
punika usadanana |
sadhengah raga tiarda |
tartamtu dumadya mulya ||
5. Slasa Wage Gumbrêg ika |
lênggahe anjampènana |
tyang ewah kang saking raga |
mantuka èngêtanira ||
6. Sênèn Kaliwon Kuningan |
lênggahe sung jampi marang |
tyang elik dènnya jodhoan |
wangsul atut raruntungan ||
7. Sabtu Pon ing wuku Pahang |
nandukkên usada marang |
jalma ingkang lagya nandhang |
sakit tamtu saras girang ||
8. Kêmis Kaliwon panuju |
apan Marakèh kang wuku |
anjampènana puniku |
tyang sakit saras saèstu ||
9. Ngat Lêgi lan Sênènira |
Paing Kulawu wukunya |
anjampènana tyang roga |
istijab têmah waluya ||

Jilid 3 - Kaca : 330

10. Punika yèn tan kasêsa |
madyane anyingkirana |
sanggar naas ringkêl jalma |
atanapi tali-sawa ||
11. de yèn kêdah sanalika |
tumanduke kang usada |
sampun was-uwas ing nala |
sumendhe karsaning Sukma ||
12. Ki Saloka saya suka |
angling kapundhi mustaka |
nyai ingkang pangandika |
wus tumanêm nêng wardaya ||
13. Ki wisma lon angandika |
wontên wirayating kuna |
tyang desa têbih ing praja |
wus wrêddha sênêng ra-ura ||
14. Pancèn dènmirêng-mirêngna |
mring anak putu myang tangga |
puniku bilih rinasa |
akathah paedahira ||
15. Mas Cêbolang lon turira |
prayogi winêdharêna |
ulun kêpengin miyarsa |
ki wisma gya ura-ura ||
16. Yèn jalma sok dhêmên padu |
punika kawongan asu |
lamun ginitikan iku |
tan na tulung ngaru-biru ||
17. Wong ladak kawongan warak |
kumalungkung ngoyak-ngoyak |
tan wêlas ragane gupak |
êndhut têmah gêlis rusak ||
18. Agahan kawongan gajah |
ngêndêlkên gung luhur miwah |
têlale gadhinge branggah |
blaine lali ing tingkah ||
19. Wong jail kawongan sima |
tangèh amriha raharja |
sikarêng budi sêdhêngnya |
kèh cinampok pêjahira ||
20. Wong drêngki kaworan tikus |
dahwèn panastèn tan arus |
baludhus karêm (ng)gadêbus |
tan na rêna mung mring lampus ||

21. Wong murka kawongan buta |
watak tan wruh bêcik ala |
butêng candhala angangsa |
têmah asor nistha-papa ||
22. Wong (m)bêlêr kawongan lalêr |
gawe risi miwah jêmbêr |
amung melik kang dênincêr |
sinêrtu iku wus bêncêr ||
23. Wong ngiwa kawongan baya |
ngrasa tan nana uninga |
prandene sakèing jalma |
wruh gawene (m)badhog jalma ||
24. Wong climut kawongan lêmud |
gunane nunungkul (m)blurut |
kêh jalma panas (m)basêngut |
dèncablèk kewala mumut ||
25. Wong maling kawongan kala |
-jêngking nandukkên antupnya |
pramila sakèhing jalma |
niyate mung mêjahana ||
26. Pan namung sadasa pada |
yèn siyang dènya ra-ura |
sakèndêle bêdhug ika |
sadèrènge Asar sunya ||
27. Yèn ratri sabakdanira |
Ngisa awit ngura-ura |
tumêkèng sanendranira |
tanginya saput bantala ||
28. Dados ing sadèrèngira |
bêdhug siyang kèndêlira |
Asar dumugining Ngisa |
tan purun ra-ura maos ||
29. Ujare nêbihkên marang |
rijêki satêmah barang |
puniku kèngêtaningwang |
matur nuwun Mas Cêbolang ||
30. Nahên sampun tigang ari |
Cêbolang sarowangnèki |
dènya nèng Wanakartèki |
tandya pamit mring ki panti ||
31. Dhuh kyai bilih marêngi |
rèhning sampun tigang ari |
(ng)gèn-ulun anyunyukêri |

Jilid 3 - Kaca : 331

wontên ing Wanakartèki ||

32. Sartanipun anampèni |
sih kadarmanipun kyai |
atanapi nyai ugi |
paring sasêrêpan jampi ||
33. Kalangkung nuwun kapundhi |
bingahing manah tan sipi |
sadaya atur pamuji |
dinirgakna yuswa sami ||
34. Ywa kirang juga punapi |
lumastari andamari |
pêpêtêngipun sasami |
mangke bakdaning Subêkti ||
35. Kula sarencang sadaya |
nglajêngakên lumaksana |
muhung pangèstu panduka |
wilujêng tan na sangsaya ||
36. Nyai Kyai Wanakarta |
mangayubagya ing karsa |
sarta asung pamujyarja |
tulus praptèng kang sinêdya ||
37. Myang asung sangu sadhêgan |
binungkus ron klaras gêdhang |
tanapi jampi racikan |
sadaya sampun katampan ||

39 XIV. Mas Cêbolang sarencangipun nglajêngakên lampah dhatêng Pajang, kapanggih abdidalêm mêthakan, nama Ki Mastuti ingkang nêrangakên:. ... kaca 332.

Silsilahipun Sultan Pajang wiwit Prabu Brawijaya Raja Majapait ingkang wêkasan nandhang gêrah rajasinga sagêd mantun sarana ngrasuk wanita Wandhan, malah pêputra Bondhankajawan sinêbut Lêmbupêtêng dipun êmong dening Kiagêng Tarub. Salajêngipun ngantos dumugi Sultan Agung ing Mantaram. ... kaca 333-338.

Jilid 3 - Kaca : 332

38. Dupi bakdaning Subêkti |
sasarapan wus miranti |
wedang sarbat liwêt brati |
sambêlgorèng pête ati ||
39. Pakantuk dènnira bukti |
wus luwaran sadayèki |
samyang ngujung ganti-ganti |
wus mêdal saking ing panti ||
40. Ki wisma kalawan nyai |
ngatêr praptèng (n)jawi kori |

wus lèpas lampahirèki |
anduduk mangetan sami ||

254. Mègatruih

1. Nêngna wau ki Wanakarta kang kantun |
nahên ta lampahirèki |
Cêbolang sarencangipun |
wanci (n)dungkap pajar sidik |
mahawan ing têngal alon ||
2. Rarya ngucul maesa lêmbu myang wêdhus |
kinalungan gênta klinthing |
rame swaranira umyung |
binarung pamêcut muni |
klenthang-klonthang thèr-thèr thor-thor ||
3. Kawimbuhan kluruking sata mawantu |
pêtoking ayam nyarêngi |
pawèstri nosoh myang nutu |
kakothekan mawa gêndhing |
kawuryan arjaning dhukoh ||
4. Rajakaya nêng pangonan samya ngrênggut |
katang lêdhung gambêng wilis |
kewan mêlês lêmu-lêmu |
menthok banyak bèbèk brati |
nêng lèpèn lit cocor-cocor ||
5. Kang samya ngon ngarubung bèdhiyangipun |
binênêman wigêmbili |
talês pohung tela kimpul |
amung janji mambu gêni |
lagya angêt gya binadhog ||
6. Ting kacêmut ngadêg mandhi sulak pêtut |
uninga jalma lumaris |
nêng têpi pangonnanipun |
(m)bêkta tarêbang kakalih |
rarya ngon gumrubyuk anon ||
7. Mas Cêbolang sarowangnya tinut-pungkur |
tarêbang ingkang cinangking |
tinabuhan garan pêtut |
ribêt kang samya lumaris |
Ki Kartipala anggêmprong ||
8. Ngudubilah bêdhès-bêdhès (ng)glidhig (m)bêsut |
ginêmbrang têrbang kakalih |
rarya ngon kagèt lumayu |
malajêng gya nyêlak malih |
têmah kèndêl kang samyandon ||
9. Ki Saloka ngrawut ronning cuncung bêlut |
satêkêm pinusus aglis |

- wus dadya arta sadarum |
ingècèr-ècèr nèng margi |
sakèhing kang rarya angon ||
10. Rarêbutan mên dhêti arta kang runtuh |
lumastari kang lumaris |
kapapag jalma wus sêpuh |
klênthung-klênthung marang têtgil |
kandhêg nèng ngandhaping sawo ||
11. Asung salam jawat-tangan sadaya wus |
aganti-ganti waradin |
ki wêrda alon lingipun |
anak kula nilakrami |
rèh sadaya nêmbè panggoh ||
12. Pinangka myang sinambat sinêdyèng kalbu |
Cêbolang mèsêm nangkêpi |
pratela wutah-rahipun |
nama myang sinêdyèng kapti |
tanapi umatur alon ||
13. Nuwun ulun nyuwun sasêrêpan èstu |
sintên sinambating kasih |
ing pundi namaning dhusun |
gêmah arjane nglangkungi |
ki wêrda mangsuli alon ||
14. Paringdalêm (n)jêng Sinuhun ing Mantarum |
kula nami Ki Mastuti |
Mêthakan sinungan lungguh |
kalihdasa karya siti |
ing Pajang Mutihan dhukoh ||
15. Lah puniki tilas karaton satuhu |
nagri Pajang duk ing nguni |
Cêbolang malih umatur |
nguni sintên kang mandhiri |
nèng kraton Pajang kang kojor ||
16. Winêdharna paran cariyosing dangu |
punapi luluhurnèki |
(n)jêng sinuhun ing Mantarum |
Ki Mastuti amangsuli |
nunggil pancêr sanès oyot ||
17. Nanging mangkya wus kumpul nèng Sri Mantarum |
cariyosipun ing nguni |
Brawijaya sang aprabu |
kang mungkasi Majapait |
agami Buddha sang katong ||
18. Putra satus satunggal putri myang kakung |
ingkang ulun criyos katri |
sadaya botên kawuwus |

ingkang angka tiga putri |
rêtna Pambayun kinaot ||

19. Ibu Ratu Andwarawati puniku |
putri ing Cêmpa nagari |
ratu Pambayun kramantuk |
Dayaningrat nagri Pêngging |
adipati kang palungguh ||

Jilid 3 - Kaca : 334

20. sarêng sampun krama nama Ratu Ayu |
Andayaningrat ing Pêngging |
puputra kakalih kakung |
Kêbokanigara nami |
Kêbokananga kang anom ||

21. Inggang sêpuh têtêp ka-Budan ginilut |
sampurna saraganèki |
ingkang anèm wus umangsuk |
Islam agama kang sukci |
têtêp nêng Pêngging sang anom ||

22. Mung sinêbut Kiyagêng Pêngging puniku |
puputra jalu satunggil |
Bagus Krèbèt namanipun |
ramèbu wusing ngêmasi |
nulya pinondhongan gupoh ||

23. Mring nyi randha dhusun Tingkir wismanipun |
lajêng karan Jakatingkir |
bagus sinêkti kalangkung |
lalampahan tan winarni |
lajêng suwita sang nganom ||

24. Mring (n)jêng sultan Bintara ingkang panutup |
kanggêp pasuwitanèki |
kinasih pinundhut mantu |
jinunjung dadya bupati |
ing Pajang sinungan lungguh ||

25. Siti kawanèwu karya (ng)gih sèwu jung |
sasedanipun (n)jêng mulki |
ing Bintara wahyunipun |
karaton cumlorot ngalih |
mring ngriki dadya kadhaton ||

26. Adipati ing Pajang jumênêng ratu |
amêngkoni tanah Jawi |
Prabu Wijaya jujuluk |
puputra kakung myang putri |
ingkang jalu mung sawiyos ||

27. Nama radyan Banawa sasedanipun |
kang rama Pajang nagari |
tan tulus wahyu kadhatun |

- kraton pindhah mring Mantawis |
dene kang jumênêng katong ||
28. Panêmbahan Senapati Ngalagèku |
dene dyan Banawa naming |
pangeran sêbutanipun |
sinung pangkat adipati |
ing Pajang puputra wadon ||
29. Warni ayu cahya anuksmèng sitangsu |
anama dyah Banowati |
dhaup lawan (n)Jêng Sinuhun |
Amangkurat Nyakrawati |
sedakrapyak parab katong ||
30. Sang dyah ayu lajêng sinungan jujuluk |
pramèsuari Ratu Adi |
pêputra (n)Jêng Sultan Agung |
ingkang jumênêng samangkin |
buyut sultan Pajang yêktos ||
31. Mas Cêbolang rênèng tyas miyarsa wuwus |
nyuwun sasêrêpan malèh |
putra kang kakalih wau |
dumuginipun samangkin |
paran gancaring cariyos ||
32. Mangkya putra angka triwêlas winuwus |
kang ibu saking nagari |
ing Cina kakasihipun |
anênggih Dèwi Subanci |
tri wulan dènnira (m)bobot ||
33. Tinrimakkên dhumatêng putra pambayun |
Arya Damar awawangi |
kang sampun jinunjung lungguh |
adipati Plembang nagri |
dhawuhdalêm rama katong ||
34. Salêbêting (ng)garbini tan kenging (n)dumuk |
mituhu sang adipati |
dupi praptèng mangsanipun |
(m)babar jalu saha mawi |
cahya nêlahi mancorong ||
35. Sinung nama Radèn Patah Radèn Yusup |
Dyan Kasan Dyan Praba nênggih |
sang dyah têtêp garwanipun |
Arya Damar adipati |
tan alami nulya (m)bobot ||
36. Miyos jalu ing warna ugi binagus |
dyan Kusèn namanirèki |
diwasanya kalhipun |

Jilid 3 - Kaca : 335

- nga-Jawi sêdyanirèki |
suwita ing sang akatong ||
37. Kang jinujug Sunan Ngampèl Surèngkewuh |
Radyan Patah nyulayani |
tan laju mring Majalangu |
kandhêg anèng Ngampèlgadhing |
Kusèn suwitèng sang katong ||
38. Langkung asih sang aprabu Majalangu |
pinacak dadya bupati |
wontên ing nagari Têrung |
Pêcattandha akêkasih |
sigêg Dyan Patah kacriyos ||
39. Sunan Ngampèl kalangkung-langkung sihipun |
dhasar uning jangkanèki |
Dyan Patah pinundhut mantu |
dhaup lan putri kang nami |
Ratu Jumantên kinaot ||
40. (ng)Gih punika kang jujuluk Ratu Panggung |
atut dènnya palakrami |
rahadyan minta pituduh |
badhe dhêkah kang prayogi |
kinèn malampah mangulon ||
41. Bilih manggih galagah gandanya arum |
ing ngriku kinèn (n)dhêkahi |
radyan lumaksana gupuh |
praptèng Bintara wanadri |
amituhu ing sapakon ||
42. Anggènipun babadra datan winuwus |
dadya dhusun gêng nglangkungi |
kiwa têngên kathah sujud |
bubuka pruwita sami |
agami Islam kinaot ||
43. Wus kapidêng ing sang prabu Majalangu |
dipati Têrung tinuding |
animbali rajasunu |
praptanira Majapait |
wus inganggêp putra katong ||
44. Gya ingangkat anama Dipatya Anung |
ngrênggani Bintara nagri |
myang winisik têngnipun |
ing Bintara dadya nagri |
karan ing Dêmak kadhaton ||
45. Pan ing ngriku santuning agami luhung |
atasing dhawuh narpati |
adipati klilan mantuk |

Jilid 3 - Kaca : 336

têtêp jumênêng dipati |
nahan risaking kadhaton ||

46. Majapait ing Dêmak dadya nagri gung |
sang dipati jumênêng sri |
apaparab Sultan Jimbun |
Sultan Sah Alam Akbar-i |
sasurud-dalêm sang katong ||
47. Tilar putra nênem putri tuwin kakung |
kakunge ingkang winarni |
pangran Sabranglèr puniku |
kang gumantya narapati |
tan alami nulya layon ||
48. Kang gumantos jumênêng nata rannipun |
Radyan Trênggana kakasih |
tulus ngrênggani kadhatun |
garwa putranya sang mulki |
Kalijaga wali kaot ||
49. Kangjêng Sultan puputra nêem putri kakung |
putra putri kang sumêndhi |
Dyah Banar jujulukipun |
tinrimakkên Jakatingkir |
prabu Wijaya kinaot ||
50. Apuputra rahadyan Banawa wau |
besanan lan Senapati |
mêdali (n)Jêng Sultan Agung |
sampun kapungkur kang kalih |
angka patbêlas kacriyos ||

255. Pangkur

1. Sang aprabu Brawijaya |
nandhang gêrah rajasinga kang nami |
ingusadan sakèh dhukun |
nir deya tan waluya |
saya ngrêda gêrahdalêm sang aprabu |
wanci dalu mirêng swara |
dumêling kinèn nyarèni ||
2. Putri Wandhan warni jênar |
linaksanan dyah Wandhan dènsarèni |
sapisan thil gêrahipun |
sênggang sami sakala |
Wandhan jênar anggarbini miyos kakung |
sinung ran Bondhankajawan |
pinaringkên juru tani ||
3. Nami ki Buyut Masahar |
sarêng yuswa wolung taun sang pêkik |
pinaringkên kyai Tarub |
dhudha putra satunggal |

Jilid 3 - Kaca : 337

- èstri ayu cahya manuksmèng sitangsu |
 lir murca kinèdhèpèna |
 paparab dèwi Nawangsih ||
4. Rahadyan Bondhankajawan |
 sinung nama Dyan Lèmbupêtèng nènggih |
 diwasanya pinèt mantu |
 dhaup kalawan sang dyah |
 Mas Cêbolang angling punapa puniku |
 Kyagèng Tarub kang akrama |
 widdhadari Nawangsasi ||
5. Patutan èstri sajuga |
 Ki Mastuti manthuk-manthuk mangsuli |
 inggih punika ki bagus |
 lajènge kang carita |
 Kyai Tarub datan lami nulya surut |
 dyan Lèmbupêtèng gumantya |
 Kyagèng Tarub asisilih ||
6. Puputra tri kalih priya |
 ragil èstri (m)bajèng Dyan Dhukuh nami |
 diwasa pinundhut mantu |
 dening kangjèng susunan |
 ing Majagung sarta sinung nama sèpuh |
 Sèh Ngabidulah dalêmnya |
 ing Wanasaba ngrènggani ||
7. Karan Kyai Wanasaba |
 kang panèngah Dyan Dhepok kang wawangi |
 punika ugi pinundhut |
 mantu ing (n)jèng susunan |
 Majagung pinaringan nama sèpuh |
 Sèh Ngabidulah dalêmira |
 ing Gêtaspanhawa nami ||
8. Karan Ki Gêtaspanhawa |
 ragil èstri Rara Kasihan nami |
 Kyagèng Ngêrang garwanipun |
 aran Nyi Agèng Ngêrang |
 Kyagèng Gêtaspanhawa nulya susunu |
 jalu èstri kalihwêlas |
 putra angka dwi winarni ||
9. Bagus Segom namanira |
 diwasanya Kyagèng Sela wawangi |
 Kyagèng Sesela susunu |
 jalu èstri kawanwlas |
 -putra ingkang kasadasa gya tinutur |
 Bagus Anis namanira |
 suwita ing Pajang ngriki ||
10. (n)Jèng sultan sangêt sihira |
 pinardikakakên sinungan siti |

- nèng Nglaweyan dhepikipun |
katêlah namanira |
Kyai Agêng Nglaweyan tumêkèng surud |
sumare wontên Nglaweyan |
tan têbih saking ing riki ||
11. Kyagêng puputra dwi priya |
kang pambajêng Bagus Kacung wawangi |
punika kang kulagalur |
Bagus Kacung paparab |
Kyai Agêng Pamanahan lumastantun |
suwita (n)jêng sultan Pajang |
dumadya lurah prajurit ||
12. Sinêlir wira tamtama |
Kyai Agêng putranya jalu èstri |
tridasa satunggal namung |
mêndhêt cêkaking crita |
putra angka kalih radyan Bagus Srubut |
paparab dyan Bagus Damar |
Danangjaya asisilih ||
13. Punika pinundhut putra |
ing (n)jêng sultan Pajang sinung kakasih |
risang Sutawijayèku |
Dyan Bèi Loringpasar |
sihing sultan lir putranira satuhu |
Kyai Agêng Pamanahan |
katrimah dènnya mêjahi ||
14. Arya Panangsang ing Jipang |
gya ginanjar pasitèn ing Mantawis |
Pamanahan ajujuluk |
Kiyagêng ing Mantaram |
Nyai Agêng Ênis Kiyagêng Mantarum |
lan garwa seda pinêtak |
nèng wingking masjid Mantawis ||
15. Sasedanya sultan Pajang |
pulung kraton dhumatêng ing Mantawis |
Dyan Bèi jumênêng ratu |
wontên nagri Mantaram |
nanging botên karsa sinêbut sinuhun |
amung Kangjêng Panêmbahan |
Senapati ing Mantawis ||
16. Seda ginantya kang putra |
ajujuluk Mangkurat Senapati |
dhaup lawan putranipun |
Radyan Banawa Pajang |
amiyosi (n)Jêng Sinuhun Sultan Agung |
pra luhur linangkung limpat |
wontên (n)Jêng sultan Mantawis ||

17. Sukèng tyas Kimas Cêbolang |
amiyarsa tuture Ki Mastuti |
umatur tatanya arum |
punapi tan linarang |
ulun badhe jiyarah risang linuhung |
kang sumare ing Nglaweyan |
pusaka sultan Mantawis ||
18. Sintên kang kinarsakêna |
adhêdhepok minangka jurukunci |
anggèr sasêrêpan-ulun |
kang sampun kalampahan |
botên wontên cêgah walang-sangkêripun |
janji sampun angsal lilah |
lan ki jimat jurukunci ||

40 XV. Mas Cêbolang jiyarah dhatêng pasareyanipun Kiagêng Ênis ing Laweyan, kaêtêrakên Ki Mastuti. Ing mêsjid Laweyan kapanggih Ki Ngabdul Antyanta ingkang sawêg katamuwan adhinipun, nama Ki Sali saking dhusun Sala. ... kaca 339.

Jilid 3 - Kaca : 339

19. Nama Ki Ngabdul Antyanta |
prênah kaki kalawan sri Mantawis |
arine Ki Ngabdul Julur |
ki Sali namanira |
anèng dhusun Sala dadya kamisêpuh |
punika darah Sesela |
kang wayah Kiagêng Anis ||
20. Samya têdhak Pagêrarga |
kaliye samya sinêbut jalmalim |
bilih anak sêdya laju |
kula angkatêrêna |
mring Nglaweyan puniki mèh kèndêl bêdhug |
wanci Luhure cêkapan |
samya wêkdal anèng masjid ||
21. Cêbolang dahat sukèng tyas |
lah sumangga kula kang atut-wingking |
tandya mangkat runtung-runtung |
Ki Mastuti nèng ngarsa |
kapiyarsa têngara kênthongan Luhur |
lampahira sampun prapta |
ing lèpèn mêt toyastuti ||
22. Nulya mring masjid sadaya |
Ki Antyanta ngimami wus Usalli |
tumuntur kang samya makmum |
rahap tumanêm ing tyas |
sawabipun kang ngimami jalma luhung |
pasèh tartib kèdalira |
têtêp kasdu takrul takyin ||

23. Paragat dènnira wêkdal |
 angluhurkên asmanira Hyang Widdhi |
 tuwin (n)Jêng Nabi Panutup |
 anulya sasalaman |
 Ki Mastuti lawan-tangan saha matur |
 dhuh kakang kauninganna |
 kula ambêkta têtami ||
24. Anami Kimas Cêbolang |
 wus dèn-andhar purwa wasananèki |
 atanapi sêdyanipun |
 dènnya ayun jiyarah |
 Ki Antyanta kawistara sukèng kalbu |
 dangu mawas mring Cêbolang |
 rumêsêp sarjuning galih ||
25. Hèh Cêbolang lwih utama |
 nanging mêngko sabakdanira tahlil |
 lèrêpa nèng wismaulun |
 rumahêta tyasira |
 kayadene nalika ana Mantarum |
 maring kalulutmu praja |
 nanging sayêktinê sangling ||
26. Yèn praja gung sarwa ana |
 yèn ing kene tartamtu sêpa sêpi |
 Mas Cêbolang nêmbah matur |
 atut kang pangandika |
 kadiparan yèn muhunga muwah-muwuh |
 têtakur ingkang adhakan |
 tangèh dumugi ing jati ||

41 Ki Sali nêrangakên Jangka Jayabaya, wiwit Prabu Jayabaya maguru Maulana Samsujèn. Ing dalêm jangka wau jaman kabagi dados 3 jaman, laminipun sajaman 700 taun. Sabên-sabên jaman wau kabagi malih dados 7 jaman alit-alit. Jangka wau nêrangakên kawontênaning jaman satunggal-satunggalipun ngantos dumugi akir jaman, kiyamat kobra. ...
 kaca 342-346.

Jilid 3 - Kaca : 340

27. (ng)Guguk Ki Ngabdul Antyanta |
 payo jêbèng mring pasareyan dhisik |
 wus cinandhak astanipun |
 Ki Mastuti kalawan |
 santri catur ki Sali Salama nuju |
 martuwi tumutur marang |
 astana sawingking masjid ||
28. Kukus dupa garu ngambar |
 tapuk tahlil gumrênggêng tan sarênti |
 sawusing paragat mundur |
 saking ing pasareyan |
 Kyai Ngabdul mantuk (m)bêkta tamunipun |
 pandhapa wus ginêlaran |

myang sunggata wus rinakit ||

29. Sapraptanira ing wisma |
Mas Cêbolang Ki Sali Ki Mastuti |
pinrênahkên dera lungguh |
anèng têngah pandhapa |
para santri tharik munggèng ngèmpèr ngayun |
sunggata lumadyèng ngarsa |
pangududan myang tapsirih ||
30. Tinungka wedang nyamikan |
wus warata ki wisma ngancarani |
lah payo saananipun |
êsês tanapi mucang |
wedang muhung lumayan ginawe kêmu |
nyanyamikan saananya |
lumayan ywa ngintir-intir ||
31. (n)Dhêku kang samya sinabdan |
angrahabi bujokrama mrakati |
Ki Ngabdul Antantya bikut |
dènnya sadhiya nadhah |
glaran pasir sinasaban sinjang pingul |
sêkul ingèn mênthik ngambar |
pêcêl ayam jangan mênir ||
32. Tumpêng mêngana nèng têngah |
pisang kêpêl balimbing nganan ngering |
kinubêng rampadanipun |
ulam mawarna-warna |
brambang bawang timun sumêrit kinêcut |
lalaban kêmangi cambah |
sambêl ulêg pêcêl pitik ||
33. Wus rampung gya atur wikan |
Kyai wisma lawan tamunira tri |
sakawan anadhah kêmbul |
sadaya amirasa |
apikantuk dènnira manadhah nutug |
wusing ngrabasèng woh-wohan |
wangsul mring têngah pandhapi ||
34. Wênèh lajêng sês manigan |
Ki Mastuti paliman turira ris |
rèhning ulun sampun tuwuk |
wah wau tan criyosan |
dhatêng nyai manawi dènayun-ayun |
ulun mantuk mring Mutiyan |
sami kantuna basuki ||
35. Nakmas kantuna raharja |
jawatasta Ki Mastuti wus mijil |
nahênta pra santri sampun |
sinung nadhah sadaya |

- datan pae kalawan bêndaranipun |
ki wisma bèr bojakrama |
rumakêt mamalading sih ||
36. Arum wijiling wacana |
sira jêbèng lan rowangira sami |
angaso marang tajug |
nglêrêmakên sarira |
Mas Cêbolang marang santrinira catur |
manêmbah lumèngsèr samya |
maring tajug pondhoknèki ||
37. Sasêgah rêmman mirasa |
alumintu pantês tan nguciwani |
dhaup lawan wancinipun |
tanapi sabên wêkdal |
kang ngimami ki wisma kadhang rinipun |
Ki Sali ing dhusun Sala |
pan dèrèng kalilan mulih ||
38. Bakdaning sêmbahyang Ngisa |
pinarakan anèng srabining masjid |
amanggih tamunipun |
Cêbolang gung tinanya |
duk pinanggih lawan Ki Wanakartèku |
sadaya sampun kawêdhar |
wasana umatur aris ||
39. wontên kang dados tyasamba |
ngandikanya Ki Wanakarta nguni |
jangkaning prajèng Mantarum |
èstu datan widada |
malah tèmbe risaking praja tartamtu |
wahyuning karaton Jawa |
pindhah saking ing Mantawis ||
40. Pratistha ing Wanakarta |
mapan ingkang mawa cahya nêlahi |
rèh dahat ngungun gègêtun |
pêpêting tyas udrasa |
sru kagagas tèmah munajat Hyang Agung |
punika lamun èstua |
pindhahe kêraton Jawi ||
41. Mugi-mugi lêstantuna |
salaminya tumêkèng jaman akir |
Antyanta mèsêm lingnya rum |
atut pamujinira |
nanging mirib crita kang wis tinartamtu |
jangkaning karaton Jawa |
karsaning Hyang salin-salin ||
42. Yayi Sali sira ingkang |
paham crita jangkaning Tanah Jawi |
lan mara wêdharna gupuh |

dimènè sutanira |
Ki Cêbolang nir rêntênging tyas margiyuh |
wêkasan suka narima |
ang-Gambuh kang sinung angling ||

Jilid 3 - Kaca : 342

256. Gambuh

1. Kalanira sang Prabu |
Jayabaya Kadhiri ngadhatun |
katamuan pandhita saking Rum nagri |
nama Molana Ngalimu |
Samsujèn tuhu kinaot ||
2. Putus sanggyaning kawruh |
amumpuni ing ngèlmu misuwur |
ing pamêca têtês têtês tatas titis |
uninga sadèrèngipun |
winarah wus katon mêlok ||
3. Sri nata sru kayungyun |
miminta sih barkahing ngaluhung |
tandya puruita maring sang ayogi |
suraosing kawruh luhung |
narbuka gaibing Manon ||
4. Sêngkêraning Hyang Agung |
wawadose cipta sasmitèku |
ingkang uwus kasêbut ana sajroning |
Kitab Musarar sadarum |
jangka kang bakal kalakon ||
5. Mangkana sang aprabu |
Jayabaya tyas ngumala mêrdu |
tan na cicir piwulang kang dèntampèni |
sadaya sampun kacakup |
nèng sanubari gumathok ||
6. Paripurnaning tutur |
Sri Narendra Jayabaya uwus |
tampi kanugrahan cipta sasmitèki |
karsa nganggit jangkanipun |
Tanah Jawa kang kalakon ||
7. Pinurwa kalanipun |
ingisènan jalma saking Ngêrum |
kang kaping dwi tumêka ing dina akhir |
kiyamat kobra wus gadhug |
tutup sakèhing lalakon ||
8. Kinarya tri jaman gung |
jaman ingkang wiwitan winuwus |
dènaranni jaman Kaliswara nênggih |
punika pambabaripun |
ungêl-ungêlan sayêktos ||

9. Dene ta laminipun |
taun Surya pitungatus taun |
pitungatus salikur ing taun Sami |
sajroning jaman puniku |
kèh swara kang elok-elok ||
10. Kumaraning jagad gung |
asring ana kapyarsa gumuntur |
gara-gara gêtêr dhèdhèt erawati |
wit akèh manungsa luhung |
anggêntur tapa mrih kaot ||
11. Sarta kèh jawatèku |
ngejawantah nir sarananipun |
tumurun ing ngarcapada dumadya ji |
kadhang brahmana kinayun |
mrih rahayuning sakèh wong ||
12. Jaman madya winuwus |
ingaranan Kaliyoga iku |
wardinira babaring tuwuhan nênggih |
taun Surya laminipun |
sapta tus taun kalakon ||
13. Pitungatus salikur |
taun Candra jroning jaman iku |
asring ana barubah bêlah kang bumi |
kadhang ana tanah mawut |
dumadya kang pulo-pulo ||
14. Awit ing jaman mau |
sêdyaning kang manungsa linuhung |
kang ngêmasi akèh kang padha manitis |
manuksma majanma èstu |
nèng marcapada karaos ||
15. Gantya ingkang winuwus |
jaman ingkang wêkasan puniku |
ingaranan jaman Kalisêngarèki |
wardi bantêring kang ranu |
ing taun Surya pinathok ||
16. Lami saptatus taun |
de taun Lèk saptatus salikur |
ing sajroning jaman iku Tanah Jawi |
akèh udan dèrês têruh |
kalawan mangsa tan jumboh ||
17. (n)Dhatêngkên banjir agung |
kang bangawan ngalih ilinipun |
tandha dadya suda barkating kang bumi |
adadira andêdangu |
kabêgjane sakèhing wong ||

Jilid 3 - Kaca : 343

18. Kêdhik panrimanipun |
awit dene manungsa sawêgung |
panggiluting kawruh tumêkaning pati |
ngugêmi ing kawruhipun |
pribadi minangka waton ||
19. Jaman gung katri mau |
ing sajaman kapetang pipitu |
ingaranan Sapta-manggala winardi |
dadya jaman alit pitu |
bah osik kang wus dhumawoh ||
20. Jroning Pulo Jawèku |
ing sajaman apan etangipun |
pan ginarba taun Surya sadayèki |
kurang luwih nyatus taun |
gumantining kang lalakon ||
21. Sajroning satus taun |
padha nêlung rambahan puniku |
dènwastani Mangsakala têngèsnèki |
wasta jaman ngayah-ngayuh |
sarambahaning lalakon ||
22. Tigangdasa tri taun |
utawi tridasa catur taun |
mangkonèku pamangkatira sang Aji |
Jayabaya ênggènnipun |
mratelakake lalakon ||
23. Jalma saisinipun |
Tanah Jawi ingkang uwus-uwus |
kalampahan kacrita ing nguni-uni |
atanapi ingkang durung |
kawêdhar sampun pinathok ||
24. Ing mangkya kang winuwus |
jroning jaman Kaliswara wau |
pan kaperang dadi jaman pitu cilik |
lah iki pratelanipun |
sajroning jaman sawiyos ||
25. Dene ingkang rumuhun |
ranning jaman Kalakukilèku |
wêrdi jaman Pêksi wahananirèki |
jalma padha ting bilulung |
kadi pêksi ngupayanggon ||
26. Kang kadwi arannipun |
jaman Kalabuddha wardinipun |
jaman Nungkul padha kaananirèki |
kèh jalma nungkul manungku |
mring panêmbahing Hyang Manon ||

Jilid 3 - Kaca : 344

27. Kaping tri arannipun |
 jaman Kalabrawa wardinipun |
 jaman Murub dene wahananirèki |
 kèh jalma murka (m)bêrgundung |
 tan ana panrimèng batos ||
28. Ranning kang kaping catur |
 jaman Kalatirta têngsipun |
 jaman Toya dene wahananirèki |
 apan akèh udan agung |
 banjir lir samodra êrob ||
29. Ping gangsal wastanipun |
 jaman Kaladwabara liripun |
 jaman elok mungguh wahananirèki |
 sajroning jaman puniku |
 akèh kaelokan yêktos ||
30. Kaping nêtm wastanipun |
 jaman Kalaswabawa puniku |
 wêrdi jaman Rame wahananirèki |
 sagunging bumi satuhu |
 akèh prameyan gumalong ||
31. Inggang kaping saptèku |
 jaman Kalapurwa wêrdinipun |
 apan jaman Wiwitan wahananèki |
 ing bumi bumi sawêgung |
 akathah inggang tumuwoh ||
32. Gantya inggang winuwus |
 jroning jaman Kaliyoga iku |
 apan uga kaperang pitu dumadi |
 jaman cilik arannipun |
 lah iki babaring criyos ||
33. Dene inggang rumuhun |
 jaman Kalabrata wêrdinipun |
 jaman Laku mungguh kaananirèki |
 kèh manungsa amanungku |
 ulah nastapa mrih kaot ||
34. Kapindho arannipun |
 jaman Kaladupara puniku |
 wêrdi jaman Kori wahananirèki |
 akèh manungsa pikantuk |
 wawêngan saking Hyang Manon ||
35. Kang kaping tri puniku |
 jaman Kaladwapara satuhu |
 wêrdi jaman Mokal wahananirèki |
 akèh kalakon linangkung |
 nglêngkara (m)barojol waton ||

Jilid 3 - Kaca : 345

36. Nahan kang kaping catur |
 ranning jaman Kalapranitèku |
 wêrdinira jaman Sêtya wahananing |
 kèh jalma tumênên tuhu |
 ing pambudi nora jedok ||
37. Ping lima arannipun |
 jaman Kalatêtêka punika |
 wêrdi jaman Tigas wahananirèki |
 akèh jalma manca rawuh |
 ingkang saking liyan pulo ||
38. Kaping nêtm arannipun |
 jaman Kalawisesa puniku |
 wêrdi jaman Wênang wahananirèki |
 kèh jalma katrap ing kukum |
 jumênêng wawênang katong ||
39. Kaping Sapta rannipun |
 jaman Kalawisaya satuhu |
 wêrdi jaman Sikara wahananèki |
 akèh jalma ingkang laku |
 pitênah samèng tumuwoh ||
40. Gumantya kang cinatur |
 jroning jaman Kalisangarèku |
 pan pinerang dadya jaman sapta alit |
 lah iki pratelanipun |
 ing sajaman cinariyos ||
41. Kang dhihin arannipun |
 jaman Kalajangga wêrdinipun |
 jaman Sêkar-gadhung wahananirèki |
 akathah jalma linuhung |
 olah kaluwihan kaot ||
42. Kapindho arannipun |
 jaman Kalasêkti wêrdinipun |
 jaman tuhu Kawasa kaananèki |
 kèh jalma ulah pinunjul |
 kasantikan kang katongton ||
43. Katêlu arannipun |
 jaman Kalajaya wêrdinipun |
 jaman Unggul wahananing sakèh jalmi |
 olah karosan sawêgung |
 amrih kuwating dumados ||
44. Kaping pat arannipun |
 jaman Kalabêndu wêrdinipun |
 èstu jaman Babêndu wahananèki |
 kèh jalma sulayèng rêmbug |
 dumadya prang lair batos ||

Jilid 3 - Kaca : 346

45. Ping lima arannipun |
jaman Kalasuba têngêsipun |
jaman Suka wahananira kèh jalmi |
antuk kabungahan èstu |
rêna lêjar sakèhing wong ||
46. Kaping nêtm arannipun |
jaman Kalasumbaga puniku |
wêrdi jaman Misuwur wahananèki |
kèh jalma gawe misuwur |
mrih kasusra ing lalakon ||
47. Kasapta arannipun |
jaman Kalasurata rannipun |
wêrdi jaman Alus wahananirèki |
akèh jalma sabiyantu |
ing budining karahayon ||
48. Hèh jêbèng uwus putus |
wêdharing kang jangka jaman mau |
karsaning Hyang Sri Jayabaya Kadhiri |
tinambahan ing pangawruh |
mawujud dadi pasêmon ||
49. Roncènne tan sunwuwus |
ing pasêmon amung dunungipun |
ana jaman tataning karaton Jawi |
pitung rambahan Pinocung |
dhewe-dhewe kang lalakon ||

